# МАХ ДУГ



## О ДУНЕДАРÆГ, САХУЫР МÆ КÆН УАРЗЫН!

6
2025



*Саби – цардæн йæ дидин, йæ фидæн,*
*Цард æнæ уый – уидагдзагъд бæлас;*
*Мах нæ сабиты сомбонмæ ‘рвитæм,*
*У нæ хуры скаст сабитыл баст.*

*БЕСТАУТЫ Георги*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2025

# МАХ ДУГ

6

2025

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2025

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** .......... 5

**БЕСАТЫ Тазе: 115 АЗЫ**

Налхъуытæ æмæ Науырызы цад. *Таурæгъ* .......... 8

**ДАУЫРАТЫ-СЛАНТЫ Зоя (Дауырæ): 90 АЗЫ**

ДАУЫРÆ. Уды рыст .......... 18

**ПОЭЗИ**

НÆКУЫСАТЫ Наирæ. Уæларвы хæрздæф. *Æмдзæвгæтæ* .......... 30

ГОДЖЫЦАТЫ-ЧЕЛДЫТЫ Надя. Рагуалдзæджы рухс фынтæ. *Æмдзæвгæтæ* .......... 35

**ПРОЗÆ**

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. Хур мигъты аууонæй дæр тавы. *Радзырд* ... 41

ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ. Фембæлд. *Новеллæ* .......... 63

**«МАХ ДУГ»-Ы ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ СФÆЛДЫСТАД**

Чингиз АЙТМАТОВ. Мады быдыр. *Уацау (тæлмац)* .......... 68

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Поэтыл худын æмæ... йемæ зарын! *Уац* .......... 121

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**

Ныванвадмæ фæндагыл – «Мах дуг»-ы арфæтимæ .......... 128

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ**

НАФИ. Фыссæг – национ æвзаджы сæрхъуызой. *Уац* .......... 129

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

Афтæ цæмæн дзурæм? .......... 134

**ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ**

Цыргъзонд фарстæн – цыргъзонд дзуапп .......... 139

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** .......... 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## АХУЫРАДÆН ИС ДЫУУÆ БАЗЫРЫ

Ахуырад – уый ахуыргæнæгæй ахуыргæнинагмæ æрмæст зонындзинæдтæ дæттыны фæрæз нæу. Уый у вазыгджын процесс, æмхуызон дзы фидауынц интеллектуалон рæзт æмæ хæрзæгъдаудзинады бындурыл хъомылад. Маргъæн иу базыримæ тæхæн куыд нæй, афтæ ахуырадæн дæр æнæ йæ иу къабазæй рæзæн нæй. Уæлдайдæр – Ирыстоны, фыдæлты намысы, мадæлон æвзаджы æмæ рагон æгъдæутты фарныл æнцайæг хъомылад кæм сфидар, нæ уыцы райгуырæн бæстæйы.

Абоны дуджы ахуырад у æнтыстытæм фæндагамонæг. Зонады, технологиты, аивады, æвзаджы къабæзты адæймагмæ фаг зонындзинæдтæ куынæ уа, уæд æхсæнады йæ бынат не ссардзæн. Ирыстоны ныфс дæр сты, экономикæ, медицинæ, ахуырад, культурæ кæй руаджы рæзой, ахæм арæхстджын æмæ дæсны специалисттæ.

Уыимæ зонындзинæдтæ хъуамæ æнгом баст уой дзыллæйы дунембарынадимæ. Ирон æвзаг – уый æрмæст кæрæдзиимæ дзурыны фæрæз нæу, фæлæ ма æнусты дæргъы æмбырдгонд удварны хæзнаты æвæрæн дæр. Математикæ кæнæ алфамбылай æрдзы тыххæй зонындзинæдтæ сывæллон йæ мадæлон æвзагыл куы иса, уæд æрмæст зонады дунемæ балцы нæ цæудзæн, фæлæ ма йæ адæмимæ бастдзинад дæр фидар кæндзæн. Умæ гæсгæ хъæуы национ ахуырады рæзтыл

кусын, ахуыргæнæн чингуытæ æмæ раззаг технологиты бындурыл æххуысгæнæн мадзæлттæ аразын, мадæлон æвзагыл зонадон куыстытæ фыссын.

Уæдæ хæрзæгъдаудзинадæй иппæрд зонындзинæдтæ та æнæфистон хъамайау тæссаг æмæ æнæпайда рауайдзысты. Ирон традицитыл хъомылад æнцайы æгъдауыл. Уый амоны адæймагæн, бинонты 'хсæн æмæ æхсæнады хи куыд дарын хъæуы, хистæрæн кад кæнын, сæр сæрмæ хæссын, уазæгуарзон æмæ рæстзæрдæ уæвын цы нысан кæнынц, уыдæттæ.

Глобализацийы дуджы удварны хæзнатæ хъæуы уæлдай æнувыддæрæй хъахъхъæнын. Скъола хъуамæ æрмæст ахуыр нæ, фæлæ хъомыл дæр кæна. Ирон литературæйы, историйы, традицион культурæйы уроктæ – уыдон уæлæмхасæн предметтæ нæ, фæлæ удгоймаджы æхсидыны ахсджиаг гæнæнтæ сты. Сывæллон Нарты кадджытæ куы кæса, ирон зарджытæ куы ахуыр кæна, адæмон бæрæгбæтты куы архайа, уæд уыдæттæй йæ адæмы удварнæй хайджын свæййы.

Ахуырад æмæ хъомылад хъуамæ æмбæлццæттæ уой. Математикæ иттæг хорз чи зоны, фæлæ хистæры чи ницæмæ дары, уыцы ахуыргæнинаг у системæйы æдзæллагдзинадæн æвдисæн. Уæдæ æппæт æгъдæуттæ зон, нырыккон ахуырадæн та мацы æмбар, – уый дæр æхсæнадæн ницы пайда у…

Ирыстоны ис бирæ ахуыргæндтæ, фысджытæ, æфсæддонтæ, спортсментæ, æмæ сæхæдæг фæзæгъынц, æнтыстджын æрмæст сæ профессионалон зонындзинæдты фæрцы нæ, фæлæ сын бинонтæ æмæ скъола цы хæрзæгъдаудзинад радтой, уыдоны руаджы кæй сты.

Ахуырад – уый æрмæст фæлварæнтæм цæттæдзинады кæнæ дæсныйад райсыны охыл нæ хъæуы. Уый у адæймаджы, гражданины, патриоты цæттæ кæныны гæнæн. Ирыстонæн æнæмæнг хъæугæ у, ног фæлтæртæ дзы цæмæй ахуыргондæй царды рæз хæссой, фæлæ уыимæ сæ уидæгтæ ма рох кæной, сæ мадæлон æвзагыл дзурой, национ æгъдæуттыл хæст уой. Уый у РЦИ-Аланийы ахуырады æмæ наукæйы министрады национ ахуырады хайады хæс дæр. Æрмæст ахæм зондахастимæ схъомыл кæндзыстæм, Ирыстон рæзты ног æмвæзадмæ чи ракæна, ахæм фæлтæртæ. «Зонд нæ тых у, зæрдæйы æгъдау та – базыртæ», – фæзæгъынц ирон адæммæ. Афтæ уыд, афтæ уыдзæн кæддæриддæр!

*НÆКУЫСАТЫ Иринæ,*
*РЦИ-Аланийы ахуырады æмæ наукæйы министрады национ ахуырады хайады сæргълæууæг*

# БЕСАТЫ ТАЗЕ: 115 АЗЫ



**(1910 – 1981)**

*О, мачи хонæд йæхи зæронд! Зæрдæ æрыгон у кæддæриддæр. Никуы мынæг кæнынц уым дæ бæллицтæ, никуы дзы ахуыссы зынджы цæхæр. Цард уымæн у æгæрон адджын алкæддæр.*

*БЕСАТЫ Тазе*

# НАЛХЪУЫТÆ ÆМÆ НАУЫРЫЗЫ ЦАД

*Таурæгъ*

Сæрдыгон хур йæ хъарм тынтæ ныввæнды æмæ сæ рæвдауы хæххон сæрвæтты, зад хуымты æмæ уыгæрдæнты. Адæмæн æмбисонды хорз куысты рæстæг скодта. Уыгæрдæнтæ урс дарынц урсхудджын дидинджытæй, ссивæг сылгоймæгты сæрбæттæнтæй. Хосдзауты хæдæттæй хъазы цъититæй рацæугæ ирдгæ дымгæ.

Адæмæй чи мæхъи бийы, чи мæкъуыл амайы, чи та хос кæрды.

Къул уыгæрдæны фахсы чидæр йæ цæвæг цæгъды, хъæсдарæджы зæлланг хæстæг къæдзæхтæ фæзмынц. Сæ цæвджытæ хурмæ æрттивынц хосдзаутæн. Улæфты афон сын нæма у. Улæфынмæ ныртæккæ æвдæлы æрмæст мах, фыййæутты. Сæрвæты бæрзонд тигъыл стыр дуры рæбын ривæд кæнынц нæ фосы дзуг. Нæ сæгътæ айнæг къæдзæхтæм схызтысты, сынæр цæгъдынц æмæ æнцад кæсынц цъитиджын хæхтæм. Ныртæккæ дзы æз хъуамæ иуы рацахсон æмæ дзы къусы дзаг хъарм æхсыр радуцон. Мæнмæ кæд тынг цæуы хæрын, уæддæр мæм хистæр фыййауæй сæгътæ дуцыны дзырд нæма ис. Фыййæутты хистæр Дзыбыртт у, æз та се ‘ппæты кæстæр дæн.

Дæс æмæ æртиссæдз азы цæуы зæронд Дзыбырттыл. Уыдонæй фондз æмæ æртиссæдз азы арвыста фосы фæдыл. Сæрдыгон дарæнты, ныллæг æрдузты, саухъæды таухæрæнты хохæй, быдырæй, Гуырдзыстонæй, Хъызларæй кæм нæ фæхатти! Ацы сæрвæтты, æвæццæгæн, ахæм зæххы гæбаз нал ис, Дзыбыртт йæ къах кæм не ‘рæвæрдта. Уый хорз зоны йæ хæстæ. Йæ разæй мæнмæ уынаффæ нæ хауы. Сихорафон куы суа, уæд æй Дзыбыртт йæхæдæг зæгъдзæн.

Ныр æм кæсыс?! Йæ нымæт æмæ йæ басылыхъхъ фосы цур иу дуры сæр ныууагъта, йæхæдæг сæгътæй бæрзонддæр схызти къæдзæхы сæрмæ. Æрæнцой кодта йæ бæрз лæдзæгыл æмæ цæргæсау фæлгæсы уыгæрдæнтыл. Йæ дæрзæг къухтæй хурауон акæнгæйæ, зæронд лæг бирæ фæкастис уыгæрдæнмæ, стæй фæхъæр кодта мæнмæ:

– Тоти, гъе Тоти! Кæм дæ, кæ? Ардæм-ма рацу.

Æз бацыдтæн Дзыбыртты размæ.

– Гъей, куыд базæронд дæн, куыд… Мæ цæстытæй хорз нал уынын. Дæу карæнæй-иу ацы тигъæй Налхъуытæ æмæ Науырызы цадмæ куы кастæн, уæд-иу мæм хорз зынд, цъиу-иу дзы куыд стахт, уый дæр. Ныр кæсын цады цурмæ, цыдæр сау æндæргтæ дзы зыны, фæлæ не 'взарын, чи сты æмæ кæцырдæм цæуынц. Акæс-ма сæм ды. Кæд, мыййаг, Попо æмæ Коко сты.

Æз худын мæхинымæр. Зæронд лæг уыцы нæмттæй фæхоны нæ фыййæуттæ Таби æмæ Куыдзыгойы. Дзыбыртт йæ кæстæр фыййау æмбæлттæм се 'цæг нæмттæй никуы фæдзуры. Мæнмæ афтæ кæсы, цыма Дзыбыртты фæнды, адæмæн се 'ппæтæн дæр номæвæрæг куы уаид, уый. Фæлæ мæнып худæг уый тыххæй нæ бахæцыд. Æз мæхæдæг дæр ме 'мбæлттæм рагæй дæр Коко æмæ Попойæ дзурын. Нæ фос ривæд куы фæкæнынц, уæд нæ Дзыбыртт рарвиты хосдзаутæн аххуыс кæнынмæ. «Хал халæн æххуыс у. Цæут, ныццæут хосдзаутæм, фæкæсут сæм, цалынмæ нæ фос ривæд кæнынц, уæдмæ, æмæ-иу тагъд раздæхут», – фæзæгъы Дзыбыртт йæ кæстæртæ Коко æмæ Попойæн. Уыдон дæр æнæзивæгæй ацæуынц хосдзаутæн æххуыс кæнынмæ. Абон дæр та сæ уырдæм арвыста. Ныр сын афон у фæстæмæ сыздæхынæн. Дзыбыртт бæрзонд хохæй уыдоны хъахъхъæны.

Мæнмæ худын уый тыххæй цæуы: зæронд лæг йе 'мбæлттæй кæуыл гуырысхо кæны, уыдон сты мæкъуылтæ, ног амад цъæх хосы мæкъуылтæ. Рæсугъд цады былмæ сæ хæстæг самадтой хосдзаутæ, æмæ сæ аууæттæ цадæй фæзынынц. Цад уадымсæй куы базмæлы, уæд чысыл уылæнтæ сæхимидæг базыр-зыр кæнынц. Рæстæгмæ дзы хъеллау кæнæгау сабыргай дыууæрдæм фæкæнынц хосы мæкъуылты аууæттæ дæр. Æнæмæнг, уыдоны сау æндæргтæ уайынц Дзыбыртты цæстытыл дæр.

– Æмæ уæдæ Попо æмæ Коко не сты, зæгъыс? – дыккаг хатт мæ афарста Дзыбыртт.

– Не сты, нæ. Ды, Дзыбыртт, хосы мæкъуылтæ уыныс. Цады былыл зад уыгæрдæн арæджы ныккарстой хосдзаутæ. Абон æй бассывтой æмæ дзы мæкъуылтæ самадтой.

Зæронд лæгмæ мæ дзуапп хорз нæ фæкасти, æмæ йæ цæстæнгас фæтар кодта.

– Куыд? Хосы мæкъуылтæ?! Налхъуытæ æмæ Науырызы цады цур хосы мæкъуылтæ?!

Зæронд лæг йæ каст мæнмæ скодта, цыма æз йæ разы исты аххосджын дæн. Æз иннæрдæм аздæхтæн. Попо æмæ Кокойы хъахъхъæнын. Федтон сæ стыр къæдзæхы дæле махæрдæм цæугæ.

– Дæлæ ссæуынц, – загътон зæронд лæджы зæрдæ балхæнынæн. Фæлæ Дзыбыртт æндæр хъуыдыты ацыд. Æдзынæг кæсы цады ‘рдæм. Сабыргай райхæлдта йе ‘рфгуыты ‘лхынцъ. Йæ цæсгом фæрухсдæр. Айнæг дурыл æрбадт æмæ цадæггай райдыдта дзурын:

– Мах рæстæг Налхъуытæ æмæ Науырызы цады цур хос кæрдæн нæ уыди. Æрбайхъус, æз дын ракæнон уыцы цады таурæгъ.

Æз æрбадтæн зæронд лæджы фарсмæ.

Зæронд райдыдта йæ таурæгъ:

– Налхъуытæ æмæ Науырыз дыууæ уарзоны уыдысты. Нæхи хъæубæсты хъомыл кодтой. Налхъуытæ уыди æмбисонды рæсугъд чызг. Чысыл Дыгургомы нæ, быдыры хъæутыл, Кæсæгыл айхъуысти йæ рæсугъды кой. Йæ конд, йæ уынд цы уыдысты, уымæй диссагдæр та уыдис йæ удыхъæд: дзабыр куы бахуыдтаид, – йæ сынк ын ничи ссардтаид; кæрц-иу куы скарста, – уынынмæ-иу æм цыдысты; уæливыхтæ-иу куы скодтаид, – сæ фыр дзаджджынæй тæбæгъы нæ лæуыдысты, сæ цъар дари хъуымацæй тæнæгдæр уыди; фæндырæй-иу куы цагъта, – хæхтæ, къæдзæхтæ-иу æй фæзмыдтой, дæттæ-иу сæ цыдæй ныллæууыдысты, дымгæ-иу йæ ниуынæй банцади. Йæ конд æмæ йæ уынд адæймаджы зæрдæ агайдтой. Хуртæ æмæ мæйтæ йæ рухс цæсгомæй худтысты. Йæ аив рацыд, йæ фæлмæн бахудт бирæ лæпputы зæрдæты арф бынат скодта. Йæ фыд Уане хорз лæг уыди, бирæ чи фæбалц кодта, бирæ чи федта, царды ад чи зыдта, ахæм. Хохæй, быдырæй хорздзинадæй цыдæриддæр федта, уыдоныл ахуыр кодта йæ иунæг чызг Налхъуытæйы.

Æмæ уайтагъддæр адæмыл айхъуысти Налхъуытæйы рæсугъды æмæ сæрæндзинады кой. Уый тыххæй-иу быдираг æмæ хохаг лæппуты ‘хсæн рауад бирæ ныхæстæ æмæ быцæутæ:

– Ахæм стъалы тар комы мæгуыр хæдзары æрттивынæн æвгъау у: быдираг хъæздыг хæдзары аккаг у. Æмæ йæ хъуамæ быдираг фæхæсса йæхицæн...

– Нæ, нæ! Налхъуытæ у нæхи хæхбæсты хуры хай. Хур дæр хæхтыл фидауы. Ничи фæхæсдзæн уыцы чызджы æндæр хъæумæ! – афтæ-иу дзырдтой хохаг фæсивæд дæр быдираг лæппутæн.

Налхъуытæйы зæронд фыд Уане зонджын лæг уыди. Йæ чызгæй кæд сæрыстыр уыд, уæддæр дзы æнæбынат стыр ныхас никуы схаудтаид. Йæхинымæры йæ чызджы тыххæй афтæ хъуыды кодта: чызг дыргъ бæласы хуызæн у, уыйау тагъд айрæзы æмæ афойнадыл хъуамæ йæ амонд ссара.

Налхъуытæйы уарзон лæппу Сауийы фырт Науырызы хорзы кой дардмæ хъуысти. Уый уыди фæсивæды 'хсæн тæккæ номдзыддæр. Быдыры хъæуты æмæ Кæсæджы уымæн уыдис бирæ зонгæтæ æмæ æрдхæрдтæ. Сауийы фырт сау адæмæй уыди, мæгуыр адæмы сæрхъуызой уыд. Йæ лæджыхъæды фæрцы йæ чысыл хъæубæстæ, мæгуыр цæрæг адæм хъалон нал фыстой Кæсæджы æлдæрттæн, сæхи бар баисты сæ сæрвæттæ æмæ сæ уыгæрдæнтæ. Æмæ фæсивæд бирæ уарзтой Науырызы.

Науырызы минæвæрттæ бафидыдтой Налхъуытæйы бинонтимæ. Æгас хъæубæстæ æмхуызонæй цæттæ кодтой сæхи Науырыз æмæ Налхъуытæйы чындзæхсæвмæ.

Уыцы рæстæг чысыл хъæубæстыл æваст сæмбæлд æнамонд хабар. Бадилон æлдар Астемыр йе 'фсæдтимæ æрбацыд хохы Дыгурмæ. Йæ минæвар сæрвыста Абайты зæронд Залунмæ. Хорз нæ фæкаст адæммæ уыцы æфсæдты фæзынд. Хъæубæстæ хъус-хъусæй дзырдтой кæрæдзийæн: «Æлдар Налхъуытæйы скъæфынмæ хъавы», «Дзæбæх фæндтæ нæй уыцы Астемырмæ», «Разыйы дзуапп куынæ райса Налхъуытæйæ, уæд нын батых кæндзæн».

Уыцы изæр Абайты Залун, йæ цæсты чъиутæ сæрфгæйæ, рацыд Ныхасмæ. Уырдæм фæдзурын кодта Уанемæ æмæ йын загъта:

– Амонд, амонд, Уане! Айдагъ дæуæн нæ, æгас хъæубæстæн дæр. Быдырæй хохмæ махмæ æрбацыд кадджын æлдар Астемыр. Йæхицæн дæ хæстæгæн агуры. Йæ минæвар мæнмæ ис, йæхæдæг та дæлæ комы дымæджы йе 'фсадимæ йæ фæллад уадзы. Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ зонджын Уане йæхи амонд дæр æмæ йæ чызджы амонд дæр йæ къахæй нæ акъуырдзæн. Уыцы хъуыддаг стыр кад уыдзæн нæ хъæубæстæн дæр.

Уане йын загъта:

– Кæд уыцы хъуыддаг дæуæн дæр, мæнæн дæр, стæй æгас хъæубæстæн дæр кад у, уæд æз мæ уынаффæ дæттын хъæубæстæм. Мæ чызгæн æз иу хатт суынаффæ кодтон, дыккаг фæнд ын нал скæндзынæн.

Уæд Ныхасы бадджытæ æмхуызонæй схъæр кодтой Залуныл:

– Уый та куыд, уый?! Мах нæ куырд чызджы кæмæн хъуамæ раттæм?! Нæ сæрмæ куыд хъуамæ æрхæссæм уыцы худинаг?!

Фæлæ Залун æдзæсгом уыд, адæм цы дзырдтой, уый æппындæр ницæмæ ‘рдардта. Йæ хъæлæсы уаг бæрзонддæр систа.

– Уане, адæм дæ зондджын лæгыл нымайынц. Ды хъуамæ зонай, – æлдары раз мах не ‘ппæт дæр ницы стæм. Уый куы бафæнда, – сау фæнык нæ фестын кæндзæн, куы йæ бафæнда, – цард нын сараздзæн. Хъæубæсты цæмæн æфхæрын кæныс ницæй тыххæй?

– Куыд ницæй тыххæй, куыд?! Нæ чызджы, нæ чындзы нын тыххæй кæй исынц, уый дæумæ ницы кæсы? – ногæй та схъæртæ кодтой адæм Залуныл.

– Мæн фæнды, – загъта ма Залун, – Науырызæн йæхи фенын, уымæн йæхицæй дзуапп фехъусын. Кæм ис Науырыз?

– Науырыз балцы уыди, ныр æрцыди. Фæллад у. Стæй нырма йæ каисты зæрæдты цур Ныхасмæ нæ рацæудзæн, – дзуапп радта кæстæртæй чидæр.

Уæд, Уане сæ разæй, афтæмæй Науырызы каисты зæрæдтæ сæхи Ныхасæй иуварс айстой, æмæ Науырыз рацыд адæмы ‘хсæнмæ.

– Хорз лæгæй дæ зонæм, Науырыз, – загъта йын Залун. – Дæ ном кадджынæй хъуысы Дыгуры цæрæг дзыллæты ‘хсæн, æмæ дæм хорз дзуапмæ æнхъæлмæ кæсæм. Æлдарæй ныл ахæм хабар сæмбæлди... Дæхи тыххæй адæмы ма бафхæрын кæн. Чызджытæ бирæ ис, ссардзынæ дзы дæхицæн æндæр рæсугъды, Налхъуытæйы та ауадз Астемыр-æлдарæн...

Цыдæртæ зæгъын ма хъавыд Залун, фæлæ йæ Науырыз баурæдта æмæ йын цыбырæй загъта:

– Ды куыд зæгъыс, Залун, Науырыз афтæ куы бакæнид, уæд йæ ном адæмты ‘хсæн æнусмæ æлгъыстаг æмæ фидиссаг фæуаид. Фæлæ уымæн уæвæн нæй. Фæлтау нæм дæ уазæджы ракæн, æмæ йын мах нæхæдæг дзуапп ратдзыстæм.

– Афтæ! Афтæ! Раст зæгъы Науырыз! – адæм æмхуызонæй схъæр кодтой æмæ æмыр æхгæд бакодтой мæнгард лæджы дзых.

Уый фæстæ Астемыры минæвараен Науырыз бафæдзæхста, цæмæй Астемырæн бамбарын кæна: «Сауийы фырт йæ уарзон чызгæй хай никæмæн кæны. Ды, æвæццæгæн, нæ зыдтай, Налхъуытæ Науырызæн

куырд кæй у, уый йеддæмæ искæй бинонтæм минæвærттæ кæнын дæ цæсгом нæ бахъæцыдаид. Фæлæ а дыууæ боны хъæубæстæ цин кæндзысты нæ чындзæхсæвы. Æмæ дæ кæд æгъдауæй æрбацæуын фæнды, куыд уазæг, афтæ, уæд дын мах – фысым. Кæд дæ æндæр хуызы æрбацæуын фæнды, – дæ зæрдыл бадар: æфхæрæгæн нæ барæм!»

Уыцы хабар арвы нæрдау айхъуысти ægac хъæубæстыл. Сæ ныфсыл сын фылдæр ныфс бафтыдта. Хъæуы фæсивæд хъæлдзæгæй æрбамбырд сты Уанейы хæдзармæ рæсугъд Налхъуытæйæн хабар зæгъынмæ. Уый уæды онг æнкъардæй бадти. Æлдары минæвары цы дзуаппимæ арвыстой, уый йын куы радзырдтой, уæд бахъæлдзæг ис.

– Иу цагъд нын акæн дæ фæндырæй, Налхъуытæ. Мах дын ахъырндзыстæм.

Налхъуытæ райста йæ фæндыр æмæ сабыргай цæгъдын байдыдта. Ныллæг хъæлæсæй йын бахъырныдтой хъæл фæсивæд:

*Иунæг бæлас нын тыгъд быдыры*
*Макуы æрзайа, гъей-гъей!*
*Куы ‘рзайа, уæд ыл макуы æрцæуа*
*Æгъатыр дымгæ, гъей-гъей!*
*Дымгæ куы ‘рцæуа, – ма йын асæттæд*
*Йæ сахъ къабæзтæ, гъей-гъей!*
*Куыд дзæбæх вæййы, уый куы рафтауы*
*Сырх дидинджытæ, гъей-гъей!*
*Зымæгон тымыгъ, æгъатыр дымгæ,*
*Сымахæй курын, гъей-гъей!*
*Бахъахъхъæнут мын уыцы бæласы,*
*Ма йæ ракалут, гъей-гъей!*

Уыцы кадæг Налхъуытæ йæ уарзон Науырызыл скодта.

Ацы ран зæронд лæг йæ дзурынæй фæлæууыд иуцасдæр. Зæрдæбынæй арф ныуулæфыди, стæй та райдыдта йæ таурæгъ кæнын:

– Уæд, мæ хур, ахæм рæстæг уыди, бонджынтæ æмæ æлдæрттæ адæймагæн йæ амонд тыхæй истой. Налхъуытæ Науырызмæ чындзы цы бон цыди, уыцы бон хъæубæстæн сæ кафынæй, сæ зарынæй бæстæ ради. Адæм чысылæй, стырæй æрæмбырд сты дыууæ хæдзармæ. Чи дзы чындзхæссæг уыд, чи та – чызгæрвитæг. Рæсугъд

Налхъуытæйы зæды хуызæн сфæлыстой. Чындзы фæстаг хатт хъазтмæ куы ракодтой, уæд æм адæм кæсынæй не ‘фсæстысты. Кафын куы райдыдта, уæд фæсивæды æмдзæгъд Æрæфæн йæ хуссарæй дард цæгатмæ хъуысти. Науырыз, куыд сиахс, афтæ, æгъдаумæ гæсгæ, кæмдæр иуварс къуымæй касти. Йæ морæ сгæллад цухъхъа, йæ сæрак хæдбынтæ, бур бухар худ, морæ куырæт аив фидыдтой йе уæнгтыл. Сыгъзæриндонытылд хъамайы фистон, æвзист бæрцытæ хуры тынтæм тæмæнтæ калдтой. Йе стыр амондæй йæ зæрдæ рухс кодта. Хурау худтысты йæ цæхæр цæстытæ.

Раст уыцы рæстæг хъæубæстæм бæрзонд сæрвæтæй фæдис ныххъæр чындæуыд:

– Фæдис, фæдис! Уæ галрæгъау уын фæтæрынц æлдары æфсæдтæ!

Адæм се ‘ппæт нæма бамбæрстой, цы ‘рцыди, уый дæр, афтæ Науырыз йæ саулох бæхыл цæргæсау атахти тыхгæнджыты фæстæ. Нарæг комы сын уайтагъд сæ фæндаг ахгæдта. Æхсынтæ сæ байдыдта, æхсынтæ. Æмæ иугай-дыгай зæхмæ хауын байдыдтой. Галты рæгъау фæпырх, лыгъдысты фæстæмæ. Уæддæр Науырыз знаджы æфсæдты цагъта æмæ цагъта. Уæд æм сæ иу кæуынхъæлæсæй ныххъæр кодта:

– Ой, номдзыд Науырыз! Мах ныууадз! Æлдар ам махимæ куынæ ис! Уый кæм ис, уырдæм дæ цæуын хъæуы фæдисы!

Уайтагъд фембæрста Науырыз, саузæрдæ Астемыр ыл хинæй кæй рацыди, уый. Астемыр зыдта, хъæуæй Науырызæй раздæр фæдисы кæй ничи рацæудзæн, уый. Йæ фæстæ иннæтæ дæр рацæудзысты, хъæуы ма баззайдзысты æрмæст сылгоймæгтæ, æмæ уæд йе ‘мбæлтты дыккаг къордимæ раскъæфдзæн рæсугъд Налхъуытæйы.

Астемыр-æлдар афтæ кæй кæндзæн, уый Налхъуытæйæн хъуыдыгонд уыди, æмæ ацы уыгæрдæнтæм лидзынмæ фæци. Æлдары къухмæ йæхи раттыны бæсты уый цæттæ уыди мæлæтмæ. Ардæм æм йæ дунейы рухс Науырыз тагъд кæй фæзындзæн, ууыл гуырысхо нæ кодта.

Фæлæ æлдарæн Абайты Залуны хуызæн дзырдхæсджытæ ноджыдæр уыди. Уыдон æй саразтой чызджы фæдыл. Сурынтæ йæ райдыдтой уæлæмæ. Цады был æй хъуамæ æрбайййæфтаиккой. Уæд сæм, зæгъы, Налхъуытæ фæстæмæ фездæхт æмæ сæм æхсарджынæй ныххъхъæр кодта:

– Кæд лæг дæ, цытджын æлдар Астемыр, уæд мæм дæхæдæг иунæгæй рацу. Иунæг æдых сылгоймаджы ныхмæ æфсадæй цæуын худинаг у!

Йæ хъæр ын æнусон къæдзæхтæ фæзмæгау дардмæ фæхастой.

Æлдар хорзау нал фæци, стæй ныхъхъæр кодта Рæсугъд Налхъуытæмæ:

– Мæхæдæг нæ, ме 'фсæдтæн дæ ахсын кæнын!

Йæхæдæг йе 'фсæдтæн бардзырд радта:

– Æрцахсут æй æмæ йæ рахæссут уе 'лдары хъæбысмæ.

Уыдон фезмæлыдысты сæ бынæттæй.

Уалынджы Науырызы топпы хъæрæй ногæй ныййазæлыдысты къæдзæхтæ.

– Дæхи хъахъхъæ ныр, стырдзых Астемыр, Сауийы фырт сау лæппу дæм фæцæуы! – йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта Науырыз.

Налхъуытæ базыдта, йæ уарзон æм кæй фæзынди, уый. Стыр ныфс бацыди йæ зæрдæйы. Ныр ын фæхудинагæй тас нал уыди.

Цæндæй цæндмæ гæпп кодта, æхст æхсты æййæфта, афтæмæй хъазуатæй цыди Сауийы фырт Науырыз йе знæгты ныхмæ. Йæ топпы фæздæг йæ сæрмæ мигъау сбадти.

Æлдары 'фсад цагъды кодта Науырызы къухæй. Фæлæ ма сæ чи баззад, уыдон бирæгътау лæбурдтой Сауийы фыртмæ. Æлдар æррайау фæци, йе 'фсад йе знаджы къухæй куыд цагъды кæнынц, уый куы федта, уæд. Науырыз ын йæхи дæр æгасæй кæй нал ауадздзæн, уый дæр бамбæрста æмæ цады былмæ йæ ных сарæзта. Налхъуытæйæ йæ маст исынвæнд скодта. Рæсугъд чызг йæхи æхсарджынæй иргъæвта æлгъаг адæймагæй. Фæлæ æваст се 'хсæн февзæрди Науырыз:

– Уыимæ нæ, уыимæ, цытджын æлдар! Лæг лæгимæ фæхæцы. Æз дæ разы дæн ныр! Æмæ дæ кард слас!..

Асасти Астемыры хъæру, йæ зонгуытыл æрхаудта уыцы ран æмæ хатыр курынмæ фæци:

– Дæ мад, дæ фыды хатыр бакæн! Мæ цард мын мæхи бар ныууадз!

Науырыз æй афтæмæй ныууадзынмæ нæ хъавыд. Фæцъортт кодта йæ кæрддзæмæй йæ хъама, фæлæ йын Налхъуытæ йæ цонг ацахста:

– Курын дæ, уый чъизи тугæй дæ цыргъаг ма сахор. Æгæр стыр кад ын кæныс, уый аккаг нæу...

– Раст зæгъыс, мæ дунейы рухс Налхъуытæ! Ацы лæджы чъизи туг мæ кард сахорыны аккаг æцæг нæу!

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ Налхъуытæмæ куыд фæзылд, афтæ гæрах фæцыди.

Чызг йæ риуыл фæхæцыд, æваст æнахуыр зылд ныккодта йæ мидбынаты æмæ дæлгоммæ ахауди æнæбын цадмæ.

Науырызæн йæ цæстытæ атартæ сты, цъилау фæзылди иннæрдæм. Йæ дамбацайы хъæр фæцыд, йæ хъама ферттывта...

– Куыд мын фæрæдыдтæ, мæ дунейы рухс Налхъуытæ. Калм йæ сæрæй маргæ кæй у, уый дæ куыд ферох!

Æмæ йе 'рттиваг хъама арф ныссагъта Астемыры маргæйдзаг зæрдæйы, стæй цады былæй йæхи фехста йæ рæсугъды фæстæ. Сабыр цад бирæ фезмæлыди, йæ мидбынат фæуылæнтæ кодта... Æнусмæ суазæг кодта дыууæ уарзоны – Налхъуытæ æмæ Науырызы. Дыгуры 'хсæн сæ сыгъдæг нæмттæ баззадысты, мæ хуртæ... Рæсугъд цъæх цад уый тыххæй абон дæр хонынц Налхъуытæ æмæ Науырызы цад...

Фæци йæ таурæгъ хистæр фыййау.

Цалынмæ зæронд лæг йæ таурæгъ дзырдта, уæдмæ æз мæ бынатæй нæ фезмæлыдтæн, нæ базыдтон, Коко æмæ Попо мæ цуры куыд сбадтысты, уый дæр.

Хур бæрзонд стылди арвы астæумæ. Уыгæрдæнтæй фыццагау цыди хосдзауты уынæр.

Фæлæ ницы уыдтон, ницы хъуыстон æз уыцы сахат. Æвæлмæцгæ кастæн цады 'рдæм. Мæ цæстытæ дзы хъазыдысты, уыдтон дзы рæсугъд чызг æмæ хъæбатыр лæппуйы сурæттæ.

# ДАУЫРАТЫ-СЛАНТЫ ЗОЯ (ДАУЫРÆ): 90 АЗЫ



**(1935 – 2020)**

*Ныфс мын дæтты æрмæстдæр иу хъуыддаг:*
*Нæ уыдтæн царды адæмæй хъæстаг.*
*Нæ уыдтæн хин, мæнгард æмæ æлгъин, –*
*Дыккаг хатт дæр та раздæрау цæрин!*

*ДАУЫРÆ*

# УДЫ РЫСТ

*Арын дзы, мæнау фыд*
*мысгæйæ чи фæцард, уыцы*
*хæсты сидзæрты ном*

Æз, Сланты Зоя Никъалайы чызг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты сидзæртæй иу, 1935 азы июны 20 боны гуырд, мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ агуырдтон, мæ фыд æбæрæгæй цы ран фесæфт, уый. Цал æмæ цал хатты ныффыстон бæрнон бынæттæм! Цал æмæ цал хатты фæзылдтæн иумæйаг ингæнтыл канд нæхи бæстæйы нæ, фæлæ суанг фæсарæнты дæр. Ирон мыггæгтыл-иу куы сæмбæлдтæн, уæд-иу сæ рафыстон æмæ-иу сæ ам, Ирыстоны, уыцы мыггæгтæй искæмæн фехъусын кодтон, уым æмæ уым ахæм æмæ ахæм ирон лæг иумæйаг ингæны ис, зæгъгæ. Цалдæр хатты мæм зынгхуыстытæ хиуæттæ цæугæ дæр æрбакодтой, æмæ-иу сын бæстон бацамыдтон бынæттæ. Европæйы бæстæтæй Германийы, Венгрийы, Польшæйы, Болгарийы, Югославийы, Румынийы, Чехословакийы туристон балцыты уæвгæйæ, архайдтон суанг концлагерьты дæр мæ фыд Сланты Никъала æмæ йæ кæстæр æфсымæр Георгийы ссарыныл, фæлæ никуы æмæ ницы! Куывтон Хуыцаумæ, куырдтон дзы, цæмæй уыцы æбæрæгдзинад мемæ ингæнмæ ма ахæссон. Æмæ мæ куывд фехъуыст не Сфæлдисæгмæ!

2011 азы августы бынтон æнæнхъæлæджы базыдтон, мæ фыд кæй фæмард 1943 азы мартъийы Краснодары крайы Славинскы районы хутор Ново-Троицкы æмæ уым æфсымæрон ингæны ныгæд кæй ис. Æз дард рæтты кæй агуырдтон, уыцы зæххы гæбаз Ирыстонмæ бынтон хæстæг у, уый та чи зыдта?!

Куыд рабæрæг, афтæмæй раст фыст нæ уыдысты нæ хъæу æмæ нæ районы нæмттæ: Гизельдонский районы бæсты фыст уыдис «Кизилтанский район», Хъобаны, нæ хъæуы номы бæсты та фыст уыдис «Кубань». Уымæ гæсгæ никуы сæмбæлд нæ фыды сæфты хабар нæ хъæуыл. Уæвгæ, кæддæр мæ мад райста ахæм гæххæтт: «Ваш муж Сланов Николай Григорьевич, 1909 г.р., в бою за социалистическую Родину, верный воинской присяге, проявив геройство и мужество, пропал без вести в феврале 1943 г.». Фæлæ, кæм, уый бæрæг нæ уыд.

Цас фыдæбон фæкодта нæ рынчын мад йæ уарзон мойы удисæн бынат ссарынил, фæлæ никуы æмæ ницы.

Абоны хуызæн хъуыды кæнын: иу уазал зымæгон æхсæв нæ цырагъы фæтæген фæцис, æмæ, талынгæй тæрсгæйæ, иууылдæр иумæ иу сынтæджы хуыссыдыстæм – æз, мæ дыууæ кæстæр хойы æмæ нæ мад. Æмбисæхсæв фехъал дæн нæ мады фæдисы хъæрмæ: «Райхъал ут æмæ уæ зæрдыл бадарут: город Малду, район Снабиди!»

Нал бафынæй стæм цыппарæй дæр. Уыцы дыууæ дзырды кæрæдзийы дзыхтæй истам. Куы 'рбабон и, уæд нæ мад гæххæттыл ныффыста къарандасæй «Малду» æмæ «Снабиди». Зæххы къорийы картæйыл агурын райдыдта уыцы дыууæ дзырды, фæлæ ахæм район æмæ ахæм горæт никуы ссардта. Мах куы рахъомыл стæм, кæсын æмæ фыссын куы райдыдтам, уæд-иу мах дæр агуырдтам Малду æмæ Снабиди, фæлæ сæ кæцæй ссардтаиккам, кæд æмæ уыдон уыдысты нæ рыстзæрдæ мады фыны сæнттæ.

Æз уый куы зыдтаин, æмæ мын мæ фыды мæлæн бынат уыйас зæрдæниз æмæ зындзинад æрхæсдзæн, уæд æй агургæ дæр нæ кодтаин. Æртæ мæйы дæргъы алы бон дæр телефонæй дзырдтон Краснодар æмæ Краснодары краймæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй кæддæр Славинский район, Ново-Троицкий хутор чи уыдис, уымæн йæ кой дæр нал ис. Рауадис дзы горæт Славинск. Иумæйаг ингæнтæ кæм уыдысты, уым æфсæйнаг фæндаг арæзт æрцыд, – зынгхуыстыты стджытæ та æндæр рæтты ныгæд æрцыдысты.

– Ницы хуызы ис ссарæн, дæ фыд ныртæккæ кæм ныгæд ис, уый. Кæд дæ фæнды, уæд æрцу æмæ горæт Славинскы кæрон дæ зоныгыл æрлæуу! – зæгъта мын фæстагмæ, чи мæ сфæлмæцыд, уыцы инæлар.

Мæ туджы æлхъывдад афтæ схызтис, æмæ мæ сæры зылдæй мæ развæндаг дæр нал уыдтон. Краснодармæ цы фынджыдзаг сцæттæ кодтон, уый мæ кæстæр хо Езæ æмæ мæ фыдыхойы чызг Зоямæ Хъобанмæ арвыстон, уадз æмæ, зæгъын, мæ фыд кæм цардис, ус кæдæм æрхаста, хæстмæ йæ цы хæдзарæй акодтой, уым ын сыхæгтæ йæ ном ссарой. Уæвгæ ма уæды сыхæгтæй æгас чи у? Фæлæ йæ хо Мисурæт, 85-аздзыд, цæры уым, Хъобаны, нæ фыдæлты хæдзары. Фæкуыдта, дам, хæларгæнгæйæ, фæдзырдта, йе 'фсымæрты куыдæй хъуыды кæны, уыдæттæ.

Кæд, цы мын æмбæлдис, уыдон се 'ппæт дæр скодтон, уæддæр мын æнцойдзинад не 'рхастой. Базмæлыдысты мæ уды рохтæ, мæ туджы цæуæнтæ, æмæ мæ бон нал у æнцад-æнцойæ цæрын. Мæ цард, мæ

хъуыдытæ иуыылдæр баст æрцыдысты мæ фыд æмæ йæ мæлæтимæ. 33-аздзыд лæппулæг, æртæ сывæллоны фыд, бинонты уарзон бындар, куыд æй фæндыдаид йæ уарзон бинонты, йæ чысыл сывæллæтты фенын, йæ цардæмбал, йæ ныййарæг мады йæ хъæбысы æрбакæнын! Фыдбоны хæст æлгъыст фæуæд! Краснодарæй ардæм машинæйы 6-7 сахаты цыд йеддæмæ нæу, фæлæ кæм уыдис гæнæнтæ?!

Кæд мыл æхсæз азы йеддæмæ нæ цыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдианы, уæддæр мæ фыды хорз хъуыды кæнын. Мæнмæ гæсгæ, æз нæ бинонтæй се ‘ппæтæй дæр мæ фыды фылдæр уарзтон. Уарзгæ йæ цас кодтон, тæригъæд дæр ын уыйас кæнын, æмæ мæ зæрдæ байдзаг алыхуызон хъуыдытæй. Æз тынг æууæндын, уд кæй нæ мæлы, ууыл æмæ æдзухдæр мæ фыдимæ мæ мидхъуыдыйы ныхæстæ кæнын. Æмæ кæд дунейы иунæг адæймагæн дæр мæ хъуыдытæ, мæ цард нæ раргом кæнин, уæддæр, мæ фыдæй цы басусæг кæнон, ахæм хъуыддаг нæй. Уымæ гæсгæ сфæнд кодтон, уаргъ кæй хонын, царды уыцы цаутæ дзæнæтмæ мæ фыдмæ ныффыссын.

Уæдæ афтæ! Æз райдыдтон мæ дæргъвæтин царды цаутæ мæ зынаргъ, мæ уарзон, мæ сызгъæрин фыдмæ фыссын.

* * *

Нæ хохаг хъæу Хъобаны цæрджытæй урс æфсады инæлар Алыккаты Ибырхины цъæхсæр хæдзармæ чи нæ хæлæг кодта, ахæм нæ уыд. Æмæ йын кæд йæхи революци фæсырдта, уæддæр йæ байзæддæгтæ – йæ фырттæ Чермен æмæ Баботти (Валодя) – йæ хæдзары иу хайы цæргæйæ баззадысты.

Нæ сыхы устытæ, кæддæр Ибырхин цы дыууæ нæзы бæласы ныссагъта йæ дыууæ фырты райгуырды фæдыл æмæ арвы цъупмæ чи фæцыди, уыдоны бын бадын уарзтой сатæджы. Уыцы сæрдыгон бон дæр та Абайты Гыгы, Хæдзарæгаты Сæниат, Татраты Фаризæт æмæ Ибырхины номылус Сидо (Чермен æмæ Баботтийы мад) бадтысты, къуыбырыл цы даргъ хъæдын бандон уыдис, ууыл æмæ фæлгæсыдысты хъæуыл дæр æмæ, хохаг доны фаллаг фарс цы бæзджын хъæд уыдис, ууыл дæр. Æлутоны уæлдæфæй улæфгæйæ, сабыргай цыдæртæ дзырдтой. Хатгай-иу сыл худæг дæр бахæцыд.

Мах, сывæллæттæ, – Татраты дыууæ лæппуйы Мусик æмæ Мишæ, Чермены лæппу æмæ чызг Роман æмæ Азæ, æз æмæ мæ цыппараздзыд хо Езæ, Сæниаты фондзаздзыд фырт Ладемыр – устытæй дæрд-

дзæфгомау хъазыдыстæм. Дуртæ æхстам, сосавæндагæй къуыбырмæ нарæг къахвæндаджы астæу цы стыр къæдзæхдур уыдис, уымæ. Йæ цъуппыл-иу ын дур сæвæрдтам. Уыцы дур-иу чи акъуырдта, уымæн-иу нымдзæгъд кодтам, «мæ богал», зæгъгæ.

– Уартæ сосайыл дыууæ чидæры æрбацæуы!

– Сæ иу Надя у, фæлæ иннæ, цымæ, чи у?

– Мæнмæ гæсгæ, Дзеранты Сæду у!

– Сæдуйæн къуыри размæ чызг куы райгуырд, уæд дын афтæ тагъд цæуы?!

– Сонычкæ у! Къомайты Сонычкæ! – хъуысыдысты нæм устыты ныхæстæ.

Дыууæ сылгоймаджы къуыбыры бынмæ куы æрхæццæ сты, уæд Надя, Чермены бинойнаг, хæрды æнæрлæуугæйæ йæ цыд дарддæр кодта, Сонычкæ та къуыбыры бынты сæхи сыхмæ фæраст.

Надя къуыбырæн йæ астæумæ куы схæццæ, уæд устытæм схъæр кодта:

– Хæст райдыдта! Гитлер нæм Германæй æрбалæбурдта!

Устытæй чи йæ зæрдæйыл фæхæцыдис, чи тарст хъæр ныккодта, чи та йæ уæрджытæ æрхоста. Мах, сывæллæттæ, нæ хъазт фæуагътам æмæ устытæм хæстæгдæр базгъордтам. Мæ цæст андæгъдис, Надяйы къухы цы быд хызын уыдис, ууыл, æмæ дзы ауыдтон сау æмæ урс æндахы къæбæлтæ. Хъуыддæгтæн бæстон ницы бамбæрстон, афтæмæй нæхимæ азгъордтон æмæ мæ мадмæ «хæрзæггурæггаг» фæдæн: «Мамæ, цæугæ æмæ дæуæн дæр Гитлер сау æмæ урс æндахы къæбæлтæ ратта! Хæст райдыдта, æмæ Гитлер Надяйæн городокы æндæхтæ радта».

Мæ мад, авдæны хъæдыл æрæнцой кæнгæйæ, йæ дыууæкъуыридзыд чызг Эллæйæн дзидзи дардта. Мæ ныхæстæ куы айхъуыста, уæд фæгæпп кодта æмæ мæ, ме уæхсчытæм мын фæлæбургæйæ, ныууыгъта.

– Цы загътай? Чи дын загъта? Мæнæ-ма сывæллонмæ фæкæс! – йæхæдæг азгъордта Алыккаты къуыбырмæ.

Сывæллон йæ дзыхыдзаг куыдта, фæлæ йæм æз кæсгæ дæр нæ фæкодтон. Цæлгæнæны смидæг дæн æмæ дынджыр сæкæры къæртт къæпгæнгæйæ азгъордтон къуыбырмæ. Устытæм куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд ауыдтон, мæ мад йæ дзыхыдзаг куыд куыдта, уый. Раст цыма йæ фидæны бæллæхтæ уыцы уысм бамбæрста, уыйау куы йæ

сæрмæ лæбурдта, куы йæ зæрдæмæ, афтæмæй азгъордта йæ ноггуырд сывæллонмæ.

Изæры мæ фыд иннæ бонты хуызæн иунæгæй не ʻрбацыд нæхимæ, фæлæ цалдæр лæгимæ. Кæртæй куы ʻрбазындысты, уæд æз азгъордтон æмæ мæ фыдыл мæхи андзæрстон:

– Мамæ æмæ Нана абондæргъы кæугæ кæнынц!

Мæ фыд мæ йæ хъæбысы фелвæста æмæ мæ йæ риумæ афтæ нылвæста, æмæ мæм улæфт нал уыдис. Мæ рустæн мын батæ кæнын райдыдта, мæн йæ рихиты хилтæ хъыдзы кодтой, æмæ-иу мæ сæр иннæрдæм азылдтон. Даргъ ирон фынджы уæлхъус рабадтысты лæгтæ æмæ цæуылдæр дзырдтой. Хæрд æмæ сæ нозты мæт нæ уыдис, уый бæрæг уыд. Сæ ныхæсты арæх уыдис дзырд «æфсад». Куы сыстадысты æмæ Нанайæн хæрзизæр куы загътой, уæд мæ кæстæр хо Езæ нæ фыды зæнгтыл атыхст æмæ йæ фæрсы: «Папа, райсом нын ссадмæ цæуыс?»

Дыккаг бон, тохы зарæгимæ бæхуæрдоны бархийæ хæстмæ чи цыд, уыдоны æхсæн уыдысты мæ фыд, йе ʻрдхæрдтæ Тедтойты Дзамболат, Коцты Димитъыр, мæ фыды æмхæрæфырт Джыгкайты Хъасполат (Хъайтыхъо) æмæ нæ хъæуккæгтæй цалдæр лæджы.

* * *

Мæ зынаргъ, мæ уарзон, мæ мæгуыр фыд... Ныр дын райдыдтон не ʻнæдæу царды цаутæ дзурын. Кæд дзæнæты уæвджытæн зæрдæтæ ис, уæд дæуæн дæр дæ зæрдæ байдзаг уыдзæн мæт æмæ рыстæй.

Хæстмæ æцæг цыд цы бон кодтай, уый дæр мæ зæрдыл хорз бадардтон: сымах, бирæ лæгтæ, фынгтæй куы сыстадыстут, уæд æз цинæй мардтæн, хæдзары фæмидæг дæн æмæ сбырыдтæн нæ даргъ стъолмæ. Балæууыдтæн хæрыныл. Уыцы хæбизджынты æмæ бæзджын хъайлайы ад цæрæнбонты дæр нæ ферох кодтон. Уалынмæ мæм Мисурæт, дæ хо – уый мæнæй авд азы хистæр уыд – базгъордта, Ина (афтæ дæ хуыдта), дам дæм дзуры. Мæн тынг нæ фæндыдис фынг ныууадзын, фæлæ мын Мисурæт мæ цонгыл фæхæцыд æмæ мæ йæ фæдыл раскъæфта къуыбырмæ. Ды мæ размæ сызгъордтай, Татратæй мах æхсæн цы фæндаг уыдис, уырдæм æмæ мæ дæ хъæбысы ныккодтай. Бæрæг уыдис, тагъд кæныс æмæ дæм де ʻмбæлттæ æнхъæлмæ кæсынц, уый. Мæ рустæн мын цалдæр зæрдиаг байы куы акодтай, уæд æз мæ сæр иннæрдæм азылдтон, дæ хихтæ та мæ уайынц, зæгъ-



Зояйы фыд Никъала

гæ. Азгъордтай сывæллонау, къуыбырæй ма нæм иу каст фæкодтай æмæ, «Тохы зарæг» чи кодта, дæ уыцы æмбæлттимæ баиу дæ. Цалынмæ комы хъæлæсы нæ аныгъуылдыстут, уæдмæ нæ бинонтæ, сæ цæссыгтæ сæрфгæйæ, сæ къухтæ, фæндараст ут, зæгъгæ, тылдтой, стæй уæд Нана æмæ мамæ æд сывæллон нæхимæ ацыдысты, Мисурæт кæугæйæ къуыбырыл баззад, мах та – сывæллæттæ – хъазынмæ ацыдыстæм.

Де 'фсымæр Георги æмæ йæ фырт Гæмæт цалдæр æхсæвы сæхимæ нæ ацыдысты. Нана-иу куы скуыдта, уæд-иу ын Георги ныфсытæ авæрдта:

– Ма тыхс, Нана, хæст тагъд фæуыдзæн! Ахситт кæндзысты Гитлерыл æмæ йæ нæ бæстæйæ федде кæндзысты! Ды зоныс, Советон Цæдис куыд тыхджын у, уый?!

Куыд хъуыды кæнын, афтæмæй, хæстмæ куы ацыдтæ, уыцы зымæг æнцонæй арвыстам. Ды нын цы сугтæ æмæ мæкъуылтæ ныууагътай, уыдон нын фаг уыдысты зымæг арвитынæн. Фæлæ уалдзæг куы ралæууыд, уæд хæсты бæллæхтæ райдыдтой. Нæ хъæуы хæстхъом лæгты иууылдæр хæстмæ акодтой. Цы кардзыд лæгтæ ма дзы баззад, – Абайты Гаги æмæ Никъа, Плиты Дианоз, Татраты Бæза æмæ ма ноджы чидæртæ – уыдон хъæуыл зылдысты æмæ цæрджытæн акъоппытæ къахын кодтой. Куыд дзырдтой, афтæмæй Гитлер йæ рохтæ Кавказмæ тыдта, æмæ тынг тас уыдис, мах хохаг хъæумæ дæр куы 'рбалæбура, уымæй.

Мах дæр скъахтам, дон цы æрхæй хастам, уым лæгæт, æмæ-иу немыцаг хæдтæхджытæ нæ сæрты æртыгæйттæй, æхсæзгæйттæй гуывгуывгæнгæ Джызæлдоны электростанцæйыл бомбæтæ æппарынмæ куы 'рбатахтысты, уæд-иу æгас бинонтæй уырдæм алыгъдыстæм.

Иухатт та уыдис «воздушная тревога», æмæ нæ бинонтæ удаистæй згъордтой лæгæтмæ. Нæ мад йæ иу къухæй мæныл хæцыд,

иннæмæй Езæйыл, Нана нæ фыдыхо Марусяйы чызджыты систа йæ хъæбысмæ, афтæмæй Эллæ авдæны баззад. Иу-цыппар сахаты фарастмæйдзыд сывæллон кæрты астæу зыбыты иунæгæй хæдтæхджыты гуыв-гуывмæ йæ дзыхыдзаг куыдта, фæлæ лæгæтæй рацæуæн нæ уыд. Нæ мад-иу бæргæ рагæпп кодта, фæлæ, иннæ акъоппыты чи бадтис, уыдон-иу ыл схъæр кодтой, дæу тыххæй мах дæр бабын уыдзыстæм, немыцæгтæ дæу куы феной, уæд махыл дæр бомбæтæ æркалдзысты, зæгъгæ.

Куы-иу атахтысты немыцаг хæдтæхджытæ, уæд-иу адæм акъоппытæй рацыдысты æмæ-иу къордтæй-къордтæй сæ хæдзæрттæм цыдысты. Уыцы бон Нанайы хъарджытæн кæрон нал уыдис. Авдæныл ныддæлгом æмæ фæлмæст сывæллоныл куыдта, дæу та ма Хуыцау цæмæн радта, ам дæ хæйрæджытæн хъазынæн куы ныууагътам, уæд ма дæуæй æцæг адæймаг рауайдзæн, зæгъгæ.

Хæсты размæ цы цæхæркалгæ электрон рухсытæ уыди, уыдонæн сæ кой дæр нал уыдис Хъобаны. Станцæ æхгæд æрцыд. Куыд дзырдтой, афтæмæй йæ хъуамæ срæмыгътаиккой, немыц нæ хъæумæ куы ‘рбацыдаиккой, уæд. Æхсæвыгæтты адæм архайдтой мыдадзын цырæгътæй æмæ, туджы аргъ чи уыдис, уыцы фæтæгенæй. Хæсты размæ мыдычыргъæдтæ кæй дардтам, уымæ гæсгæ Нанамæ безтæ баззад, æмæ-иу йæхæдæг лыстæг мыдадзын цырæгътæ скодта.

* * *

Мæ зынаргъ, мæ уарзон фыд! Хæстмæ куы ацыдтæ, уæд нæм мæйы фæстæ Плиты Газийы чызг Радимхан æртæтигъон фыстæг æрбалæвæрдта. Уым ды фыстай, æнæхъæн мæй кæй уыдтæ Прохладнæйы, æмæ уæ уым афицерты скъолайы кæй ахуыр кодтой. Ноджы ма фыстай, цалдæр боны фæстæ уæ хæстмæ кæй ласдзысты Беслæныл. Нæ мад сфæнд кодта дæуæн дæ сывæллæтты фенын кæнын æмæ нæ æртæйæ дæр аласта Беслæныхъæумæ Смайлиаты Темболаты хæдзармæ. Темболат уыдис нæ мадыфсымæры ус Секерханы фыд. Секерхан дæр махимæ Беслæнмæ ацыдис. Æмæ, æцæгæйдæр, сæмбæлдыстæм демæ. Бирæйæ уæ æрбаластой поезды цурмæ, æмæ ды де ‘фсæддон дарæсы æрбазгъордтай махмæ. Куы мæнæн хъæбыс кодтай, куы Езæйæн, куы та гыццыл Эллæйы рустæн батæ кодтай. Фæлæ ды ахæм уæздан разындтæ, æмæ нæ мадæн, дæ уарзон бинойнагæн, йæ къух дæр нæ райстай, афтæмæй бахыз-

тæ товарласæн вагонмæ. Поезд куы ацыдис, уæддæр ма мах бирæ фæкастыстæм йæ фæстæ. Нæ мад, æвæццæгæн, æмбæрста, фæстаг хатт дæ уыны, уый æмæ, йæ цæссыгтæ рустыл уадысты, афтæмæй йæ сывæллоны ратил-батил кодта...

Кæд мын 1942 азы скъоламæ бацæуын афон уыдис, уæддæр мæ Нана нæ ауагъта: «Мæнæ дæ фыд куы ссæуа хæстæй, уæд дæ йæхæдæг бакæндзæн скъоламæ!» Цæмæй æнхъæл уыдис Нана, æз де ссыдмæ скъоламæ куынæ бацыдаин, уæд иунæг кълас дæр нæ фæуыдаин!

1943 азы бацыдтæн фыццаг къласмæ. Ахуыргæнæг мын уыдис, дæу æмæ мамæимæ чи куыста, уыцы Мамайты Мæздахæ. Кæд Езæйæн афон нæма уыдис, уæддæр мемæ скъоламæ ацыд æмæ мæ тухæнæй мардта. Куы-иу æй дон хъуыдис, куы-иу æм хæрын цыд, æмæ-иу Мæздахæ уайдзæфтæ кодта, фæлæ кæм каст коммæ Езæ!? Кæд æнæхъæн аз фæцыд мемæ скъоламæ, уæддæр кæсын æмæ фыссын нæ базыдта, æмæ-иу ыл æз дис кодтон. Уæд ма нæ мад дæр скъолайы куыста ахуыргæнæгæй, æмæ уый дæр хъыгдардта Езæ.

Афицер куы сдæ, уæдæй фæстæмæ дæ сывæллæттæн, махæн, фыстой пособитæ. Фæлæ 1943 азы цæмæндæр нал райста нæ мад æхца. Куы бафарста, цы хабар у, цæуылнæ нын дæттут æхца, зæгъгæ, уæд ын загътой: «Хицауадмæ бацу æмæ уыдоны бафæрс!»

Уæд нæ мад бацыдис, Совмины хицауы хæдивæгæй чи куыста, уымæ. Разындис, кæддæр дæ размæ нæ мады чи куырдта, уый. Хуыцау йæ зонæг, цы ныхас сæм рауад Ленинграды тыххæй – уым зыдтой кæрæдзийы: нæ мад рабфачы ахуыр кодта, уый та – институты. Канд нæ пособитæ нын нæ райдыдтой фидын, фæлæ ма æрцыд, не 'ппæт сард нын чи сызмæста, ахæм цау. Цæвиттон, уыцы лæг нæ мадæн йæ зæрдæйы дуæрттæ байгом кодта. Раног ис йæ уарзт нæ мадмæ, æмæ ууыл дæр базыртæ базад...

* * *

Мæ мæгуыр фыд! Ныр та дын дæ афтид ингæны кой ракæндзынæн. Дæ хæствæллад уæнгтæ иумæйаг ингæнты раппар-баппар кæнинаг систы. Тæхуды, æмæ дын нæхи хъæуы, дæ мады фæндонмæ гæсгæ цы афтид ингæн ис, уым ныгæд куы 'рцыдаиккой де стджытæ! Кæддæр дын дæ хæрзконд, бæрзонд, рæсугъд фыды – зараг, кафаг, хъисфæндырыл цæгъдаг Дадайы – цы къуыбырыл баныгæдтой, уым ныр æрмæст мах бинонтæй авд ис: Дада, Тамерлан – дæ фарастмæйдзыд

фырт, Нана, Секъуыгъа, Гæмæт, Алик æмæ Алан – Гæмæты диссаджы фырттæ. Дæ афтид ингæн æстæм у уæлмæрды. Канд дæу æмæ дæ фыды фæлтæр нæ, фæлæ мæ карæн æмæ мæнæй кæстæртæй дæр бирæтæ æрбынæттон сты нæ уæлмæрды. Æз тынг арæх ацæуын сæрдыгон даргъ бонты уырдæм. Фæзилын сыхæгтыл, зонгæтыл, æрымысын, кæй дзы куыдæй хъуыды кæнын, уыдæттæ. Бирæ, бирæ фæбадын дæу æмæ Нанайы ингæнты цур, кæугæ дæр фæкæнын, суанг ма æмдзæвгæтæ дæр ныффыссын уæ цуры бадгæйæ. Мæ хотæ Езæ æмæ Эллæйæн цы цыбыр æмдзæвгæ ныффыстон, уый дæр уым райгуырд:

*Фыд нын уыдис æмæ фæмард и хæсты,*
*Ныууагъта нын йæ сыгъдæг ном йæ бæсты.*

*Фыд нын уыдис, ныр дæр нын у æгас,*
*О, цас намыс ис фыды фарны, цас!*

*Нæ кадимæ нæ фыды ном цæрдзæн,*
*Нæ худинаджы уый ном дæр мæлдзæн!..*

Цæвиттон, 1979 азы декабры 29 бон, Ног азы къæсæрыл, æз Нанайæн Хъобанмæ таксийы баластон ссады голлаг, ситроты асыкк æмæ сæкæр 15 килæйы. Къуыбыр афтæ бырынцъаг уыдис, фæндагыл уыйас мит æруарыд, æмæ шофыр нæ бакуымдта машинæ хæрды стæрын. Æз стыхстæн æмæ шофырæн загътон, æз, зæгъын, дзоныгъ æрласон, æмæ хæссинæгтæ иумæ сласæм. Зыдтон æй, Нана иунæгæй цæры, æмæ йын æххуысгæнæг нæй, уый. Кæрты дуарæй хъæр кæнын райдыдтон: «Нана! Нана! Кæм дæ?»

Куынæ зындис, уæд ын тæрсгæ дæр фæкодтон. Бацыдтæн хæдзармæ, æмæ мæм Нана кæсгæ дæр нæ ракодта, афтæмæй мæ бафарста:

– Кæцы дæ, кæ?

– Æз, Нана, æз! Зоя, дæхи Зоя! – бацыдтæн фæстæрдыгæй Нанамæ æмæ йын йæ мæллæг ихсыд уæнгтæ мæ хъæбысы æрбакодтон. Фæлæ уый змæлгæ дæр нæ фæкодта йæ бынатæй. Йæ тымбыл къухтæ пецы тигътыл хоста æмæ мæм сæ гуыпп-гуыпп хъуыстис. Иннæ хæттыты-иу куы бацыдтæн нæхимæ, уæд-иу Нана суанг кæртмæ рацыдис æмæ-иу мæ йæ хъæбысы ныккодта. Уайтагъд-иу балæууыд дзыкка кæныныл, уымæн æмæ зыдта, æз йæ дзыккайы йас ницы уарзын, уый. Бамбæрстон, Нана цыдæр кæй кæны, уый æмæ йæ тарстхуызæй афарстон:

– Исты дæ риссы, Нана? Исчи дæ бафхæрдта?



**Зояйы нана Уæликæ**

– Ницы мæ риссы! Ничи мæ бафхæрдта, фæлæ ды ацы æвзæр бон цæмæн æрбацыдтæ?

– Æз дын, Нана, ссад æмæ ситротæ æрбаластон. Ситро куы уарзыс! Таксийы æрбацыдтæн, фæлæ къуыбырыл ссæуын йæ бон нæ бацис. Нæ зонын, куыд сæ сласон...

– Уадз сæ уым, æрхы. Уæртæ сыхæгты лæппутæ куы ‘рбацæуой, уæд сæ уыдон сласдзысты.

– Нæ, Нана, æз афтæмæй нæ ацæудзынæн! Зæгъ мын, цы кæныс, уый.

– Цы кæнын, уый радзурынæн рæстæг хъæуы, ды та тагъд кæныс, æмæ ацу дæ фæндагыл.

Уæдмæ сыхæгты лæппутæ æрбацыдысты. Сластой нын нæ хæссинæгтæ. Æз хъæуы баззайдзынæн, уый Нана куы базыдта, уæд фæхъæлдзæгдæр и. Балæууыдис æмæ та мын дзыкка скодта. Бахæрын мын кодта, йæхæдæг йæ дзыхмæ иунæг комдзаг дæр нæ systа. Стæй уæд пецы цур сбадтыстæм, æмæ мын райдыдта дзурын:

– Къуырийы размæ, дæлæ хæдзары цы сынтæг ис, уым боныгон мæхи æруагътон. Фынæй дæр нæ уыдтæн, хъал дæр нæ, афтæмæй кæсын, æмæ уартæ кæрты дуарæй дæ фыд Никъала йæ фазыл æрбабырыд йæ хæстон дарæсы. Куы мæм æрбахæстæг, уæд нартхоры нæмгуытæ зæххæй æрбамбырд кодта æмæ сæ йæ дзыхы бакалдта. Æз акастæн, æмæ ма йæ фæстæ дæр цалдæр æфсæддоны мæнæрдæм бырынц. Никъала дæлæ уырдæм къуыммæ ‘рбабырыд, æмæ пасилкæйы асыччы йе уæнгтæ æрызгъæлдысты, æмæ сæ йæхæдæг йæ цинелæй æрæмбæрзта. Уыйадыл æз мæ æрдæгфынæйæ фехъал дæн.

Нанайы фынæй кæд мæ буар дыз-дыз кодта, уæддæр ын ныфсытæ æвæрынмæ хъавыдтæн:

– Омæ, Нана, адæймаг фыны цы нæ фены! Уый тыххæй дæхи цæуыл хæрыс?

– Æз мæхи ууыл хæрын, æмæ йæ фæстæ ахæм адæймаг нæ баззадис, æмæ йын йæ хъуыддæгтæ чи бакæна. Искæй хæдзæрттæй хъуыддæгтæ гæнæн нæй!

– Æмæ цы кæнын хъæуы, цы, Нана?!

– Туг суадзын хъæуы йæ номыл, дарæс ын балхæнын хъæуы, уалæ йын нæ уæлмæрды йæ зæххы хай радих кæнын хъæуы!

Нанайы фæндтæй мæ зæрдæ афтæ ныггуыпп-гуыпп кодта, æмæ мæм улæфт нал уыдис.

– Фелгъæд дæн, Нана, дæ сойджын дзыккайæ! – фæгæпп кодтон æмæ дон ануæзтон. Æмбæрстон æй, Нанайы фæндтæн æнæ кæнгæ нæй, æмæ йын загътон:

– Нана! Ды цыдæриддæр зæгъай, уый сæххæст кæндзыстæм. Ног азы къæсæрыл стæм, æмæ афæдзы фыццаг бонтæ хистæй куыд райдайæм, адæмæй худинаг у.

Схуыссыдыстæм, кæддæр-иу куыд уыдис, афтæ – Нанаимæ дæлфæдтæ-уæлфæдтæ. Кæрæдзийы къæхтæн хъæбыстæ кодтам, фæлæ нæ иу дæр фынæй нæ кодта. Нана, æвæццæгæн, фыр цинæй, йæ фæндтæ йын æххæстгæнæг кæй фæзынд, ууыл, æз та – фыр мæтæй, куынæ сарæхсон утæппæт хъуыддæгтæ скæнынмæ, ууыл. Алы рæстæг дæр цыбырарм уыдтæн, кæд фæстауæрц кæнын зыдтон, уæддæр. Хист скæнынæн та цыдæртæ хъуыдис.

Бонæрдæм Нанайæн бамбарын кодтон, куыстмæ мæ цæуын хъæуы, уый æмæ, æхсæв-бонмæ цы бирæ мит ныууарыд, ууыл бырдтытæ кæнгæ, фыццаг автобусы размæ ныццыдтæн. Нана мæ суанг къуыбыры онг ныккодта, цалынмæ ацыдтæн, уæдмæ мæ йæ цæст нæ иста. Бахызтæн автобусы фæстаг бадæнмæ, æмæ мæ куыд ничи уына, афтæ рудзынджы ‘рдæм азылдтæн, æмæ мыл кæуын бахæцыд. Тæригъæд кодтон Нанайæн. Уал æмæ уал азы йæ фыртты мæлæтыл чи не ‘ууæндыдис, æмæ йæ фыны фæстæ, йæ уарзон фырт нал ис, уый йæ кæй бауырныдта, уыцы кардзыд усæн йæхи бон ницыуал уыдис, æмæ, йæ къухы хъæбæртæ пецы тигътыл хойгæйæ, мæ бацыдмæ йæхи мæтæй æмæ мастæй мардта.

Тæригъæд кодтон дæуæн дæр. Афтæ мæм кастис, æмæ дæ уд дзæнæтæй æртахт æмæ бамбарын кодта дæ зæронд мадæн, нæ уæлмæрды дæ бынат кæй хъæуы, уый.

Горæты нæ фатеры дуарæй куы бахызтæн мæ рæсыд цæсгомимæ, уæд, рухс дзæнæты бада, Харитон нал хъæцыдис хабæрттæ базонынмæ. Радзырдтон ын Нанайы фын. Уый уыцы бон йæ хъуыддæгтæ иууылдæр аивта æмæ фæссихор Хъобанмæ баласта, цыдæриддæр дæуæн

дарæсæй хъуыдис, уыдон: костюмæй зæгъай, къахыдарæсæй, худæй, суанг блокнот æмæ ручкæйы онг. Нана, дам, дарæсæн фæхъæбыстæ кодта, йæ уырзтæй сæ фæрасæрф-басæрф кодта. Фæарфæтæ кодта Харитонæн.

11 январы дæуæн скодтам хист. Æрæмбырд нæм сты хъæубæстæ, æндæр рæттæй æрбацыдысты нæ хæстæджытæ. Фæкуыдтам дыл, цыма знон амардтæ æмæ дæ абон ныгæнæм, афтæ. Дæ хо Мисурæт дын сынтæг сцæттæ кодта, дæ дарæс дын уым равæрдта, дæ къам дын стыр систам æмæ йæ дæ базыл сæвæрдтам. Цалдæр боны зыбыты æххормаг чи уыдис, уыцы Нана касы мисын æмæ ирон бæгæныйæ нал æфсæстис, кæдæй-уæдæй, дам, мæ гуыбын бафсæстон. Ахастам дын цырт нæ уæлмæрдмæ, æмæ дын лæгтæ дæ зæххы хай радих кодтой, ныххæлар дын æй кодтой. Цыртыл дæ ном æмæ дæ мыггаг ныффыстой, æрмæст ыл ферох кодтой «афтид ингæн» ныффыссын.

Нана ма уыцы хисты фæстæ дæс азы фæцардис. Амардис 94-аздзыдæй 1987 азы майы 11 боны.

*НÆКУЫСАТЫ Наирæ*

# УÆЛАРВЫ ХÆРЗДÆФ

## НÆ ДЗЫРДЫ ФАРН

Мæ Ирыстон, цы дын раттон лæварæн?
Дæ размæ дын нæ Дзырды Фарн хæссын.
Æгъатыр вæййы рæстæджы фæлварæн,
Æз, Иры чызг, йæ фидæныл тыхсын.

Нæ Дзырды Фарн рæстдзæвин у фæринкау,
Рæстаг Дзырдæн æхсызгон у йæ цæф.
Дзырды Фарн уды аныгъуылы цирхъау, –
Уæддæр ын фесты амонды хæрздæф.

Нæ бæсты Фарн ирон Дзырды æхсиды,
Ирон зæрдæйæн адджын у мыдау.
Къостайау нын нæ фæсивæдмæ сиды,
Налхъуыт-налмасау – сæфынæн æвгъау.

## ЕХХ, КУЫ ФЕСТИН ДÆ УДÆН ЗÆРИНГУЫРД…

Ехх, куы фестин дæ удæн зæрингуырд,
Уæд æнусмæ æрттивид дæ хур.
Ехх, куы ракæнис ноджыдæр ну гуырд…
О, мæ рыст мын мæ удæй фæсур!

Æз дæ амондæн кувын Хуыцаумæ,
Уадз, Йæ рухсæй æрттива дæ уд.
Ехх, ды Нойау куы схизис мæ наумæ,
Ехх, куы уаис æнусмæ цæрдуд.

Ды – мæ сыгъзæрин, уды фæрдыгау
Дæу мæ зæрдæйы дарын æдзух.
Уарзт æнусон у арвы цæссыгау,
Æз йæ фарнæй нæ уыдзынæн цух.

Ехх, куы ‘рцæрис ды зæдау мæ арвыл,
Уæд нæ уаид нæ амондæн тас.
Æз нæ тыхсин дæ удыл, дæ цардыл,
О, мæ рыст мын дæ зæрдæмæ айс.

Ехх, куы фестин дæ удæн зæрингуырд,
Уæд æнусмæ æрттивид дæ хур.
Уарзт æлутонау зæрдæйы райгуырд,
О мæ амонд, мæ рыст мын фæсур.

## АРМДАРÆГ

Æз дидинæгау дунемæ ыскастæн,
Мæ сæрмæ та цъæх-цъæхид арв уыдтон.
Хуыцауы раз куы ‘рныллæг дæн, куы ‘рсастæн,
Мæ удысконд уæд аивта бынтон.

Мæн Дунедарæг ног зæххы ныссагъта,
Мæ уидæгтыл мын царды дон кæны.
Тыхдымгæты мæ иунæгæй нæ уагъта,
Мæ сагъæстæ, мæ зæрдæ мын уыны.

Кæркусæгау Йæ царды фæзы рæзын,
Йæ арфæимæ а зæххыл цæрын.
Йæ армы бын æз дымгæтæй нæ тæрсын,
Æхцон мын у сыгъдæг арвы нæрын.

Мæ Армдарæг мыл ауды æдзухдæр,
Æнусон Фыд æнувыд у мæныл.
Йæ рухс дунейæ ницы ис рæсугъддæр,
Йæ кады зарæг айхъуысæд бæстыл.

## НЫЙЙАРÆГ МАД

Ныййарæг мад, мæ урс зæрдæ дын базæн
Æхсæвыгон дæ русы бын куы дарин,
Уæд зонис ды зæххон рыстæн фæразын,
Æз та дæуæн мæ уарзты зарæг зарин.

Ныййарæг мад, дæ цæстысыгтæй иу дæр
Куы не ‘ркæлид дæ хъæбултæн сæ мастæй…
Зынаргъ сты дæ цæссыг дæр, дæ цин дæр,
Дæ уарзты тых нæ къаддæр кæны азтæй.

Ныййарæг мад, мæ рæвдауæн ныхæстæй
Дæ алы рыст, дæ алы маст куы сурин,
Уæд не ‘фсæдин дæ цъæх цæстыты кастæй,
Сæумæйæ дын мæ уарзты кадæг дзурин.

## НÆХИ КЪОСТА

Мæ куырдадзы нæхи Къостайы федтон –
Йæ мырты зæлд, йæ удварны фæндыр.
Фыссæджы сисмæ бавнæлдтон, нæ зыдтон
Кæй байгом кодтон ивгъуыды гуыдыр...

Кæддæр Къоста йæ фыдимæ куы дзырдта,
Уæд федта уый, куыд хъæздыг у йæ уд.
Нæхи Къоста йæ мæгуырыл нæ куыдта,
Йæ сыгъдæг исбон абон дæр – хъæрмуд.

Къостайы фæндыр азты сæрты рахызт,
Йæ аив зæлд ирон лæгæн – æхцон.
Йæ дзырды сой нæ фесæфти, нæ байсыст,
Цæуы та дарддæр, абон дæр – бæлццон.

Нæ сабидуг йæ уацмыстимæ баст у,
Нæ хистæртæн фæзминаг у йæ кад.
Нæхи Къоста, нæ фидæнмæ фæраст у,
Дæ хордонæй нæ Иры зæхх æфсад!

## ЧИ РЫСТИ ЧЫРЫСТИЙАУ НÆ ЗÆХХЫЛ?..

Арв дзынæзта, мады цæссыг калди –
Уæд Чырысти дзуарыл тыгъд уыди.

Мах тыххæй Йæ сыгъдæг туг æркалди –
Уæд Йæ уарзт Йæ сырх туджы сыгъди.

Чи рысти Чырыстийау нæ зæххыл?
Знæгты тыххæй чи радта йæ цард?
«Кад Хуыцауæн!» – анæрыди хæхтыл.
«Кад Йæ фыртæн!» – азæлыди дард.

Уый зæгæлтæй дзуарыл тыгъд куы уыди,
Уæд мæ уд дæр байтыгъдæуыд уым.
Уый мæн тыххæй амæлын фæндыди,
Уый мæ Ныфс у, ме 'нусон Фысым.

Уый Йæ цард æнæвгъауæй куы радта,
Уæд мæ удæн байгом ис Дзæнæт.
Уый мæнæн мæ хъæдгæмттæ æхсадта,
Уыд мæныл, мæ фидæныл Йæ мæт.

Уый æдзух Йæ Уаз Уды æрттывдæй
Мæн рæвдауы, срухс кæны мæ цард.
Уый Йæхи нæ азилы мæ куывдæй,
Уый фыдмонæн асхойы йæ кард.

Кæд Йæ рухс нæ фæуынын ныфссастæй,
Уæд фæзыны уарнау Йæ Дзырд.
Æмæ уæд ысуæгъд вæййын мæ мастæй,
Æз бæлонау банкъарын рæвдыд.

## О ДУНЕДАРÆГ,
## САХУЫР МÆ КÆН УАРЗЫН…

О Дунедарæг, сахуыр мæ кæн уарзын,
Сæрныллæгæй Дæ армы бын цæрын,
Дæ Фарны Дзырдæй ферох кæнын тар зын, –
О, сахуыр мæ кæн алцæмæн бынсын.

Æппæтылхæцæг, сахуыр мæ кæн риссын
Мæхиуыл нæ – мæ райгуырæн бæстыл.
Йæ цин, йæ хъыг мæ зæрдæмæ фæисын,
Мыййаг, кæд фаг æз не ‘ууæндын Дæуыл.

«Уарз хионы дæхи куыд уарзыс, афтæ» –
Дæ фæдзæхст мын фæндагамонæг уæд,
Дæ сыгъдæг артæй ме ‘рдзыхъæд куыд рафта,
Дæ сæрвæлтау мæ цæстысыг кæлæд.

Дæ дзаджджын фынгæй цас диссæгтæ райсын,
Ныййарæгау Дæ алцæмæй фæрсын.
О, баххуыс кæн Дæ алы дзырд дæр айсын,
Дæ Фарны Уац нæ дзыллæмæ хæссын.

## УÆЛАРВЫ ХÆРЗДÆФ

Уæларвы хæрздæф райхъал кæны зонд,
Уый райгас кæны адæмы зæрдæтæ.
Зæххон дуне хъæмпыхалау – тæссонд,
Рæвдауынц æй æрвон уарзты цæхæртæ.

Æз дзыллæтæн сæ фидæныл тыхсын, –
Лæг амондджын хæрз иунæгæй нæ вæййы.
Уæларвы хæрздæф дунемæ хæссын
Мæ уарзæгой, мæхи гыццыл зæрдæйы.

Æрвон хæрздæфæй аивта мæ цард,
Мæ уд ыссыгъд Æппæтхъомысы уарзтæй.
Æнцад зæрдæ Уый фестын кæны арт,
Уый адæймаджы суæгъд кæны йæ мастæй.

Тæхуды, æмæ адæмæн цырагъ
Куы фестин æз, куы ссудзиккой мæ артæй.
Æрвон хæрздæф æхсызгон у, зынаргъ,
Уый ракæлы сыгъдæг уды æвзартæй.

*ГОДЖЫЦАТЫ-ЧЕЛДЫТЫ Надя*

# РАГУАЛДЗӔДЖЫ РУХС ФЫНТӔ

## СӔРД НӔ ИРЫ ХӔХТЫ

Уалæ та Сæна ныйирд и,
Арвы аныхст йæ урс худ.
Цæст кæм æфсæды йæ уындæй!
Кæд уæ нæ уырны – ыскæсут!

Арв йæ хæд сæрмæ – цъæх-цъæхид,
Хуры рухс тын худы, хъазы.
Уалæ хъал цæргæс фæтæхы, –
Арвы цъæхы зилдух уарзы.

Кæс, дæлдæр цъæхдзаст арф кæмтты
Сæрды æрмдзæф мигъæй разы.
Даргъ æхсæрдзæн ранæй-рæтты
Дурты цæндыл дзыкку фасы.

Нарæг комæй нæм йæ хъæлæс
Цины зæл хæссы рæвдаугæ,
Нуазы цъитидон бæрз бæлас,
Сычъитæ æрцæуынц хъазгæ.

Цъиуты удрæвдау æмзæлмæ
Сырдтæ кафыны онг систы.
Хохаг дæтты ахст, цъæлхъæрмæ
Уæлдæф схъиугæ дард фæраст и.

Каст Сæна йæ худы бынæй
Сæрды фыст цъæхфæлыст ныв тæм.
Скæнæджы зæрдæрай хуынæй
Хъал уыд, кодта кад йæ цытæн.

## ИРОН ÆВЗАГ

Цæстсайæн науыл цины тынтæй райгæ
Хуыздæрæнхъæл фæленк кæны нæ фæсмон.
Ирон æвзаджы сау хъæдгæмттыл райгæ
Уæлæхох зонд фæндыр цæгъды – æвдтæнон!

Фæдисхъæр ма бæргæ кæнæм æрвылбон,
Уромæм ма тæхгæ ‘фсургъы идонæй.
Нæ нау, зæгъгæ, цы нæ вæййы, фæдæлдон,
Хуыцаумæ ма нæ чи скувдзæн иронау?

Нæ мадæлон æвзаджы хæс куы фидæм,
Æрæнцой кæндзæн не уæхскыл нæ фидæн...

## ФЫЦЦАГ УАРЗТ

Æз федтон рагуалдзæг рæсугъд фын:
Нæ удтæ уафтой иумæ рухс тын.
Ды загътай, уарздзынæн æнусмæ, –
Сырх пиллон адардтой мæ рустæ.

Зынг уарзты тыхæй дзаг нæ риутæ,
Æппæт æрдзæн скодтам хинтæ.
Сæрра булæмæргъ нæ уарзтæй,
Рæсугъд мыртæ йæ номыл карста!

Нæ уарзты базыртыл уæларвмæ
Стахтыстæм къæдз мæймæ хъавгæ,
Цыдыстæм дард Æрфæны фæдыл,
Мах сайдтой стъалытæ сæ фæдыл.

Æнустæм стъалы кæд нæй, уастæн!
Йæ арт æрнымæг и нæ уарзтæн.
Мæ уарзон нал кодта æрратæ,
Фæтарст æмкъайады цыргъ фатæй?

Нæ зарæг аскъуыдис æрдæгыл,
Йæ фæд ма аззад цъæх кæрдæгыл.
Фыццаг уарзт рохы къухтæм радтам,
Фæлурс мæй ставд цæссыг æркалдта.

Æрфæны фæды мигъ нымбæрзта,
Сæумæйæ Бонвæрнон нæ сыгъди,
Нæ уарзт сæргуыбырæй фæлыгъди, –
Зæрдæрисгæ мæ уд ‘мбæрста.

Йæ цæхæр мæм æрттивы дардæй,
Фæлмæнзæрдæ йæм у æнкъард мæй...

## ЧИ ФÆУЫНЫ ДАРДЫЛ

Чи фæуыны дардыл, уый зæрдæ – тыхсаг.
Уыцы «дыргъæй» царды сахостон мæ фаг.

Арф кæмттæй кæдæмдæр адзæгъæл стæм,
Хи бæлас цæмæндæр ам ысрæзы стæм.

Скæнæгмæ нæ табу нал хъуысы æргом,
Арвы тыгъдæй тард у Минæвар æд ном.

Стыр Хуыцауы æргъуыд махæн у нæ фаг,
Иры къуымты разынд хуыснæгæн йæ уаг.

Арцæй кæмттæ сгарынц, нал зонынц æфсис,
Рухс дзуæрттæн, марадз, зонæг нæй сæ рис.

Искæй хъултæ сахыл ингæнтыл лæууынц,
Рагфыдæлтæ махыл – удгæстыл – кæуынц.

«Стыр Хуыцауы динæй Арвмæ хауы дур»,
Ир цæрæд йæ цинæй, тавæд нæ йæ хур.

Ир зæххыл нæ уидаг макуы кæнæд хус,
Уæд нæ дзырд цæринаг, рæстæг хъусæг-хъус!

# О, КУЫД РÆСУГЪД У ДУНЕ

О, куыд рæсугъд у дуне!
Зæрдæ арвмæ тындзы!
Мæй йæ цалхыдзаг тулы,
Мæн йæ цардхъом уырны.

Судзгæ стъалыты хинæй
Арвы тыгъдад – цæхæр,
Авд хæрзконд хойы симдæй
Зилы ахсæв мæ сæр.

Найы арвы тæбæгъы
Сатæг дымгæ йæхи.
Стъалы сифтыгъта бæхы,
Уæлæ сиргæ тæхы.

Кæд куыд рæуæг дæ, зæрдæ,
Стъалыгуппартæм тæх!
Ам мæ зæххон изæртæ
Удæй сбийынц уæрдæх.

Мæнæ аргъæутты дзургæ
Хæхтыл диссаг ныхъхъæр!
Уæлæ ‘хсæрдзæны судзгæ
Смидæг къæдзилджын сæр!

Уазал райсомы стъалы
Уарзæтты цин – Боброн –
Арвыл ирд цæхæр калы,
Хъавгæ ‘рбахъуызы бон.

Хур фæуырдыг ис комы,
Хъазы цыллæ тынтæй.
Терк кæм сæтты мæ дойны
Удрæвдауæн мыртæй!

# ФЫЦЦАГ ХАТТ НÆУ

*Зæгъ-ма, куыд хуыздæр у нæ гæнæн,*
*Нæ зынгхуыстæй куы 'рцыд æрвгæлæн?!*

Фыццаг хатт нæу нæ рис Къостайæн, –
Æцæгæй додойаг ныр фестæм.
Цæстсайæн «Рухс фидæн» куы фыстам,
Нæ «Намысы» хыгъд æй æмбардзæн.

Куынæ йæ урæдта паддзах дæр,
Йæ комкоммæ дзырд ныр куы уаид!
Дымысдæртыл та туг ныууарид,
Фæзынид нæм æхстзæлæй тагъддæр.

Сыст, Къоста, стон дæ ингæн!
Нæ фидæны фæндаг фæливынц.
Нæ рис нын мармор дуртæй ивынц,
Дæ дзырды фарн лæвæрд нæу иуæн.

Фæстаг хатт ныл кæд касти хур бон?
Нæ сомбон уагæвæрдæй ивынц,
Цыфыддæр ын бæгуы æвдисынц,
Йæ фæд сфæйлыдта цыргъ гутон.

Ныппæлæхсар æвæд фæйнæрдæм,
Цæгатæй Хуссармæ нын «кад у».
Æнæ сым хъæр кæнæм: «Æгъгъæд у!»
Кæм нын дæ, кæ, Къоста? Куы сæфæм!

Дон хиды бынты – махæй иутæн.
Нæ зын сæ хъарм авдæны узы.
Сæ кæрц зæрин судзин æмпъузы,
Скæнæг – аргъгæнæг сæ митæн.

Нæ ныфс хæрзаудæныл дарæм,
Æнæмæлгæ – уæлæрвты удтæ.

Куыд дарой Иры гуырдтæ худтæ,
Нæ фидæн рухс тыныл куыд барæм...

## ТЫХДЖЫНДÆРÆН ЙÆ БАР – ЙÆ БАРÆН

Тыхджындæрæн йæ бар – йæ барæн.
Нымпылд мæнгæфсæнттæй нæ арæн.
Нæ гуылмæ донласт сугтæ ‘ндзарæм,
Æндæр фæрæз, цæй, марадз, арæм.

Фæлмæндæр ма кæм ис нæ цуры?
Нæ фæсмонтæй иу иннæ суры.
Нæхи æнцонархайдæй хъарæм –
Нæ сины саст знагæн барæм.

Нæ армыл алкæй удтæ дарæм,
Сæ нæмыг сын дымгæмæ дарæм.
Хæддзу Къостайæ ардæм махæн –
Нæ фарны фæтк дæлгом фæлдахæн.

Нæ азхыгъд фыст – кæйдæр пайдайæн,
Нæхицæн – иу мисхал, цæстсайæн.
Нæ дард фыдæлты ‘фтауæм дисы,
Сæ уд нæ фидæнхортæй ризы.

Ныхъхъуыст сæм мах дугæй «гæрæхтæ» –
Тыхст сыл кæйдæр барæй уæрдæхтæ!
Хæццæйæ калд кæй сæр, кæй къæхтæ,
Ныхъуырынц сау цæссыджы ‘ртæхтæ...

Цæразонты артдзæст Нузал,
Фыдызнаг ахæрæд дæ хал!

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат

# ХУР МИГЪТЫ АУУОНÆЙ ДÆР ТАВЫ

*Радзырд*

…Сатæг изæр. Арвыл хуртуанау апырх сты стъалытæ. Кæрæдзимæ сæ цæстытæ цингæнгæ фæныкъул-фæныкъул кæнынц. Мæй сæм дзаг цæстæй худы. Алкæй дæр сæ йæ дæллагхъуыр æрбакæнынмæ хъавы…

Æхсары йæ къах хæдзармæ нæ хæссы. Бæрзонд сусхъæд бæласы бын даргъ бандоныл бады йæ хуыздæр æмгæрттæй иу, йе 'мкурсон Сергеимæ. Бацайдагъ сын зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас.

– Раст зæгъгæйæ, æз цардæй фылдæр цæмæдæрты æнхъæлмæ кастæн, – загъта, арф ныуулæфгæйæ, Æхсар.

– Цæмæн афтæ зæгъыс, Æхсар? – сдзырдта йæм Сергей. – Мах хуызæн æрыгон лæппутæ цардыл хъуамæ æрхъæцмæ дæр ма лæууой. Акæс-ма дæ алыварс, ай нæм цард бæркадкъух æфсинау йæ мидбылты куы худы, уæд дæ фындз цы 'руагътай?

– Уыдæттæ, Сергей, куыд фæзæгъынц, Бабуцайы ныхæстæ сты. Ныртæккæ цæргæ æрмæстдæр уыдон кæнынц, æхца бирæ кæмæ ис, йæ фыр хъалæй арвы онг цъæхсæр галуантæ чи сыскъæры, рог хæдтулгæтæ чи раив-баив кæны. Æндæр мæнæ мæн хуызæттæн та цы у сæ цард? Æппындæр ницы. Куыд фæзæгъынц: иу сау суарийы аргъ дæр нæу. Уæдæ мæ сабидуг дæр æнкъардæй, æрхуым зæрдæимæ арвыстон. Фыды рæвдыд цы у, уый та зонгæ дæр нæ бакодтон. Уастæн, цы загъдæуа уыцы тугдзых Гитлерæн дæр. Мæ фыды рахиз къах дзы баззад уыцы тохы быдыры. Бæргæ ма сæмбæлд йæ уæзæгыл, фæлæ уæззау хъæдгæмттæ бакодтой сæ кæнон… Хæсты фæстæ бирæ нал ацард. Ныр та мад æррынчын. Сынтæгæй нал хизы. Йæ уæззау фыдæбæттæ йыл æртæфстысты. Бахуыскъ сты йæ дыууæ зæнджы дæр. Бæргæ ма йæ фæралас-балас кодтам дохтыртæм дæр, фæлæ йын сæ бон ницы бацис. Йæ цæрæнбон бирæ мæ кæстæр хо Земфирæйæн. Уый бæрны ис ныртæккæ. Зилы йæм, хæдзар дæр цудын нæ уадзы.

Æвæдза, фыдæлтæ-иу раст загътой: дæ уат куыд у, дæ къæхтæ афтæ адаргъ кæн. Цæй ахуыр мæ хъуыдис мæн дæр?! Ай хъæуы мæ хæдзар

заууатмæ куы ‘рцыд… Сергей, нæ дæ бауырндзæн, æз хъæуæй дыуумæ туманимæ рацыдтæн. Мæ мады пенсийы капеччытæй фылдæр сисын мæ цæсгом нæ бахъæцыд. Иннæ бæллæх та уый мидæг ис, мæ фыдбылызæн ацы чызгыл кæй фембæлдтæн. Мæнæ Фатимæйæ зæгъын... Мыдыбындз хæлуарæджы хызы куыд бахауы, раст уыйау æз дæр ацы æнæхайыры уарзты цæхæры ныххаудтæн. Ныссуйтæ сты мæ хъуыддæгтæ. Хæрæг бæхты къæхты хъæрмæ куыд силлæг уа, уыйау æз дæр мæхи фæлæг кодтон. Æцæг лæгау мæ риу тымбыл къухæй ныххостон : «Ам дæр лæппу ис, лæппу! Ацы риуы уарзæгой зæрдæ тæлфы!..»

Фæлæ кæй хъæуы мæ уарзт? О, æндæр æй цы мæт ис Фатимæйы? Уымæн йæ бинонтæ цардæй тъæпп хауынц. Сæ иунæг чызджы сæ къухтыл хæссынц. Фыр буцæй йын цы акæной, уый дæр нæ зонынц. Æз та чи дæн? Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр æххормаг студент.

– Студент æгад никуы уыдис! – Æхсары ныхас æрдæгыл фескъуыдта Сергей. – Абоны хуызæн мæстыйæ дæ никуыма федтон. Цæмæн афтæ тынг хæрыс дæхи, мæ хæлар? Æз дæ æхца æмæ мулкмæ бæллæгæй куы никуы зыдтон, уæд дыл цы æрбамбæлд? Афæдзы фæстæ каст фæуыдзынæ университет, кусдзынæ, дæхиуыл схæцдзынæ, фæзындзæн дын бынтæ дæр. Мæскуы дæр иу бонмæ нæ сырæзт.

– О, ахуыргæнæджы мыздæй æртæ «Волгæ»-йы куыннæ алхæндзынæн! Нæ сæ уыныс, мæнæ дæ фарсмæ куы сты ахуыргæнджытæ, фыр хъæздыгæй тъæппытæ куы хауынц. Ахуырдзаутæ æмæ студенттæй бирæтæ уыдонæй арæзтдæр вæййынц. Айфыццаг нæм æмдзæрæнмæ цы чызг æрбацыд, уый нал хъуыды кæныс? Чызджытæ ма йæ æмбисондæн дæр куы хастой, йæ уæлæ æнæхъæн «Волгæ»-йы аргъ дзаумæттæ скодта, зæгъгæ. Ныр æй бафæрс, уыйбæрц æхца халамæрзæнæй рамбырд кодтай, зæгъгæ, уæд, цымæ, цы зæгъид? Уæвгæ та, бирæ æхца кæмæ ис, уыдонмæ дæр, раст зæгъгæйæ, нæ хæлæг кæнын, – йæ ныхæстыл æрæджиау æрфæсмон кодта Æхсар. – Бахатыр кæн, Сергей. Афтæ, мæ фыр мæстæй… Уæдæ мæ зæрдæйы тыппыртæ кæмæн раргом кæнон? Дæлдзæх фæуæнт сæ бирæ минтимæ. Мæн сæ æппындæр никæмæй ницы хъæуы. Лæгæн зын уый вæййы, æмæ фылдæрхатт адæймаджы рæстуд æнкъарæнтæ æхца æмæ мулчы уацары кæй бахауынц.

Стæй-ма, Сергей, мæ зынаргъ æмгар, æз… æз иу хъуыддагæй тынг тыхсын. Цымæ мæ цæуылнæ уарзы Фатимæ? Æртæ азы дæргъы иу

бон ӕнӕ кӕрӕдзи куынӕ лӕууыдыстӕм, уӕд нын ныр уыцы пыхцылсӕр лӕппу нӕ сыгъдӕг уарзтыл цъыф къахӕй цӕмӕн ныллӕууыди? Хъӕууон лӕппу кӕй дӕн, уый тыххӕй мӕ фӕсдуар авӕрынмӕ хъавы? Уымӕй йын ницы рауайдзӕн. Ӕз дӕр уыдонӕй нӕ дӕн, рӕстудӕй ӕфхӕрд чи нынныхъуыра, адӕймаджы цӕсгом цъыфы чи сӕвдула. Ӕз дӕр нӕ хӕдзарӕй лӕджы номыл рацӕуын. Иубон ыл йӕ арв скӕудзӕн. Кӕд, уый та йӕ мӕгуыр уд зоны, уалӕ, нӕ сӕрмӕ цы мӕй ленк кӕны, уый – ӕвдисӕн…

– Ӕхсар, дӕ масты фӕдыл макуы цу! – сабыр ӕй кӕны Сергей. – Бӕлвырддӕр ӕмӕ арфдӕр никкӕсын хъӕуы чызджы зӕрдӕмӕ. Амондӕн хъаруйӕ байсӕн нӕй. Нӕ зонын, Ӕхсар, адӕймаг цалынмӕ хъуыддаг бӕлвырд сбӕрӕг кӕна, уӕдмӕ искӕй дӕр аххосджын кӕнын нӕ хъӕуы. Уыцы лӕппуйы ӕз дӕр цалдӕр хатты федтон, ӕмӕ мӕм афтӕ кӕсы, цыма се 'взӕртӕй нӕу. Уартӕ мединституты кӕимӕ ахуыр кӕны, уыцы лӕппутӕй иуы фарстон, ӕмӕ мын дзы тынг ӕппӕлыд.

– Диссаджы ныхӕстӕ кӕныс ды дӕр… Ӕвзӕрыл ма уӕдӕ сыкъатӕ вӕййы? – нал баурӕдта йӕхи Ӕхсар. – Нӕ йӕ зыдта, мах Фатимӕимӕ кӕрӕдзийы уарзӕм, уый? Бӕгуыдӕр ӕй зыдта. Фӕлӕ уымӕ адӕймаджы ӕнкъарӕнтӕй ницы ис. Федта рӕсугъд чызджы, цалдӕр хатты йемӕ фембӕлдис, йӕ мӕлгъӕвзаг ыл ауагъта ӕмӕ йӕ йӕхирдыгӕй фӕкодта. Фатимӕ дӕр ӕм уалдзыгон уардиау бахудт. Ӕмӕ йӕм цӕуылнӕ хъуамӕ бахуда, кӕд ӕмӕ ахӕм мойагыл фӕхӕст!.. Йӕ фыд – булкъон. Горӕты, дам сын ӕртӕуатон хӕдзар ис. Уӕдӕ, куыд дзурынц, афтӕмӕй се 'хца уисойӕ мӕрзын дӕр нӕ фӕразынц. Мӕнӕн та мӕ хабӕрттӕ ды хуыздӕр зоныс. Мӕ фыдӕн йӕ хуыз зонгӕ дӕр нӕ кӕнын. Чи зоны, уый дӕр булкъоны цин куы райстаид, уӕд… Уӕд мӕм Фатимӕ дӕр ӕндӕр цӕстӕй кӕсид. Цӕрин ӕз дӕр горӕты астӕу уӕрӕх ӕмӕ райдзаст фатеры. Искӕй хӕдзӕртты нӕ рахау-бахау кӕнин.

– Ӕмӕ ныртӕккӕ искӕй хӕдзары цӕрыс, мыййаг?

– Искӕй нӕу… Мӕ фыдыхойы у… Фӕлӕ дын раст куы зӕгъон, уӕд ӕй искӕй хонын. Стӕй йӕ куы зоныс, фылдӕр ӕмдзӕрӕны вӕййын. Мӕ фыдыхо йӕхи дӕр нӕ уарзы. Цӕмӕн, уымӕн та зын у дзуапп раттын. Уӕдӕ ныртӕккӕйы домӕнтӕм гӕсгӕ дӕр ӕвзӕр нӕ цӕры. Кусы буфеты. Чингуытӕ, театртӕ, аивад ӕм нымады дӕр не сты. Йӕ удӕй фылдӕр уарзы бирӕ ӕхцатӕ ӕмӕ хъӕздыгдзинад. Ӕхсӕв фынӕйӕ хуыр-хуыр кӕнын куы байдайы, уӕд мӕм цӕмӕдӕр гӕсгӕ афтӕ фӕ-

кæсы, цыма йæ тарф фынты дæр афтæ фæдзуры: «Æх-х-ца!.. Æх-х-ца!» Цастæ йæ хъæуы уагæры?! Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр иунæг уды къоппа. Утæппæт æхцатæй цы кæны? Кæмæн сæ æмбырд кæны? Хатт ын тæригъæд дæр фæкæнын. Фæлæ йын мæ бон ницы у. Уыимæ, чысыл сыбыртт фехъуыста, зæгъгæ, уайтагъд йæ хуыссæны хæрдмæ фесхъиуы. Бындз йæ уатмæ батахт, зæгъгæ, уæд та йæ хъæрмæ æнæхъæн сых æрыхъусынц. Сахат дæр скъаппы дары. Йæ цъыкк-цъыкк æй хъыгдаргæ кæны. Уæд мæнæй нæ тыхсы, дæ зæрдæйæ? Фæлæ быхсын. Йæ алы фæдзæхст дæр ын æххæст кæнын. Уæддæр мæ фыдыхо у. Чи мын ратдзæн йæ хуыздæр хионы? Афтæ гъе, Сергей, – арф ныуулæфыд Æхсар æмæ, йе 'мбалы уæхскыл йæ къух æрæвæргæйæ, дарддæр кодта йæ ныхас: – Æвæццæгæн дæ, мæ лымæн, ныхæстæй æгæр срæгъæд кодтон, æмæ мæ, дæ хорзæхæй, ма стыхс. Мæнæн дæр та чысыл фенцондæр. Мæ ныхасы кæрон ма дын зæгъынмæ хъавын: уарзондзинад ницы у, æрмæстдæр – зæрдæниз. Мæхæдæг цы федтон æмæ бавзæрстон, уымæ гæсгæ дын фæдзæхсын: чызгыл æппындæр макуы бауæнд. Абон дæумæ худы, райсом та æндæр искæй рахондзæн йæ уды къæртт. Дæхæдæг уыдтай Фатимæйы, – цалынмæ уыцы цардхалæг не 'хсæн нæ февзæрд, уæдмæ мыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцыд. Ныр та? Булкъоны фырт йæ уды гага фестад. Тæккæ знон дæр та сæ иумæ кæрæдзийы дæлæрмттыл хæцгæйæ проспекты ауыдтон. Мæн ауынгæйæ, Фатимæ хорзау нал фæцис. Йæ цæсгом асырх, къæмдзæстыгхуызæй мæм æрбакаст, хъавыд мын цыдæр зæгъынмæ, фæлæ йæм æз ме 'ргом нæ раздæхтон, трамваймæ схызтæн. Уый дын сылгоймаджы цæсгом, гъе! Макуы сыл бауæнд. Дæ зæрдæмæ цы чызг цæуа, уый цыфæнды тынг куы бауарзай, уæддæр ын дæ уарзты æнкъарæнтæ кæронмæ макуы раргом кæн. Цас ын фыддæр уай, уыйас – хуыздæр. Цæй, мæ ницæйаг философийæ дын дæ сæр разилын кодтон, æмæ ма дæ иу хатт хатыр курын. Чи зоны, мæ алы сæдæ ныхасæй иу уæддæр разына раст. Мидæмæ дын зæгъин, Сергей, фæлæ дæхæдæг зоныс: æз дæр ацы хæдзары уазæг дæн…

– Хæрзæхсæв, Æхсар! Дæ зæрдæмæ алцы ма хæсс. Мæнмæ, цæмæдæр гæсгæ, мæ зæрдæ афтæ дзуры, цыма уæддæр Фатимæимæ уæ фæндаг сиу уыдзæн. Баулæф ахсæв æнæмæтæй. Зоныс æй, райсом нæ кæдæм цæуын хъæуы, уый æви дæ ферох?

– Нæ, уымæн рохгæнæн нæй! Дард Казахстанмæ, Тургайы облæстмæ, – мидбылхудгæ загъта Æхсар.

* * *

… Диссаджы райсом скодта. Раджы райхъал хур дæр. Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы вагзалмæ цы бирæ æвзонг лæппутæ æмæ чызджытæ æрæмбырд, уыдонмæ йæ зæрин тынтæ нывæста, мадау сæ рæвдыдта. Хъæлдзæг ныхас, зарджыты рæсугъд зæлтæ рог дымгæ йæ уæлныхты систа.

Æхсарæн дæр йæ къухы йæ чумæдан, афтæмæй йе 'мбæлтты цур балæууыд. Æнхъæлмæ кæсы поезды фæзындмæ. Цавæрдæр æнкъарддзинады фæлм йæ цæсгомыл зыны. Йæ хъустыл иудадзыг дæр уайынц йæ мады ныхæстæ: «Ахæм дард балцы, мæ хур, фыццаг хатт цæуыс æмæ-иу дæхи хъахъхъæн… Хæдзары бындур ды дæ… Тызмæгæй макуы макæмæ сдзур, адæм алыхуызæттæ сты…»

– Æхсар, уым цы лæууыс, рацу уал махæрдæм! – æваст ын йæ хъуыдыты хал фескъуыдта Сергейы ныхас.

Æхсар рог къахдзæфтæй атындзыдта, лæппутæ æмæ чызджытæ гъæйтт-мардзæ ирон хъазт кæм сарæзтой, къæрццæмдзæгъдимæ кæм кафыдысты, уыцырдæм.

– Æхсарæн иу кафт! – фесхуыста йæ иу лæппу хъазты астæумæ.

– Бабызы доны баппæрстат! – загъта уый æмæ цæргæсы базыртау йæ къухтæ хæрдмæ фæхъил кодта, афтæмæй рог симгæ хъазты астæумæ рахызт. Фæндыры аив цагъдимæ сиу ис йæ къахфындзтыл кафт. Йемæ цы чызг кафыд, уый стыхст, хъазты фæз ын нал фаг кодта.

Уалынмæ фæндыры зæлты фескъуыдта поезды дæргъвæтин уаст. Фæллад галау цалдæр хатты ныууынæргъыдта, æфсæн цæлхытæ схъæрзыдтой, æмæ поезд цадæггай æрлæууыд. Радиойæ райхъуыст нæлгоймаджы бæзджын хъæлæс: «Студентты арæзтадон къордты уæнгтæй Казахстанмæ чи цæуы, уыдонæй курæм, цæмæй се 'ппæт дæр бацахсой сæ бынæттæ! Фондз минуты фæстæ поезд араст уыдзæн…»

Æхсар, цы чызгимæ кафыд, уымæй хатыр ракуырдта, афтæмæй, адæмы 'хсæн йæхицæн фæндаг гæрдгæйæ, йæ ных сарæзта поезды 'рдæм. Куыддæр вагоны асиныл йæ къах авæрынмæ хъавыд, афтæ йæ хъустыл ауад зонгæ хъæлæс. Æхсар йæ мидбынаты лæугæйæ аззад. Фæстæмæ фæкаст æмæ фæкомкоммæ Фатимæмæ. Уымæн йæ къухты дидинджыты баст, афтæмæй цавд дурау лæууы. Лæппуйы уæнгтæ ныррызтысты. Иу ныхас скæнын нæу йæ бон.

– Æх… Æхсар!.. – ризгæ хъæлæсæй цыдæр зæгъынмæ хъавы Фати-

мæ. – Дæ… Дæ зæрдæмæ мæн тыххæй æппындæр æвзæрæй мацы хæсс… Æз… æз дæуыл мæ зæрдæ никуы сивдзынæн… Куы сыздæхай, уæд дын æппæт дæр зæгъдзынæн… Рæст… рæствæндаг, Æхсар…

Раст цыма фын уыдта, афтæ фæкаст ацы фембæлд Æхсармæ. Йе 'ппæт хъарутæ дæр рамбырд кодта, йæ разы къулбæрзæйæ, цæссыгкалгæйæ цы чызг лæууыд, æхсæвæй-бонæй йæ сæнтты цы уарзон Фатимæйы мысы, уымæн хъавыд цалдæр ныхасы зæгъын, фæлæ йæ бон не ссис. Нæ бамбæрста, поезд куыд араст, уый дæр.

Поезды цæугæйæ, бирæ алыхуызон хъуыдытæ ленк кодтой Æхсары сæры. Иудадзыг дæр йæ цæстыты раз нывæфтыдау лæууыд Фатимæйы сурæт. «Ницы йын æмбарын, – сагъæсы бацыд Æхсар, – абон дæр ма цæмæн рацыд мæ фæстæ? Куыд æмбаргæ сты уыцы ныхæстæ: «Ма мыл сив дæ зæрдæ. Искуы мæ бамбардзынæ…» Кæд ма йæ хъуамæ бамбарон? Ацы чызджытæ, æвæццæгæн, сæхи дæр нæ фембарынц. Цымæ ма йæ цы хъæуы мæнæй? Цæмæн ма мын хъазы мæ удæй? Кæд уыцы лæппуйы цæстмæ афтæтæ кæны? Æмæ уæд ахæм ставд цæссыгтæ цæмæн згъордтой абон йæ рустыл? Иу ныхас йæ дзыхы куынæ бадт… Ницы хъуыды ахсы мæ сæр, нæ зонын, нæ зонын… Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ кæсы, цыма мæ уæддæр Фатимæ уарзы. Нæ. Уымæй мæхи сайын. Уый уарзт нæу. Уæд æндæр лæппуйы фæстæ афтæ нæ разгъор-базгъор кæнид».

Тар мигъты 'хсæн хатгай хуры тынтæ куыд фæзынынц, уыйау алыхуызон уæззау æнтъыснæг хъуыдыты 'хсæн Æхсары цæстытыл дæр рæстæгæй-рæстæгмæ ауайы Фатимæйы сурæт, æмæ та рухсы цъыртт бакæлы йæ зæрдæмæ. Фæлæ та йæ рæсугъд рогбæллиц хъуыдытæ уайтагъд сапоны фынкау айсысынц… Йæ зæрдæ ноджы тынгдæр нынкъуысы, йæ хъусты куы азæлынц йе 'мкурсон Лолитæйы рæхойæн ныхæстæ: «Æхсарчик, арфæ дын кæнын, дæ Джульеттæйæн, бæстырæсугъд Фатимæйæн, замманай Ромео фæци – булкъоны фырт, мæ хур. Æхсæв сæм хæдзары дæр вæййы. Кæд дæ нæ уырны, уæд сæ тæккæ абон кæнæ райсом дæр бабæрæг кæн. Æз сæ иу æмæ дыууæ хатты нæ федтон лæппуйы хæдзарæй рацæугæ. Афтæ у, мæ къона, ныртæккæ сард. Хур кæцырдыгæй скæсы, уыцырдæм ивазы дидинæг дæр йæхи».

Балцы цæугæйæ, адæймаг исты ахсджиаг хъуыддагыл куы фæхъуыды кæны, уæд уæлдай цыбырдæр кæны фæндаг. Æхсар нæ бамбæрста, рæстæг ыл кæуылты атахт æмæ Тургайы облæсты куыд балæууыдысты, уый.

Æхсæвы дыууадæс сахатыл йе 'мбæлттимæ автобусæй æрхызт змисджын зæхмæ. Сæ размæ рацыдысты фысымтæ. Уазджытыл бацин кодтой зæрдæйæ. Æхсар дæр блокнот систа æмæ дзы ныффыста, рæстæгмæ кæм кусдзысты æмæ цæрдзысты, уыцы адрис: «Джамангельдинский район, поселок Шильинский».

Фысымтæ сын цæрæнуатæн рахицæн кодтой скъолайы бæстыхай. Цыбыр дзырдæй, сæ зæрдæ барухс сæ ног бынатæй.

Æхсарыл уайтагъд хуыссæг фæтых. Ахæм адджын фынæй бацис, æмæ зонгæ дæр нæ бакодта, куыд сбон, уый. Фæлæ йæ хъæццулыл иуварс куы ахæцыд, уæд йæ уæлæйæ пъолмæ æрызгъæлдис змис. «Дуар æнгом æхгæд куы уыд, уæд мидæмæ змис кæцæй æрбахастаид дымгæ?» – хъуыдыты ацыд Æхсар.

Афтæ райдыдта сæ фыццаг кусгæ бон Æхсар æмæ йе 'мбæлттæн. Студентты арæзтадон къорды цы 55 адæймаджы уыд, уыдон дихгонд æрцыдысты æртæ бригадыл. Дыккæгæм бригады разамонæгæй снысан кодтой Æхсары. Къорды командир æмæ колхозы правленийы разамынд Æхсариты бригадæн бабар кодтой ног поселокмæ асфальт фæндаг саразын – йæ дæргъ фондз километры. Уый, кæй зъгъын æй хъæуы, æнцон хъуыддаг нæ уыд.

## ÆХСАРЫ БОНЫГÆЙ

**Æртыккæгæм июль.** Нæ студентты арæзтадон къорд «Цæргæс»-æн цæрæнуатæн радих кодтой хорз бынат. Бынæттон хъæуы цæрджытæ ныл сæмбæлдысты стыр цинимæ. Колхозы разамынд дæр ныл зæрдиагæй баузæлыд. Нæ бæрны нын бакодтой Шильинскы хъæуы афтек æмæ фосдарæн комплексы бæстыхай саразын, стæй поселокмæ фондз километры асфальт фæндаг скæнын. Алцы дæр хъуамæ уа хорз. Æрмæст мæ студентты арæзтадон къорды разамонæгæй фыццаг хатт снысан кодтой, æмæ дызæрдыг кæнын, куыд вæййы, цы вæййы, мыййаг, куынæ сарæхсон… Цæй, мæ къордмæ хорз лæппутæ æрбахауд, æмæ сæ фæрцы кæд нæ университеты, Ирыстоны кад нæ фегад кæниккам…

**Цыппæрæм август.** Скодта диссаджы хур бон, адæймаг йæхи уыцы рог æнкъары. Ахолæны фæстæ хицæн бригадтæй апырх стæм нæ кусæн бынæттыл. Мах фараст лæппуйæ æрлæууыдыстæм фæндаджы арæзтадыл. Скодтам ын хицæн проект. Хæххон-металургон институтæй нæхицæн мастерæн кæй ракодтам, уый, Елисаты Сослан,

мæлæты хорз арæхсы уыцы хъуыддæгтæм. Фыццаг рады уал фæндагæн сыгъдæг кæнын райдыдтам йæ уæлцъар. Цы йæ сусæг кæнон, – бафæлладыстæм фыццаг бон. Фæлæ, куыд фæзæгъынц, куыстæн йæ сæр – сындз, йæ бын – сой. Нал æй ныууадздзыстæм ныр æрдæгыл.

**Фынддæсæм август.** Абон куыстæй фæлладæй куы сцæйцыдтæн, уæд мæ размæ худгæбылæй рауад нæ хæринаггæнæг Коко (Кокойтæй уыд) æмæ мын мæ къухы фæсагъта фыстæг. Æз æй уайтагъд фегом кодтон æмæ йæ къухтфыстмæ гæсгæ базыдтон, фыстæг Фатимæйæ кæй у æмæ йæ зыдæй кæсын райдыдтон: «Зынаргъ Æхсар, цæй, куыдтæ мын дæ? Куыд ныххæццæ дæ? Фысс æппæт дæр. Дæ ацыдæй нырмæ мæм хуры тын никæцæйуал æрбакаст. Æдзух мæ цæстытыл уайы де 'нкъард цæстæнгас. Мæнæ та дын абон дæр райстон дæ къам. Бирæ йæм фæкастæн æмæ, кæуыс ма – нал… Æхсар, куы ссæуай, уæд дын æз æппæт дæр фæдзурдзынæн. Æмæ мæм уæд мæсты нал кæндзынæ. Цæй, хæрзбон. Салæмттæ ратт де 'мбæлттæн. Æнхъæлмæ кæсдзынæн дæ фыстæгмæ».

Мæ сæрæн ницыуал зонын. Цы ма хъæуы, цымæ, Фатимæйы мæнæй, ауунау ма цы зилы мæ фæстæ? Æви чызджытæ се 'ппæт дæр иу джиппы уагъд сты: иу амонд фехалын сæм æгъгъæд нæ кæсы… Цы цæсгомæй ма мæм фыссы, ме 'мбæлтты раз мын мæ цæсгом цъыфы куы сæвдылдта, уæд… Нæ зонын… Бæргæ, мæнæй дæр афтæ æнцонтæй куы ферох уаид, фæлæ Хуыцау рахатт æмæ мæныл… Нырма мыл иу æхсæв дæр афтæ не сбон, æмæ Фатимæйы рæсугъд цæстæнгас фыныгъдауæй дæр мæ цæстытыл ма уайа, йæ фæлмæн, рæвдаугæ хъæлæс мæ хъусты ма зæла… Æз афтæ æнхъæлдтон, Фатимæйæ ацы дард фæндагыл куы фæхицæн уон, уæд æй ферох кæндзынæн, фæлæ хъуыддаг иннæрдæм уайы... Цас дзы адарддæр дæн, уыйас æм мæ зæрдæ ноджы æввахсдæр фæцис. Кæд ыл, мыййаг, уыцы къуыдипп лæппу хинæй рацыд… Чызг та сонтæй рæдиаг вæййы, æмæ… Нæ, уый йæ сæрмæ æвзæр ми не 'рхæсдзæн. Ам хъуыддаг æндæр цæйдæр мидæг ис...

**Æхсæрдæсæм август.** Нæ хъуыддæгтæ цæуынц хорз. Дыккæгæм бригад уал фæцис афтечы къултæ амад. Уæдæ, æхсыры фермæйы комплексы арæзтадыл чи кусы, уыцы бригады уæнгтæн дæр хорз цæуынц сæ хъуыддæгтæ. Нæ фæндаджы арæзтады куыстæй дæр сæ зæрдæ барухс колхозы разамонджытæн. А дыууæ боны йæм ласын райдайдзыстæм лыстæг хуыр, уый фæстæ та – асфальт.

**Æвддæсæм август.** Раджы бафынæй сты ме 'мбæлттæ. Фæлæ та мæнмæ  хуыссæг æмгæрон нæ цæуы. Мæ хъуыдытæ мæ балæууын кодтой Ирыстоны. Мæнæ фесты ахуыртæ. Фатимæимæ хæрхæмбæлд фестæм. Нæ фæндаг ракодтам Фæскомцæдисы паркмæ. Æрбадтыстæм бандоныл, æмæ нын бацайдагъ зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас.

– Мæнмæ афтæ кæсы, цыма дæ, мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй нырмæ зонын, – мидбылхудгæ мын дзуры Фатимæ.

– Уæдæ мæнмæ дæр мæ зæрдæ афтæ куы дзуры, – бахудтæн æз дæр.

Æрдз дæр фæллад уæрыккау æрфынæй. Æз Фатимæмæ хæстæг-дæр бабадтæн, йæ рæсугъд цæстытæм ын нал æмæ нал æфсæстæн кæсынæй.

Фæлæ уый та цы у: æвваст мын мæ мидхъуыдыты хал фескъуыд-та кæйдæр тарст хъæлæс. Мæ цæстытæ ауæрстон æмæ дуаргæрон ауыдтон, фыр куыдæй йæ хъæлæс кæмæн ныффæсус, ахæм æрыгон чызджы. Базыдтон æй. Уый, нæ фарсмæ цы казахаг бинонтæ цæрынц, уыдоны чызг у.

– Мамæ мæлыны къахыл ныллæууыд… Уæ хорзæхæй, баххуыс мын кæнут, – дзуры чызг кæугæйæ.

Æз уайтагъд мæ дзаумæттæ акодтон. Цæсты фæныкъуылдмæ балæууыдтæн рынчыны хæдзары. Фыр тагъд-тагъдæй мæ ферох ме 'мбæлттæй дæр искæй райхъал кæнын. Кæсын, æмæ тыргъы цы æры-гон сылгоймаг хуыссыд, уый алыварс æрæмбырд сты сылгоймæгтæ. Хæстæг æм никæй уадзынц. Куыд бамбæрстон, афтæмæй сылгоймаг нæ фæрæзта арын. Йæ цæсгом цикъæйау ныффæлурс. Йæ цуры бады молло æмæ йæхирдыгонау цыдæртæ дзуры. Фæдзæхсы йæ цыдæр уæларвон тыхтыл. Æз афæлвæрдтон сылгоймагæн дон раттын, фæлæ мыл устытæ алырдыгæй сæхи сцагътой.

– Ма сæм хъус… Ма сæм хъус… Тагъддæр ын дохтыр ссар… – кæугæйæ мæм йæхи бакъултæ кодта чызг.

Хъуыды кæнынæн рæстæг нал уыд. Транспорт нæй, поселокмæ æппынкъаддæр 7-8 километры… Æмæ фæцагайдтон къахæй. Мæ хид акалд, афтæмæй бахæццæ дæн поселокмæ. Цасдæр рæстæджы фæстæ фелсыримæ бæхуæрдонæй æрбахæццæ стæм фæстæмæ. Йæ амондæн ма сылгоймаджы æрбаййæфтам удæгасæй. Фæлæ та молло ныффæрск, марадз-зæгъай, кæд дохтыры рынчынмæ хæстæг уадзы. Æз айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, моллойы мæ хъæбысмæ фелвæстон

æмæ йæ кæртмæ раскъæфтон. Иннæ устытæ мыл сæхи ныццавтой, чи мын мæ сæрыхъуынтæ ивæзта, чи мын мæ рустæ тыдта... Фæлæ сæ æз ницæмæ дардтон.

Бонæрдæм рынчын фервæзт. Райгуырд ын лæппу. Мад йæхимæ куы ʻрцыд, уæд мæ йæ цурмæ бахонын кодта.

– Дæ ном цы хуыйны? – уырыссагау мæ бафарста.

– Æхсар, – дзуапп ын радтон æз…

– Уæдæ ма дын абонæй фæстæмæ уыдзæнис мæнæ иу æмном – Ахсар Акилов.

Мæнæн фыр цинæй мæ цæстытæ доны разылдысты, мадæн зæрдиаг арфæтæ ракодтон æмæ, фыр фæлладæй мæ сынтæгыл куыд ныххаудтæн, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон.

**Дыууын æстæм август.** Не ʻппæт куыстытæ дæр кæронмæ фестæм. Тынг разыйæ нæ баззадысты бынæттон цæрджытæ. Уæлдай тынгдæр та сæ зæрдæмæ фæцыд нæ ногарæзт фæндаг. Абон æй байгом кодтой кадджын уавæры. Райсом нæ фæндаг адардзыстæм Ирыстонмæ.

* * *

Йæ хуыссæнгæрзтæ йе ʻккой, йæ къухы састхъуыр графин, афтæмæй æмдзæрæны коменданты уатмæ бахызт Æхсар æмæ хъазгæмхасæн зæгъы:

– Мария Павловнæ, мæнæ дын æгасæй мæ фæллой… Хæсджынæй уæ хъуамæ мацæмæй баззайон… Æрмæст мын, æвæццæгæн, ацы графины аргъ фидгæ æрцæуыдзæнис…

– Цæй, уымæй стырдæр фыдбылыз ныл мацы æрцæуæд, – бахудт комендант æмæ йын райста йæ дзаумæттæ.

Фæстæмæ схызт йæ уатмæ Æхсар. Æрбадт йæ афтид сынтæгыл. Хъуыдыты аныгъуылд. Нырæй æнкъарддæр æмæ афтиддæрхуыз æм никуыма фæкаст сæ уат. Фондз азы ацы æмдзæрæны фæцард. Мæнæ цы сынтæгыл бады, ууыл хуысгæйæ цас æмæ цас фынтæ федта! Уæдæиу ыл æххормагæй дæр иу æмæ дыууæ ʻхсæвы нæ бафынæй. Уæддæр ын адджын у, нæма йæ фæнды, фæхицæн дзы уа.

Уæвгæ та цæй тагъд азгъордтой ахуыры азтæ. Зонгæ дæр сæ нæ бакодта. О, фæлæ сæм лыстæг куы ʻркæса, йæ ивгъуыды бонтæ сасирæй луарæгау куы балуара, уæд дзы, æхсызгонæн цы æрымыса, ахæм бонтæ дæр куыннæ разындзæн...

Алыхуызон хъуыдытæ зилдух кæнынц Æхсары сæры. Абон ын

декан арфæтæгæнгæ йæ къухмæ цы диплом радта, уый та ногæй систа йæ риуы дзыппæй. Нал æмæ дзы нал исы йæ цæстытæ. Рафæлдæхта йæ. Кæсы йæ: «Æфсæнты Æхсар Хъамболаты фырт каст фæцис Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологон факультет».

Бахудт йæ мидбылты Æхсар æмæ, цыма искæимæ ныхас кæны, уыйау афтæ бакодта:

– Фæзынд ног ахуыргæнæг Æфсæнтæм дæр.

Æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, университетмæ бацæуыны хъуыдды йæм куы фæзынд, уыцы рæстæг.

Раст зæгъгæйæ, скъолайы хорз нæ ахуыр кодта Æхсар. Йæ уарзондæр предметтæ уыдысты ирон литературæ æмæ физикæ. Фæлæ фыссынæй нæ рæстмæ кодтой йæ хъуыддæгтæ. Уæлдайдæр та – уырыссаг æвзагæй. Йæ тетрадмæ-иу фысгæ куысты фæстæ куы ‘ркаст, уæд-иу сырх чернилæйæ фыстытæ фылдæр уыдысты... Иухатт ын ахуыргæнджытæй чидæр хъазгæмхасæн афтæ дæр бакодта: «Лæппу, уый дын дæ уырыссаг æвзаджы тетрадыл карк аргæвстой, æви цавæр сырх хъулæттæ у?»

Афтæмæй та сын уырыссаг æвзагæй тынг хорз ахуыргæнæг уыд. Алы урочы дæр-иу æм бæргæ лæмбынæгæй хъуыста, фæлæ…

Мысы йæ ивгъуыд бонтæ Æхсар. Йæхимæ дæр хатт худын æрцæуы, уырыссаг æвзаг дзæбæх кæй нæ зыдта, уый тыххæй-иу цы уавæрты бахауд, уыдæтты тыххæй.

– Уæвгæ та цæй тагъд атахтысты мæ студентон азтæ, цæй тагъд, – шифанерыл конд айдæнмæ йæхимæ бакæсгæйæ сдзырдта Æхсар æмæ арф ныуулæфыд. Абон хæрзбон зæгъдзæн йæ дыккаг хæдзар – æмдзæрæнæн – æмæ йæ уарзон æмбæлттæн. Изæры автобусы араст уыдзæн сæ хъæумæ, амæй фæстæмæ йын ацы æмдзæрæн уыдзæн æцæгæлон. Мæнæ фондз азы дæргъы ног чындзы уатау сыгъдæг цы уат дардтой йе ‘мбæлттимæ, уым æрцæрдзысты æндæр лæппутæ кæнæ чызджытæ. Царды закъонæн, æвæццæгæн, æнæ афтæ уæвæн нæй – иу фæлтæр ивы иннæйы.

Уалынмæ чидæр дуар æрбахоста. Мидæмæ æрбахызтысты йæ цæдисон æмбæлттæ Мухтар, Фидар æмæ Алихан. Семæ, иу хæдон дæр сын уæрæх у, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, афтæ хæларæй фæцард фондз азы дæргъы Æхсар.

Фидар æмæ Мухтарæн рагæй нырмæ дæр иухуызон зондахаст уыд. Сты тынг хæларзæрдæ æмæ æргомдзырд. Кусынмæ, ахуырмæ та – арт.

Хорз сын базыдта сæ удыхъæд æмæ зондахаст дæр. Иу æмæ дыууæ хатты нæ куыста семæ уæхски-уæхск студентты арæзтадон къорды.

Фæлæ Алиханы бынтон хорз нæ бамбæрста Æхсар. Ома æвзæрæй йæм ницы хæссы. Фæлæ йæм ис ахæм миниуджытæ: кæм хъæуа æмæ кæм нæ хъæуа, уым дæр æгæр æргомдзырд у, фæлæ æнæ Алихан цыма амæй фæстæмæ дæр цæрын нал базондзæн, афтæ дзуры йæ зæрдæ Æхсармæ. Æдзух у хъæлдзæг æмæ худæндзаст. Нæ йæ бамбардзынæ, æцæгæй кæд фæдзуры æмæ хъазгæ кæд фæкæны, уый. Фыр худæгæй-иу сæ артæнхæлдтæ дæр фæкодта.

Цæвиттон, Алихан уарзта, историон факультеты чи ахуыр кодта, иу ахæм чызджы. Куыд фæзæгъынц, уарзты фурды аныгъуылд æмæ дзы йæ бон былгæронмæ раленк кæнын нал уыд. Æхсæвыгон дæр-иу, чызг кæм цард, уым балæууыдаид. Рудзынгæй-иу æм иу каст бакодтаид, æмæ-иу уымæй амондджындæр дун-дунетыл нал уыдаид. Базарыд-иу æхситтæй æмæ та-иу фæстæмæ æмдзæрæнмæ – згъоргæ.

Иу хатт суанг æнафонтæм нæ фæзынд. Æхсаритæ удаист фесты. Мухтаримæ йæ агурæг ацыдысты. Чызджы хæдзармæ куы бахæццæ сты, уæд сæм райхъуыст йæ хъæрæй ныхас. Чызджы фыд æй сабыр кæны, фæлæ уый кæм сæтты:

– Хорз лæг, дæ хорзæхæй, зæгъ-ма мын, – нал уромы йæ маст Алихан, – цæуылнæ мæ уарзы дæ чызг? Цы кæнын? Цы фау мæм æрхæсдзыстут? Кæмæй æвзæрдæр дæн?.. Дæ чызг нæма зоны, æз цавæр лæппу дæн, уый!.. Стæй мæ цæй тыххæй нæ уарзы, уый бæгуыдæр зонын!.. Уымæн æмæ мæ фындз æгæр дынджыр у!.. Æмæ ууыл сæр куы уаид, уæд хъуамæ ахъуыды кæнид, йæ аразæг æз кæй нæ уыдтæн… Стæй царды адæймагæн сæйраг удыхъæд у æви фындз?.. Кæд фындзыл у хъуыддаг, уæд æй æз а дыууæ боны æркъаддæртæ кæндзынæн…

– Цæй-ма, Æхсар, цы ныдджих дæ? – йæ хъуыдыты хал ын фескъуыдта Алихан, – фæндараст зæгъæм не студентон азтæн, – загъта йын, стъолыл цы коньячы авг æрæвæрдта, уымæ амонгæйæ.

Фидар агуывзæ йæ рахиз къухмæ райста æмæ нæртон лæгау кувыныл схæцыд:

– Йæ, уæдæ, иунæг Стыр Хуыцауы хорзæх нæ уæд. Мæнæ ацы фæрныг хæдзары уарзон æфсымæрты цард фæкодтам, æмæ нын амæй фæстæмæ дæр нæ кæрæдзиимæ фембæлд стыр цины хос хæссæг куыд уа, ахæм амонд нæ уæд!.. Царды уæрæх фæндæгтæ нæ разы тулдз бæласы

къабæзтау фæйнæрдæм ацыдысты, æмæ сыл ныфсджын къахдзæфтæ куыд акæнæм, ахæм амонд нын иунæг кадджын Хуыцау раттæд!..

– Оммен! – æмхъæлæсæй сдзырдтой лæппутæ.

Бахъæлдзæг сты. Æхсар райста гитарæ. Йе ‘мбæлттæ йæм ныхъхъуыстой зæрдиагæй. Æхсары бæзджын хъæлæс æмæ гитарæйы зæлтæ баиу сты. Фидаритæ бирæ уарзтой, Æхсар нæ поэттæй иуы æмдзæвгæмæ гæсгæ цы зарæг скодта, уымæ хъусын. Æмæ та зæрдæбынæй ныхъхъуыстой се ‘мбалы зæрдæмæ:

*О Фатимæ, Фатимæ!..*
*Афтæ ма банхъæл,*
*Нæ хицæныл кæуын...*
*Уый мæ уарзт*
*Мæ рыст зæрдæйы тайы...*
*Тайы... Æмæ цæстысыгæй кæлы...*

Зард куы фæци, уæд Æхсар гитарæ сынтæгыл æрæвæрдта. Сыстад æмæ бацыд рудзынджы цурмæ. Ссыгъта тамако æмæ йæ зыдæй сдымдта. Йе ‘мбæлттæй йæ ничи уæндыд бафæрсын, цæмæн фенкъард, уымæй. Уæвгæ та сæ алчи дæр зыдта, йæ зæрдæйы цавæр маст æнхъæвзы, уый. Æхсар йæ къандзол йæ уæлæ æрбакодта, йе ‘мбæлттæн зæрдиагæй сæ къухтæ нылхъывта æмæ сын хатыр курæгау загъта:

– Арвæй зæххы ‘хсæн мæ хуыздæр æмгæрттæ сымах стут. Никуы уæ ницы басусæг кодтон… Гъемæ мын, уæ хорзæхæй, хатыр бакæнут… Мæ къах мæ мæ ныййарæджы цурмæ нæ хæссы, цалынмæ мæ царды хъысмæт кæронмæ алыг кæнон, уæдмæ. Арæби, æз дæр ирон лæджы фырт куы дæн. Цæмæн хъуамæ æрхæссон æгаддзинад мæ сæрмæ? Ныртæккæ уыцы къуыдипп лæппуйы хъуамæ Фатимæимæ фæрсæй-фæрстæм æрлæууын кæнон æмæ базонон æз дæр мæ мæгуыры бон. Кæд мæ Фатимæ уарзы, уæд мын æй æргомæй зæгъæд, кæд уыцы лæппуимæ лæгæй-лæгмæ аныхас кæнын бахъæуа, уæд дæр – табуафси.

Лæппутæ фембæрстой хъуыддаг: иунæгæй йын ауадзæн нæй, хорз ын зонынц йæ къухты ахаст…

Йæ къухы йæ чумæдан, афтæмæй æмдзæрæны къæсæрæй рахызт Æхсар. Фæраст Ирыхъæуы ‘рдæм. Йæ фæстæ цæуынц Фидар, Мухтар æмæ Алихан дæр. Бахæццæ сты, Фатимæ-иу ахуырты фæстæ цы хæ-

дзармæ атындзыдта, уый цурмæ. Æхсар йе 'мбæлттæн къухæй амоны, иу дæр уæ мæ фæстæ ма рацæуæд, зæгъгæ.

– Æхсар! Æвзæр хъуыддаг дæ сæрмæ ма 'рхæсс! – къæзгæйæ йын лæгъстæтыл схæцыдысты. Фидар ма уæддæр хъавыд йæ фæстæ бахизынмæ, фæлæ йæ Æхсары нуарджын къухтæ фæстæмæ расхуыстой.

Ныссабыр сты Фидаритæ. Æнхъæлмæ кæсынц, цы уыдзæн, уымæ. Рудзынгæй сæм хорз зынд æппæт дæр. Æхсар лæгæй-лæгмæ фæцæуы, Фатимæйы-иу арæх цы лæппуимæ федтой, уымæ. Гъа, ныццæва йæ, зæгъгæ, афтæ се 'хсæн алæууыд Фатимæ. Æхсарæн йæ къух уæлдæфы ауыгъдæй аззад.

Фатимæ йæм ризгæ къухтæй бадаргъ кодта иу тетрад. Йæ цæссыгтæ рустыл æргæр-гæр кодтой, афтæмæй Æхсармæ ризгæ хъæлæсæй дзуры:

– Хъуыды кодтон, зæгъын, царды цы нæ 'рцæуы, адæймаг амæлын дæр зоны… Алцæмæй тынгдæр тарстæн, дæ разы мæ уды рæстдзинад куы амæла, уымæй æмæ ацы тетрады ныффыстон алцыдæр. Равдисынмæ йæ никæмæн хъавыдтæн, фæлæ, куыд кæсын, афтæмæй мын æндæр гæнæн нал ис… Бакас æй, Æхсар, æмæ бамбардзынæ æппæт дæр.

Æхсар гуырысхогæнгæ каст, йæ удæй фылдæр кæй уарзта, уыцы чызджы цæстытæм. Уыцы цæстытæ дзы домдтой, цæмæй айса тетрад æмæ йæ бакæса. Æмæ ризгæ къухæй бавнæлдта тетрадмæ. Бадгæ дæр не 'ркодта, афтæмæй райдыдта кæсын, тетрады цы фыст уыдис, уый:

«Арвæй зæххы 'хсæн цардис æмæ уыдис иу рæстудæй æфхæрд чызг. Йæ ном – Фатимæ. А зæххыл æй иу бамбарæг нæ уыд, æмæ, иудадзыг йæхимæ хъусгæйæ, æрхуымзæрдæйæ æрвыста йæ бонтæ. Хуыцау хорз, æмæ ахуыры фæндагыл лæуд фæцис уыцы æнамонд чызг, æндæра йыл бонтæ афæдзы дæргъæнæй цыдаиккой.

Мæнæ та ацы бон дæр, куыддæр йæ лекцитæ фесты, афтæ рахызтис университеты къæсæрæй æмæ æнкъардæй фæцæйцыд сæхимæ. Фæндагыл хæрхæмбæлд фæцис иу бæрзондгомау, хæрзконд лæппуимæ. Уыдаид чызгæй иу-цыппар-фондз азы хистæр. Лæппу йæм коммæ бакæсын дæр нæ уæндыд, ныфсæрмытæ чызджы раз. Йæ цæсгом сырх-сырхид афæлдæхт. Æппынæрæджиау сабыр хъæлæсыуагæй сдзырдта:

– Бахатыр кæн, дæ хорзæхæй, ды Бæрæзгаты Фатимæ нæ дæ?

– Уый дæн… Цæмæй мæ зоныс? – бафарста йæ чызг.

– Æз… Æз дæ нæ зонын, фæлæ дæ нана хорз зоны æмæ мæ дæумæ рарвыста… – ныссуйтæ лæппу. – Амонгæ та мын дæ уæ курсы чызджытæ бакодтой… Нана мын тынг ныллæгъстæ кодта, ацу æмæ, дам мын уыцы чызджы æвæстиатæй ссар, цалынмæ ма, дам, мæ цæсты рухс æрттивы, уæдмæ мын æй фенын кæн... Гъемæ дæм æз дæр уый курдиатмæ гæсгæ æрбацыдтæн. Дæ хорзæхæй, æвзæр мацы ахъуыды кæн. Æз… Æз фыдуаг лæппутæй нæ дæн… – йæ цæстытæ доны разылдысты лæппуйæн æмæ йын ноджы тынгдæр ныллæгъстæ кодта, цæмæй йемæ рацыдаид.

Фатимæ дызæрдыг кодта æнæзонгæ лæппуимæ ацæуыны тыххæй. Фæлæ йын йæ дондзаст æнкъард цæстытæм куы бакаст, уæд сразы æмæ араст йæ фæдыл.

…Сынтæгыл хуыссыд, азтæ сæ дæрзæг арм кæуыл æрæвæрдтой, ахæм зæронд ус. Чызджы куы федта, уæд хурау барухс йæ цæсгом. Фатимæйы къух йе ‘рмтты фæлмæн нылхъывта æмæ йын ризгæ хъæлæсæй загъта:

– Къухы æнгуылдзтæй кæцыфæнды куы алыг уа, уæддæр сæ рыст зæрдæмæ æмцæф кæны. Ныртæккæ дын æз цы хабар ракæнынмæ хъавын, уый дæм аргъауы хуызæн фæкæсдзæн, Фатимæ, фæлæ уый аргъау нæу. Царды алцы дæр хъысмæтæй аразгæ у. Æз дæм абон мæнæ Ладемыры дæр уый тыххæй арвыстон, а дунейыл мын бирæ рæстæг кæй нал баззад цæрынæн… Хатын æй, æрхæстæг мæ мæлæт. Æмæ тынг тарстæн, æнæ дæу фенгæйæ куы амæлон, уымæй. Гъемæ стыр бузныг, кæй мæм фæзындтæ, уый тыххæй.

Ды, мæ къона… – ноджы тынгдæр нылхъывта зæронд ус Фатимæйы къух… – Ды нæ зоныс, æз-иу дæм бирæ хæттыты кæй бацыдтæн рæвдауæндонмæ. Стæй, цы скъолайы ахуыр кодтай, уырдæм. Дæ мад дæ Казахстанмæ йемæ куы акодта, уæд та мæ зæрдæйы рыстæй цалдæр къуырийы рынчындоны фæдæн… Уый фæстæ, Казахстанæй куы ссыдыстут, уæддæр-иу дæм иу æмæ дыууæ хатты не ‘нхъæлмæ кастæн университеты раз дæр. Ды-иу де ‘мбал чызджытимæ хъæлдзæгæй, худгæйæ куы рахызтæ, уæд-иу цыдæр æрбацис мæ зæрдæйы рис, фыр цинæй-иу мыл базыртæ базад æмæ-иу дæм кæсынæй нал æмæ нал æфсæстæн.

Зæронд усæн æрдæгыл фескъуыд йæ ныхас. Рабадт йæ хуыссæны. Базы бынæй ризгæ къухтæй райста иу къам æмæ йæ æнæдзургæйæ ба-

даргъ кодта чызгмæ. Фатимæ фæкомкоммæ йæ мады къаммæ. Уымæн йæ хъæбысы уыд дыууæ сабийы – чысыл лæппу æмæ ноггуырд сывæллон.

– Мæ мады къам та уæм кæцæй ис? – сонтæй афарста Фатимæ.

Ладиккайæн йæ цæстытæ доны разылдысты. Комкоммæ нык-каст чызджы знæт цæстытæм, арф ныуулæфыд, йæ къух ын ноджы тынгдæр нылхъывта, йæ хъарм цæссыгтæ суадæттау фемæхстысты йе 'нцъылд рустыл, æмæ ризгæ хъæлæсæй дзырдта: «Мæ гыццыл хъæбул… Нанайы уарзон хъæбул… Ныр, Хуыцау, нал тæрсын мæлæ-тæй дæр… Мæ бон баци, ацал-ауал азы мæ зæрдæйы арфы æмбæхстæй цы риссаг æмæ дудгæ сынкъ дардтон, уый ныллæмарын. О не Скæнæг Хуыцау, ратт мын ныр мæлæт, мæ цæсгом дæ разы сыгъдæг у… Дæ мады къам та, мæ хур, мæ нывæрзæны æмбæхстæй уымæн дарын, æмæ мын нæ Иунæг Скæнæг Хуыцау дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр уыцы иунæг чындзы саккаг кодта. Фæлæ…

Ногæй та кæуындзæг ахгæдта Ладиккайы хъуыр. Фатимæмæ фын фенæгау фæкастысты ацы хабæрттæ. Ницы æмбæрста йæ сæрæн. Куы-иу Ладиккайы фæлурс цæсгоммæ бакаст, куы та-иу къаммæ нымдзаст. Йæ хъустыл æрвнæрæгау нæрынц зæронд усы ныхæстæ: «Мæ гыццыл хъæбул… Дæ мады мын Хуыцау дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр иунæг чындзæн саккаг кодта…»

– Фæлæуу-ма, фæлæуу, кæд мæ мад дæ чындз уыд, уæд мæнæн та мæ нана дæ? – тарстæй афарста зæронд усы.

– О, о, нана дæ нывонд фæуа, – ризгæ къухтæй йæ цæсгом амбæрзта зæронд ус, æмæ кæуыс ма – нал… – Уæр… уæртæ Ладемыр та – дæ иунæг æфсымæр. Уый-иу мæ арæх фарста, мæ мад кæм ис, зæгъгæ. Куы байрæзт, уæд ын æппæт дæр радзырдтон, æмæ мын уæдæй фæстæмæ йæ кой дæр нал скодта.

Фатимæ æрвдидинæгау йæхимидæг ныррызт. Атартæ сты йæ цæс-тытæ, ныддыз-дыз кодта йæ буар, къæхтæ фæтасыдысты йæ быны, фæлæ йæ ацахстой Ладемыры къухтæ.

– Мæ иунæг хо, Фатимæ! – нал баурæдта йæ кæуын лæппу дæр æмæ чызджы йæ хъæбысы ныккодта.

Фатимæ цасдæр рæстæг не 'рцыд йæхимæ. Ладемыр ын уазал донæй цæхсадта йæ цæсгом. Æрæджиау æрчъицыдта. Ай цавæр фынтæ уынын, зæгъгæ, йæ цæстытæ ауæрста Фатимæ. Фæлæ, куы ракаст, уæд бамбæр-ста, фыны, стæй аргъауы бæстæйы дæр кæй нæ бахауд, уый.

– Хæстæгдæр-ма мæм æрбабад, мæ хур, – дзырдта йæм Ладикка.

Фатимæ æрбадт зæронд усы дæлфæдтæм æмæ та йын зæрдиагæй ныхъхъуыста йæ ныхæстæм.

– Бахатыр мын кæн, Фатимæ, – загъта Ладикка, – æз ацы хабар бирæ азты фæхастон æмбæхстæй мæ зæрдæйы рæбын, никуы уын æй хъавыдтæн раргом кæнынмæ, фæлæ ныр Хуыцауы раз нал тæрсын рæстдзинад зæгъынæй. Мæн йеддæмæ уын Хуыцау æмæ зæххы ‘хсæн æвдисæн нал разындзæн. Ды, мæ къона, куы райгуырдтæ, уæд дæм мæнæ дæ чысыл æфсымæр Ладемыримæ арæндонмæ цингæнгæ фезгъордтам. Мæнæ ацы къам дæр зæрдылдарынæн уæд сисын кодтам мæ зонгæ къамисæгæн. Дæуыл уæд цыдис æрмæстдæр дыууæ къуырийы, Ладемырыл та афæдз æмæ æрдæг.

Фатимæйы та бирæ нал хъуыд ахауынмæ, фæлæ та йæм фæцырд Ладемыр. Уайтагъд та йæ йе ‘муд æрцæуын кодта.

– Уæ мады уын куы рафыстой хæдзармæ, уæд æз хъавыдтæн дæу мæ хъæбысмæ сисын, мæ риумæ дæ балхъивын, фæлæ мæм дæ нæ радта уæ мад. Фæтарстæн ын йæ бирæгъ цæстæнгасæй. Не ‘хсæн æрлæууыд дæ мадымад дæр æмæ мæм бартхъиræн кодта:

– Мæ чызг уын æххуырст нæу. Бирæ дын фæлæггад кодта дæ сахъат фыртæн… Ныр та йæ бауадзут иучысыл йæ риуыдзаг сулæфын. Куыд сылгоймаг сылгоймагимæ, мад мадимæ, афтæ аныхас кæнæм зæрдæйæ-зæрдæмæ, – иуварс мæ акодта мæ чындзы мад.

– Зæгъ-ма мын æргомæй, – загъта уый, – гъеныр, зæгъæм, мæ чызгæн (Хуыцау бахизæд) йæ уæрджытæй дæлæмæ нал ис къæхтæ, дæуæн та дæ лæппу – сагсуры хуызæн, уæд æй уымæн бауромис лæггадгæнæгæй, йæ бын сæрфæгæй?

Æз цавд дурау фæдæн. Æваст ын цы дзуапп радтаин, уымæн ницы ахста мæ сæр æмæ æрæджиау сфæрæзтон цалдæр ныхасы зæгъын:

– Омæ мæ лæппуйыл дæр давгæйæ йе та искæмæн фыдракæнд кæнгæйæ куынæ ‘рцыд уыцы бæллæх… Æфсады службæ кæнгæйæ фæсахъат, æмæ…

– Ладикка! – фæтъæлланг та кодта уыцы мæстыйæ мæ чындзы мад. – Ацы хъуыддаг алыг кæронмæ. Асаст кæрдзын. Дыууæ дихы фæцис. Ацу æмæ йæ ныр ды баныхас. Цы ‘рцыд, уый æрцыд. Ирон адæмæн æвзæр сты се ‘взæгтæ. Махæрдыгæй сымах æппындæр никуы ницы фехъусдзыстут. Сымах амæй фæстæмæ цæрут уæхицæн, мах – нæхи-

цæн. Мæ чызджы ныртæккæ йæ гыццыл чызгимæ кæнын мæ тæккæ хæдзармæ. Ис ыл дзурджытæ, æмæ йæ амонд конд у. Бузныг зæгъут, æмæ уын мæнæ Ладемыры бындарæн кæй уадзæм. Цæй, хæрзбон, – загъта ма цæхгæр æмæ ахæцыд йæ чызджы къухыл.

Æз ма мæ зæрдæ мæ чындзыл дардтон, кæд æм иу сыгъдæг уды æнкъарæн разынид, зæгъгæ, фæлæ нæм уый дæр уыцы уазал цæстæй ракаст. Уайтагъд фæраст йæ мады фæстæ, бабадт «Волгæ»-йы æмæ уайтæккæ рог хæдтулгæ асыффытт кодта нæ рæзты. Ладемыр, мæгуыр, мæ хъæбысæй йæхи атонынмæ хъавыд, цъæхахст кодта, афтæмæй...

Мæнæн мæ зæрдæйы тугтæ ныттагъдысты. Мæ иунæг бындар, мæ зæрдæлæууæн Дзамболатæн ма уыцы уæззау операциты фæстæ ацы хабар куы схъæр кæнон, уæд йæхиуыл бынтондæр нал схæцдзæнис…

Гъемæ уæд фыццаг хатт асайдтон мæ хъæбулы. Сæркъулæй Ладемыримæ йæ разы лæууыдыстæм, æмæ йын æз кæугæйæ афтæ бакодтон:

– Лæг фидар вæййы, мæ хæдзар… Ныббыхс та ацы зындзинадæн дæр. Нал нын ис Верæ… Аргæ-арын фæзиан… Нал фервæзт сывæллон дæр. Йæ цæгат зианы хабæрттæ сæхимæ райстой…

О, куыд зын уыд уыцы æвирхъау хабар фехъусын мæ фыртæн. Мæнæ сывæллон куыд кæуа, раст афтæ цалдæр боны нæ банцад йæ кæуынæй. Йæхи ласын кодта, цæмæй ма фæстаг хатт фена Верæйы, фæлæ, дохтыртæ куыд загътой, афтæмæй йын ракæнæн нал уыд суанг тыргъмæ дæр, æгæр бæрзонд уыд йæ туджы æлхъывдад, æмæ…

Цæмæй йæ рыст чысыл æрцæуа, уый тыххæй йын Верæйы къам сауыгътон йæ хуыссæнуаты сæрмæ. Тынг бирæ йæ уарзта. Йæ низæй-иу куы фæтыхст, уæд та-иу къаммæ нымдзаст, нал æмæ-иу дзы нал иста йæ цæстытæ æмæ та-иу æрæджиау йæхимæ æрцыд. Гъе уый уын мæ мæгуыр хабæрттæ, – арф ныуулæфыд Ладикка.

Чызг æнгомдæр бабадт йæ нанайы цурмæ. Зæронд ус ын йæ мæллæг къухтæй хъарм хъæбыс ныккодта. Фæсидт Ладемырмæ дæр. Нана йæ хъæбулы хъæбулты уæхсчытыл йæ къухтæ æрæвæрдта, куы сæ иумæ ныккæсы æдзынæг, куы иннæмæ, стæй сын къуыммæ, Мады Майрæмы хуызист кæм ауыгъд уыд, уырдæм ацамыдта æмæ загъта:

– Кæд уæ уæ нанайæн исты хорздзинад фæуын фæнды, уæд мын ныртæккæ уæртæ Мады Майрæмы дзуары раз ард бахæрут, хо æмæ æфсымæр кæй стут, уый уæ дыууæйæ дарддæр кæй никуы никæмæн

схъæр кæндзыстут, цалынмæ Дзамболат йæ сыджыты хайыл сæмбæла, уæдмæ.

Лæппу æмæ чызг Мады Майрæмы дзуары раз ард бахордтой, цалынмæ сæ фыд Дзамболаты йæ дзæнæтон бынатыл сæмбæлын кæной, уæдмæ æртыккаг адæймаг кæй никуы базондзæн, хо æмæ æфсымæр кæй сты, уый.

– Гъемæ бузныг, мæ хуртæ, – чысыл йæ уд йæхимæ æрцыд Ладиккайæн.

– Лæппу, дæуæн та фæдзæхсын, уæ фыды мын-иу мæ фарсмæ бавæрут. Ма мыл фæхудæнт уæ зæрдætæ, мæ къонатæ, ард уын кæй бахæрын кодтон, уый тыххæй. Дзамболат тынг æууæндыд, Верæимæ се 'хсæн цы уарзондзинад уыд, ууыл, æмæ мæ фæнды, цæмæй йæ амæлæты онг дæр мæ фырты зæрдæйы цæргæйæ баззайа уыцы уарзондзинад. Тæрсгæ та тынг кæнын, мыййаг, йæ хъустыл куы 'рцæуа, Верæ æгас у, æз æй сайгæ фæкодтон, уый... Уæд æз мæрдты дыууæ марды акæндзынæн…

– Ма тыхс, нана, мах хицау разындзыстæм нæ ардбахæрдæн, – фидар ныфс ын бавæрдта Ладемыр.

– Нана, цы йæ сусæг кæнон, ныртæккæ æз дун-дунетыл æппæтæй фылдæр уарзын иу лæппуйы æмæ йæ суанг уымæн дæр не схъæр кæндзынæн, – загъта йын Фатимæ дæр.

– Бузныг, мæ къонатæ, бузныг… Цæрут амондимæ. Фатимæ, айс мын уæдæ мæнæ мæ лæвар.

Ладикка йæ къухæнгуылдзæй рафтыдта сыгъзæрин къухдарæн æмæ йæ бакодта чызджы къухы æнгуылдзтæй иуыл. Уый уыд диссаджы рæсугъд къухдарæн. Йæ тыбар-тыбурмæ цæстытæ нæ лæууыдысты.

Уый фæстæ нана Фатимæ æмæ Ладемыры рарвыста иннæ уатмæ. Загъта сын, бакæсут Дзамболатмæ, раттут ын сихор, зæгъгæ. Фатимæйæн йæ зæрдæ йæхи риуы къултыл ныххоста. Ныр цас рæстæг рацыд уæдæй нырмæ, ныртæккæ фыццаг хатт фендзæн йе 'цæг фыды. Чызгæн цæмæдæр гæсгæ улæфт нал фаг кæны. Бамбæрста йæ Ладемыр дæр. Ныфсытæ йын æвæры, цæмæй йæхиуыл фæхæца.

Мæнæ бахызтысты дыккаг уатмæ. Дзамболат фынæй уыд. Фатимæ фæкомкоммæ йæ мад Верæйы къаммæ. Уый къамы уыд хæрз æрыгон, йæ цæсгомыл хъазыд рог фæлмæн мидбылхудт. Фæлæ Фатимæмæ уыцы мидбылхудт фæкаст уазал, æнæуд.

Чызг йæ цæстæнгас нал æмæ нал иста йæ фыды цæсгомæй. Уый уыд фæлмæст, фæлладхуыз. Роцъойæ русы ‘хсæн бæрæг дардта дæргъæй-дæргъмæ арф нос. Фатимæйы тынг фæндыд йæ фыды риуыл дæлгоммæ ныххауын æмæ хъæрæй ныккæуын, фæлæ йын Ладемыр цæстæнгасæй бамбарын кодта, дæхиуыл фæхæц, зæгъгæ.

Фатимæ æмæ Ладемыр фæстæмæ иннæ уатмæ рахызтысты. Фатимæ та æрбадт йæ нанайы дæлфæдтæм. Фæлæ уый циу? Нана сæм кæсгæ кæны, фæлæ йæ фæллад улæфт нал хъуысы. Йæ мæллæг къух сынтæгæй пъолы ‘хсæн ауыгъдæй баззад.

– Нана!.. Нана!.. – бæргæ ма йæ тылдта йæ тых-йæ бонæй Ладемыр, фæлæ… Ахицæн йæ рухс дунейæ сæ нана.

Йæ фæстаг фæдзæхст ын сæххæст кодта Ладемыр. Кад æмæ йæ радимæ бавæрдтой Ирыхъæуы зæронд уæлмæрдты. Йæ фарсмæ йын зæххы хай балхæдта Дзамболатæн дæр.

Фатимæйыл уæдæй зындæр бонтæ никуыма скодта йæ царды. Йæ сау сæрыхъуынты ‘хсæн фæзынд иугай урс хилтæ. Фæстæдæр ноджы фæфылдæр сты. Æппæтæй тынгдæр мæсты кодта йæ мадмæ. Комкоммæ йын кæд ницы дзырдта, уæддæр дзы федта йæ удхæссæг. Мад-иу ын хæринаг куы æрæвæрдта, уæд-иу чызг хъуыдыты ацыд, йæ ныййарæг та-иу æм ныууырдыг:

– Цы кæныс, мæ хъæбул? Исты дæ риссы? Цæуылнæ хæрыс?

Фæлæ-иу ницы загъта Фатимæ. Гæнæн æмæ амал куыд уыд, уымæй-иу бацархайдта хæдзарæй тагъддæр федде уæвыныл.

Фатимæйæн йæ маст бонæй-бон тынгдæр кодта. Иуæй йæ тагъд паддзахадон фæлварæнтæ дæттын хъæудзæн, иннæмæй та йын Æхсары маст, Дзамболат æмæ Ладемыры тæригъæд æхсыдтой йæ зæрдæйы уидæгтæ. Уæлдай тынгдæр та ууыл мæсты кодта æмæ, йæ зæрдæйы фæндтæ, сагъæстæ кæмæн загътаид, иу ахæм адæймаг йæ уæлхъус кæй нæ уыд. Бузныг Ладемырæн. Æрмæстдæр ын уый æмбары йæ зæрдæйы уаг.

Уæвгæйæ та, æвæдза, цæй адджын у туг. Фатимæ æрмæстдæр иу хатт федта йæ нанайы, цалдæр рæвдауæн ныхасы йеддæмæ дзы нæ фехъуыста, фæлæ æнустæм цæргæйæ баззайдзæн йæ зæрдæйы. Цалынмæ а зæххыл цæра, уæдмæ йæ никуы ферох кæндзæн. Кæронмæ йын сæххæст кæндзæн йæ фæстаг фæдзæхст дæр.

Лекцитæ-иу куы фесты, уæд-иу Фатимæйæн фыццаг йæ фæн-

даг Ладемыртыл уыд. Йе ‘рбацыдмæ-иу æрхъæцмæ нал хъæцыд Дзамболат дæр. Сахуыр ыл ис. Чызг ын хæринаг уыцы æнæзивæгæй куы авæры, уæд ын арфæтыл схæцы:

– Тæхудиаг сты уыцы мад æмæ фыд, ахæм сæрæн, æвзыгъд чызг чи схъомыл кодта… Сæ фæндиаг рæсугъд амонд ахæс, мæ хур…

Ахæм ныхæстæ фехъусгæйæ, чызг йæхи айсы иннæ уатмæ æмæ йæ Ладемыр дæр куыннæ фена, афтæ кæуынæй йæ тыппыртæ суадзы, стæй уазал донæй ахсы йæ цæсгом æмæ та, цыма æппындæр ницы æрцыд, уыйау худæндзастæй балæууы Дзамболат æмæ Ладемыры уæлхъус. Ахсы пъолтæ, скæны сын хæринаг, æмæ сæм йæ зæрдæ куы ницæмæйуал фехсайы, уæд та æнкъардæй йæ фæндаг акæны сæхимæ. Кæд йæхи цыфæнды тыххъæлдзæг фæдары, уæддæр ыл комдзог рацæуынц йæ цæстытæ. Райсомæй куы райхъал вæййы, уæд фыццаг йæ цæстытыл ауайы Æхсары худгæ цæстæнгас, æхсæвы йæ тарф фынты аныгъуылыны агъоммæ хинымæр Хуыцаумæ скувы, цæмæй фыны фена, йæ удæй фылдæр кæй уарзы, уыцы уарзон лæппуйы.

Иуизæр та Фатимæйы йæ къах нæ хаста хæдзармæ. Йæхи айста Терчы былмæ. Хъуыдытæ, сагъæстæ йын æууылдтой йæ зæрдæйы уидæгтæ. «Ныр Æхсармæ Казахстанмæ фараст фыстæджы арвыстон, æмæ мын дзы иуæн уæд та куыннæ радта дзуапп?.. Кæд, мыййаг, æндæр чызгыл фембæлд. Уый хуымæтæджы нæ ныхъхъус кодта йæхи. Æниу, уый бынаты алы лæппу дæр афтæ бакæнид. Нæ, нæ, уымæн уæвæн нæй. Æхсаримæ цы бон фæхицæн уон, уыцы бон æрцæудзæн мæ мæлæт. Уæдæ куыд фæсайон Хуыцауы æмæ Ладиккайы раз дæр мæ ардбахæрд?.. Мæ нана йæ уд куы иста, уæд ын фидарæй куы загътон, царды мæ удæй фылдæр цы лæппуйы уарзын, уымæн дæр кæй ницы схъæр кæндзынæн, цалынмæ Дзамболат йе ‘нусон бынатыл сæмбæла, уæдмæ. Нæ зонын, цы бакæнон... Стæй, мæ ардбахæрдæй уæлдай, мæхимæ уыйбæрц хъару ссардзынæн, цæмæй æппæт дæр фæдзурон Æхсарæн?.. Разындзæн мæм ахæм тых?.. Уæд та йæм фысгæ ныккæнон аизæр æппæт дæр?.. Цæй, цы уа, уый уæд…» Æмæ чызг рæвдз къахдзæфтæй фæраст сæхимæ. Райста ручкæ æмæ тетрад... Ныртæккæ, æппæт дæр куыддæриддæр у, афтæ хабæрттæ сæрæй-бынмæ ныффысдзæн Æхсармæ. Тæригъæд у уый дæр. Кæдмæ йæ хъуырдухæнæй мардзæн? Стæй цы ахходжын у уый та?..

Фæлæ диссаг… Ручкæйы фындз йæхи ныффæрск кодта æмæ иу

дамгъæ фыссын дæр нæ комы. Рахиз къухы æнгуылдзыл цы къухдарæн конд ис, уый йæм Ладиккайы хъæлæсæй куы сдзурид: «Мæ къона, зонын æй, тынг зын дын у… Уарзондзинады ныхмæ æрлæууын Хуыцауы бон дæр нæу… Гъе фæлæ, мæ къона, иучысыл ма бабыхс, Дзамболаты рæхджы мæхимæ акæндзынæн, æмæ уæд…»

Чызджы цæстытæ доны разылдысты. Тетрады сыфмæ цалдæр цæссыджы æрхауди. Фатимæ нал баурæдта йæ кæуын. Анцъылдтæ кодта тетрад æмæ йæ рудзынгæй фехста æддæмæ…»

Æхсар каст фæцис тетрад. Бахгæдта йæ æмæ знæт каст кодта Фатимæмæ.

– Уы… Уыцы чызг чи у? – тыхулæфтгæнгæ йæ фæрсы Æхсар.

– Мæнæ ды цы Фатимæйы не ‘мбарыс, уый, – йæхимæ амонгæйæ, ризгæ хъæлæсæй сдзырдта чызг æмæ йæ нанайы къамы раз йæ зонгуытыл æрхауд.

– Æхсар та чи у?..

– Ды!.. Ды!..

– Ладемыр та?..

– Уæртæ нæ цуры чи лæууы, мæ уыцы иунæг æфсымæр Ладемыр, – ноджы хъæрдæрæй ныккуыдта Фатимæ.

– Оу, мæнæ диссæгтæ! – Æхсар йæ сæрыл дыууæ къухæй ныххæцыд, стæй йæ хъæбысы ныккодта Ладемыры.

Æхсар æмæ Ладемыр бахызтысты мидæггаг уатмæ. Уым уаты хуыссыд ацæргæ лæг. Йæ сынтæджы сæрмæ къулыл ауыгъдæй лæууыд булкъоны мундир. Йæ уæлæ – бирæ хæрзиуджытæ. Æхсар æрзоныгыл кодта йæ разы, йæ къухтæ æрæвæрдта хъæццулыл æмæ бамбæрста, лæгæн уæрджытæй дæлæмæ йæ къæхтæ хауд кæй уыдысты.

Æхсары хъуыры кæуындзæг ныббадт. Нал ын сулæфæн уыд, нал сдзурæн. Æрæджиау дзы ризгæ хъæлæсæй сирвæзт цалдæр ныхасы:

– Ныххатыр кæн, нæ фыды хай… Æгæр къæйныхæй равдыстон мæхи æмæ… Дæ хорзæхæй, хатыр…

– Ницы кæны, мæ хур, ницы… Царды алцы дæр æрцæуы. Хатт хур бон арв дæр нынnæры, фæлæ уæддæр хур хур у… Уымæн бамбæхсæн нæй. Уый нæ мигъты ауонæй дæр фæтавы… – загъта æнкъард æмæ рæвдаугæ хъæлæсыуагæй Дзамболат.

*ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ*

# ФЕМБÆЛД

*Новеллæ*

Сæ иу дуканимæ фæцæйцыд, иннæ та автобусмæ æнхъæлмæгæсæн бынаты лæууыд. Кæрæдзийы куы ауыдтой, уæд исдуг джихæй аззадысты, стæй сæ дыууæ дæр хъæрæй ныккуыдтой æмæ кæрæдзийыл ныттыхстысты. Иудзæвгар куы фæкуыдтой, уæд сæ равдæлд дзурынмæ дæр.

– Бирæ фæрацу-бацу кодтон, нал ардтон, кæм цæрут, уый.

– Махмæ цыдтæ?

– О, сымахмæ цыдтæн. Тынг мæ фæндыд дæ фенын. Цæмæн, стæй дын цы хъуамæ зæгъон, уый дæр нæ зонын, фæлæ мæ уæддæр бафæндыд дæ фенын… Стæй… Райсом фæстæмæ тæхын æмæ ма йæ ингæныл мæ къух куы авæрдтаин… Кæм ныгæд ис, уый та нæ зонын.

– Цом уал хæдзармæ. Уæлмæрдмæ дæр ацæудзыстæм, æз дæ фæхæццæ кæндзынæн.

– Йе 'мбæлттæм дæр ын бацыдтæн, фæлæ мæ ничи акодта йæ уæлмæрдмæ. Никæй сæ равдæлд…

– Цæй æмбæлттæ ма йын ис, кæм ныгæд ис, уый дæр куынæ зонынц…

– Ау?.. Иу хæдон сын уæрæх куы уыд…

– Ахæм æмбæлттимæ адæймаджы знаг дæр нæ хъæуы…

Хæдзармæ куы бацыдысты, уæд азылдысты къуымты. Къултыл – йæ къамтæ… Зилынц сыл радгай, кæуынц, мысынц æй.

Ацы дыууæ сылгоймаджы кæрæдзийæн хъуамæ уаиккой æнæуынон, фæлæ ныртæккæ уыдон кæрæдзимæ баст сты æнæуынгæ тæгтæй. Уымæн æмæ сæ зæрдæтæ дæр æмæ сæ хъуыдытæ дæр баст уыдысты уыимæ, иу нæлгоймагимæ, æмæ сæ иу кæны уыцы бастдзинад, кæрæдзимæ сæ æлвасы æнæуынгæ тыхæй. Ныртæккæ кæрæдзийæн знæгтæ не сты, ныртæккæ зынаргъ сты кæрæдзийæн, уымæн æмæ сæ иу хъыг баиу кодта – кæрæдзийæн сæ удхæссæг чи хъуамæ фестын кодтаид, уыцы нæлгоймаджы мæлæт.

– Курын дæ, æргом мын æй зæгъ, цæйбæрц хæстæг уыдыстут кæрæдзимæ?..

– Цытæ дзурыс, мах уыдыстæм æрмæстдæр хорз æмбæлттæ… Æндæр ницы.

– Ма мæ сай!

– Сомы дын кæнын…

Таксийы куы сбадтысты, уæд ницыуал дзырдтой, ныхъхъус сты, арф хъуыдыты анызгъуылдысты сæ дыууæ дæр. Фæлæ куыдтой. Куы сабыр, куы – хъæрæй. Стæй та…

– Иу хатт ма дæ фæрсын, йæ мæрдон уды хатырæй мын уæддæр зæгъ æргом: уе ‘хсæн цы уыд?..

– Ды дæр мыл бауæнд йæ мæрдон уды хатырæй – æрмæстдæр хæлардзинад. Фæлæ мæ иугæр æргом ныхас домыс, уæд дын æй зæгъдзынæн: уый фылдæр цæмæдæр каст æнхъæлмæ, фæлæ йæ æз нæ уарзтон. Æз æм дардтон æрмæстдæр хорз æмгары зæрдæ.

– Æмæ хорз æмгар хъуамæ бинонты цард хала?..

– Мæн нæ фæндыд уæ цард фехалын...

– Фæлæ йæ фехæлдтай. Цал хатты йын æрæмбырд кодтон йæ дзаумæттæ, цал хатты йæ æрвыстон дæумæ… Зоныс æй, æз ыл кæй нæ хæцыдтæн, кæй йæ нæ урæдтон?..

– Зонын, æртæ хатты йæ кæй æрвыстай мæнмæ... Дзырдта мын алцы дæр, ницы мæ æмбæхста.

– Æмæ? Цæуылнæ баиу кодтат уæ цард?

– Мæн нæ фæндыд…

– Искæй лæг дæ хъуыд, искæй амонд давын дæ фæндыд, фæлæ, дæхи уа, уый дæ нæ фæндыд?..

– Нæ мæ фæндыд. Нæдæр мæ искæй амонд давын фæндыд, нæдæр, мæхи уыдаид, уый… Фæлæ уый хъуыд мæ аудындзинад, мæ зæрдиаг ахаст æй хъуыд, мæ цæстæнгас... Уый царды мидис уыдта æмæ æнкъардта мемæ, æз ын лæвæрдтон сфæлдыстадон уæлтæмæн. Бахатыр мын кæн…

– Цымæ, дæхи цы ‘нхъæлыс?.. Зæд?.. Зыдтай йæ, хæдзары – бинонтæ, сывæллæттæ…

Бахæццæ сты бынатмæ. Рахызтысты таксийæ. Сæ иу цæуы разæй фæндаг амонæг, иннæ – йæ фæстæ…

– Мæнæ-ма ракæс, кæй дæм æрбакодтон…

Зæрдæхалæн куыд кæны. Иннæ дæр кæуы, йæ къухтæй цырт асæрф-асæрф кæны.

Стæй… Цыма та исчи уыцы зæрдæхалæн куыдæн йæ хурхыл бахæцыд:

– Уæддæр-ма мын æй зæгъ, цæй тыххæй мын байстай мæ амонд? Цæмæн мын фæхъазыдтæ мæ цардæй? Цæмæн æрвыстай дæ рæстæг йемæ, кæд дæ нæ хъуыд, нæ йæ уарзтай…

– Уый мæнæн нæ, æз уымæн уыдтæн ахсджиаг, мæн нæ, уый хъуыд, йæ фарсмæ уыдаин, уый.

– Æмæ-иу æм хæдзары йæ бинонтæ æнхъæлмæ кæй кастысты, уыил никуы ахъуыды кодтай?

– Æз æй нæ зыдтон, æнхъæлмæ-иу æм кæй кастæ... Зын дын кæй у…

– Уæдæ куыд æнхъæлдтай? Мæ удыхай мæнæн уæлдайаг у, мæн йе 'ххуыс, йæ цæстæнгас, йæ узæлд нал хъæуынц? Хæдзармæ капекк куы нал хаста, уæд дæм ахæм хъуыды никуы æрцыд: йæхи сабитæ та цы хæрынц, цæмæй цæрынц?

– Æз мæ сабиты мæхæдæг схъомыл кодтон…

– Цы загътай?! Хæдзармæ иу капекк куынæ хаста, дæуыл сæ куы хардз кодта, уæд афтæ æнхъæл уыдтæ, æмæ мах цардæй тъæпп хауæм?!

– Бирæ куыста…

– Уый мæнæн ма дзур. Æз хорз зонын, цас куыста, уый. Хæдзары-иу куы уыд, уæд дæр кусгæ кодта. Иудадзыг компьютеры раз бадт. Æз та йын уырдыг лæууыдтæн. Фæлæ кæмæн куыста? Мах ын йæ мызд, йе 'хца нæ уыдтам…

– Æз афтæ æнхъæл уыдтæн, не 'ппæты фаг дæр æм æфты… Хатыр. Æхца дзы никуы райстон.

– Фæсарæнтæм дæр дæхи æхцайæ ацыдтæ?

– О.

– Цытæ дзурыс? Ды дæ сайæг. Цæстфæлдахæг.

– Цæмæн мæ æфхæрыс?

– Æз дæу æфхæрын? Ды мын байстай мæ амонд, мæ бинонты æнцойдзинад, æз та дæ æфхæргæ кæнын? Цал æмæ цал азы фæфыста банктæн йæ хæс, дæу тыххæй цы æхца фæиста, уыдон…

– Нæ уыд афтæ…

– Нал дын æууæндын дæ иу ныхасыл дæр. Уыцы æхца уыдысты мах. Мæ бинонты, мæ сывæллæтты…

Кæуынц дыууæ сылгоймаджы… Сæ дыууæйæн дæр ис, цы зæгъой, кæрæдзийы цæмæй бафæрсой, уый.

– Æз бынтон æнæнхъæлæджы ссардтон дæ фыстæг: хъаст кодтай дæ тыхст цардæй. Фæлæ дзы æхца нæ куырдтай…

– Никуы дзы ницы ракуырдтон…

– Фæлæ, цæмæй дын йæхæдæг ратта, уый тыххæй алцы дæр кодтай…

Кæуынц йæ ингæны раз. Йæ цард ын чи снывонд кодта, уый æмæ йæ уды монцты кæмæй рæвдыдта, афтæмæй йын йæ уд чи бахордта, уый. Цымæ, куыд не стыдта йæ ингæны къултæ…

– Ды мын фехæлдтай мæ сабыр, мæ амондджын цард. Ды мын байстай мæ хур, мæ цин, мæ цард…

– Æз æй нæ зыдтон, зын дын кæй у… Ныххатыр мын кæн.

– Уæдæ цы зыдтай? Афтæ æнхъæлдтай, æз фыр цин, фыр амондджынæй уæлæрвты тæхын? Мæ цардæмбал, мæ удыхай йæ уд æндæр кæмæндæр снывонд кодта, йæхи кæмæндæр хæрын кодта, æз та цинæй мардаин?!.

– Уый уыд курдиатджын, сфæлдыстадон кусæг, хъуыд æй разæнгардгæнæг монцтæ, уæлмонц æнкъарæнтæ…

– Æмæ йын сæ ды лæвæрдтай? Ды афтæ æнхъæл уыдтæ, йæ цард ын чи арæзта, йæ уд кæуыл æнцой кодта, йæ сабитæ кæй фæрцы цæрынц, уый ницы æмæ ничи у, фæлæ йын ды йæ уд хæргæйæ стыр уæлтæмæн лæвæрдтай?

– Сырдтон æй мæхицæй. Фæлæ нæ куымдта…

– Сайгæ та кæныс…

– Тæрсгæ йын кодтон: йæхицæн исты куы кæна…

– Æмæ фæсарæнтæм уый тыххæй ацыдтæ?

– Уырны дæ æви нæ – æз уымæй фæлыгътæн… Нæ мæ фæндыд уæ цард фехалын.

– Фехæлдтай йæ, цы халын ма йæ хъуыд… Стæй уымæй нæ фæлыгътæ, дæ уарзты фæдыл ацыдтæ. Фæлæ, кæд ма исты зонын, уæд уымæй дæр фыдæнхъæл фæдæ…

– О. Иунæг дæн. Цæрын мæ чызджытимæ. Бауырнæд дæ, æз дæр нæ дæн амондджын.

– Æмæ дæуæн мæн аххос нæу, амондджын кæй нæ дæ, уый, – æз ницыгæнæг дæн дæ хъысмæты. Ды та мæ разы азымджын дæ, ды мæ цардхалæг дæ.

– Мæн аххос дзы ницы уыд… Бахатыр мын кæн.

– Цытæ дзурыс?!. Кæд дæ нæ хъуыд, уæд æй иу хатт алыг кодтаис, кæрон скодтаис уæ ахастытæн. Ды та йын ныфс лæвæрдтай, бауырнын ын кодтай, æнæ дæу цæрын кæй нал бафæрæзтаид.

– Ды хорз удыхай, цæвиттойнаг æфсин уыдтæ. Æдзух дæ æппæлгæ кодта…

– Кæс, дæ хорзæхæй! Къахæй мыл уый тыххæй балæгæрстат, мæ амондæй мæ æнæ хай уымæн фæкодтат…

– Нæ мæ фæндыд… Ныххатыр мын кæн…

– Нæлгоймаг йæхицæн удæнцой агуры, искæй рæвдыдмæ æнхъæлмæ кæсы. Ды йын æлхæдтай йæ зæрдæ дæ лæгъз ныхæстæй, дæ сайæн митæй… Уыцы рæстæг æз йæ ныййарджытæ, мæ бинонтæн сæ иунæг фæкæсæг уыдтæн, æз дзы агуырдтон æххуыс, тынг мæ хъуыд йе 'ххуыс… Уый та иудадзыг демæ уыд – куы хохмæ цыдыстут, куы кæм тезгъо кодтат…

– Никуы мын дзырдта, æнхъæлмæ йæм кæсынц… Мæнæн æндæрхуызон ныхæстæ кодта.

– Æмæ дæхи уырныдта, кæй йæм не 'нхъæлмæ кæсынц, уый? Æви ды афтæ æнхъæл уыдтæ, никæй хъæуы? Ды йæм цæмæн хъуыстай? Нæлгоймаг йæ цæст искæуыл куы æрæвæры, уæд ын афтæтæ фæдзуры… Æртæ хатты куы уыдтæ мойгонд, уæд æй нæ зоныс, уый сæ иударон хотых кæй у…

– Æз ыл æууæндыдтæн. Æз ын аргъ кодтон.

– Омæ уæ куынæ хъыгдардтон – баиу кодтаиккат уæ цард…

– Уарзгæ йæ нæ кодтон…

– Æмæ йæ кæд уарзгæ нæ кодтай, уæд æй цæуылнæ ныууагътай, чи йæ уарзта, уымæн?!. Науæд… Дæхи цард та цæмæн фехæлдтай? Дæ лæг дæ уый тыххæй куы ныууагъта…

Нал ын радта дзуапп. Дыууæйæ кæуынц иуыл, æмæ алчи – йæхиуыл…

– Афоныл куы фæиппæрд уыдаид дæ кæлæнтæй, дæ сайæн митæй, уæд абон йæ ингæны уæлхъус нæ кæуиккам. Йæ мæлæты æрмæстдæр ды дæ аххосджын, ныббарæн дын нæй. Дæу фæндыд, цæмæй дæ цæрайæ цардаид, дæ уæлхъус цырагъау сыгъдаид. Дæу афтæ фæндыд, цæмæй йын æз йæ сабиты хъомыл кодтаин, æхсадтаин æй, хæринаг ын кодтаин, ды та йын йæ уд хордтаис… Æмæ йын бахордтай йæ уд, бабын æй кодтай… Æмæ ды нырма иу æмæ дыууæйы нæ бабын кæндзынæ дæ кæлæнтæ, дæ хъазтæй. Фæлæ, адæймаджы хъысмæтæй чи фæхъазы, уыдоны дæр кæддæр дзуапп дæттын бахъæуы…

Куыдтой дыууæйæ. Ууыл, æмæ алчи – йæхиуыл…

Чингиз АЙТМАТОВ

# МАДЫ БЫДЫР*

*Уацау*

**6**

– Райгуырæн зæхх, зæгъ-ма, искуы ма афтæ ныййарæг хъæрзыдта, хъизæмар кодта, цæмæй ма иу хатт æхсгæ уындæй уæлæнгай уæддæр фена йæ хъæбулы?

– Нæ зонын, Толгонай. Ды цы хæст бавзæрстай, ахæм дуне нæма федта.

– Гъемæ уадз æмæ æз уон фæстаг ныййарæг, йæ фыртты фендмæ афтæ чи бæллыд. Хуыцау макæмæнуал бавзарын кæнæд, цæмæй ма æфсæйнаг рельсытæн исчи хъæбыстæ кæна, йæ сæр шпалæтыл хойа.

– Уæхимæ куы здæхтæ станцæйæ, уæддæр дардæй бæрæг уыд, дæ фыртыл кæй нæ фембæлдтæ. Дæ цæсгом ныббур, фыр фæлладæй дæ цæстытæ бахаудысты, цыма дæргъвæтин рæстæг низы ныхмæ тох кодтай.

– Фæлтау, æцæгæйдæр, тæвднизæй мæйы дæргъы куы садаин.

– Мæ мæгуыр Толгонай. Уыцы аз, æрæджы дæр ма цы сау бæздджын сæрыхил дардтай, уый æмбойны халас адардта. Дæ дзыхæй дзырд нал хауд, дæхимæ хъусынbackup фæдæ. Æнæдзургæйæ-иу æрбацыдтæ ардæм æмæ-иу, дæ дæндæгтæ нылхъивгæйæ, фæстæмæ аздæхтæ.

– О ныййарæг зæхх, бар-æнæбары дæр дæ рауайдзæн ахæм. Бæргæ æз иунæг куы уыдаин, фæлæ ахæм хæдзар, ахæм адæймаг куы нал баззад, хæст кæй хъуырыл нæ бахæцыд. Æмæ сау гæххæттытæ кæрæдзийы фæдыл куы цыдысты – мардæвæрæнтæ – бон 2-3 хæдзармæ; хъарæг æмæ æлгъыст куы хъуыст, уæд-иу туг рафыхт, цæстытæ-иу атартæ сты, зæрдæ-иу æрбауынгæг. Бузныг дæн мæхицæй, уыцы бонты кæй куыстон бригадирæй, мæхимæ истон мæхи æмæ иннæты маст дæр, адæмимæ нумæйагæй дих кодтам æппæт зындзинæдтæ – уазал æмæ æххормаг бонтæ. Уый фæрцы мæ къæхтыл лæууын, ныффæрæзтон иннæты тыххæй дæр, æндæр ахаудаин, хæст мæ рыджы сæвдылдтаид. Уæд бамбæрстон, хæстæн æрмæст ис иу хос – хъæддых фæлæууын, йемæ схæцын, тох кæнын, уæлахиз кæнын. Æндæр – мæлæт! Гъе уый тыххæй

* Кæрон. Райдайæн 2025 азы 5-æм номыры

дæ, мæ уарзон быдыр, никуы батыхсын кодтон, бæхыл-иу фæзындтæн, æнæдзургæйæ-иу дын салам загътон æмæ-иу фæстæмæ аздæхтæн.

## 7

Ралæууыд уыцы бон, Хъасымæй фыстæг куы райстам. Бæхыл абадтæн æмæ цыппæрвадыгæй, мæ развæндаг не 'взаргæйæ, хъæпæнты тахтæн, фыстæг мæ къухы, афтæмæй. Алиман æмæ Джайнахъ фаджысы кæритæ калдтой, æмæ сæм дугъы уайгæйæ хъæр кодтон:

– Суйунчу, суйунчу! Цины хабар.

Куыннæ сæ хъуамæ бахъæлдзæг кодтаин! Хъасымæй дыууæ мæйы ницы хабар уыд, иу рæнхъ дæр дзы никуы райстам, нæ йæ зыдтам, кæм ис. Фыста, зæгъгæ, дыууæ хатты уыд Мæскуыйы бынмæ карз тохты æмæ дыууæ хатты дæр баззад сæрæгасæй. Фыста, зæгъгæ, немыцы баурæдтой, бæрзæйсæттæн цæф сын ныккодтой, æмæ сæ полкъæн иу чысыл аулæфыны фадат фæцис. Алиман куыд цин кодта! Уæрдонæй рагæпп кодта æмæ, Джайнахъы фæсте фæуадзгæйæ, мæ разы фегуырд.

– Æна, дæ дзыхæй сойтæ хæр!

Зырзыргæнгæ къухтæй фыстæг аскъæфта, фыр цинæй йæ айхæлдта, йæ ком ахус, æмæ кæсын дæр йæ бон нал уыд. Æрмæст ма кодта:

– Æгас у! Сæрæгас-æнæниз.

Сылгоймæгтæ дæр æрбазгъордтой, йæ алыварс амбырд сты.

– Гъа-ма, бакæс, Алиман, цы фыссы дæ цардæмбал? Кæд мах бæлццæтты тыххæй дæр исты зоны?

– Ныртæккæ, ныртæккæ, мæ хуртæ! – фыр диссагæй иу рæнхъ дæр йæ бон бакæсын нæу. Джайнахъ æм нал фæлæууыд:

– Æри-ма йæ ардæм. Адæмæн æй бакæсын хъæуы.

Райста фыстæг æмæ йæ райдыдта хъæрæй кæсын. Алиман дзуццæджы æрбадт, миты къуыбар фелвасы æмæ та йæ йæ ныхыл авæры. Джайнахъ каст фæци, Алиман фестад, йæ цæсгом асæрфын дæр æй айрох. Митдон йæ цæсгомыл уад, уыд нæрæмон, хъæлдзæг.

– Ныр нæ куыст дарддæр кæнæм, – загъта ныллæг хъæлæсыуагæй Алиман æмæ сындæггай фæраст митыл.

Цыд æмæ алырдæмты каст. Цæуыл хъуыды кодта уыцы уысм, чи йæ зоны; кæд, хуымгæрдæнты рæстæг йæ цардæмбалæн дурыны дон куыд хаста, ууыл. Чи зоны та, Хъасым йæ комбайнæн ацы ран хæрзбон куы кодта, уыцы ныв уад йæ цæстытыл. Афтæ мæм каст, Алиманæн та

ногæй йæ зæрдыл æрлæууыдысты йæ уарзондæр мысинæгтæ. Йæ цæстытæ куы худгæ кодтой, куы та – мынæг. Бирæ рæстæг фæкаст сæйраг фæндаджы ‘рдæм, æрымысыд, æвæццæгæн, Хъасым куыд фæцæйцыд ацы фæндагыл йæ сираг бæхыл, зæхх йæ цæфхæдты бын куыд змæлыд æмæ сæ фæдыл куыд згъордта. Джайнахъ йæ фарсмæ цыд, мæстæй йæ мардта, нæ йæ уагъта æнцад:

– Æрчъиц, æрцу дæхимæ. Æмбарыс æй, æнæхъæн хъæу дыл кæй худдзысты? Фыстæг бакæсын дæр дæ бон нæ баци... Хъасыммæ ныффысдзынæн, дæ усы дын ногæй скъоламæ раттон, ногæй фыццаг къласмæ, цæмæй дамгъæтæ сахуыр кæна!

Алиман ын йæ фæсонтæ æрхоста, стæй уæрдонмæ чи раздæрæй азгъордтой. Æз та цыдтæн æмæ хъуыдытæ кодтон. Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ фыртты хуызæн хъæбатыртæ хъуамæ хъахъхъæной адæмы, æндæр ма чи! Æрмæст мын сæрæгасæй уæлахизимæ куы æрыздæхиккой. Æндæр быхсдзыстæм, фидар лæудзыстæм, царм æмæ нæ стджытæ дæр баззайæд, æрмæст ма уæлахизмæ куы фæцæриккам. Тагъддæр, тагъддæр куы ‘рцæуид уæлахиз! Уый канд мæ бæллиц нæ уыд, фæлæ æгас адæмы бæллиц, уый тыххæй алцæуыл дæр разы уыдтæн, алкæмæн дæр барстон. Æгæрыстæмæй, мæ кæстæр фырт Джайнахъ фронтмæ куы ацыд, æстдæс азы дæр ыл нæма сæххæст, афтæмæй, уæд дæр мæхи ныффидар кодтон, ныббыхстон, ницы сдзырдтон. Зымæджы кæрон æм арæхæй-арæхдæр сидтысты æфсæддон комиссариатмæ. Канд уый нæ, бирæ лæппуты ахуыр кодтой æфсæддон рæнхъыстады лæууыныл. Уыцы хъуыддагыл фæлтæрд уыдыстæм, афтæ тынг нæ тыхстæн. Иу-дæс боны-иу сæ аратæр-батæр кодтой æмæ-иу сæ фæстæмæ хæдзæрттæм рарвыстой. Иухатт куы уыд, уæд цыдæр тагъд æрбаздæхт нæхимæ. Дыккаг бон æй фæрсын:

– Куыд тагъд дæ рауагътой? – бадис кодтон æз. – Æви дæ бынтон суæгъд кодтой?

– Нæ, æна, – загъта Джайнахъ, – райсом ногæй фæстæмæ ацæудзынæн. Бар мын радтой иу бон хæдзары фæуынæн. Ацы хатт нæ фылдæр рæстæг бауромдзысты, æмæ-иу ма мæт кæн.

Бауæндыдтæн ыл, нæ йыл фæгуырысхо дæн. Уыцы бон цыдæр æнахуыр йæхи дардта, цыма дард фæндагыл цæуынмæ хъавыд. Дзæбугимæ, зæгæлтимæ уыд æнæхъæн райсом, цыдæртæ цалцæг кодта, хоста. Уый фæстæ суг ныссаста иудзæвгар, фаджыс акалдта, уæлхæдзар цы холлаг уыд, уый равзæрста, бахус æй кодта. Изæры куы æр-

бацыдтæн, уæд кæсын, уынг – ногмарзт, бабæстон кодта, чи ныппырх, уыцы кæвдæстæ. Йæ фыд-иу хæдзары куы уыд, уæд-иу сæ спайда кодта, уарзта йæ бæхтæ уым бæттын.

– Цы сыл архайыс, хъæбул, сæрды сæ сцалцæг кæндзынæ, – загътон ын æз.

Загъта мын, ома, цалынмæ мын уæгъд рæстæг ис, уæдмæ сæ саразон, стæй та мæ нал равдæлдзæн. Уæддæр мæм нæма бахъардта, нæ йыл фæгуырысхо дæн. Уый барвæндонæй ацыд фронтмæ фæскомцæдисонты сидт æххæст кæнгæйæ. Фæндагыл куы уыд, æрмæстдæр æй уæд базыдтам. Фыстæг нæм рарвыста станцæйæ йе 'мбалæн. Мæ мæгуыр лæппу, кæд нæм фыстæг рарвыстай, уæддæр ма исчи афтæ кæны, æмæ нын хæрзбон ма зæгъай? Зæрдæскъуыд куы кодтаин, уæддæр мын æй хъуамæ загътаис. Уыцы фыстæджы нæ, сусæгæй кæй ацыд, уый тыххæй Алиманимæ хатыртæ куырдта. Афтæ, дам, не 'ппæтæн дæр æнцондæр уыдзæн. Фæндыд, дам мæ, цæмæй къаддæр мæт кодтаиккат, куы йæ базонат, уæд, дам мæ бамбардзыстут, мемæ сразы уыдзыстут. Чи зоны, æмæ раст уыд. Зын ын уыд, кæй зæгъын æй хъæуы, комкоммæ мын æй зæгъын, уый, чи зоны, тæрсгæ дæр кодта, куы кæуон, куы йын лæгъстæ кæнон, цæмæй ма ацæуа... Æмæ мын кæд абон нал ис, уæддæр уал азы фæстæ абон дæр йемæ фæныхас кæнын, куыд ныййарæг зæххимæ. Байхъус мæм, Джайнахъ! Нæ дæм мæсты кæнын, дæ цæсгом сыгъдæг у мæ разы. Уæд дын ныххатыр кодтон, мæ чысыл Джайнахъ, мæ тæлтæг, мæ хъæлдзæг лæппу. Афтæ æнхъæлыс, нæ йæ æмбарын, æнæ хæрзбон зæгъгæйæ цæмæн ацыдтæ, цæмæн мæ ныууагътай иунæгæй, цæмæн ныууагътай де 'взонгдзинад, дæ фидæны цард? Ды уыдтæ цæрдæг, æвзыгъд лæппу, алчи дæ не 'мбæрста, куыд уарзтай адæмы. Нæ фыдæбæттæм кæсын дын зын уыд, æмæ ацыдтæ. Тынг дæ фæндыд, цæмæй адæм адæмæй баззадаиккой, цæмæй сын хæст ма басæтта сæ адæймагдзинад, ма фесæфа сæ хæлардзинад, иудзинад, æмæ уый тыххæй бакодтай алцы дæр.

А дунейыл баззайы цæргæйæ æрмæстдæр хорздзинад, иннæтæ ферох вæййынц. Æмæ дæ цыты ном баззад уæлæуыл. Раджы фæмард дæ, æбæрæгæй фесæфтæ. Фыстай, кæй дæ парашютист. Хæсты рæстæг уыдтæ фæсчъылдымы карз тохты. Æмæ цыппор цыппæрæм азы тар æхсæвтæй иуы партизантæн баххуыс кæныны охыл де 'мбæлттимæ иумæ æрбадтыстут парашюттыл. Уыцы тохы фæмард дæ, фæстæдæр дзæгъæл нæмыджы амæттаг бадæ, уацары бахаудтæ æви искуы цъымарайы аныгъуылдтæ, – ничи йæ зоны. Цардæгас куы уаис, уæд дæ уал азы

дæргъы исты чысыл хабар уæддæр райхъуыстаид. О Джайнахъ, афтæ нал дæ не ‘хсæн. Æгæр æрыгонæй, æстдæсаздзыдæй, ацыдтæ, æмæ дæ адæм бынтон хорз нæ бахъуыды кодтой. Фæлæ мæнæн æдзух лæууыс мæ зæрдыл, мысын дæ, хъуыды йæ кæнын, куыд ницы мын загътай, афтæмæй фронтмæ куыд ацыдтæ, уымæн æмæ мæ уарзтай, тæригъæд мын кодтай. Хъуыды йæ кæнын, станцæйы иу лæппуйæн дæ кæрц куыд радтай. Станцæйы федтай эвакуацигонд бинонты – мады йæ цыппар сывæллонимæ – æмæ хистæр фыртæн, бынтон бæгънæг чи уыд, уымæн радтай дæ кæрц, дæхæдæг та айдагъ къандзолы, дæ дæндæгтæ кæрæдзийыл хойгæйæ, æрбаздæхтæ нæхимæ. Чи зоны, абон уыцы лæппу у ас лæг, искуы-иу хатт æрымысы дæу, йæ хæрзгæнæджы. Ды ныртæккæ дæ æрыгондæр, уый та дæуæй – бирæ хистæр. Фæлæ йын ды уыдтæ ахуыргæнæг. Хорздзинад фæндагыл куынæ зайы, æнæнхъæлæджы йæ зæххæй нæ сисдзынæ. Хорздзинадыл адæймаг адæймагыл ахуыр кæны. Ехх, нырма йыл цы дзурæм. Цалы бабын кодта хæст! Куыд рæсугъд, фæлмæнзæрдæ адæймагæй цардаис зæххыл, Джайнахъ, хæст куынæ уыдаид, уæд. Хардзау мæм кæсы, мæ хъæбул, ды дыууадæс царды дидинджытæй иу дæр кæй не ‘ртыдтай. Æрмæстдæр уæд райдыдтой дæ царды къахдзæфтæ, æмæ дын куынæ базыдтон, дæ зæрдæмæ кæцы чызг цыд, уый дæр... Мæ зæрдæйы ма фæстаг цырагъ судзы мынæгæй æмæ тагъд рæстæг ахуысдзæн. Фæлæ алцы дæр хъуыды кæнын, хъуыды кæнын уыцы æнамонд бон, зæронд лæг мæм хуымгæнæнмæ куы ссыд. Уый уыд рагуалдзæг. Малусджытæ нæма сзындысты, Бур уыгæрдæнæй дымдта хъарм дымгæ, анауыли хус кодта, кæрдæг хуры тынтæй фæцъæх. Уыцы бон райдыдтам хуым кæнын. Бæхыл сындæггай цыдтæн тракторы фæдыл, улæфыдтæн гутонвæды зæххон тæф, мæхинымæр та хъуыды кодтон Суванхъул æмæ Хъасымыл: хабар сæ рагæй нал уыд. Уæдмæ нæм æрбацыд нæ зæронд лæгтæй иу, загътон ын:

– Хорз афон нæм æрбацыдтæ, нæ кадджын хистæр, раарфæ нын кæн, хуымгæнæнтæ кæй райдыдтой, уый фæдыл.

Йæ армытъæпæнтæй, бæхыл бадгæйæ, йæ боцъо адаудта æмæ скуывта:

– Уадз, зæхкусæджы аудæг Дыйкан-баба уæд уæ фарсмæ, уæ фæллой донивылдау куыд уа. – Стæй мын загъта: – Толгонай, районæй дæ цыдæр хицау агуры, загъта мын, цæмæй къантормæ мемæ рацæуай. Дæумæ мæ рарвыста.

– Хорз, ныртæккæ ацæудзыстæм, хистæр.

Хуымгæнджытæн загътон, изæры кæй æрбаздæхдзынæн куыст бæрæг кæнынмæ, æмæ араст стæм аилмæ. Хицау мæм йæхимæ кæй фæсидт, уый мæм диссаг нæ фæкаст, æрвылбон дæр хортауæнты рæстæг бирæ разамонджытæ æрбацæуы аилмæ. Цыдыстæм сабыргай, алы хабæрттæ кодтам нæ цардæй, стæй зæронд лæг хъавгæйæ йæ ныхас райдыдта:

– Толгонай, бузныг дын, ацы фыдрæстæг уæндонæй бæхыл кæй бадыс, адæмæн кæй лæггад кæныс. Кæд сылгоймаг дæ, уæддæр дæ нæ сæргъы. Афтæ фидар лæуу, Толгонай, хъæддых бад дæ саргъыл. Исты хабары мах иууылдæр стæм дæ фарсмæ, ды та – мах. Кæй зæгъын æй хъæуы, зын дын у, зонæм æй. Адæймаджы хъысмæт у хæххон фæндагау: куы хæрдмæ, куы бынмæ, куы та дæ размæ фæуыдзæн былсæфæн… Иунæгæй зын у ахæм уаргъ хæссын, иумæйаг тыхтæй та фæуæлахиз уæвæн ис... Афтæ у нæ цард ацы тыхст рæстæг...

Уынгмæ бахызтыстæм, æмæ нæ хæдзары раз сисы сæрты ауыдтон адæмы къорд. Фæлæ сæ цæмæдæр гæсгæ ницæмæ ‘рдардтон. Зæронд лæг мын мæ бæхы рохтæ айста æмæ мын мæ цæстытæм нæ кæсгæйæ загъта:

– Рахиз дæ бæхæй, Толгонай.

Дисгæнгæ йæм нымдзаст дæн. Йæ бæхæй рахызт, мæ къух мын райста æмæ сфæлхатт кодта:

– Ӕрхиз дæ саргъæй, Толгонай.

Нæма йæ æмбæрстон, цы ‘рцыд, уый, фæлæ мæ цыдæр тæссаг æнкъарæнтæ сæ уæлныхты систой, ме уæнгтæ æрхаудтой, сабыргай æрхызтæн бæхæй æмæ Алиманы ауыдтон цалдæр сылгоймагимæ хæдзармæ цæугæ. Уыдон уыцы бон сыгъдæг кодтой арыхъхъытæ. Алиманæн йе уæхскыл – йæ кусæнгарз, иу сылгоймаг ын æй райста. Ӕмæ йæ уæд бамбæрстон.

– Цы у? Цы ‘рцыд? – ныхъхъæр кодтон æгас уынгыл.

Мæ хъæрмæ уынгæй рауадысты нæ сыхаг Айшæ, иннæ сылгоймæгтæ. Ӕмырæй мæм тагъд-тагъд арбацыдысты, мæ къухтыл мын хæцыдысты æмæ мын дзырдтой:

– Фидар фæлæуу, Толгонай, бабын стæм нæ уаритæй, Суванхъул æмæ Хъасым фæмард сты.

Уыцы уысм мæ хъустыл ауад Алиманы цъæхахст, сылгоймæгтæ æмхуызонæй ныккуыдтой:

– Боорумой – не ‘фсымæртæ! Боорумой!

Æваст бакъуырма дæн, ницыуал хъуыстон мæ хъæрæй, æвæццæгæн. Æмæ мыл нынкъуысыд бæстæ, цæстытыл уади, цыма фæлдæхынц бæлæстæ, фæлдæхынц хæдзæрттæ. Бæстæ бамыр, æрмæст ма цæстытыл уадысты куы арвыл мигъты цыд, куы та мæ хъæубæсты æгомыг æнкъард цæсгæмттæ. Мæхи тыдтон адæмы къухтæй. Нæ йæ æмбæрстон, чи мыл хæцыд, уыйбæрц адæм нæ дуармæ цæмæн æрбамбырд. Æрмæстдæр уыдтон, Алиман куыд тынг мæгуырхуыз уыд: тугæйдзаг цæсгом, сæрыхъуынтæ – пыхцылтæ, скъуыдтæ къабайы. Сылгоймæгтæ йын йæ къухтыл хæцыдысты, уый та йæхи мæнырдæм тыдта, йæ хъæрæй йын йæ ныхæстæ не ‘мбæрстон. Æз дæр æм мæхи ивæзтон, фæндыд мæ, уыцы сау уысм ын истæмæй куы баххуыс кодтаин. Афтæ мæм фæкаст, цыма æнусы бæрц рацыд, цалынмæ кæрæдзимæ баввахс стæм. Алиман мын мæ хъуырыл куы атыхст, æрмæст ын уæд фехъуыстон йæ фæсус хъæлæс:

– Æна, идæдзтæ стæм мах, æна! Æнамонд идæдзтæ! Нæ хур ныл аныгуылд. Сау бон ныл ныккодта, æна! Сау бон!

О, мах дæр уыдыстæм идæдзтæ. Дыууæ идæдзы – æфсин æмæ чындз, куыдтам нæ хъысмæтыл, нæ судзгæ цæстысыгæй кæрæдзийы æхсадтам. Алиманимæ нæ зæрдæйы фæндиаг нæ тыппыртæ суадзыны бон дæр нæ фæцис. Æвдæм бон нæм æрбацыдысты нæ колхозонтæ иу хатт ма нæ мæрдтæн рухсаг зæгъынмæ.

– Æнæхъæн афæдз дæр сын сау фæдарын фаг нæ уаид. Сæ нæмттæ сын мысдзыстæм, фæлæ удæгас адæймаг та хъуамæ цæргæ кæна. Уыдон цы нæ фæцардысты, уый, уадз, Масылбег æмæ Джайнахъæн бантысæд (Джайнахъæй уæд æрвылкъуыри дæр истам фыстæджытæ). Уадз, уæлахизимæ æрыздæхæнт. Сымах та куыстмæ рацæут, хортауæнты рæстæг у, зæхх махмæ нæ кæсы. Уæхи фæхъæддых кæнут. Нæ фарсмæ æрбалæууут. Уый уыдзæн нæ мастисæн знагæй.

Алиманимæ аныхас кодтам æмæ сразы стæм адæмимæ. Райсомæй нæхи куыстмæ куыд цæттæ кодтам, афтæ нæм колхозы сæрдар Усенбай æрбахаста дыууæ сау гæххæтты. Бафснайут, дам сæ. Хъасымы гæххæтт колхозмæ æрцыд мæйы размæ. Фæмард Мæскуыйы бынмæ карз хæстыты, Ореховкæйы (Æхсæрджыны) хъæуы. Цалынмæ нын æй хъусын кодтой, уæдмæ Суванхъулы тыххæй дæр æрцыд сау гæххæтт. Фæмард Ельцы бын карз хæстыты. Хъæуы цæрджытæн æндæр гæнæн нал уыд, æмæ нын сæ раргом кодтой уыцы иу бон. Дарддæр хабæрттæ зонут.

Ногæй та мæ астæу æрбалвæстон æмæ та бригадиры бæхыл сбадтæн. Æз мæхи куы ауагътаин, хъысмæты куы ‘лгъыстаин, уæд ма Алиман та цы кодтаид? Йæхи афтæ мардта, æмæ йын тæрсгæ дæр кодтон. Мæ маст къаддæр нæ уыд, æваст бавдæлон дæн мæ цардæмбал æмæ мæ фыртæй, мæ зиан уыд дывæр, фæлæ мæ уавæр уæддæр æндæр уыд. Уæззаудæр æви къаддæр, Суванхъулимæ мах уæддæр фылдæр фæцардыстæм. Алцы дæр федтам, алцы дæр бавзæрстам – зынтæ дæр федтам æмæ амондджын дæр уыдыстæм. Сывæллæттæ нын уыд, бинонтæ уыдыстæм, иумæ фæллой кодтам. Хæст нæ куынæ бахъыгдардтаид, уæд зæронды бонтæм иумæ фæцардаиккам. Цы федтой Алиман æмæ Хъасым та? Цардысты рухс фидæны бæллицтæй. Сæ тæккæ æвзонгæй сæ хæст фæрæтæй æрцавта. Кæй зæгъын æй хъæуы, рæстæг Алиманæн йæ зæрдæйы хъæдгæмттæ сдзæбæх кодтаид. Дуне адæмтæй у, чи зоны ма фембæлдаид ахæм адæймагыл, уарзгæ дæр кæй бакодтаид. Æмæ та йæм цард бахудтаид ног ныфсытимæ. Бирæтæ афтæ дæр бакодтой: хæсты фæстæ сæ амæндтæ ногæй ссардтой. Чи дзы фæамондджын, кæмæн та йæ цард нæ ацыд. Фæлæ уæддæр бирæтæ иунæгæй нæ баззадысты, ис сын бинонтæ, цот. О, фæлæ адæм се ‘ппæт иухуызон не сты. Ис дзы ахæмтæ, йæ маст тагъд кæмæй айрох вæййы, царды ног фæндагыл æнцонтæй чи æрлæууы, иннæтæ хъизæмарæй, удуæлдайæ фæхитынц сæ бынаты, сæ бон нæ вæййы ивгъуыдæй фæхицæн уæвын. Алиман дæр, стыр хъыгагæн, уыд ахæм. Йæ бон нæ баци, ивгъуыдæй фæиппæрд уыдаид, уый, разы нæ уыд хъысмæтæй æмæ хаста уæззау уаргъ. Чи зоны, æмæ ацы ран æз дæр дæн аххосджын. Æгæр лæмæгъ разындтæн, куыд ын тæригъæд кодтон, уый сæрты ахизыны хъару мæм нæ разынд.

Уалдзæджы нæ бригад донхорыгæн къахта арыхъхъытæ. Æз дæр уыдтæн уым. Хур нæма аныгуылд, афтæ фестæм нæ куыст, æмæ адæм сæ хæдзæрттæм цыдысты. Мæн ма абæрæг кæнын хъуыд хуымгæнджыты, æмæ Алиманæн загътон, цæмæй мæм ма æнхъæлмæ кæса. Сæ мусонг уыд хæстæг. Æхсæвæр кодтой. Аныхас кодтам нæ дарддæры куыстыл, фæстæмæ фездæхтæн, бæхыл куыд хъуамæ сбадтаин, афтæ кæсын, æмæ – Алиман. Нæ ацыд. Иунæгæй лæнчы былтыл зылд æмæ тюльпантæ æмбырд кодта. Иннæ æрыгон чызджытау тынг бирæ уарзта дидинджытæ. Ехх, Алиман, Алиман, мæ мастæфхæрд чындз. Йæ къухы уыд дæс дынджыр тюльпаны бæрц. Æвæццæгæн сæ хæдзармæ хаста. Дидинджытимæ йæ куы ауыдтон, уæд уазал хид

фестадтæн. Мæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр фосдарæны раз хъæддаг чъирифыссæнтæ куы æрæмбырд кодта, уæд дæр лæууыд афтæ, фæлæ йыл уæд уыд сырх кæлмæрзæн урс дидинджытимæ, ныр та йæ сæр баст уыд сау кæлмæрзæнæй, йæ къухы та – сырх дидинджытæ. Йæ уындæй мæ зæрдæ фæцæйтыдта! Алиман йæ сæрыл схæцыд, аракæс-бакæс кодта фæйнæрдæм, æрæнкъард, æдзынæг ныккаст дидинджытæм, ома – кæмæн, ныр сæ цы фæкæнон?..

Æваст зæххыл æрхауд, йæ дидинджытæ апырхытæ кодта, зæххыл сæ хойын райдыдта, стæй æрсабыр, йæ уæрджытæ æрбахъæбыс кодта, бадт æмæ йе уæхсчыты зыр-зыр цыд. Æз мусонджы фæстæ амбæхстæн. Нæ мæ фæндыд йæ бахъыгдарын. Уадз æмæ акæуа, кæд ын фенцондæр уаид. Фæлæ æваст фæгæпп ласта æмæ атындзыдта большакмæ æрхы былмæ. Æз фæтарстæн, мæ бæхыл абадтæн æмæ – йæ фæдыл. Тынг уæззау уыд, мæ чындз сау кæлмæрзæны сырх быдыры куыд згъордта, уый уынын.

– Алиман! Æрлæуу-ма! Цы кæныс?! Æрлæуу-ма, Алиман, – хъæр кодтон йæ фæдыл, фæлæ мæ нæ хъуыста.

Кæддæр йæ сираг бæхыл йæ цардæмбал цы фæндагыл ацыд, уым куы æрлæууыд, уæд æй æз дæр баййæфтон.

– Æна! Мацы мæм дзур! Æна, мацы мæм дзур. Нæ хъæуы!

Бæхы рохтыл æрхæцыдтæн, æрбазгъордта мæм, бæхы барцыл ныххæцыд, йæхи мæм нылхъывта æмæ ныккуыдта. Æз æнцад лæууыдтæн. Цы йын хъуамæ загътаин? Скаст мæм хæрдмæ, цæсгом æлыгæйдзаг, цæссыгтæ рустыл згъорынц, æмæ мын кæуынхъæлæсæй афтæ:

– Æна, кæс-ма, куыд æрттивы хур. Скæс-ма арвмæ, иннæ ахæм, тыгъд быдыр – дидинджыты бын! Æмæ Хъасым та нал æрыздæхдзæнис? Никуыуал æрыздæхдзæнис?

– Нæ! Никуыуал нæм æрыздæхдзæн, – дзуапп ын радтон.

Алиман арф ныуулæфыд.

– Æна, ныххатыр мын кæн, – сдзырдта сабыргай. – Тынг мæ фæндыд уырдæм алидзын æмæ йæ фарсмæ амæлын.

Æз дæр мæхи нал баурæдтон, ныккуыдтон æмæ йæм ницы сдзырдтон. Зонджын æмæ дардмæуынаг мад куы уыдаин, уæд ын хъуамæ хъæддыхæй загътаин: «Уый цытæ дзурыс, мæ хъæбул? Ды иунæг нæ дæ, дæ алыварс бирæ идæдзтæ ис – нæ сæ фæуыдзынæ нымад дæр. Фæразын хъæуы. Цыфæнды зын дын кæд у, уæддæр ферох кæн Хъасымы. Цы 'рцыд, уый нал раздахдзынæ. Æрцæудзæнис ахæм рæс-

тæг, ссардзынæ, дæ зæрдæмæ æвваxс чи уа, ахæм адæймаг. Дæхиуыл куынæ фæхæцай, уæд дын æвзæрдæр уыдзæн. Дæхи афтæ мауал мар. Нырма æрыгон дæ æмæ хъуамæ цæргæ кæнай».

Куыд тынг фæсмон кæнын абон, ахæм ныфсы ныхæстæ йын кæй нæ загътон, царды рæстдзинад ын кæй нæ бамбарын кодтон. Цал æмæ мын цал хатты уыд ахæм фадат, æмæ-иу уыцы ныхæстæ ме 'взаджы цъуппыл куы бадтысты, фæлæ никуы бахастон мæ ныфс сæ зæгъынмæ. Цыдæр мæ урæдта. Стæй мæм Алиман дæр кæм байхъуыстаид. Алы ныхасæн дæр, æвæццæгæн, ис афон, æндонау хъæддых куы вæййы, фæлæ йæ рæстæгыл куынæ зæгъай, уæд дзы тых нал вæййы, зæрдæйæн та баззайы уæззау уаргъæй. Уый ныр афтæтæ дзурын, уыйбæрц рæстæг куы рацыд, фæлæ уæд та æрвылбоны мæт æмæ сагъæсты, тыхст дуджы кæм уыд ахъуыдытæн рæстæг; бæстонæй йæ æмбаргæ дæр нæ бакодтам, цы 'рцыд, уый. Нæ цард, нæ хъуыдытæ уыдысты æрмæст уæлахизыл, тагъддæр куы фæуаид хæст, стæй та – иннæ хабæрттæ. Хъуыды кодтон: хæст фæуыдзæн, æмæ алцы дæр йæ гаччы сбаддзæн. Фæлæ, хъыгагæн, бынтон афтæ нæ рауад...

## 8

– Мад-зæхх, хæхтæ цæуылнæ нынкъуысынц, дæттæ цæуылнæ ивылынц, Суванхъул æмæ Хъасымы хуызæттæ кæм мæлынц? Фыдæй, фыртæй дыууæйæ дæр уыдысты диссаджы зæхкусджытæ. Дуне незамантæй ардæм лæууы ахæм адæймæгтыл, уыдон æй кæнынц цæрæццаг, цыфæнды хæстыты дæр æй хъахъхъæнынц знæгтæй, вæййынц фыццаг хæстонтæ. Хæст куынæ уыдаид, уæд ма цас хорз хъуыддæгтæ сарæзтаиккой  Суванхъул æмæ Хъасым, сæ къухты фæллойæ цалæн балæггад кодтаиккой, цас быдыртæ бахуым кодтаиккой, цас хор банай кодтаиккой! Сæхæдæг дæр иннæты фæллойыл цин кодтаиккой, цас рæсугъд хъуыддæгтæ ма федтаиккой сæ царды! Зæгъ-ма мын, ныййарæг зæхх, раст дзуапп мын ратт: адæмæн сæ бон у æнæ хæстæй фæцæрын?

– Зын фарст мæм радтай, Толгонай. Ис ахæм адæмтæ, хæстыты æвæдæй чи фесæфт, уыдис сыгъд, æлыджы бын чи фæцис, ахæм сахартæ, ахæм æнустæ уыд, æмæ адæймаджы фæд фенынмæ бæллыдтæн. Æмæ алы хатт дæр, адæм-иу хæст куы расайдтой, уæд-иу сын дзыртон: «Æрлæуут, ма ныккалут туг!» Ныр дæр æй фæлхат кæнын: «Адæм, æгас дунейыл цæрæг адæм, фæрсын уæ: зæххытæ уæ

хъæуы? Мæнæ дæн – зæхх! Алкæмæн дæр уæ иухуызон дæн, иууылдæр мын æмсæр стут. Нæ мæ хъæуынц уæ хъаугъатæ, мæнæн сæйрагдæр у хæлардзинад, уæ фæллой! Гутонвæды ныппарут иу нæмыг, æмæ уын æз ратдзынæн сæдæ æфсиры. Нытътъыссут зæххы уис, æмæ уын дзы æрзайдзæн тæрс бæлас. Ныссадзут дыргъдон – æз уæ дыргъты бын фæкæндзынæн. Скæнут фос – æз уын уыдзынæн кæрдæг. Аразут бæстыхæйттæ – æз уын уыдзынæн сис. Цот кæнут, фылдæрæй-фылдæр кæнут – æз та уын уыдзынæн хорз цæрæнуат. Æз дæн æнæкæрон, æз дæн бæрзонд æмæ арф, алкæй фаг дæр уæ суыдзынæн уæлдайджынтæй!» Ды та мæ, Толгонай, фæрсыс, адæмæн сæ бон æнæ хæстæй царын у, зæгъгæ. Уый мæнæй нæ – сымахæй, адæмæй, уæ барвæндæй, уæ зондæй аразгæ у.

– Куы ахъуыды кæнæм, ныййарæг зæхх, – де ‘ппæты куыстхъомдæрты, æвзыгъддæрты дын аныхъуыры хæст. Æз та уыимæ разы нæ дæн, уый раст нæу! Адæм хъуамæ хæстытæ бауромой, зæгъой хæстæн: «Нæ!»

– Толгонай, ды афтæ хъуыды кæныс, æз хæстытæй æфхæрд не ‘ййафын? Нæ, æз тынг æфхæрд цæуын. Мысын зæхкусæджы къухтæ, иудадзыг кæуын мæ хуымгæнджытыл, мысын Суванхъулы, Хъасымы, Джайнахъы æмæ, чи нал æрыздæхт, уыцы зынгхуыст салдæтты. Хуымгонд куынæ æрцæуын, мæ зад хуымтæ карст куынæ ‘рцæуынц, æфсиртæ та – найгонд, уæд сæ фæагурын: «Цы фестут, мæ хуымгæнджытæ, мæ тауджытæ? Сыстут, мæ сабитæ, мæ зæхкусджытæ, баххуыс мын кæнут, фæмæлын, хуыдуг кæнын!» Бæргæ мæм-иу уыцы уысм Суванхъул йæ къæпиимæ куы фæзынид, Хъасым та йæ комбайн куы скусин кæнид, Джайнахъ та æд уæрдон мæ уæлхъус куы алæууид! Фæлæ уыдон хъусæй лæууынц...

– Уый тыххæй дæр дын бузныг, ныййарæг зæхх. Уæдæ сæ ды дæр мысыс, фæкæуыс сыл мæнау. Бузныг дын, ныййарæг зæхх.

## 9

Хæсты азтæ нын куы цин хастой, куы та маст: санчъехгай знаджы дарддæр кодтам, фæлæ бонæй-бонмæ цард кодта уæззаудæр. Фæззæг ма йын ницы уыд, быхстам: æфсиры муртæ æмбырд кодтам, цæхæрадæтты картоф къахтам, фæлæ-иу зымæджы астæу æххормаг рæстæг райдыдта. Уæлдайдæр та-иу уалдзæджы райдианы æмæ сæрды тæмæны уыд зын – иуæй-иутæ ирвæзтысты хъæддаг зайæгойты фæрцы, иннæтæ та, донылиу чысыл æхсыры цъыртт бафтаугæйæ, хастой сæхи. Мах Алиманимæ

куыстам, стæй нæ фæдджитæ, мыййаг, сывæллæттæй дзаг нæ уыдысты. Æниу, фæлтау куы уыдаиккой. Мæ зæрдæ-иу срыст, иннæтæм-иу куы кастæн, – бирæсывæллонджын бинонтæм – сабитæ гом гуыбынтæй дзулы къæбæртæ куыд куырдтой. Куы мын загътаиккой: «хæсты быдырмæ ацу, дæ цард ратт, æмæ хæст фæуыдзæн, сабитæ та æххормаг нал уыдзысты», хъуыды дæр ыл нæ акодтаин, ацыдаин, æрмæст сын се ’ххормаг цæстытæм мауал кæс. Кæддæр мæ хъуыды Алиманæн раргом кодтон, уый мæм æрбакаст æмæ загъта: «Æз дæр афтæ бакæнин».

Иууыл уæззаудæр у, сабитæ кæй не ’мбарынц, цæмæн æййафынц æххормаг, уый. Хистæртæ зонынц, абон уа, райсом уа, кæрон кæй уыдзæн ацы æлгъыстаджы рæстæгæн. Фæлæ йæ сабитæ нæ хатынц. Цалынмæ сæ фыдæлтæ æрыздæхой, уæдмæ сæм мах хъуамæ кæсæм, дзул сын кæнæм, хæринæгтæй сын æфсадæм сæ гуыбынтæ. Махæн уый у нæ хæс, æндæр ма нæ цард цы у... Алцы дæр уыд хæсты къухы: цард, куыст, сæрибар, æгæрыстæмæй сывæллæтты кас дæр – иууылдæр мисхалы онг ирвæзтысты хæсты æнæфсис хуылфы. Фæлæ ахæмтæ дæр уыд, уыдон хæстимæ дих кæнын кæй нæ фæндыд; цы йæ æмбæхсæм, ахæм адæм дæр уыд. Уыдон дæр нын нæ кæрдихæй тыдтой.

Иухатт дын куы фæдзæгъæл уаин. Цыд 1943 аз, мæнмæ гæсгæ, зымæджы астæу æви йæ кæрон, рæстмæ йæ нал хъуыды кæнын. Быдыры зæхх сау кæнын райдыдта, фæлæ ма-иу рудзгуытæ уæддæр æхсæв ныссалдысты. Чи йæ зоны, цал сахаты уыд – фынæй кодтам. Æмæ дын æваст чидæр нæ рудзынг ныххоста; фенхъæдтон, авг ныззгъæлæнтæ.

– Толгонай! Бригадир! Сыст! – уынгæй кæйдæр хъæр æрбайхъуыст.

Фæтарстыстæм æмæ Алиманимæ фестадыстæм.

– Æна, – талынджы мæм æрбадзырдта Алиман, цыма исты диссагмæ æнхъæлмæ каст…Ехх, ацы æнæхайыры ныфс! Мæ зæрдæ рацæйтыдта, фæлæ цыдæр æбæрæг цин кодта. Уæддæр ма цæмæдæр æнхъæлмæ кастыстæм: кæд нæ бæлццæттæй исчи æрыздæхт. Рудзынгæй кæсынил архайын.

– Чи дæ? Цы дæ хъæуы?

– Толгонай! Рæвдздæр! Бæхтæ чидæр атардта!

Цалынмæ Алиман лампæ сыгъта, уæдмæ æз мæ цырыхъхъытæ акодтон, мæ кæрц æрбаппæрстон æмæ разгъордтон уынгмæ. Бæхдонмæ куы бахæццæ стæм, уæд адæм сæрдаримæ уыдысты уым. Куыд рабæрæг, афтæмæй къæрныхтæ атардтой æртæ бæхы, уыдонимæ нæ

сираг бæхы дæр – колхозæн æй радтон. Уыдон уыдысты нæ хуыздæр бæхтæ, хуымгæнæнмæ сæ цæттæ кодтам. Бæхгæс куыд дзырдта, афтæмæй рацыд хосдонмæ, фæстæмæ куы баздæхт, уæд скъæты уыд талынг, цырагъ нал сыгъд. Фенхъæлдта, дымгæ йæ ахуыссын кодта æмæ йæ ногæй ссыгъта. Кæсы, æмæ кæронæй бæхты бынæттæ – афтид. Уыцы рæстæг колхозæн æртæ бæхы уыдысты ныры дæс тракторы æмсæр. Арф ахъуыдыгæнгæйæ та, алы салдатæн дæр уыцы рæстæг йæ къæбæры хай атыдтой. Бæхтыл сæргътæ авæрдтам, чидæртæ нæ хæцæнгарз дæр райста, æмæ сæ фæсте асырдтам. Бæргæ сæ куы баййæфтаиккам, уæд сыл нæ бацауæрстаиккам. Хъæугæрон фæкъордтæ стæм æмæ апырх стæм алырдæмты. Цы байрагыл бадтæн, уый уыд æрыгон, тæлтæг, йæхи размæ æппæрста. Ауагътон æй йæхи бар. Фæндаджы сæрты атæррæст ласта æмæ хохы ‘рдæм йæ ных сарæзта. Мæ фæстæ ма ноджыдæр дыууæйæ уадысты. Æваст фæстæмæ фæкастæн, æмæ сæ иу дæр – нал. Кæнæ уыдон фæзылдысты иннæрдæм, кæнæ та – æз. Фæрæдийæн дзы уыд: мæй дыдзы кастæй фæндаг кæд мынæг рухс кодта, уæддæр ссæдз санчъехы дæрддзæфæн лæг ницы уыдта, уыд сау тар. Фæлæ уыцы уысм уыл нæ хъуыды кодтон: æрмæст мæ фæндыд бæхдавджыты баййафын; тынг зын мын уыд, æмæ тыхстæн, мæ бæх мæ кæдæм хаста талынджы, уый кæй нæ уыдтон. Бæх æваст фæлæууыд, кæсын, æмæ разæй – арф æрх. Хохрæбын февзæрдтæн. Мæй хъавгæйæ бырыд сау хохы рагъыл, стъалытыл мигъæй фæлм æрбадт. Нæ алыварс – саудалынг. Дымгæ змæлын кодта хус кæрдæджы муртæ, сабыргай-иу æнæбары сæ сыр-сыр ссыд. Зæронд æлыггæнд зæппадзæй хъуыст уыджы уасын. Бæхыл ныххызтæн адагмæ. Бæстæ ныссабыр. Æрмæст хъамылты астæу фæтарст рувас æмæ атъæбæртт кодта размæ мæйы рухсмæ. Æндæр цæст ницæуыл æрхæцыд. Хъæуы ‘рдæм раздæхтæн. Къардиуы сæрты цæуын, æмæ мæ зæрдыл æрбалæууыд: дзырдтой, зæгъгæ, дам, Дженшенхъул – хъæуы нæм уыд ахæм лæг – æфсадæй ралыгъд, дыууæ йæхи хуызæнимæ сбæндæн, æмæ хохы æмбæхсынц. Уыцы дам-думтæ мæ тынг нæ уырныдтой. Ау, куыд хъуамæ бааууон кæнай дæ сæр, бæстæ уæззау уавæры куы уа, уæд. Афтæ уайы, æмæ иутæ хæцынц, цæттæ сты сæ цард дæттынмæ, иннæтæ та сæ фæстæ æмбæхсынц? «Нæ, нæ мæ уырны, æмæ ахæм худинаг исчи йæ сæрмæ ‘рхæсса», – хъуыды кодтон мæхинымæр. Фæлæ æваст фæгуырысхо дæн. Хъæуы нæ фондз æнгуылдзау зонæм

нæ кæрæдзийы. Ахæмтæ нæм нæй, бæхтæ чи адава. Стæй бæх судзин нæу, де 'фцæгготы йæ нæ бамбæхсдзынæ. Уымæйдæр – æртæ. Бæлвырдæй, давджытæ кæцæйдæр æрцыдысты. Кæд æцæг афтæ у, æмæ Дженшенхъул лыгъд адæймаг у, уæд уый у давæг, хъуыды кодтон. Фæлæ мæ фидарæй нæ уырныдта – ничи йæ æрцахста, ничи йæ федта. Куынæ дæ æрцахсой, уæд давæг нæ дæ…

Æртæ бæхы ифтыгъд гутонау уыдысты уыцы рæстæг. Нæ къухтæм æмхасæнтæ кæнгæйæ æрзылдыстæм байраг бæхтыл æмæ тыхтæ-амæлттæй цыппары баифтыгътам гутоны. Тæригъæд уыдысты, фæлæ æндæр гæнæн нæ уыд. Хортауæнтæ æрхæццæ сты, æмæ ахæм рæстæг къæрныхтæ нæ, Хуыцау дæр никæй æндæвта. Уый уыд иуумыл уæззаудæр уалдзæг мæ царды. Адæм цы – уыдон аххосджын не сты. Фæндыд сæ кусын æмæ тырныдтой, фæлæ æххормагæй бирæ нæ бакусдзынæ. Раздæр бонмæ цы куыстам, уый нын къуыримæ дæр нал æнтыст. Куыст фæстиат кодта, тауæнтæ ныддæргъвæтин сты. Æмæ ма дын иу бæллæх – колхозы тауинаг, мыггаг нæй. Фæстаг гагагайы онг хордæттæ ныммарзтам, скъахтам, ныссыгъдæг кодтам, куыддæртæй-куыддæртæй нæ бригад йæ пълан сæххæст кодта.

Уыцы бонты арф ныхъхъуыды кодтон нæ дарддæры цардыл. Нæ фæллойбонтæн ницы истам, æвæрæнтæ нæм цы уыд, уыдон раджы фесты. Дарддæр куыд цæрæм? Дунетыл ныххæлиу уæм? Нæ, уæд нæхи сафæм. Уæдæ куыд уыдзыстæм дарддæр? Хорз, фæззæгмæ исты амæлттæ кæндзыстæм, нæ зымæг дæр та искуыдæй арвитдзыстæм, фæлæ та уæдмæ уалдзæг дæр æрлæудзæн, æмæ та æххормаг, лæмæгъ адæмы тыххæй кусын кæн. Æмæ æнæ кусгæйæ та нæй цæрæн. Алы хъуыдытæ сæрмæ цыдысты, æхсæв нал фынæй кодтон, æмæ мæм фæзынд ахæм фæнд: зæрæстон зæххытæ анауыли афæлдахын – уыдысты иучысыл хицæнæй – æмæ сын сæ тыллæг бинонтыл байуарын. Ауынаффæ кодтам сæрдаримæ, районмæ дæр бахæццæ дæн, бамбарын сын кодтон, нæ пълан кæй сæххæст кодтам, фæлæ пъланæй уæлдай нæхи тыхтæй, нæ фæллойбонты ныхмæ адæмæн феххуыс кæнæм…Чидæр мæм стъолы сæрты рахъæр кодта:

– Афтæмæй ды Сталины уагæвæрд халыс!

Нал æм фæлæууыдтæн:

– Дæлзæхх фæуæд уыцы уагæвæрд! Æххормаг куы уæм, уæд уын чи кусдзæн, чи уын хæрын кæндзæн?

– Ды зоныс, Макъар йæ рæуæдты кæдæм нæ уагъта?

– Зонын. Арвитут мæ, кæд уын фенцондæр уыдзæн, уæд: æцæг ахъуыды кæнут, тохы быдыры цы салдæттæ ис, уыдонæн ма хор чи таудзæн?

Иу ныхасæй, сразы сты, бар нын радтой, загътой: дæ бæрны уыдзысты сæрмагондæй. Фæлæ ныхас бæрнондзинадыл нæ цыд, тауинаг уыд сæйрагдæр. Колхозы ницыуал баззад, цы дзы уыд, уый иууылдæр байтыдтам. Фæхъуыдытæ та кодтон, æмæ мæ бригады уæнгты иууылдæр – стырæй-чысылæй – æрæмбырд кодтон. Бинонты ныхас æркодтам.

– Ахъуыды кæнæм, куыд уæм дарддæр, куыд хуыздæр уыдзæн, – загътон сын æз. – Быдырты цы байтыдтам, уыдонæй нæ хъæуы ныфс æвæрын, нæ зæрдæ сыл ма дарæм. Уæхæдæг æй зонут, уыдон сты фронтæн, цы ма дзы баззайа, уыдон та – тауинаг, фæлæ нын ис фадат байтауын фидæны хойраг бирæсывæллонджын бинонтæн, зæрæдтæн, сидзæртæн. Кæд мыл æууæндут, уæд мæхимæ исын уыцы бæрндзинад. Алчи дæр нæ куынæ бавгъау кæна, цы хоры гагатæ йæм баззад, уыдон, уæд нын тауынæн сфаг уыдзысты. Ма мæм мæсты кæнут, о, нæ гуыбынтæй сæ атондзыстæм, æххормæгтæ дæр баййафдзыстæм, æхсыры цъыртты фæрцы тауынафонмæ аххæсдзыстæм, фæлæ фæззæджы та алы гагайæ дæр райсдзыстæм бирæ фылдæр тыллæг. Уæхи ныффидар кæнут, уæ ныфс бахæссут, адæм, равдисут хъæбатырдзинад уæхи, уæ сабиты сæраппонд. Фæсмойнаг нæ фæуыдзыстæм. Бауæндут мыл куыд ныййарæг мадыл. Аххуыс мын кæнут, цалынмæ ма тауынæн рæстæг ис...

Æмбырды уæвджытæ иууылдæр сразы сты мæ хъуыдыимæ. Фæлæ афон куы 'рхæццæ, уæд куыст размæ зынтæй цыд, къуылымпы кодта, уыд тынг уæззау уавæр. Зæрдæ-иу фæрыст – бирæсывæллонджын мадæлтæ-иу уынгмæ куы рацыдысты, æлгъыстой æгас дуне: хæст, ацы цард, сабиты, колхозы æмæ ма мæн дæр. Фæлæ уæддæр лæвæрдтой се 'мбæхст муртæ тауинагæн. Чи – армы дзаг, чи – фылдæр... Æмбæрстон æй, сæ фæстаг комдзаг мын кæй дæттынц, фæлæ сæ истон. Æмбырд сæ кодтон армыдзаггай æмæ сæ голладжы кодтон. Афтæ уæрдоныл зылдтæн хæдзар-хæдзар, лæгъстæтæй, хылимæ-иу сын сæ стыдтон сæ къухтæй. Мæхи-иу æрсабыр кодтон, зыдтон æй, фæззæджы мын арфæтæ кæндзысты, алы нæмыг дæр сæм раздæхдзæн дæс хатты фылдæрæй.

Никуы мæ ферох уыдзæн, мæ сыхаг Айшанæн цы бакодтон, уыцы хабар. Рынчынтæгæнаг уыд, идæдзæй раджы баззад, Жаманбай хæсты размæ амард. Баззад иунæгæй рынчынæй йæ иунæг фырт Бегташимæ.

Рынчын-иу куынæ уыд, уæд куыста колхозы, йæ цæхæрадоны, хъуг дардта, афтæмæйты йæ фырты хъомыл кодта. Бегташ уыцы рæстæг куыста, тынг хорз лæппу дзы рауад. Уыцы бон дæр та зылдыстæм уæрдоныл уынгты, сæ размæ куы бахæццæ стæм, уæд æй афарстон:

– Бегташ, ис уæм хæдзары исты?

– Ис иучысыл, – æнæбары дзуапп радта Бекташ.

– Гъемæ йæ рахæсс.

– Нæ, Толгонай, дæхæдæг бацу.

Айшæ уыцы бонты æнæфæразгæ уыд. Хъарм кæлмæрзæны тыхтæй бадт сæрдыгон агъуысты.

– Айшæ, æрбацыдтæн уæм, иннæтæ мын цы дæттынц, уымæ.

– Цы мæм ис, уый пецы фæстæ, райс æй.

– Цас дæм ис? Хъазынмæ мæ не 'вдæлы. Быдыр нæм æнхъæлмæ кæсы, ма нæ фæстиат кæн, Айшæ, – фæцырд æй кодтон.

Йæ былтæ кæрæдзимæ нылхъывта, йæ сæр æруагъта. Ох, ацы мæгуырдзинад, адæмы цæмæ кæныс?

– Айшæ, бамбар мæ: дæс, фынддæс боны фаг уыдзæн дæ хор, фæлæ зымæгыл, уалдзæгыл дæр ахъуыды кæн. Дæ фырты хатырæй, курын дæ, дуармæ æнхъæлмæ кæсы.

Уый йæ цæстытыл схæцыд æмæ мæм лæгъстæгæнæджы каст æрбакодта.

– Куы мæм уаид, уæд дын мæ цæст нæ уарзы, куы йæ зоныс, Толгонай, мæ сыхаг куы дæ...

Зæгъын ын фæтæригъæд кæнон, фæлæ мæхи нал баурæдтон:

– Ныртæккæ æз дæ сыхаг нæ дæн, фæлæ дæ бригадир! – ныццæхгæр æм дæн. – Адæмы номæй дын хæссын дæ мæнæу.

Айшæ иуварс азылд. Дзæкъулы уыд авд килограммæ æвваxс мæнæу. Фæндыд мæ иууылдæр æй куы ахастаин, фæлæ нæ бауæндыдтæн. Йе 'рдæг ын бедрайы æркодтон. Загътон ын:

– Айшæ, кæс, æрмæст ын йе 'рдæг хæссын, ма мæм мæсты кæн.

Разылдис мæм. Кæсын, æмæ йæ цæссыгтæ згъордтой йæ рустыл роцъомæ. Мæхицæн бынат нал ардтон, удаистæй дуары æдде фæдæн. Ох, цæуылнæ сæвæрдтон уыцы уысм торбæ йæ бынаты? Фæлæ цæмæй зыдтон, цы мыггаг æрæмбырд кодтон, уыдоныл ахæм бæллæх æрцæуыдзæн?

Дыууæ дынджыр голладжы æрæмбырд кодтам тауинаг. Равзæрстам сæ, хор бацæттæ кодтам тауынмæ, гагагай йæ æвзæрстам. Мæхæдæг

сæ аластон хуымгонд зæхмæ. Бæргæ ма уыцы бон куы бафæстиат уыдаин… Фæлæ ма хуымгæнды кæрон уыд чысыл акъахинаг. Æз та нал хъæцыдтæн, фæндыд мæ, тагъддæр æй куы байтыдтаин. Бонрухсты мæхæдæг хъуамæ къухæй райдыдтаин тауын. Алцы дæр, куыд фæндтæ кодтам, афтæ рауад: мыггаг – цæттæ.

Изæрæй нæхимæ куы 'рбацыдтæн, уæд мæ зæрдæ йæхицæн бынат нæ ардта, мæхимидæг тыхстæн. Бонæй Бегташ æмæ ма иу лæппуйæн бахæс кодтон быдырмæ похци аласын. Сывæллæттæ сты нырма, мæ фæндон мын сæххæст кодтой, ууыл гуырысхо кодтон. Мæ зæрдæ сæм ахсайдта, æмæ Алиманæн загътон:

– Лæппутæм суайон, цы кусынц, уый фенон.

Æмæ бæхыл абадтæн. Мæ бæхы сæппæй ауагътон: изæрмилтæ кодта, æрталынг. Бынатмæ куыд фæхæццæ кæнын, афтæ кæсын: галтæ ифтыгъдæй – хуымгæнды. Сæ фарсмæ – ничи. Рамæсты дæн гутондарæг лæппумæ: ныры онг галтæ ифтыгъд, тыхсынц æфсондзы бын. Фæлæуу, зæгъын, мæхимидæг æм бартхъиræн кодтон. Агурын æй, кæсын – уæрдон йæ фарсыл фæлдæхтæй лæууы, æмæ дзы ничи.

– Гъей, лæппутæ! Кæм стут? – хъæр сæм кæнын.

Дзуапдæттæг нæй, мæ алыварс змæлæг нæй. Уæдæ сыл цы 'рцыд? Цы фесты? Хорзау нал уыдтæн. Халагъуды 'рдæм фæцæуын, бæхæй æргæпп кодтон. Спичкæ ацагътон. Кæсын, лæппутæ баст, тугæйдзæгтæй, сæ дзаумæттæ скъуыдтæ, сæ дзыхты – хæцъилтæ тъыст. Бегташы дзыхæй къæрмæг феппæрстон.

– Тауинæгтæ! Кæм сты тауинæгтæ?! – ныхъхъæр ластон хъæлæсыдзагæй.

– Байстой сæ! Фæнадтой нæ! – фæсус хъæлæсæй загъта æмæ, давджытæ кæцырдæм алыгъдысты, уырдæм йæ сæрæй ацамыдта.

Дарддæр цы 'рцыд, уый нал хъуыды кæнын. Мæ райгуырдæй уыцы 'хсæвы хуызæн бæх афтæ тагъд никуыма тардтон. Æхсæв уыд ингæнау сау талынг. Мæ хæдзар мын куы адавдæуыдаид, куы басыгътаид, уæд ницы загътаин. Фæззæджы мусæй дæс голладжы куы ахастаиккой, уæд дæр ныббыхстаин; мыстытæ дæр ма куы ахæссынц. Фæлæ уыцы тауинаг, уыцы дзуллаг – мæхи къухтæй сæ ныххурх кодтаин. Бæх тардтон къæрныхты фæдыл æмæ сæ æваст ауыдтон. Бæхы сæфтджытæй цæхæртæ калд. Голджытæ уыдысты саргъы разæй æвæрд. Сæ фæндаг уыд хæхты 'рдæм. Куы сæ ауыдтон, уæд сын хъæрæй лæгъстæ кæнын:

– Ныууадзут голджытæ! Тауинаг сты! Мыггагæн сты!

Уыдон мын мæ хъæртæ ницæмæ дардтой. Куыд сæм æввахс кодтон, афтæ кæронæй сираг бæхыл бадæджы базыдтон. Куыннæ хъуамæ базыдтаин нæ сираг бæхы? Йæ цыдæй йæ базыдтон, йæ фæстаг къæхтæ – урс. Æмæ сæм уæд ныхъхъæр кодтон:

– Æрлæуу, базыдтон дæ! Дженшенхъул! Ныр мын нал аирвæздзынæ! Æрлæуу!

Æцæгдæр, разынд Дженшенхъул. Иннæтæй фæиуварс æмæ мæнæрдæм фæзылд. Цавæрдæр зынг ферттывта талынджы, нынnæрыд. Бæхæй хаугæйæ, бамбæрстон, кæй мæ фехста хæцæнгарзæй. Фыццаг мæм афтæ фæкаст, цыма бæх йæхи цæуылдæр скъуырдта. Мæхи куы æрæмбæрстон, уæд мæ рыст æнкъарын райдыдтон, мæ астæу уыцы уæззау къуырма рыст кодта. Мæ сæрæй калд туг æмæ ихуазалæй лæдæрст мæ къæбутмæ. Мæ фарсмæ бæхæн йæ хыр-хыр цыд, йæ уд иста, фæлæ ма уæддæр слæууыныл архайдта. Йæ риуæй ма фæстаг улæфт сыхъуыст, стæй йæ сæр æрхауд зæххыл, æмæ амард. Æмæ мæ алыварс бæстæ ныссабыр, ныссабыр цард дæр. Зæххыл хуыссыдтæн æнæзмæлгæйæ, сыстыныл дæр нал фæлвæрдтон. Уæлдай мын нал уыд, алцæмæ дæр кастæн цыфæндыйы цæстæй. Мæ цард мæм ницыуал каст. Хъуыды кодтон мæ къух мæхимæ сисыныл дæр. Къардиу мæм æввахс куы уаид, уæд æм бабырин æмæ дзы мæхи аппарин. Нæ йæ ‘мбæрстон, цы цæсгомæй ма равдисдзынæн мæхи адæммæ, сæ цæстытæм ма сын куыд бакæсдзынæн. Æваст арвыл ауыдтон Æрфæны фæд. Фæлурс, фæлмхуыз Æрфæны фæд! Мæ зæрдыл æрбалæууыдысты Айшæйы рустыл згъоргæ лакъон цæстысыгтæ. Мæ уæрджытыл слæууыдтæн, стæй мæ къæхтыл, фæцудыдтон, ногай та æрхаудтæн, фыр мæстæй ныббогъ-богъ кодтон æмæ хъæрæй нылгъыстон:

– Хæсты азарæй басудз, Дженшенхъул! Чи фæмард, уыцы салдæтты тæригъæд дæ уæд! Сабиты тæригъæд дæ уæд, Дженшенхъул!

Цалынмæ æдых кæнын нæ райдыдтон, уæдмæ хъарæг кодтон. Дзæвгар фæхуыссыдтæн зæххыл. Уæдмæ айхъуыстон кæйдæр къæхты хъæр, фæдзырдта мæм:

– Толгонай! Кæм дæ, Толгонай? Цæф дæ?

Йæ хъæлæсæй базыдтон Бегташы æмæ йæм сдзырдтон. Уый мæм удаистæй æрбазгъордта, йæ уæрджытыл æрхауд, мæ сæрыл мын хæрдмæ схæцыд:

– Толгонай, цы кодтат? Нæмыгдзæф дæ?

– Нæ, мæхи ныццавтон, – сабыр æй кодтон. – Бæх амард нæмыгæй.

– Ма тæрс. Ныртæккæ дын баххуыс кæндзыстæм! – бацин кодта Бегташ. Æмæ ма загъта: – Бæхы дзидза нæ фесæфдзæн, хæдзæрттыл æй байуардзыстæм.

Лæппутæ мæ нæхимæ æрластой уæрдоныл. Æртæ боны мæ хуыссæнæй нæ сыстадтæн, мæ астæу мæ æрцахста. Ныр дæр ма, боныхъæд æвзæр куы вæййы, уæд мæ фæхъыгдары. Уыцы бонты мæм бæрæггæнæг бирæтæ фæцыдысты, ме 'нæниздзинадæй мæ фарстой. Бузныг сын, фæлæ сæ бынтон разыйæ баззадтæн, кæй мын ничи бауайдзæф кодта, мæ цæстмæ мын тауинаджы адавд кæй ничи бадардта – цыма ницы æрцыд, афтæ дардтой сæхи. Æвæццæгæн, адæм æмбæрстой, æнæуи дæр мын тынг зын кæй у. Куы йæ æрхъуыды кæнын, нæ фыдæбæттæ куыд фæдзæгъæлы сты, хуым æнæ тыдæй куыд баззад, æххормаг сывæллæтты дзыхæй кæй ратыдтон, уыцы мыггаг та цъаммар бандитты амæттаг кæй фæци, уæд мæ риу ахгæны, мæ цæстытæ атартæ вæййынц.

## 10

– О Толгонай, канд ды нæ, æз, зæхх дæр, æнкъардтон уыцы рис. Уыцы зæрæстон афтид хуым цæф хъæдгомау дудыдта мæ буарыл. Дзæвгар рæстæг дудыдта. Иууыл уæззаудæр æфхæрд зæхх баййафы, быдыртæ æгуыстæй куы баззайынц, уæд, Толгонай. Æмæ цас быдыртæ баззад æнæ куыстæй хæсты азарæй! Мæ цыфыддæр знаг у хæст расидæг.

– Рæстытæ дзурыс, ныййарæг зæхх. Ууыл нæ фыста мæ фырт Масылбег дæр? Хъуыды ма кæныс, ныййарæг зæхх, Масылбеджы фыстæг?

– Хъуыды кæнын, Толгонай.

– О, ныййарæг зæхх, мах æппæт дæр дарæм нæ зæрдыл. Абон нын мысæн бон у, иууылдæр сæ æрымысдзыстæм.

– Æрымысдзыстæм, Толгонай. Масылбег æрмæст дæ фырт нæ уыд, фæлæ мæ хъæбул дæр – зæххы хъæбул. Сфæлхат мын кæн ногæй йæ фыстæг, Толгонай.

## 11

Адæм мæм рынчынфæрсæг куы цыдысты, уæд æнхъæл уыдтæн, тæригъæд мын кæнынц æмæ уымæн ницы дзурынц, цы 'рцыд, уый фæдыл, фылдæр дзырдтой ног хабæрттыл, куысты фæдыл, боныхъæдыл;

фæлæ ма сын уыд иу аххосаг. Æз æй уый фæстæ базыдтон. Уыдон æй зыдтой, цы мæм æнхъæлмæ каст. Иурæстæг нæм Айшæ æрбацыд, чашкæйы мын æрбахаста æхсырысæртæ. Къæсæрыл æй куы ауыдтон, уæд, фыр æфсæрмæй мæхи цы фæкодтаин, уый нæ зыдтон. Нæ зыдтон, цы йын загътаин, æмæ мæ хуыссæны хъусæй бадтæн. Уый мын загъта:

– Толгонай, цы ‘рцыд, ууыл мауал хъуыды кæн. Мæ лæмæгъдзинад та мын ныббар. Æз дæм фыдзæрдæ нæ дарын. Куы бахъæуа, уæд дæу тыххæй мæ цард дæр нæ бавгъау кæндзынæн. Бегташ ныр нæ дыууæ хæдзары æххуысгæнæг у. Дæу мæнæй фылдæр уарзы, Толгонай. Æмæ мын æхсызгон у. Бæлвырд дзы æмбаргæ лæг рауайдзæн...

Æрмæст ма йын мæ бон баци зæгъын:

– Бузныг дæ ныхæстæй, Айшæ.

Дыккаг бон мын райсомæй фенцондæр, æмæ кæртмæ рахызтæн, хæдзары зылдтытæй, зæгъын, истытæ акæнон. Фæлæ уайтагъд афæлладтæн æмæ рудзынджы раз хурмæ мæхи æруагътон. Алиман дæр уыд хæдзары, гæрстæ æхсадта. Загътон ын, цæмæй куыстмæ ацæуа, фæлæ, дам мæ сæрдар йæхæдæг рарвыста, йæ фарсмæ, дам, у, цæмæй иунæг ма уа.

Уыцы уалдзæг Суванхъулы сагъд зæронд фæткъуы бæлас афтæ цæхæр дидинæг ракалдта, цыма ногæй йæ тыхы бацыд тала бæласау. Дыргъдæттæ та дидин куы фæкалынц, уæд уæлдæф вæййы сыгъдæг, фæзынынц æрвгæрæттæ дардмæ. Бадтæн, мæ алыварс цы рæсугъддзинад уыд, уымæй мæ мондæгтæ куыд истон, афтæ нæ постхæссæг Темырчал мæ уæлхъус алæууыд. Дæ бон хорз, Толгонай, куыд дæ, зæгъгæ мæ афæрстытæ кодта. Йæхæдæг цыдæр æнахуыр батагъд кодта, йæхи хуызæн мæм нæ фæкаст, – йæ хуыфæгæй хъаст кодта, ивгъуыд къуыри, дам, суазал дæн, бынтон удхарæй мæлын, стæй цыма цыдæр фæхъуыды кодта:

– Æнхъæлдæн, цавæрдæр фыстæг дæм ис, Толгонай.

Æмæ йæ систа хызынæй. Йæ уазал ахастмæ йын рамæсты дæн:

– Æмæ мын æй нырмæ куыннæ загътай? Кæмæй у?

– Цыма Масылбегæй у, – багуым-гуым кодта йæ фындзы бын.

Фыр цинæй не ‘рхъуыды кодтон, фыстæг æртæтигъон кæй нæ уыд, фæлæ урс хъæбæр къонверт, мыхуырон дамгъæтæй фыст. Уалынмæ нæм лæдзгуытимæ æрбацыд нæ сыхæгты зæронд хæстон лæг Бегтурсун. Афтæ мæм фæкаст, цыма йæ цæф къах ноджы февзæрдæр, тыххæй нæм æрбацыд. Искуы-иу хатт нæм æрбацæуы, абадæм, фæныхас кæнæм. Бегтурсун нын салам радта æмæ мын фыстæг мæ къухтæй айста. Масылбегæй, дам, у.

– Дæ къухтæ цæмæн зыр-зыр кæнынц? Ӕрбад, лæдзгуытыл дæ, бакæс-ма мын æй, – бахатыдтæн æм.

Тыххæйты æрбадт нымæтыл: йæ къах нæ тасыд. Ризгæйæ райхæлдта фыстæг æмæ райдыдта кæсын. Ехх, мæ хъæбул, фыццаг дзырдтæй дæр дæ бамбæрстон, цы зæгъынмæ мын хъавыдтæ.

«Ӕна, æмбарыс æй, – фыста уый, – рæстæг рацæудзæнис, æмæ сразы уыдзынæ, раст кæй бакодтон, ууыл. Ӕнæмæнгæй зæгъдзынæ, мæ фырт раст бакодта, зæгъгæ. Ӕмæ йæ кæд бамбарай, уæддæр дæ зæрдæйы рæбын баззайдзысты, сдзурын кæй нæ бафæрæзтай, уыцы дзырдтæ: «Дæ бон куыд баци, мæ фырт, ацы рухс дунейæ афтæ æнцонтæй ацæуын. Цæмæ дæ ныййардтон, цæмæ дæ фæхъомыл кодтон?» О, æна, ды мад дæ, æмæ дæ бон у, æмæ мæ бафæрсай, фæлæ дын дæ фæрстытæн дзуапп ратдзæн æрмæст истори. Абон дын æрмæст мæ бон у зæгъын уый, мах кæй нæ райдыдтам, мах фæнд кæй нæ уыд хæст райдайын; уый у мах, æппæт адæмы, стырдæр фыдбылыз. Ӕмæ мах нæ туг калæм, нæ цард нывонд кæнæм, цæмæй басæттæм, скуынæг кæнæм ацы цыфыддæр кæфхъуындары. Афтæ куынæ бакæнæм, уæд Адæймаджы ном хæссыны аккаг нæ уыдзыстæм. Никуы бæллыдтæн, цæмæй хъæбатырдзинад равдыстаин хæсты быдыры. Равзæрстон æппæты хуымæтæгдæр дæсныйад – фæндыд мæ ахуыргæнæг суæвын. Фæлæ мел æмæ амонæн къæцæлы бæсты мæ къухмæ райстон хæцæнгарз, æмæ мæ рауад салдат. Уый та мæхи аххос нæу. Ахæм рæстæг цæрын. Нæ мын бантыст сывæллæттæн иунæг урок дæр раттын. Сахаты фæстæ цæуын Райгуырæн бæстæйы раз мæ хæс æххæст кæнынмæ. Чи зоны мын нал бантыса удæгасæй раздæхын, цæуын, цæмæй ныббырсты тохы ме ’мбæлтты цард бахъахъхъæнон. Цæуын адæмы сæрибардзинады сæраппонд. Уый дын мæ фæстаг ныхæстæ, мæ фæстаг фыстæг. Ӕна! Мин хатты дын фæлхат кæндзынæн дæ ном, фæлæ уæддæр дæ разы баззайдзынæн стыр хæсджынæй. Ныххатыр мын кæн, æна, уæззау масты дæ кæй баппæрстон. Фæлæ мæ бамбар, æна, уый мын æнæрхъуыды ми нæу. Цард мæ йæхæдæг сахуыр кодта афтæ цæрын. Уый у мæ фыццаг æмæ мæ фæстаг урок сывæллæттæн... Ӕз цæуын барвæндонæй тохы быдырмæ. Сæрыстыр дæн, мæ адæмы раз иууыл цытджындæр хæс кæй æххæст кæнын. Ӕна, ма ку. Уадз, мачи кæуæд. Ацы уæззау рæстæг хъуамæ мачи кæуа. Ныххатыр мын кæн, мæхи æна, æмæ хæрзбон. Хæрзбон, мæ хæхтæ – Ала-Тоо. Куыд тынг уæ уарзтон! Дæ фырт – ахуыргæнæг, лейтенант Суванхъулты Масылбег. Фронт, 9 мартъи, 1943 аз, æхсæвы 12 сахаты».

Цыма фыны уыдтæн, афтæ ныууæззау мæ сæр, æмæ йыл хæрдмæ схæцыдтæн. Кæрты адæм къордтæй лæууыдысты æмырæй. Ничи куыдта. Масылбеджы фæдзæхст уыд, цæмæй мачи кæуа. Сылгоймæгтæ мыл схæцыдысты. Куы сыстадтæн, уæд дымгæ æрбадымдта, æмæ фæткъуыйы дидинсыфтæ мигъæтау зæхмæ калдысты. Уыдон сабыргай бадтысты нæ сæртыл. Нæ урс фæткъуыйы, нæ урс хæхты тигътæй дард цъæх дардта æгæрон, æнæбын арв. Мидзæрдæйы рыстæй мæ фæндыд æнæхъæн дунейыл ныхъхъæр кæнын. Фæлæ ныхъхъус дæн. Уымæн æмæ æххæст кодтон мæ фырты фæстаг фæндон, йæ фæдзæхст уыд, цæмæй ма кæуон. Нæ зонын, Алиман цы куыста. Ауыдтон æй, сындæггай мæм йæ къухтæ ивазгæ куыд æрбаввахс, мæ цæстытæм мын ныккаст, фæзылд, æмæ йæ цæсгом йæ къухтæй амбæрзта. Гъе афтæ та фæцух дæн мæ астæуккаг фыртæй дæр. Баззад ма мын мысынæн æрмæстдæр йæ худ.

## 12

– Мæнæн та, Толгонай, æрмæстдæр баззад йæ ном. Æз дæн йæ Райгуырæн бæстæ. Адæмы зæрдæты баззадысты йæ ныхæстæ, Толгонай. Йе ‘мзæххонтæ сты уыдон.

– Бæргæ раст у уый, ныййарæг зæхх. Нæ колхоз дæр йæ рухс ном хæссы. Масылбеджы фыстæг хъæусоветмæ сæрвыстой сæхи æртæтигъонимæ йæ æмполкъонтæ. Фыстой, кæй никуы ферох кæндзысты сæ хæстон æмбалы, уыдон сæрыстыр сты йе сгуыхтдзинæдтæй, Райгуырæн бæстæйæ рох нæ уыдзæн йæ рухс ном. Фыстой ма, Масылбег иу хæстон ныббырсты размæ кæй срæмыгъта знаджы хотыхты скълад, æмæ уыцы срæмыгъдæй ныппырх знаджы бирæ хæцæнгæрзтæ. Мæ сæрæй ныллæг кувын æппæт хæсты Хъæйтарты раз æмæ мæ фырт Масылбеджы раз, æнустæм сæ кад, сæ намысæй дæн сæрыстыр. Фæлæ мын никæцы æнусон кад баххæст кæндзæн йæ цардæгас ном. Ныййарджытæ а дунемæ цот рауадзынц цæрынæн, зæххон амондæн.

– Раст дæ, Толгонай. Никуы мæ ферох уыдзæн уыцы Уæлахизы уалдзæг, никуы мæ ферох уыдзæн уыцы уалдзыгон бон, сымах, адæм, салдæттыл фронтæй куы ‘мбæлдыстут, фæлæ абон дæр мæ бон зæгъын нæу, Толгонай, уыцы цау нын фылдæр маст хаста æви цин.

## 13

Уыцы бон нæм æрхауд колхозы гутонæй нæ цæхæрадон бахуым

кæныны рад. Хуым кæнын куыд фæуд кодтам, афтæ уынджы стынг змæлд, хъæр. Алиман ауад, ома цы хабар у, æмæ æваст фездæхт.

– Æна, рæвдз, дæхи ацæттæ кæн, – атагъд мæ кодта. – Адæм цæуынц салдæтты размæ.

Галтæ ифтыгъдæй хуымы баззадысты æд гутон. Æцæгдæр æнæхъæн хъæу – бæхджынтæ, фистæгæй цæуджытæ, гуыбыр лæгтæ æмæ устытæ, сывæллæттæ, цæфтæ сæ лæдзгуытимæ – се 'ппæт дæр кæдæмдæр тындзыдтой. Цæугæ-цæуын кæрæдзийы дзыхтæй истой, цавæрдæр фæндаггон, дам, загъта, салдæттæ фæстæмæ здæхын райдыдтой, зæгъгæ, станцæмæ, дам, дыууæ эшелоны æрцыд, æмæ дзы алы хъæуæй дæр ис лæппутæ – фæндагыл сты, баййафын сæ хъæуы. Æцæг хабар у æви мæнг, уымæй ничи никæй фарста. Адæмы фæндыд, цæмæй æцæгдæр афтæ уа, рагæй бæллылысты ацы бонмæ, æмæ йыл гуырысхо ничи кодта. Мах æрæмбырд стæм хъæуы кæронмæ, хæсты размæ бындур цы ног уынгæн æрцыд æвæрд, уырдæм. Барджытæ сæ бæхтæй нал æрхызтысты, фистæджытæ та ссыдысты къуылдыммæ, лæппутæ схызтысты æрдæгпырх систы сæртæм, иннæтæ та бæлæстæм сбырыдысты. Иутæ дзы, кæрæдзийæн бар нæ дæтгæйæ, дзырдтой, хорз фынтæ кæй уыдтой, иннæтæ та сæ армыдзаг лыстæг дуртæ амбырд кодтой æмæ сыл тæрхæттæ кодтой. Æмæ алы фæзилæны дæр – фынты дæр, дæсны фæрсыны, разæнкъарæнты – адæм уыдтой хорз, бæллиццаг ивддзинæдтæ. Ныр мысын æмæ хъуыды кæнын, дунейы адæмтæ алы ран дæр афтæ куы уарзтаиккой сæ хъæбулты, æфсымæрты, цардæмбæлтты, фыдæлты, мах сæ куыд уарзтам æмæ сæм куыд æнхъæлмæ кастыстæм, уæд, чи зоны, хæст дæр нæ уыдаид.

Адæм-иу куы ныссабыр сты, уæд-иу сæ сæртæ æруагътой, æмæ-иу алчи дæр аныгъуылд йæ хъуыдыты. Алчи дæр сæ æнхъæлмæ каст хъысмæты тæрхонмæ. Алчи дæр йæхи фарста: цымæ, чи æрыздæхт? Чи банхъæлмæ каст йæ хæстоны ссыдмæ, чи та нæ? Уымæй аразгæ уыд нæ дарддæры хъысмæт, нæ цард. Уæдмæ бæласы сæрæй чидæр куы æрхъæр кæнид: «Æрбацæуынц!» Иууылдæр фегуыппæг сты, фæндыры тæнтау сæхи айвæзтой æмæ та æмхуызонæй æмырæй сдзырдтой: «Æрбацæуынц!» Æмæ та хъусæй æнхъæлмæ кастысты. Бæстæ басабыр. Фæлæ та æрчъицæгау кодтой, дзолгъо-молгъо систой: «Кæм? Кæм æрбацæуынц? Кæм?» Æмæ та ныхъхъус сты. Разæй сæйраг фæндагыл æрбазынд бричкæ. Уый тагъд тылди фæндагыл, дзыхълæуд фæкодта, нæ хъæумæ кæм

фæзилай, уым, æмæ бричкæйæ рагæпп кодта салдат. Йæ цинел райста, йæ рифтаг, хæрзбон загъта ласæгæн æмæ махæрдæм рараст. Адæмæй иу ныхас никæмæй сирвæзт, алчи дæр æнæдзургæйæ æмæ цымыдисæй каст, салдат иунæгæй йæ цинел æмæ рифтагимæ, йе уæхскыл сæ баппаргæйæ, кæуыл цыд, уыцы фæндагмæ. Æввахсдæр нæм кодта, фæлæ махæй иу дæр йæ бынатæй нæ фезмæлыд. Дызæрдыгдзинад нæ баргъæвсын кодта. Алчи дæр нæ æнхъæлмæ каст цавæрдæр диссагмæ. Нæ цæстытыл не 'ууæндыдыстæм, уымæн æмæ æнхъæлмæ кастыстæм иу нæ, фæлæ бирæ салдæттæм. Салдат æввахсæй-æввахсдæр кодта, стæй, гуызавæгæнгæ, фæуыргъуыйау æмæ æрлæууыд, хъæугæрон уыцы æппæт адæмы куы ауыдта, уæд. Æвæццæгæн, ахъуыды кодта, чи сты ацы æппæт адæм, цæуылнæ исты дзурынц, сагъдауæй цы лæууынц? Кæд искæмæ æнхъæлмæ кæсынц? Салдат иу-дыууæ хатты фæстæмæ акæстытæ кодта, фæлæ йæхи йеддæмæ фæндагыл ничи уыд. Ногæй махæрдæм æрбакъахдзæф кодта, æрлæууыд æмæ та фæстæмæ акаст. Разæй цы бæгъæввад гыццыл чызг лæууыд, уый æнæнхъæлæджы ныхъхъæр кодта:

– Ме 'фсымæр! Ашоралы! Ашоралы! – йæ кæлмæрзæн йæ сæрæй фелвæста æмæ йæм алыгъд. Хуыцау йæ зонæг, куыд æй базыдта, фæлæ нæ йæ хъæр нæмыгæхстау уыцы æргъæвстæй фервæзын кодта. Йæ фæдыл азгъордтой иннæ чызджытæ æмæ лæппутæ дæр.

– Уый æцæгæйдæр Ашоралы у! Уый у! – схор-хор кодтам иууылдæр, æмæ зæрондæй, æрыгонæй атындзыдтам салдаты размæ. Цыдæр уæларвон тых нæ хаста йæ базыртыл. Салдаты размæ цингæнгæ куы згъордтам, уæд немæ хастам нæ тухитæй цард, нæ фыдæбон, æнæхуыссæг æхсæвтæ, нæ урсхил дзыккутæ, нæ абадгæ чызджыты, нæ идæдзты æмæ сидзæрты; уæлахиздзау салдатæн хастам нæ цæссыгтæ æмæ хъæрзын, нæ лæгдзинад. Æмæ йæ æваст куы фембæрста, йæ размæ кæй рацыдысты, уæд йæхæдæг дæр нæ размæ ратындзыдта. Размæ куы згъордтам, уæд мæм афтæ фæкаст, цыма мæ фæрсты гуыргуыргæнгæ тæхы эшелон: мæ цæсгом мын дымгæ хойы, æмæ хъусын хъæр: «Æна-а! Алима-ан!», æмæ мæ хъусты зæлы цæлхыты гуыппгуыпп. Бæхджынтæ раздæр бахæццæ сты салдаты размæ, тæхгæтæхын ын йæ цинел æмæ голлаг фелвæстой, йæхи та йын дыууæрдыгæй сæ къухтыл систой. О Уæлахиз! Афтæ бирæ рæстæг кæмæ æнхъæлмæ кастыстæм. Æгас цу, Уæлахиз! Æгас цу! Ныххатыр нын кæн нæ цæссыгтæ. Ныххатыр кæн мæ чындз Алиманæн, Ашоралыйы риуыл

йæ сæр чи хоста: «Кæм ис? Кæм ис мæ Хъасым?» Уæлахиз, ныххатыр кæн не ‘ппæтæн дæр. Дæ сæраппонд цал æмæ цал адæймаджы снывонд кодтой сæ цард. Ныххатыр нын кæн нæ хъарджытæ: «Кæм сты иннæтæ? Кæм ис махон? Кæм сты се ‘ппæт? Кæд æрыздæхдзысты?» Ныббар, салдат! Аширалы нæ алкæмæн дæр дзырдта: «Мæ уарзон адæм, зындзысты, æнæмæнг иууылдæр зындзысты. Тагъд, райсом зындзысты…» Ныххатыр нын кæн, Уæлахиз, ныххатыр! Аширалыйæн хъæбыстæ æмæ батæгæнгæ уыцы уысм хъуыды кодтон Джайнахъыл, Масылбегыл, Хъасымыл, Суванхъулыл: уыдонæй ничиуал æрыздæхт. Уæлахиз, ныххатыр мын кæн...

Фæстæмæ цыдыстæм хъусæй, Алиман ма-иу уæддæр хаттæй-хатт схæкъуырцц кодта, уæззау-иу ныуулæфыд, цыма йын уæлдæф нæ фаг кодта. Хъуынтъызæй каст йæ къæхты бынмæ сæркъулæй, хъуыдытæгæнгæ. Æз æй æмбæрстон: æрхæндæг сагъæстæ та йæ сæ уæлныхты систой. О, Алиман тынг хъизæмар кодта. Уый ирдæй бæрæг уыд йæ цæсгомыл, йе ‘нтъыснæг цæстæнгасыл. Зыдтон æй, цæуыл уыд йæ сагъæс æмæ йын мæхинымæр дзырдтон: «Мæ чындз, ныр æцæг æрцыд нæ фæхицæны рæстæг. Ныр æцæгæйдæр баныгæдтай Хъасымы. Уæдæ нын цы кæнгæ у? Амæлæджы фæстæ нæхи куыд амарæм, æмæ цæрæнбонтæм дæр идæдзæй куыд баддзынæ? Æрцыд кæрон. Ныууадздзынæ мæ. Æндæр мадзал нæй – ацæудзынæ, кæй зæгъын æй хъæуы. Цæй, нæ дæм фæхæрам уыдзынæн. Дæхи фæндон нæу, дæ монцы фæдыл нæ цæуыс. Дæ хъысмæт афтæ рауад. Ехх, хъысмæт, хъысмæт... Куы йæ зонис, Алиман, куыд зын мын у дæуæй фæхицæн. Мад æмæ чызджы цард фæкодтам. Куы цæуай, уæд дæ арфæтимæ афæндараст кæндзынæн мæхи чызгау, дарддæр дын дæ амондæн кувдзынæн. Нырма æрыгон æмæ рæсугъд дæ, дæу цæрын хъæуы дарддæр, – исчи фæзындзæн. Сæйрагдæр, хорз адæймагыл-иу амбæл. Хъасымы хуызæн дын уарзон уыдзæн, уый чи цæмæй зоны? Æмæ дын мæ бон ницæмæй у баххуыс кæнын. Æрмæст мæм иу курдиат ис: куы ацæуай, уæд-иу мæ искуы-иу хатт æрымыс. Ничиуал мын ис ныр дæу йеддæмæ. Хæдзары баззадтæн иунæгæй, а дунейыл мын ничиуал ис. Æмæ мæ зæры бон катайаг фæдæн: нæ дын бантыст хъæбулы хъæбул мын ныййарын. Чи зоны, дæуæн уый хорзæрдæм фæцис. Мæныл ма хъуыды кæн. Де ‘взонгад мæ зæронды тыххæй цæмæн хъуамæ бын кæнай? Æз мæ цардыл цыд фæдæн. Дæу та цæрын хъæуы. Куы сфæнд кæнай

ацæуын, уæд мын зæгъдзынæ, кæцыфæнды бон дæр дæ бон у. Ацæудзынæ сыгъдæг цæсгомæй. Æдзух уыдзынæ мæ зæрдыл уарзонæй æмæ арфæгондæй...»

Афтæ хъуыдытæгæнгæ цыдтæн, мæхи цæттæ кодтон ацы ныхæстæ зæгъынмæ. Алиман, æнхъæлдæн, æнкъардта, цæуыл хъуыдытæ кодтон, уый. Адæм уарзонæй куы фæцæрынц, уæд æрдæгныхасæй дæр фембарынц кæрæдзийы. Фæлæ Алиман уæддæр, цæмæ æнхъæлмæ кастæн, ахæмæй ницы загъта. Цыдыстæм дзæгъæл уынджы иувæрсты. Мæ фыдбылызæн, Хъасым æмæ Алиман хæдзар кæм арæзтой, уыцырдæм фæкастæн: фондз азы размæ йæ кæрты рæдзæгъдтæй куыд лæууыдысты дуртæ, агуыридуртæ, афтæ сидзæртау æнхъæлмæ кæсынц…

Хæст куы райдыдта, уæдæй нырмæ уыцы уынг бынтон бамынæг. Сæрд-иу хæдзæрттæ кæрдæджы бын фесты. Къултæ рыджы бын фесты, ныккалдысты, хæдзæртты мидæг дæр зайын райдыдта сындз кæрдæг æмæ гом рудзгуытæй æддæмæ дзынæзта. Æрæгвæззæгмæ мaиу дзы хызтысты æрмæстдæр родтæ, æмæ дзы æнкъард уаст кодтой уыгтæ. Ацы къоппаджын мæргътæ уарзынц зауурат уæлмæрдтæ. Ныр дæр, цыма ингæнтыл бадынц, афтæ кæлæддзаг цæрæнуæттыл хъарм, рæвдаугæ хъæлæсæй кæрæдзимæ уасынц. «О Хуыцау!» – ныддис кодтон хъæуы зауратыл.

– Кæм сты, цæрын кæй фæндыд, йæ хæдзарæй фæздæг кæмæн хъуамæ скалдаид, уыцы адæм? Мæ мæгуыр Хъасымæн дæр нæ бантыст йæ хæдзар саразын! – мæ зæрдæ æрбауынгæг æмæ срыст. Алиман мын хæцыд мæ къухыл, тæригъæдгæнæджы худт мæм бакодта.

– Æна, дæ сæр цы ‘руагътай? Æви цардыл æппындæр нал æуyæндыс? Нæ хъæуы, æна. Æмбарын æй, зын дын у. Фæлæ мын ды дæ тыхджын. Ды мæнæн дæ... – цыдæр зæгъын æй фæндыд, фæкъуыхцы, æвæццæгæн, дывæнд кодта æмæ азымджын худт бакодта. – Мæ дзæбæх æна. Цæй, æрбадæм æмæ аныхæстæ кæнæм.

«Æвæццæгæн мын ныр зæгъдзæн, кæй ацæудзæнис», – хъуыды кодтон мæхинымæр. Нæ тæригъæддзинад мыл тæвд уылæнау æрбагуылф кодта, æмæ йын ризгæ хъæлæсæй загътон:

– Хорз, æрбадæм, аныхас кæнæм.

Фæндаджы кæрон къуылдымыл æрбадтыстæм дыууæйæ – æфсин æмæ чындз, цæмæй бауынаффæ кæнæм, дарддæр нын куыд цæргæ у. Алиман йæ цæстытæ æруагъта, ныуулæфыд æмæ загъта:

– Æна, ацы æлгъыстаджы хæст фæцис. Æмæ, æвæццæгæн, хъуыды кæныс, дарддæр нын куыд цæргæ у. – Ныхъхъус, æз дæр ницы дзырдтон. Алиман йæ цæстытыл схæцыд, лæмбынæг мын комкоммæ мæ цæсгоммæ ныккаст: – Ма æнкъард кæн, æна, – æрхæндæг худт бакодта. – Афтæ æнхъæл дæ, амондæй нæм ницыуал хауы иучысыл дæр. Нæ мæ уырны, æмæ цыппар адæймагæй иу дæр ма æрыздæха. Нæ, фæлæуу, æна, байхъус мæм. Раст дын куы зæгъон, уæд дын зæрдæтæ не 'вæрин, стæй мæхи дæр нæ саин. Бауæнд мыл, æна, мæ зæрдæ мæм дзуры: Джайнахъ æрыздæхдзæн. Æбæрæгæй фесæфт – уый нысан кæны, удæгас кæй у. Мардæй йæ ничи федта. Чи зоны, уацары бахаудта кæнæ партизантимæ хъæды æмбæхст уыд æмæ æнæнхъæлæджы нæр фæзындзæн. Кæнæ та кæмдæр уæззау цæфтимæ ис, æмæ йæ бон нæу фехъусын кæнын. Алцы дæр вæййы царды. Фендзынæ, æна, арвæй дур æрхауæгау нæм куыд æрыздæхдзæнис… Цæй, анхъæлмæ кæсæм, æна, рагацау æй ма ныгæнæм. Дæхædæг æй куы фехъуыстай, ахæм хабæрттæ дæр-иу уыд, æмæ удæгас разындысты, канд æбæрæгæй чи фесæфт, уыдон нæ, фæлæ ма йæ сау гæххæтт кæмæн райстой, ахæмтæ дæр. Сыхаг хъæуы æмæ ма æндæр ран дæр баныгæдтой казахты, куыдтой сыл, хистытæ сын скодтой, æмæ та-иу уæд æгас разындысты æмæ æрыздæхтысты сæ хæдзæрттæм. Мæн та уырны, зонын æй: нæхи Джайнахъ у цардæгас, тагъд нæм зындзæн. Хъуамæ афтæ ма уа, æмæ цыппар хæстонæй иу дæр ма ссара йæ хæдзар. Багæдзæ кæнæм, æна, бирæ рæстæг æнхъæлмæ фæкастыстæм, бабыхсæм ма ноджыдæр. Мæныл ма тыхс, кæд дын раздæр чындзы бинаты уыдтæн, уæд ныр та уыдзынæн дæ фырт – дæ фыртты бæсты…

Алиман дзырд фæцис, æмæ ма бирæ бадтыстæм æнæдзургæйæ. Уыдис майы мæйы æмбис. Дард кæмдæр æврæгътыл æмбырд кодтой сау мигътæ, цыма фæздæджы зылдысты… Нæрыд арв. Хъавыд уарынмæ. Дард кæмдæр цыд тæрккъæвда. Уарыны æвзист æндæхтæ æрттывтой хурмæ. Æз æдзынæгæй кастæн уыцырдæм. Къæвдайы сатæг мæ тæвд цæсгомыл æмбæлд. Ницы дзырдтон Алиманæн.

Уардзæнис къæвдатæ, хуымтæ дæр уыдзысты, адæмтæ дæр цæрдзысты, æмæ æз дæр цæрдзынæн семæ. Мæ сæрмæ ахæм хъуыды не 'рцыд, æмæ мын Алиман тæригъæд кæй кодта, йæ хорз зæрдæйæ мын кæй фæкодта уыцы ныхæстæ, иунæгæй мæ кæй нæ ныууадздзæн. Нæ, мæ цин æндæр цæуылдæр уыд. Чи загъта, æмæ хæст адæмы хъæбæрзæрдæ кæны, зыд, къуырма æмæ цъаммар? Нæ, хæст, ды

дыууиссæдз азы дæр дæ къæхты бын ссæнддзынæ адæмы, мардзынæ, пырх кæндзынæ, судздзынæ, уæддæр адæймаджы не ‘ртасын кæндзынæ, нæ йæ басæтдзынæ.

Мæ Алиман та уыд æцæг адæймаг! Цы йын лæвæрдта уыйбæрц тых, æууæнк, æмæ Джайнахъ, тар æхсæвы знаджы фæсчъылдым парашютæй чи æргæпп кодта æмæ æбæрæгæй чи фесæфт, æнæмæнг удæгас у æмæ æнæмæнг æрыздæхдзæн? Цæй тыххæй æвæрдта йæхицæн ныфсытæ, дуне афтæ мæнгард кæй нæу, махмæ куыд кæсы? Æмæ мæ бон нæ баци уыцы ныфс ын асæттын – фенхъæлцау æй кодтаин йæ фидæны бæллицтæй, мæхæдæг дæр ма йыл æууæндын райдыдтон. Æмæ цы, уæд та ма Джайнахъ æцæгæйдæр æгас у? Иу рæсугъд бон нæм куы фæзына, уæд нæм диссаг дæр нал фæкæсдзæн. Сывæллонау мæ бауырныдта. Куыд тынг мæ фæндыд. Мæ сæнтты бæллыдтæн уыцы бонмæ, Алиман цалынмæ не сдзырдта. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, нæ цæхæрадон æнæ хуымæй кæй баззад.

– Æна, æнæ хуымгондæй баззадыстæм. Цæуæм рæвдздæр! Зæхх ныххус уыдзæн, – æмæ мæ фæтагъд кодта.

Æрлыгъдыстæм хуыммæ. Галтæ, гутон сæ фæдыл ласгæ, цæхæрадоны кæрон хызтысты кæрдæгыл. Алиман сæ фæстæмæ æрбатардта, ногæй гутон ауæдзыл сæвæрдтам æмæ та бавнæлдтам хуым кæнынмæ. Диссаг, адæймаджы куыд чысыл хъæуы! Хаттæй-хатт иу лæгъз ныхас дæр фаг у, цæмæй мæрдтæй раздæхай. Афтæ рауад Алиманы хабар дæр. Æви мæнмæ афтæ фæкаст? Ногæй та фестад раздæры, хæсты размæйы Алиман. Йæ цæсгом срайдзаст, йæ алы ныхас, йе схудт æмæ фезмæлд уыдысты иууылдæр кæддæрау. Йæ цыбыр куырæт ауæдзыл баппæрста, йæ дыстæ бафæлдæхта, йæ кæлмæрзæн къæбутыл абаста æмæ цырд атардта галты.

– Гъей, урссæр, цоб-цобе! Гъей, цыбыркъуди, цоб-цобе! – ехсæй цъыччытæгæнгæ сыл хъæртæ кодта æмæ сæ размæ тардта.

Алиманы фæндыд, цæмæй уыдаин хъæлдзæг, цæмæй кусын райдыдтаин, цардаин. Уыцы мысæн бон йæхи дæр уымæн афтæ дардта. Фæзылд-иу мæм æмæ мын-иу худгæйæ дзырдта:

– Æна, сабыргай схæц пыхсытыл – дур дыл ма суайæд. Дæхиуыл ауæрд!

Дыууæ-æртæ зылды ма нæ куыд хъуыд, афтæ къæвда дæр уарын райдыдта. Уый уыд нæргæ, фæлмæн тæрккъæвда. Йæ фыццаг æртæхтæ æр-

хаудысты галты фæсонтыл, стæй кафгæ æркалдта, цыма йæ армытъæпæнтæй æмдзæгъд кодта, – æваст æгас аил схъомпал. Кæрчытæ дæр сæ цъиутимæ сæ базыртæ ныхъхъил кодтой æмæ хъуыдатгæнгæ лыгъдысты ауyонмæ. Сылгоймæгтæ бæттæнтæй сæ гæрстæ амбырд кодтой æмæ лидзæг фесты хæдзæрттæм. Уынгтæ байдзаг сты сабитæ æмæ куыйтæй. Къæвдайы бынмæ кæрæдзийы расур-басур систой æмæ зарыдысты:

– Къæвда, къæвда, фæлæуу, махæн нæ фæндаг у иумæ…

– Ныххуылыдз уыдзыстæм! Искуы уал бамбæхсæм! – загътон Алиманæн. Уый йæ сæр батылдта:

– Ницы кæны, æна! Ницы нын уыдзæн!

Æмæ, гыццыл чызгау къæвдайы уарынмæ худгæйæ, галты тынгдæр размæ скъæрдта. Йæ хъæлдзæгдзинадæй æз дæр бахъæлдзæг дæн. Цин ыл кодтон, мæхинымæр хъуыды кодтон: «Мæ зынаргъ, мæ рухс къæвдаджын чызг! Куыд амондджын уыдаис! Ехх, цард, цард…» Ныр æй, кæй загъын æй хъæуы, æмбарын, мæн тыххæй йæхи афтæ кæй дардта. Тынг æй фæндыд, цæмæй мæ ферох уыдаид хæст, мæ маст, цæмæй зæрдæрайгæ кастаин цардмæ. Алиман йæ цæсгом æмæ къухтæ дардта къæвдайы æртæхтæм æмæ мын дзырдта:

– Кæс-ма, æна, къæвдамæ! Кæс-ма, куыд сыгъдæг у къæвда! Аз уыдзæн тыллæгджын! Къæвда, уар, æнæвгъауæй уар!

Æмæ-иу ехсæй æрцавта къæвдайы лæсæнты æмæ æрттивгæ галты донласт фæсонтæ. Худт æмæ, æвæццæгæн, нæ зыдта, къæвдамæ куыд рæсугъд фидыдта хуылыдз къабайы йæ нарæг астæу. Сырхуадул, риувидауц, хъаруджын, йæ цæстытæ æрттывтой амондæй дзагæй. Æртæ хатты æлгъыст фæуай, хæст.

Къæвда куы фенцад, уæд Алиман дæр ныхъхъус. Æнкъардæй каст йæ фæстæ, хъуыста ма йын цæугæдоны фаллаг фарсмæ йæ уынæрмæ. Чи зоны, хъуыды кодта, ома къæвда дæр æнусон кæй нæу, тагъд кæй фæвæййы. Арф ныуулæфыд. Хъасымы, мыййаг, кæд æрбаймысыд, мæнæрдæм æрбакаст æмæ та бахудт.

– Раст къæвдайы фæстæ айтаудзыстæм нæ нартхор, – загъта Алиман æмæ хæдзармæ азгъордта. Удæст нартхор рахаста. Йæ армыдзаг фелвæста нæрст нартхоры нæмгуытæ. – Æна, – дзуры мæм, – цалынмæ Джайнахъ цæуа, уæдмæ сцæттæ уыдзысты ног хъуыдыдытæ, – æмæ хуымы ныппæрста фыццаг тауинаг. Никуы мæ ферох уыдзæнис уыцы бон. Къæвдайы сыгъдæг æртæхты фæстæ ноггуырд сабиау мигъты ‘хсæнæй

ракаст хур. Чындз саумæр хуылыдз хуымгæнды цыд гомкъахæй æмæ алы къахдзæфæн дæр æппæрста нæмгуытæ. Уый тыдта æрмæст хоры гагатæ нæ, фæлæ ног ныфсы, фарны, æууæнчы нæмгуытæ.

– Кæсдзынæ, æна, мæ ныхæстæ æрцæудзысты. Джайнахъæн мæхæдæг урс фæнычы сфыцдзынæн ног æхсырджын хъуыдыдытæ цæхæры. Хъуыды ма кæныс, куыд-иу хыл кодтам нартхæрттыл. Иухатт та тæвд фæныкæй хъуыдыды фелвæста, йæ роны йæ атъыста æмæ мæнæй алыгъд. Тæвд хъуыдыды йын йæ гуыбын куы басыгъта, уæд ыл цыма исты фæхæцыд, уыйау зилдух кæнын райдыдта. Æнæхъæн бедра дон йæ риуыл рауагъта. Æз ыл истæмæй йын баххуыс кæныны бæсты худæгæй бакъæцæл дæн æмæ йæм дзырдтон: «Афтæ дын хъуыд! Афтæ дын хъуыд!» Æна, дæ зæрдыл ма лæууы? – худгæйæ мысыд ацы хабар. Æмæ йын уый тыххæй бузныг...

## 14

– О, Толгонай, тынг бирæ рæстæг фенхъæлмæ кастыстут Джайнахъмæ.

– Ныййарæг зæхх, дзæвгар рæстæг. Нартхоры хуымтæ иу, дыууæ, æртæ хатты дæр систам, фæлæ Джайнахъ зынæг нæ уыд. Æмæ дзы бæрæг хабар дæр ницы хъуыст. Хъуыды йæ кæныс, цæссыгкалгæ дæм цал хатты æрбацыдтæн, мæ мæстытæ-иу дын кодтон...

– О, Толгонай, бирæ хæттыты мæм æрбацыдтæ. Кæугæйæ мæ фарстай, куыд бакæнай, де ʻрыгон идæдз чындзæн йе ʻвзонгады тæригъæды ма бацæуай… Фæлæ дын, Толгонай, мæ бон ницæмæй уыд баххуыс кæнын. Ныр дæр цал азы рацыд, фæлæ дын уæддæр мæ бон ницы дзуапп раттын у.

## 15

Цард ивта, колхозтæ дæр фæрæвдз сты, цæрын фенцондæр, æмæ хæсты фæстиуджытæ сабыргай мынæг кæнын райдыдтой, йæ фæдтæ адæмы зæрдæтæй цæуын райдыдтой. Мах Алиманимæ дарддæр куыстам колхозы. Куыддæр æрыгæттæ фронтæй æрыздæхтысты, афтæ сæм бригадиры хæстæ радтон.

– Æртæ азы фæкуыстон æнæ сымах, бирæ тухитæ бавзæрстон, ныр уæхæдæг ам стут, уæхимæ райсут куыст, – загътон лæппутæн. – Мæн та суæгъд кæнут, базæронд дæн ацы азты, афтæ уын æххуыс кæндзынæн.

Уæды фæсивæд мæм ныр дæр «Бригадир-апа» фæдзурынц, аргъ мын кæнынц... Цард кæд йæ гаччы бадын райдыдта, уæддæр æз æмæ Алиман æнцойад нæ ардтам. Ничи йæ æмбæрста, фæлæ зæрдæ мидæгæй хъизæмар кодта, æдзух нæм уыд уыцы иу хъуыды. Афтæ нæм каст, не 'хсæн æргом ныхас куы рауайа, уæд нын фенцондæр уыдзæн: ома алчи дæр нæ йæхи фæндагыл ацæуæд, алчи дæр нæ йæ цард саразæд, зæгъгæ. О, уый хуымæтæг хъуыддаг уыдаид, Алиман куынæ уыдаид мæ чындз; йæ бынаты æндæр сылгоймаг куы уыдаид, æмæ афтæ хæларæй куынæ цардаиккам уал азы дæргъы, уæд ын комкоммæ бæргæ загътаин, ома… цалынмæ нæ байрæджы, уæдмæ дæхицæн цардæмбал ссар æмæ ацу. Фæлæ Алиманæн мæ бон афтæ зæгъын нæ уыд. Куыдфæнды фæлмæн ныхас ма кæн, цавæрфæнды дзырдтæ ма 'взар, уæддæр сæ хъуыды у иу – гуымиры, фыдных хъуыды. Йæ фæндоны ныхмæ рацæуын мæ бон нæ уыд, æвæндонæй йæ мæ бон арвитын нæ уыд. Иухатт йæ хæстæджытæ Каиндæй сæ фæндаг махыл ракодтой. Цæмæй сæ разы азымы ма уон, уый тыххæй сын ской кодтон, зæгъын, Алиман сæрибар у, æмæ йын бар дæттын йæ амонд ссарынæн. Фæлæ сын Алиман цæхгæр «нæ» куы загъта, уæд мæм уыцы адæмы раз худинаг æркаст. Бар дæр сын нæ радта уыцы фарстайыл дзурынæн. Мæхиуыл, дам, сæр ис, ацæуон æви ам лæууон, уый мæхи хъуыддаг у, нæ цард, дам нын ма змæнтут. Уый фæстæ фæсмон кодтон, кæй фæтагъд кодтон, ууыл. Мæ цæстæнгас æмбæхстон Алиманæй. Фæлæ мæ зондджын чызг алцы дæр бамбæрста, иу ныхас дæр мæм не скодта, цыма æппындæр ницы 'рцыд, йæхи афтæ дардта. Гъе афтæ цардыстæм, кæрæдзийæн тæригъæд кодтам, Джайнахъы æрыздæхынæй нæхицæн мæнг ныфсытæ æвæрдтам; стæй уыцы ныфсытæ дæр байсыстысты, рæстæг цыд, æмæ стæй та æгæр байрæджы...

Куыд рауад, мæхæдæг дæр æй нæ зонын. Нæ хъæу фостæрæн бынатмæ хæстæг уыд. Рагæй нырмæ тæрынц ам сæ фос уалдзæг хæхтæм, фæззæг – хæхтæй быдырмæ. Афтæ-иу уыд, æмæ-иу нæм фосдарджытæ цалдæргай бонты бафæстиат сты уазæгуаты. Сæхæдæг дæр-иу сæ фæллад суагътой æмæ фосы дзуг дæр. Фæззæджы, 1946 азы, сыхаг хъæуæй иу æрыгон фыййау тардта нæ рæзты йæ фосы дзуг. Бæрæг ыл уыд, раздæры салдат кæй уыд, йæ уæлæ – фæныкхуыз цинел, хорз арæхст бæхыл бадынмæ, йе уæхскыл дардта хæцæнгарз, йæ кæрц – саргъыл æппæрст. Арæх-иу хъæуы уынгты йæ бæхы сæппæй ауагъта. Тæхы æмæ тæхы, бирæ адæм нæ цæуы фæндæгтыл, кæй хъыгдары. Æз æй зонгæ дæр нæ кодтон.

Фыййау разынд арæхстджын бæхылбадæг. Уыцы фæззæг чындзæхсæвтæ кодтой хъæуы. Чидæр йæ фырты чындзæхсæвы уагъта бæхты дугъ. Мах дæр Алиманимæ нæхи цæттæ кодтам чындзæхсæвмæ ацæуынмæ. Нæхи куыд рæвдз кодтам, афтæ дын уынгæй æрбайхъуыст бæхы къæхты хъæр, æмæ цыма нæ дуармæ цыдæр æрхауд… Æз рауадтæн, чи у, зæгъгæ. Уый разынд уыцы фыййау. Бæх йæ быны сонтæй кафыд, уый та йæ дæндæгтæй хæцыд ехсыл, йæ гимнастеркæйы дыстæ фæлдæхтæй – тынг рæсугъд фидыдта саргъыл. Кæсын, æмæ нæ дуары бахизæны – сæгъы мард. Уæлахиздзауæн бар уыд, кæй дуармæ йæ бафæнда, уый раз æй æрæппарын. Уый æмбæрстон, фæлæ цæмæндæр фæуыргъуыйау дæн æмæ йын цы загътаин, уымæ нал арæхстæн.

– Лæппу, цы хабар у? – схауд мæ дзыхæй.

– Хæдзары чи ис?

– Дæу чи хъæуы? – афарстон æй.

Уый цыдæртæ схъуыр-хъуыр кодта, кусарт мын æрхауд, зæгъгæ, стæй йæ зæххæй фелвæста æмæ уынджы уæлæмæ атахт. Уæдмæ йæ иннæтæ дæр æрбаййæфтой. Федтой йæ, сæгъ уымæ кæй ис, æмæ йæ фæдыл ныййарц сты.

Уый фæстæ йыл мæ цæст никуыуал æрхæцыд. Уæд мæм хардзау æркаст. Кæд сæгъ хæдзармæ æрбахастай, уæд æй хъуамæ хæдзары хицауæн ныууадзай – ахæм æгъдау уыд. Чи зоны, æцæгдæр ын æнæнхъæлæджы æрхаудта? Фæлæ уæд сæгъ цæуылнæ уыд уынджы, фæлæ кæртмæ бахизæны цæмæн уыд? Цымæ, цы нысан кодта?

Алиман хæдзарæй куы рахызт, æрмæст уæд фембæрстон, хабар цæй мидæг ис… Йе уæхсчытыл æппæрст уыд хъулон кæлмæрзæн, йæ уæлæ – цыллæ къаба. Тагъд-тагъд мæм æрбакаст, йæ сæр æруагъта æмæ фефсæрмы.

– Æна, цом, – сабыргай мæм сдзырдта.

Æнæ зæгъгæйæ дæр бæрæг уыд, фыййау ам цы агуырдта, уый. Мæ зæрдыл æрлæууыд, цалдæр изæры Алиман дон æрбахæссынмæ, нæ разы цы арыхъхъ ис, уырдæм нæ, фæлæ цæугæдонмæ кæй цæуы æмæ æрæгмæ кæй æрбаздæхы. Тынг зын мын уыд. Уый тыххæй нæ, мæ зæрдæ йæм æхсайдта; чи зоны, афтæ дæр уыд, фæлæ хабар æндæр цæйдæр мидæг уыд. Мæхæдæг куы куырдтон Хуыцауæй, цæмæй мын цæрæнбонтæм идæдзæй ма баззайа, цæмæй йæхицæн тагъддæр цардæмбал ссара, амондджын куыд уа, фæлæ æваст цавæрдæр тас

ме уæнгты бацыд. Сагъæсты аныгъуылдтæн, цыма мæ чындзы нæ, фæлæ мæ чызджы лæвæрдтон чындзы. Тарстæн ын фæрæдийынæй, куыд цæрдзæн йæ ног хæдзары, цавæр бинонтæм бахаудзæн, цавæр цардæмбал æй фæуыдзæн. Чындзæхсæвы æмæ фæстæмæ здæхгæйæ дæр мæ сæрæй нæ хицæн кодтой ацы хъуыдытæ.

«Алиман, хорз æй базыдтай? Цавæр адæймаг у? Ма фæтагъд кæн, мæ чызг, ма фæрæди. Хорз уал æй базон», – мæхинымæр æй фæдзæхстон. Хъуыды дæр кодтон, æрыгæтты фæндаг цæмæй ма бакъуылымпы кæнон. Ныр куыд бамбарын кæнон Алиманæн, цæмæй мæ ма ‘фсæрмы кæна, хъавгæйæ йын куыд зæгъон, цы йæ фæнды, уый йæхи бар кæй у. Æмæ, йемæ ныхасгæнгæйæ, архайдтон мæ катай æмбæхсынæл, худтæн, мæхи хъæлдзæг дардтон. Хуыцау бахизæд, æмæ афтæ фенхъæла, цыма йын йæ размæ цæлхдуртæ æвæрын. Æмæ уый дæр æмбæрста, мæ катайы сæр цы уыд, уый.

Изæрæй Алиман бедра куы райста æмæ дон хæссынмæ куы ацыд, уæд æхсызгонæй сулæфыдтæн, цыма ме ‘рагъæй хох ахауд. Уадз æмæ йыл амбæла, хъуыды кодтон. Фæлæ уайтагъд фездæхт, цæугæдонмæ нæ ацыд, арыхъхъæй æрбахаста дон.

– Æна, – бедра йæ бынаты æвæргæйæ мæм дзуры. – Дон дын ахъарм кæнон, æмæ дæ сæр ныхс.

– Райсом дæр бон кæны, мæ чызг, кæд дæ искæдæм цæуын хъæуы…

Фæлæ мæ фæурæдта:

– Райсом нæ куыстмæ цæуын хъæуы, нæ нæ равдæлдзæн. Ды ныхс дæ сæр, æна, æз та дын дæ дзыккутæ ныффасдзынæн.

Аджы дон схъарм кодта æмæ, цыма чысыл сывæллонау мæ бон мæ сæр ныхсын нæу, уыйау райдыдта мемæ архайын. Фыццаг уал мын мæ сæр хуырхæй ныхсадта, стæй сапонæй, узæлыд мыл, тæвд дон уазалимæ хæццæ кодта æмæ мын æй мæ сæрыл уагъта. Æндæр уавæры мæхи нæ баурæдтаин, загътаин, цæмæй мæ æнцад ныууадза, фæлæ уыцы изæр мæ бон афтæ сдзурын нæ уыд. Мæхи азымджын хатыдтон йæ разы, мæн тыххæй уыцы фыййауимæ фембæлдмæ кæй нæ ацыд.

«Мæнæ мыл ацы чызгимæ бæллæх æрцыд, цымæ, цæмæн афтæ бакодта?» – мæсты кодтон уымæ дæр æмæ мæхимæ дæр.

Алиман та цыма алцæмæй дæр тынг разы уыд, уыйау мын сæрвасæнæй мæ сæрыхъуынтæ фаста æмæ æнкъардæй дзырдта:

– Æна, кæддæр дæ сæрыхил куыд бæзджын уыд, уæд, æвæдза, дæхæдæг дæр æрыгон уыдтæ.

Сабыргай мын мæ сæр лæгъзытæ кодта æмæ мын узæлгæ мæ цæсгом йæ армытъæпæнтæй сæрфта. Мæ цæстытæ хæрдмæ сисын нæ фæрæзтон – цæссыгтæй айдзаг сты. «Æвæццæгæн мын хæрзбон зæгъы», – æнкъардæй хъуыды кодтон. Стæй мын мæ дзыкку сбыдта æмæ йæ чырынæй систа йæ рагон духитæ. Хъасым ын сæ балхæдта, æмæ сыл ауæрста. Æз ын уайдзæфтыл схæцыдтæн.

– Цы кусыс, Алиман?! Цæмæн мæ хъæуы? Худинаг у зæры бон, адæм мыл худдзысты!

Уый мæм хъусгæ дæр нæ кодта, хъæлдзæг худт бакодта, духийæ мын бапырх кодта мæ цæсгом, сæр, мæ къæбут, авг иууылдæр раафтид кодта. Стæй мын хъæбыстæ байдыдта, алырдыгæй мæм фæракæс-бакæс кодта.

– Кæсыс, куыд срæсугъд, куыд февзонгдæр дæ! – цин кодта йæ митыл.

Æз дæр бахъæлдзæг дæн. Цай куы бацымдтам, уæд мын Алиман загъта:

– Ныр та баулæфæм. Æз дын хуыссæн бакæнон.

Уыцы ‘хсæв нæ дыууæ дæр нæ фынæй кодтам. Алиман цæуылдæр хъуыдытæ кодта, къуымы-иу арф ныуулæфыд, йæ хуыссæны разил-базил кодта. Мæнæн та мæ цæстытыл уад, быдыры комбайнмæ куыд згъордта хъæддаг дидинтимæ. Куыд сæ æрæвæрдта комбайны асинтыл æмæ фæстæмæ куыд ралыгъд. Куы та, – Хъасымы бæхыл бадын куынæ уагъта, сывæллонау ын йæ къухыл куыд ныххæцыд; куы та-иу æрымысыдтæн, станцæмæ куыд цыдыстæм, уый. Афтæ мæм каст, цыма бадæм бричкæйы, Алиман бады мæ фарсмæ йæ митæйдзаг сырх уадултимæ. Йæ кæлмæрзæн, æфцæггот, йæ дзыккутæ йын мит æрæмбæрзта, фæлæ уымæй уыд ноджы аивдæр. Куы та мæ цæстытыл уад, йæхи мыл куыд æрбаппæрста: «Æна, идæдзтæ стæм мах, æнамонд идæдзтæ!». Мæ цæстытыл ма уад сау къабайы сырх тюльпантæй дзаг быдыры куыд лыгъд.

Иумæ нæ цы баста, уыдон æппæт дæр мæ мысæнуаты æвзæрстон, æмæ æваст мæ цæстытыл ауад, уыцы фыййауимæ йæ фосы дзугимæ иннæ хъæумæ куыд фæраст, уый. Цыма йæ хъæлæс мæ хъусты зæлыд: «Æна, ныххатыр кæн, æз цæуын. Æвзæрæй мæ ма мыс, хæрзбон, æна!» Æз згъордтон йæ фæдыл, мæ къух æм тылдтон: «Хæрзбон, мæ рухс дуне. Ме стъалы аныгуылд. Хæрзбон, Алиман! Амондджын у,

хæрзбон!.. Ей, лæппу! – хъæр кодтон фыййаумæ. – Кæс, макуы мын æй бафхæр, хъахъхъæн мын мæ чындзы. Кæннод дæ бафхæрдзынæн, тынг дæ бафхæрдзынæн!» Мæ цæссыгтæ рустыл базмæ згъæлдысты. Мæ сæр бамбæрзтон, цæмæй мын мæ кæуын Алиман ма фехъуыстаид.

Дыккаг бон куыстæй куы ʻрбацыдыстæм, уæд Алиман никуыдæмуал ацыд. Изæрæй баззад хæдзары. Фыййау йæ фосы дзуг кæдæмдæр атардта æмæ нал фæзынд. Алиман, æвæццæгæн, ууыл тыхст, уыд хъуынтъызæрфыг.

«Ныууадз мæ æмæ ацу йемæ, кæд дын афтæ зынаргъ у, уæд», – загъд æм кодтон мæхимидæг, фæлæ мæм тæригъæд дæр каст: «Ехх, мæ мæгуыр мастæфхæрд чызг. Афтæ æнамонд цæмæн фæдæ?!» Фæлæ бонтæ цыдысты, æмæ дзы сабыргай рох кæнын байдыдта.

Рагуалдзæг та нæм ногæй фæзынд уыцы фыййау. Хъæуы йæ ауыдтон, йæ фосы дзуг куы хызта, уæд. Æмæ та уæд Алиман райдыдта хæдзармæ æнафоны здæхын. Æз æм ницы дзырдтон, йæхæдæг хъуамæ скодтаид йæ хъысмæтæн хатдзæг.

Иуæхсæв йе ʻрбацыдмæ бирæ фенхъæлмæ кастæн. Хъæу раджы бафынæй, æз дæр æрхуыссыдтæн, цырагъы рухсыл гыццыл æрхæцыдтæн, фæлæ мæ хуыссæг нæ ахста. Тыхстæн, мæхицæн бынат нæ ардтон. Алиманмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, рудзынгæй алы уынæрмæ дæр мæ хъус дардтон. Уыд мæйрухс, мигътæ мæйыл нæ ныдзæвдысты, боныхъæд уалдзыгон уыд, фæлмæн. Ихæнриз кодтон уазалæй нæ, фæлæ мыл мæ иунæгдзинад кæй æртæфст, уымæй. Мæхи куырæты æрбатыхтон æмæ бадгæйæ афынæй дæн. Фæлæ цыма истæмæй фæтарстæн, афтæ æваст фехъал дæн; кæсын – Алиман дуарæй æрбахызт. Йæ къабайы æгънæджытæ уыдысты скъуыд, йæ гом риу зынд, сæрыхъуынтæ – пыхцылтæ, цæстытæ – кæуындзаст. Фыццаг хатт æй уæд федтон ноztджынæй. Къæсæрæй куы æрбахызт, уæд фæцудыдта, фæцæйхауд, пецыл фæхæцыд æмæ йæ сæр ныттылдта. Мæ буар ныррызт.

– Цы мæм кæсыс? – йæ сæрыл хæрдмæ схæцгæйæ мæ афарста. – Ныр мæм цæмæ ныккастæ? О, расыг дæн. О, munуæзтон. Уæдæ цы кæнон? Æз куынæ, уæд ма чи хъуамæ бануаза? Цы ныхъхъус дæ?

Фыр тасæй бандзыг дæн, мæ бон æм иу ныхас скæнын нæ баци. Тынг тæригъæд уыд уымæ кæсын, – цæмæ æрхаудта. Алиман дарддæр дæр лæууыд, пецыл хæцгæйæ. Йæ сæр æруагъта, цыдæртæ багуым-гуым кодта:

– Æна, ницы зоныс! Æз та…æз… æз абон… Хъуыды кæныс, Хъасымы куы фæндараст кодтам, уый размæ изæр цæугæдоны былмæ куыд ацыдыстæм. Уартæ уым…

Дзырд нæма фæцис, ныхъхъæр кодта, йæ сæрыл ныххæцыд, зæхмæ æрхаудта æмæ ныккуыдта.

Æрмæст уæд æрцыдтæн ме 'муд. Мæхи йыл баппæрстон, ацахстон æй, мæ риумæ йæ æрбалхъывтон:

– Цы кодтай, Алиман? Цæуыл кæуыс? Зæгъ-ма йæ! Цæуыл æнкъард дæ? Чи дæ бафхæрдта? Зæгъ, зæгъ æй мæнæн! Æви мæм тæргай дæ? Кæд мæм мæсты дæ, уæд мын æй комкоммæ зæгъ…

– Нæ, æна, нæ! – ферхæц-ферхæц кæнгæ мæм дзуры Алиман. – Мæ мæгуыр, ме 'намонд иунæг уд! Ницы зоныс ды, ницы… Æмæ йæ куы базонай, уæд дæр дæ бон цы у? Ой, æна, æна, ой, æна!

Йæ цæссыгæйдзаг цæсгом мын мæ роны нытътъыста æмæ ма бирæ фæхъæрзыдта, стæй сабыргай банцад æмæ бафынæй. Фæлæ ма-иу уæддæр йæ тæригъæддаг хæкъуырцц райхъуыст. Боныцъæхтæм фæбадтæн йæ нывæрзæны раз æмæ хъуыды кодтон: дарддæр нын куыд цæргæ у? Куыд кæнæм? Фæндыд мæ йемæ æргомæй аныхас кæнын. Фæлæ мæм райсомæй ницы сдзырдта. Æнæ уымæй дæр ын алцы дæр уыд æнæуынон. Цæстæнгасæй мын бамбарын кодта, цæмæй, æхсæвы цы 'рцыд, уый кой ма скæнон. Æрмæст, куыстмæ куы цыдыстæм, уæд мын кæрты æфсæрмдзастæй загъта:

– Æна, ныххатыр мын кæн.

Дарддæр æй æз дæр нал тыхсын кодтон.

Иу-æртæ мæйы фæстæ сæрды тæрхон цыд дезертир Дженшенхъулыл. Хæсты фæстæ нæ уæндыд æргомæй хъæумæ цæуын, фæлæ-иу æхсæвыгæтты сусæгæй æхсæвиуат кодта сæхимæ. Æмбæхст уыд кæмдæр Казахстаны, уым сæудæджеры куыст кодта, уæй кодта давæггаг фос, æмæ йæ афтæмæй æрцахстой. Йæ ивгъуыд хабæрттæ дæр  рабæрæг сты, æмæ йæ æрбаластой нæ хъæумæ. Мæнмæ дæр фидиуæг æрбацыд хъæусоветæй:

– Агурынц дæ куыд æвдисæн.

Æз дæр ацыдтæн. Уынджы амбæлдтæн Алиманыл. Куыстæй цыд. Фæллад æмæ сæргуыбырæй цыд иннæ кусджыты иувæрсты. Ацы сæрд йæ хуыз аивта, æдзух уыд тарæрфыг, æнкъард. Фæтæригъæд ын кодтон æмæ, цæмæй хæдзары иунæгæй ма уыдаид, уый тыххæй йын загътон:

– Цом къантормæ! Хæдзармæ иумæ æрбаздæхдзыстæм.

Уый мын афтæ:

– Нæ, æна. Цы дзы хъуамæ кусон? Хæдзармæ цæуын, мæ сæр риссы.

– Омæ ацу. Æрхуысс, баулæф. Хъуг мæхæдæг æрдуцдзынæн.

Хъæусоветы раз лæууыд æхгæд хæдтулгæ. Тыргъты уыд бирæ адæм, куыд æвдисæнтæ, афтæ, куысты фæстæ уырдæм чи бацыд, уыдон дæр. Рагæй нал федтон Дженшенхъулы, уæддæр иу-авд азы бæрц. Бæрæг уыд, уæззау цард ыл кæй нæ фæзынд. Цардхуыз, хæмхудджынæй бадт рудзынджы раз бандоныл, йе 'рфгуыты бынты хъуынтъыз цæстæй кæсгæйæ, кæмæдæр фæстæмæ къæпп-къæпп кодта:

– Ды зæгъыс, ома къæрных дæн, æмæ мæ дæхи цæстæй искуы федтай давгæ, æрцахстай мæ? Нæ! Уæдæ дзæгъæлы дзæнгæда ма цæгъд!.. Дæ бон у, æмæ зæгъай сæдæ хатты, фæлæ уыдон сты афтид ныхæстæ. Фактты! Фактты хъæуы!

Уый айхъусгæйæ, гом рудзынджы 'рдæм бауадтæн æмæ уынгæй бахъæр кодтон:

– Сайыс, æнæуаг! Фактты дæ хъæуы? Мæнæ дын æз – факт!

– Буц хистæр, æрбахиз мидæмæ, – радзырдта мæм слестгæнæг, бандонæй сыстгæйæ.

Æз бахызтæн æмæ райдыдтон дзурын:

– Раст дæ, бынаты дæ фыдракæндгæнгæ никуы æрцахстам. Уый рæстæг дæр нын никуы уыд, æмæ дæ фæсте сырдтаиккам. Мах уæд нæ къухыныхтæй дæр быдыртæ къахтам, фронтæн амал кодтам хойраг. Мах уæд æфсирты гагатæ иугай æмбырд кодтам, цæмæй нæ сабитæ æххормаг ма уой. Ды та нын атардтай нæ бæхтæ – гутæттæй рæдывтай кусæнгæрзтæ. Нæ къухтæй нын скъæфтай, гагагай кæй фембырд кодтам, сабиты дзыхтæй кæй стыдтам, уыцы фæстаг тауинаг. Уый та нысан кæны, кæй уыдтæ не знаг. Æмæ дæ куы баййæфтон, уæд дæм ныхъхъæр кодтон: «Æрлæуу, базыдтон дæ, Дженшенхъул дæ! Æрлæуу!» Ды мæм фæстæмæ разылдтæ æмæ мæ фехстай. Уый дын факттæ!

Мæ ныхас фæдæн, æмæ мын слестгæнæг афтæ:

– Бузныг дын, нæ мад. Ныр ды сæрибар дæ. Дæ бон у хæдзармæ ацæуын.

Хъæусоветæй куы рахызтæн, уæд мæм дуаргæронæй ратахт Дженшенхъулы бинойнаг. Æррайау мыл йæхи ныццавта:

– Зæронд быны ус! Рæстдзинад агурыс, æмæ дæ йæ азар æййафы.

Афтæ дын хъæуы. Уый дæр дын æгъгъæд нæ уыд, ныр ыл хæц! Дæ чындз та кæмæй багуыбынджын, ы? Дæ фындзы бын дæ æддæмæкъах чындз йæ гуыбын рауагъта, ды та рæстдзинад агурыс? Ныр æй иумæ агурут, æдзæсгæмттæ!

Адæм æй тыххæй аластой иуварс, йæ дзых ын нылхъывтой, фæлæ сæм æз фездæхтæн:

– Суадзут æй, ма йæм æвналут! – æмæ æдзæмæй хæдзармæ араст дæн.

Фæндаджы рыг уыд тæвд æви мын худинаг сыгъта афтæ тынг мæ къæхтæ, дугъы уайæгау ма кодтон. Фæлæ фæстæдæр мæ цыд фæсабырдæр кодтон, хъуыдыты аныгъуылдтæн. Никуыдæр æй мæ сæр æрцахстаид, фæлæ йæ куыннæ бафиппайдтон нырмæ дæр. Фæстаг рæстæг тынг фæивта Алиман, смадзура, адæмæй йæхи хызта, æгæрыстæмæй ма йæ хæлæрттæй дæр йæхи иуварс кодта. Уыцы фыййауимæ кæй баиу сты, æз æй уый аххос кодтон. Уалдзæджы хохмæ куыд афардæг, афтæ йæ фæд фесæфт, ничиуал æй федта. Хъуыды кодтон, ома иумæйаг æвзаг не ссардтой, æмæ ууыл тыхсы. Фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй йæ фæстиуæг та уыд æндæр. Мæнæ цы бæллæх æрцыд! Чи уыд æнхъæл, афтæ рауайдзæн хъуыддаг?! Ныссуйтæ дæн, нæ зыдтон, дарддæр мын цы гæнгæ у. Дыккаг бон мæм мæ сыхаг Айшæ бадзырдта сæхимæ цай цымынмæ. Ныхæсты æхсæнмæ-æхсæн мын загъта:

– Дженшенхъулы ус æхсæвы хъæуæй кæдæмдæр фæлыгъд.

Æз æм ницы сдзырдтон. Цы хъуыддаг мæ ис. Уадз æмæ ацæуæд. Алкæмæн дæр йæ бар – йæхи. Æрмæстдæр æй иу-дыууæ азы фæстæ базыдтон: æхсæвы Дженшенхъулы усмæ чидæртæ бацыд, йæ мулк ын уæрдоныл бакалдтой æмæ йын загътой: «Цæугæ кæн ардыгæй. Ацы хъæуы дын цæрынæн бынат нал ис». Уæдæй фæстæмæ мын, Алиманыл цы бæллæх æрцыд, уый кой никуыуал ничи скодта. Чи зоны йын исчи йæхицæн исты дзырдта, чи зоны, æмæ адæм хъуыдытæ кодтой сæхимидæг, чи йын тæригъæд кодта, чи йæ зылын кодта, фæлæ мæ разы никуы ничи ракодта йæ кой, æмæ сын уый тыххæй стыр бузныг. Цал æмæ цал азы рацыд, фæлæ мын абон дæр адæм раздæрау аргъ кæнынц.

Куы йæ базыдтон, Алиман йæхи бар нæу, уæд дæр не ‘хсæн нæ ахастдзинад нæ аивта. Цардыстæм, куыстам, раздæрау кæрæдзийæн аргъ кодтам. Фидæны йæм ныййараæджы хæстæ æххæст кæнын кæй æнхъæлмæ кæсы, уый тыххæй никуы ницы дзырдта Алиман. Кæнæ йæ ныфс нæ

хаста, кæнæ та йæ ныхас æргъæвта хуыздæр рæстæгмæ. Æз дæр ницы дзырдтон, тæригъæд ын кодтон. Сæйраджы та, азым æм ницæмæй хастон.

Уыцы бар мын нæ уыд, уымæн æмæ йæ цард мæ цæстыты раз ацыд, уыдтон æй, алцы дæр зыдтон, стæй кæмдæр мæхи дæр азымджынил нымадтон. Уымæн скодтон мæхицæн хатдзæг: кæд рæдыд æруагъта, уæд уый у мæ рæдыд дæр, кæд ныййара, уæд уыдзæн мæ саби, йæ тæригъæд, йæ фыдæбон ын иууылдæр райсдзынæн мæхимæ. Алиман дæр æмæ æз дæр зыдтам, абон уа, райсом уа, уæддæр нæ бар-æнæбары бахъæудзæн аныхас кæнын, дæргъвæтин рæстæг мадзура цæй тыххæй уыдыстæм, ууыл, æмæ кæрæдзийæн ныххатыр кæндзыстæм алцы дæр. Æмæ уæддæр нæ ныхас иргъæвтам абонæй райсоммæ, райсомæй иннæбонмæ. Иухатт æм нал фæлæууыдтæн.

Сæрды кæрон, Алиман йæхи бар нæ уыдаид цыппар-фондз мæйы, афтæ райсомæй фос атардтон рæгъаумæ. Лæппу-фыййау уыцы райсом булæмæргъау зæллангæй зарыд. Хъомы рæгъау нæ размæ схæццæ ис. Фос тæргæйæ мæм лæппу зæрдиагæй бахудт æмæ загъта.

– Толгонай! – Дæ хæрзæггурæггаг – мæн, Джоробеджы чындз ныййардта!

– О, о, о! Кæд ныййардта?

– Сæумæрайсом.

– Лæппу æви чызг?

– Чызг, Толгонай. Дзурынц, зæгъгæ йын номæн равзæрстой – Хæрдмæдзог. Уымæн æмæ сæуæхсиды райгуырд.

– Тынг хорз. Бирæ цæрæд. Бузныг дæ хорз уацæй.

Тынг æхсызгон мын уыд, ацы сидзæр лæппу, а дунемæ ноггуырд кæй фæзынд, ууыл афтæ тынг кæй цин кодта.

Æмæ куыд рауад, уый нæ бамбæрстон, æхсæвæй-бонæй цæуыл хъуыды кодтон, уый мæ айрох?.. Кæртæй бахъæр кодтон:

– Алиман, ног хабар фехъуыстай? Джоробеджы чындзæн чызг райгуырд. Фехъуыстай? Мæгуырæг, афтæ зынтæй йæ хаста; табу Хуыцауæн – дзæбæхæй…

Кæронмæ нæма фæдæн дзырд, афтæ фæсыкк дæн, цыма мæ риссаг дæндагыл дур сæмбæлд… Алиман лæууыд æнæдзургæйæ, йæ цæстытæ æруагъта æмæ фæлурсæй йæ дæндæгтæ кæрæдзимæ нылхъывта. Цы ахъуыды кодта уыцы уысм? Чи зоны йæм ахæм хъуыды фæзынд, ома мæнæн куы райгуыра, уæд æй афтæ цингæнгæ адæмæн ничи хъусын кæн-

дзæн. Тынг худинаг мæм æркаст мæ сонт, æнæрхъуыды ми. Йæ цæстытæм ын комкоммæ нæ бакæсгæйæ, æввахсдæр бабадтæн артдзæстмæ, сæнартæ артмæ æппæрстон, кæд нæ хъуыд, уæддæр. Куы разылдтæн, уæд фæстæмæ ракастæн – Алиман куыд лæууыд, афтæ лæууыд къулгæрон зæхмæ кæсгæйæ. Мæ зæрдæ йæ тæригъæдæй барызти. Тыххæйты сыстадтæн æмæ йæм бацыдтæн.

– Цы кæныс? Дæхи æвзæр хатыс? – афарстон æй.

– Нæ, æна, – дзуапп мын радта.

– Куысты дын, чи зоны, зын у – хæдзары уал фæу æмæ баулæф.

– Нæ, æна, зын мын нæу. Тамако æууæрдын цæй зын куыст у, – загъта æмæ куыстмæ ацыд.

Уæд аскъуыддзаг кодтон, нæ ныхасæн дарддæр æргъæвæн кæй нал ис. Ныртæккæ йын зæгъдзынæн, ома худинагæй дзы ницы ис, ноггуырдтæ иууылдæр иухуызон адджын сты, дæ сабийы дæр дын уарздзынæн хи хъæбулау. Хъомыл æй кæндзынæн, мæхи сывæллæтты куыд хъомыл кодтон, афтæ. Уадз æмæ зона уый. Йæ сæр цы ‘руагъта, уадз æмæ цæра сæрыстырæй. Адæмы цæстытæм уæндондæрæй кæса – уымæн дæр ис ныййарæджы амонд, хъæбулы ад банкъарыны амонды бар.

Уыцы хъуыдытимæ йæ фæдыл разгъордтон, ахъæр æм кодтон:

– Алиман, фæлæуу-ма иучысыл, ныхасаг мæ ис демæ, фæлæуу!

Цыма мæ нæ фехъуыста, афтæ йæхи скодта æмæ мæм кæсгæ дæр нæ ракодта.

Æнæхъæн бон мæхицæн бынат нæ ардтон: «Нæ, дарддæр афтæ цæрæн нал ис. Изæры йын æнæмæнг зæгъдзынæн. Афтæ æнцондæр уыдзæн мæнæн дæр æмæ йæхицæн дæр».

Фæлæ мæ нал бахъуыд мæ фæнд сæххæст кæныны сæр. Изæрæй куыстæй куы æрбаздæхтæн, уæд Алиман хæдзары нæма уыд. Анхъæлмæ кастæн, стæй стыхстæн: уæдæ цы фæуыдаид? Афтæ æрæгмæ цæмæн цæуы? Рацыдтæн йæ агурæг. Хæдзарæй куы рахызтæн, уæд ауыдтон Бегташы. Хъæбысыдзаг цъæх кæрдæгимæ æнæдзургæйæ арбахызт кулдуарæй. Фосы кæвдæсы æркалдта кæрдæг æмæ мæм æрмæст уæд сдзырдта сабырæй:

– Толгонай, Алиман мын загъта, цæмæй йæ ма агурай, ацыд сæхимæ – Каиндмæ.

Мæ къæхтæ мæ быны фæтасыдысты, къæсæрыл æрбадтæн.

– Кæд ацыд?

– Фæссихор. Дыууæ сахаты размæ. Хæдтулгæйыл.

Раст мæ цыма исчи фæнадта, уыйау мæ зæрдæмæ рухсы цъыртт никуыцæйуал каст, цыма мæ мæлæты сахат æрхæццæ.

Бегташ мæ сабыр кодта:

– Тыхсгæ ма кæн, Толгонай. Шофыр æй кабинæйы сбадын кодта. Уым æдас у, – зæрдæвæрæн ныхæстæ мын кодта.

«Ехх, Бегташ, Бегташ, хъуыддаг æрмæст ууыл куы уаид», – хъуыды кодтон мæхинымæр. Фæлæ дзы уæддæр бузныг уыдтæн, цæстуарзонæй мын ныфсытæ кæй æвæрдта. Чысыл лæппу нал уыд. Колхозы куыста барæгæй. Бакастæн æм æмæ дисгæнгæ бафиппайдтон, кæй фæбæрзонддæр, фæтæнуæхск, йæ къахайст, йæ хъæлæс дæр уыдысты нæлгоймаджы фердæхтау.

Чысыл лæппуйæ дæр æй бирæ уарзтон, æмæ хорз у, ацы уæззау сахат мæ фарсмæ кæй ис. Дон мын æрбахаста, цай сæвæрдта, кæрты дон бапырх кодта æмæ йæ ныммарзта.

– Баулæф, Толгонай, – загъта мын. – Ныртæккæ нымæт айтындздзынæн фæткъуыйы бын. Æна дæм æнæмæнг цай цымынмæ æрбауайдзæн.

Алиман сæхимæ куы ацыд, уæдæй мыл бонтæ ныддаргъ сты. Уымæй размæ мæхи иунæг куыд хуыдтон? Нæ зыдтон уæдмæ, æцæг иунæгдзинад цы у, уый.

Æртæ боны тыххæй бафæрæзтон. Хæдзар, цард мын ад нал кодтой. Сыст æмæ ацу дунетыл хæтынмæ... Алиманыл-иу куы ахъуыды кодтон, уæд-иу мын ноджы фæзындæр. Кæд сын æхсызгон уыд Каинды йæ хиуæттæн йæ фæзынд, уæд ницы кæны, фæлæ йын кæд, мыййаг, маст кæнынц, ома уæд нæм нæ байхъуыстай, нæхи бар нæ ныууадзут, зæгъгæ, ныр куы фæхудинаг дæ, уæд дæ æрхъуыдыстæм. Сæ бон ын уыд афтæ зæгъын? Кæй зæгъын æй хъæуы, уыд. Æмæ йын кæд загътой, уæд афонмæ куыд у? Тынг сæрхызт у, бафæраздзæн уыцы уайдзæфтæн? Хуыцау бахизæд, фæлæ йæхимæ йæ къух куы сиса. Ехх, Алиман, Алиман, мæ фарсмæ куы уаис, уæд æппæт худинаг дæр мæхимæ райсин, уæддæр дæ æфхæрын никæмæн бауадзин. Алыхуызон хъуыдытæ зилдух кодтой мæ сæры. Стæй мæхицæн загътон: «Нæ, исты кæнын хъæуы. Цæуон, базонон, фенон алцыдæр мæхæдæг. Балæгъстæ йын кæндзынæн, кæд мæм байхъусид, раздæхид фæстæмæ. Куыд амондджын уаин, куы мын сразы уаид.

Кæд мæм нæ байхъуса, уæд ын цы кæнон? Раарфæ йын кæндзынæн, фæкæудзынæн æмæ æрцæудзынæн фæстæмæ». Афтæ аскъуыддзаг кодтон, æмæ дыккаг бон араст дæн. Хæдзар æмæ фос Айшанæн афæдзæхстон. Бегташ мын хæдтулгæ баурæдта, гуыффæйы бабадтæн æмæ ацыдтæн Каиндмæ.

Хъæуæй куы ахызтыстæм æмæ сосæвæндагыл куы араст стæм, уæд къахвæндагыл кæрддзыхы фæцæйцыд иу сылгоймаг. Уайтагъддæр базыдтон Алиманы! Мæ зынаргъ, мæ цæстырухс фæстæмæ здæхт мæнмæ. Тымбыл къухæй кабинæйыл балæууыдтæн: «Æрлæуу! Æрлæуу! Бауром!» Хæдтулгæ ма йæ тагъд цыдæй иучысыл атылд æмæ æрлæууыд, гуыффæйæ рахауæгау кодтон. Хæдтулгæйы фæстæ ахæм рыг сыстад, цыма бæзджын мигъы бауадтæн. Æваст мæм афтæ дæр фæкаст, цыма фыны федтон мæхи Алиманы. Рыг хæдтулгæйы фæстæ куы æрбадт, уæд та йæ ногæй ауыдтон.

– Алима-а-н! – сфæрæзтон ма тыххæй.

Нал æй хъуыды кæнын, куыд æм базгъордтон. Æрмæст ма мæ зæрдыл лæууы, кæрæдзийæн куыд хъæбыстæ, батæ кодтам. Афтæ бæллыдыстæм кæрæдзийы уындмæ, æмæ нæм уал боны цы хъуыдытæ æрцыд, уыдон цæмæй райдыдтаиккам, ахæм дзырдтæ нæ ардтам.

Рæвдыдтон, узæлыдтæн Алиманы цæсгомыл, дзырдтон ын уыцы иу ныхæстæ:

– Æрбаздæхтæ мæм? Мæ чызг, æрбаздæхтæ мæм! Дæ ныййарæгмæ æрбаздæхтæ! Æрбаздæхтæ мæм!

Алиман мын дзуапп лæвæрдта:

– О, раздæхтæн! Раздæхтæн дæм, æна! Раздæхтæн!

Хъæбыстæгæнгæ куыд лæууыдыстæм, афтæ саби цалдæр хатты базмæлыд йæ гуыбыны. Нæ дыууæ дæр фембæрстам уыцы змæлд. Алиман арæхстгай йæ армытъæпæн æрæвæрдта гуыбыныл æмæ йæ лæгъзытæ кодта. Йæ цæстæнгас мын уыцы уысм мæ цард цæхгæр фæзылдта. Мæ сæрмæ, цымæ, ахæм æвзæр хъуыдытæ куыд цыд?! О мады сыгъзæрин зæрдæ! Иу ахæм амонды æртахы тыххæй дæр ис алцæмæн бафæразæн. О зæххон зæды сыгъдæг цин!.. Æз ын йæ уадулмæ мæ рус нылхъывтон, мæхи нал баурæдтон æмæ ныккуыдтон:

– Мæ цæсты рухс, мæ зæрдиаг, мæ уарзæгой! Куыд тынг дын тарстæн!

Сабыр мæ кодта:

– Æна, ма ку. Ныххатыр мын кæн ме 'дылыдзинад. Нæй нын кæрæдзийæ фæхицæн. Бафæлвæрдтон – ницы мын дзы рауад: нæ бафæрæзтон, уыцы бонты æдзух дæр дæу мысыдтæн.

Фадат мын фæцис йемæ æргомæй аныхас кæнынæн, æмæ йæ бафарстон:

– Цæмæн ацыдтæ, истæуыл мæм фæхæрам дæ?

Ницы мæм дзырдта, йæ дзуаппыл хъуыды кодта, стæй тыхулæфтгæнгæ загъта:

– Ма мæ фæрс, æна, уый тыхæй. Цæмæн дæ хъæуы? Ды мын мацы дзур, æмæ дын æз дæр ницы дзурдзынæн. Хъизæмарæй мæ ма мар.

Ногæй та йæхи иннæ хæттытау æргом ныхасæй аиуварс кодта. Куыннæ йæ æмбæрста, йæхицæн дзы зындæр кæй кодта?!

Фæззæг уыд дæргъвæтин æмæ къæвдаджын. Иунæг бон дæр æнæ уаргæ нæ уыд. Уыцы мæтъæл бонты фылдæр уыдыстæм хæдзæртты. Фæззæгау Алиман дæр утæхсæн кодта. Ноджы ныхъхъуынтъыз, смадзура, худгæ дæр æй никуыыуал федтаис. Цæуылдæр уыд йæ сагъæс. Мæнмæ гæсгæ ма йæ фæстаг бонтæ хъуыд арынмæ. Тырныдтон, цæмæй чысыл бахъæлдзæг уа худæн ныхасæй, лæгъз узæлдæй, фæлæ – дзæгъæлы. Чысыл саби, мыййаг, куынæ уыд, æмæ мæ хъазæн ныхæстæй бахъæлдзæг уыдаид. Канд æз нæ – иннæтæ дæр иууылдæр архайдтой, цæмæй йын йæ зыны истæмæй феххуыс кæной, фæлæ йын кæй бон цы уыд…

Иухатт нæм Бегташ хъæмп æрбаласта. Æна, дам, бынтон æррынчын. Æз ацыдтæн Айшаны бæрæг кæнынмæ. Тæвд кодта, хуыфыд. Æз æм фæхыл кодтон.

– Дæхæдæг дæ аххосджын. Зоныс æй, æнæфæразгæ дæ, дæхи хъахъхъæнын дæ хъæуы, уæддæр ацы æвзæр боныхъæды уазæгуаты рацу-бацу кæныс.

Азымджыны худт бакодта. Фæстæмæ мæм сдзурын йæ бон нæ уыд, уымæн æмæ уый размæ цыппар сылгоймагæй Бегташы уæрдоныл сыхаг хъæумæ ацыдысты чындзæхсæвмæ. Цæуынмæ куыд хъавыдтæн, афтæ мæ Айшан фæурæдта:

– Толгонай, æрлæуу-ма, кæд мæм не смæсты уай, уæд мæ ныхасаг ис демæ.

– Зæгъ æй, – дуарæй йæм раздæхтæн.

– Дæллаг хъæумæ чындзæхсæвмæ нæ ацыдыстæм. Хæстæджытæ дæр мын дзы нæй, дæхæдæг æй зоныс. Иу хабар сфæнд кодтам æнæ дæ

фæндонæй, Толгонай, фæлæ нын ныббар, фæндыд нæ куыд хуыздæр бакæнын. Ссардтам уыцы фыййауы æмæ йæ нæ хъæлæсы ахастам. Загътам ын: «Алиман мæнæ-мæнæ кæны, нымадæй ма йын цалдæр боны баззад, ды та фесæфтæ. Уый куыд у? Раст нæ дæ!» Фæлæ нæ фæндæй ницы рауад. Фыццаджыдæр, у бинонджын, дыккаджы та, тынг æдзæсгом разынд. Йæ къух ауыгъта, æз, дам, ницы зонын, æмæ мæ йæ зонын дæр нæ хъæуы. Стæй йæ ус дæр базыдта, хъуыддаг цæй мидæг ис. Тынг налат сылгоймаг разынд, хъæр, цъæхахсты бын нæ фæкодта, ныххудинаг нæ кодта æмæ нæ расырдта. Фæндагыл нæ уазал къæвда æрæййæфта, ныххуылыдз стæм, гъемæ фæрынчын дæн. Уымæн ницы у, фæлæ ныр Алиман куыд уыдзæн, и? – йæ дзых амбæрзта æмæ ныккуыдта.

– Айшæ, ма ку, – загътон ын æз. – Цалынмæ цæрон, уæдмæ йæ бафхæрын никæмæн бауадздзынæн.

Æмæ рацыдтæн. Цы йын хъуамæ загътаин?

Æрхæццæ сты уæззау бонтæ. Куыд хæстæгдæр кодта йæ арыны рæстæг, афтæ Алиманæй иу къахдзæф дæр иуварс нал хызтæн. Уый уынгмæ, æз дæр – йæ фæдыл. Тарстæн, йæ арыны рæстæг куы æрцæуа, æмæ йæ куынæ базонон. Мæхи дзы хизгæ дæр кодтон, ома куы мæ сфæлмæца.

Иухатт кæсын: хъарм дзаумæттæ скодта, кæлмæрзæнæй йæхи æрбатыхта.

– Мæ чызг, – дзурын æм, – кæдæм?

– Цæугæдонмæ ацæуон, – дзуапп мын радта.

– Куынæ ацæуис, цы дзы кусдзынæ ацы уазалы? Фæлтау хæдзары абад.

– Нæ, ацæуон.

– Уæд æз дæр демæ цæуын, иунæгæй дæ нæ ауадздзынæн, – загътон ын.

Ахæм каст мæм æрбакодта – йæ зæрдæйы уал бонмæ  цы хæрам æрæмбырд, уыдон мыл ракалдта:

– Цы мыл бафтыдтæ? Цы дæ хъæуы мæнæй? Аууонау мæ фæдыл цы зилыс? Мæхи адыл мæ ныууадз. Дæумæ гæсгæ исты кæндзынæн, – нæ, нæ амæлдзынæн! – дуар ныггуыпп ласта æмæ ацыд.

Цыма мын уыцы дуар мæ зæрдæйыл нытътъæпп кодта, афтæ мæм фæкаст. Тынг хъыг мын уыд. Фæлæ уæддæр мæхицæн бынат нæ ардтон, рацыдтæн кæртмæ æмæ кастæн, цы фæци Алиман, уымæ. Никуыцæй мæм зынд, ацыд цæугæдоны ‘рдæм.

Къæвда сабыргай сæлфынæг кодта, уыд уымæл уазал. Сау мигъты дымгæ йæ фæдыл ласта. Дыргъдон уыцы æнæзæрдæмæдзæугæ уыд. Бæлæстæ – бæгънæг, æргъæвст, хуылыдз, таргомау къалиутимæ. Адæм иуулылдæр уыдысты хæдзæртты. Мæ алыварс бæстæ уыд æдзæрæг. Фæздæджы фæлмæй зына-нæзына æрттывта сау хохы рагъ.

Чысыл фæгæдзæ кодтон æмæ стæй йæ фæдыл араст дæн: фæлтау мæм хыл кæнæд, фыддæр мын нæ уыдзæн, цæйнæфæлтау искуы уымæл ран ныххуысса… æмæ йæ арыны афон куы ‘рцæуа…

Къахвæндагыл цæхæрадоны фæстæ ауыдтон Алиманы. Здæхт фæстæмæ. Цыд тыххæйты, сабыргай, сæргуыбырæй, æнкъардæй. Хæдзармæ атагъд кодтон, цай сæвæрдтон, тагъд-тагъд акодтон лауызтæ æйчытæ æмæ æхсырысæртимæ. Нымæтыл урс фынгæмбæрзæн айтыгътон æмæ æрбахастон зымæгон фæткъуытæ, равзæрстон сын сæ сырхдæрты.

Алиман куы ‘рбахызт æмæ фынгæмбæрзæн куы федта, уæд мæм æнкъард худт бакодта.

– Не суазал дæ, мæ чызг? Ærбад, цай бацым, лауызтæ ахæр.

– Нæ, æна, хæрын мæм нæ цæуы. Иу фæткъуы мын авæр. Бафæлварон, – дзуапп мын радта.

– Кæд дæ исты риссы, Алиман, зæгъ мын æй, – къахтон æй.

– Ма мæ фæрс, æна. Мæ чемыл нæ дæн. Мæхимæ мæсты кæнын. Дæумæ дæр ницæй тыххæй сдзырдтон. Фæлтау мæ мæхи адыл ныууадз, – æмæ йæ къух ауыгъта.

Ærизæр, фынæй кæнынмæ хъавыдтæн, Алиманы ныхæстæ мын тынг хъыг уыдысты, цыфæнды ма зæгъон, йæ зæрдæмæ ницыуал цæуы, æмæ уыцы мастимæ бафынай дæн. Раздæр-иу арæх райхъал дæн æхсæв, бакæс-бакæс кодтон Алиманмæ, фæлæ мæ ныр хуыссæг йæхимæ дурау нылхъывта. Бæргæ, куы йæ зыдтаин, уæд мæ цæст дæр не ‘рцъынд кодтаин – дæс боны дæргъы мæ сæр сисыл дæр нæ бакъул кодтаин…

Нал æй хъуыды кæнын, кæд æмæ куыдæй фехъал дæн æваст. Кæсын, æмæ Алиман йæ сынтæджы нæй. Хуыссæгхъæлдзæгæй адæймаг алцæуыл нæ ахъуыды кæны, загътон, æвæццæгæн, кæртмæ ахызт. Иучысыл банхъæлмæ кастæн. Нæй, ницы хъуысы. Стæй Алиманы хуыссæнмæ бавнæлдтон. Хуыссæн уыд уазал. Мæ зæрдæ барызт: раджы сыстад! Куыддæрты мæ дзаумæттæ акодтон æмæ кæртмæ рагæпп кодтон. Алы къуым дæр басгæрстон, цæхæрадонмæ ауадтæн, уынгмæ разгъордтон. Хъæр æм кæнын: «Алиман! Алиман!» Дзуапдæттæг нæ

уыд. Ӕрмæст куыйтæ схъомпал сты, кæртытæй райдыдтой рæйын. Сызнæт дæн: æвæццæгæн, афардæг! Ацы тар æхсæвы кæдæм хъуамæ ацыдаид? Цы кæнон ныр? Кæд æй баййафин. Фæстæмæ хæдзармæ бауадтæн, фанар райстон æмæ йæ рухсмæ райдыдтон агурын. Дуарæй куыд рацæйхызтæн, афтæ цыма сарайæ хъæрзын райхъуыст. Азгъордтон кæртыл, сарайы дуæрттæ ратыдтон – цы федтон, уыцы нывæй мæ фанар мæ къухтæй æрцæйхауд, бандзыг дæн, мæ цæстытыл не 'ууæндыдтæн: Алиман хъæмпыл хуыссыд уæлгоммæ. Ӕрцыд йæ арыны рæстæг. Дзæгъæлтæ кодта йæ фыр тæвдæй.

– Цы у? Цæуылнæ мын исты загътай? – ныххъæр кодтон æмæ йыл мæхи баппæрстон.

Зæгъын ын аххуыс кæнон, схæцыдтæн. Къабайы фæдджи тугæйдзагæй куы федтон, уæд фестъæлфыдтæн. Алиман арты судзæгау сыгъд фыр тæвдæй. Уæззау хырхыргæнаг хъæлæсæй сулæфыд:

– Мæлын… Мæлын…

Бæрæг уыд, рагæй кæй тухæн кæны.

– Хуыцау бахизæд! Хуыцау бахизæд! – скуывтон æмæ бамбæрстон, иунæгæй йын кæй ницы бакæндзынæн, æрмæстдæр ын дохтыр кæй феххуыс уыдзæн.

Фæуагътон æй, мæхæдæг Айшанмæ азгъордтон, мæ тых-мæ бонæй сын сæ рудзгуытæ ныххостон:

– Сыстут, рæвдздæр сыстут! Бегташ, уæрдон аифтындз! Рæвдздæр, мæ хур, Алиман тынг æвзæр у!

Райхъал сæ кодтон, мæхæдæг фæстæмæ разгъордтон, Алиманæн дон радтон. Йæ дæндæгтæ агуывзæйыл хоста, ризæг ыл бахæцыд, куыддæртæй дыууæ хуыппы акодта æмæ та ногæй ныуувынæргъыдта. Уæдмæ Айшæ дæр æрбахæццæ тыхулæфтгæнгæ – йæхæдæг дæр рынчын уыд, тыххæй йæ къæхтыл лæууыд. Алиманы ахæм уавæры куы федта, уæд никкуыдта:

– Алиман, мæ хур, цы кæныс? Алиман, мæ зæрдиаг! Ма тæрс. Рынчындонмæ дæ аласдзыстæм!

Нæ амондæн, Бегташ уыцы изæр æрæгмæ æрбацыд сæхимæ æмæ бæхтæ скъæтмæ нал атардта, фæлæ сæ сæхимæ мæнгагъуысты бын ныууагъта. Тагъд-тагъд уæрдон кæртмæ æрбаласта. Хос дзы ныккалдтам, хуыссæн ын бакодтам, базтæ дзы бавæрдтам, æртæйæ Алиманы сарайæ рахастам æмæ йæ бричкæйы сæвæрдтам. Ӕвæстиатæй араст стæм рынчындонмæ.

Ох, уыцы пырхытæ фæндаг, ох, уыцы æлгъыстаг æхсæв… Рынчындон нæм уыд æрмæстдæр Заречьейы, доны сæрты цы хид уыд, уый та – дард, бынæй кæмдæр.

Хъæуæй куы рахызтыстæм, уæд та Алиманæн ногæй йæ рыстытæ райдыдтой, ныхъхъæр кодта, йæ уæлæ дзаумайæ цы уыд, уыдон иуылдæр йæхицæй тыдта. Мæ хъæбысы йын йæ сæрыл хæцыдтæн. Куы йæ хъæццулæй æмбæрзтон, куы та-иу ын фанары рухс йæ цæсгоммæ бахастон – йæ цæстытæм-иу ын ныккастæн, сабыр æй кодтон:

– Бабыхс, Алиман! Бирæ нæ нал хъæуы, тагъд ныххæццæ уыдзыстæм. Хидмæ хæрз æввахс стæм.

Хидмæ нæ нырма цас хъуыд, чи йæ зоны. Бæргæ бæхты цыппæрвадæй куы атæриккам, фæлæ уый гæнæн нæй, фæтилдзысты Алиманы. Цыма иуыылæр иу ранмæ æрцыдысты – тар æхсæв, уазал къæвда, цъыф æмæ гуыргъахъхъ фæндаг. Алиман, мæгуыраæг, йæ гæндзæхтæ цагъта, хъæр кодта, уынæргъыдта, стæй æваст ныссабыр æмæ йæ хыр-хыр ссыд.

– Алиман, Алиман! Цы кæныс? – фыр адæргæй стыхстæн, ныхъхъæбыс æй кодтон, фанар ссыгътон. Уый мæм судзгæ цæстытæй каст.

– Æрлæууут! Мæлын! Æрлæууут! – дзырдта мын йæ сау сыгъд былтæй æмæ райдыдта хуыдуг кæнын.

Уæрдон баурæдтам.

– Мæ сæрыл мын хæрдмæ схæц, – ракуырдта мæ. – Уæлдæф мын нæ фаг кæны.

Æмæ ныккуыдта. Йæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ, райдыдта дзурын:

– Мæ зынаргъ æна, мидæгæй мæ хуылф судзы… Хъару мæм нал ис… Мæлын… Æна, стыр бузныг дын… Ныххатыр мын кæн… Хъасым мын æгас куы уаид… Ой-ой, Хъасым, мæлын… Ныххатыр мын кæн…

Æз ын ныллæгъстæ кодтон:

– Нæ, мæ чызг, нæ, нæ амæлдзынæ. Бабыхс, бабыхс, мæ зæрдиаг. Хидмæ фæхæццæ кæнæм. Хъусыс, нæ амæлдзынæ!

Ногæй та фæтыхстдæр. Йæ зæрдæ бахъарм, йæ дæндæгтæ кæрæдзимæ ныллхъивгæйæ, йæ фæстаг тыхтæ æрбамбырд кодта.

– Бегташ! – фæхъæр ыл кодтон. – Йæ дæлæрмтты дæ къухтæ акæн æмæ йыл схæц! Рæвдздæр! Хуыцауы хатырæй, ма æфсæрмы кæн!

Бегташ Алиманыл схæцыд, æз та æххуыс кодтон сабийæн райгуырыныл. Бегташ хъæрæй ныккуыдта, æмæ та ногæй эшелонты хъæр мæ хъусты азæлыд, сæ цæлхыты гуыпп-гуыпп; дымгæ та

мæм æрбахаста: «Æна-а! Алима-ан!» Æмæ уайтагъд райхъуыст ноггуырды кæуын. Цард, цымæ, цæмæн дæ афтæ æгъатыр, цæмæн дæ афтæ куырм?! Саби райгуырд, Алиман та мæлгæ кодта. Йæ хуылыдз, бæгънæг буар ын йæ фæдджийæ æрбатыхтон, бакастæн æм, мад – Алиманы мард – æрдзедзыкка Бегташы къухты. Йæ сæр иуæрдæм акъул, йæ къухтæ ехсытау хъеллау кодтой.

– Алиман, – ныхъхъæр кодтон æррайау æмæ йын йæ цонг ацахстон: тугдадзинты цавд бамынæг...

Иу уысммæ мæ цæстыты раз ферттывтой цард æмæ мæлæт.

Фæстæмæ куыд раздæхтыстæм, афтæ бон дæр цъæхтæ кæнын райдыдта. Дыдзы рухсмæ зилдух кодтой миты урс тъыфылтæ. Уыдон сабыргай хаудысты фæндагыл. Æмæ уыцы урс сабыры сæ урсбарц къæдзилтимæ æнæсымæй цыдысты бæхтæ. Уæрдоныл æмырæй куыдта Бегташ. Бæхты тæргæ дæр нæ кодта, сæхæдæг цыдысты. Æнæхъæн фæндаг йæ кæуынæй нæ банцад. Æз сывæллоны хъарм батыхтон, мæ риумæ йæ нылхъывтон æмæ цыдтæн фæндагæн йæ кæрæтты, æмæ мæм урс мит зынд сау миты хуызæн.

## 16

Гъе афтæ ма нын хæст иу хатт йæхи нæ зæрдыл æрлæууын кодта. Уыцы райсом цы фæндагыл ацыдтæн, уый уыд иууыл уæззаудæр æмæ зындæр фæндаг мæ царды, ахæм уавæры уыдтæн, æмæ мæм мæлын хуыздæр каст цæрынæй… Саби куы бахъарм, уæд базмæлыд фæлмæн къуыбылойау, æнæхъæн фæндаг йæ кæуынæй не 'нцад. Цыдыстæм, æмæ йын дзырдтон: «Куыд æнамонды гуырд фæдæ, дæ фыццаг цъæхахстимæ дæ ныййарæгæн хæрзбон загътай». Æмæ мæм æваст кæцæйдæр фæзынд ахæм хъуыды: «Æмæ цард бынтон куынæ аскъуыд, йæ фæстæ баззадис æвзар». Фæлæ та ногæй ахъуыды кодтон: «Цæй фервæзыны амал ын ис, мады æхсыры хъæстæ чи нæ фæцис. Нæ, бирæ цæрæнбон ын нæй». Куыд тынг мæ фæндыд, саби æгасæй куы баззадаид, æмæ уыцы уысм хъысмæтæй куырдтон: «Ай нын уæддæр ныууадз удæгасæй! Ма йæ бауадз мæлын. Чи зоны, удæгасæй баззайа. Чи зоны, исты амæлттæй фервæза». Афтæ сагъæстæгæнгæ цыдтæн, куы-иу мæ ныфс асаст, куы та-иу мæхицæн зæрдæтæ авæрдтон æмæ, куыд æрбарухс, уый зонгæ дæр нæ бакодтон, стæй, сæумæрайсом хъæумæ куыд бахæццæ стæм, уый дæр.

Мит дарддær тъыфылæй уарыд, мæ алыварс бæстæ уыд æмыр. Уыцы æдзæмы æрдæгхæлд хæдзæрттæ, æрдæгарæзт уынгтæ ноджы зæрдæриссæндæр уыдысты. Авд азы размæ дзы цы куыстытæ райдыдтой, уыдонæй ма баззад хæлæддзæгтæ. Мит зилдухæнтæ кодта æдзæрæг уынгты, хъæпæнæй æрæмбæрзта кæлæддзаг бæстыхæйттæ æмæ хус сындзы къутæртæ. Хъасым æмæ Алиманы хæдзары кæрты дæр афтæ рæдзæгъдтæй лæууыдысты дурты цæндтæ.

Мыггагмæ æрæнцад Алиман, хуыссыд фæлурсæй æхгæд цæстытимæ. Йæ сæр-иу куы иуæрдæм, куы иннæрдæм акъул, миты гæлæбутæ хаудысты йæ цæсгомыл, фæлæ нæ тадысты.

Фыццаг уынджы Бегташ уæрдонæй рагæпп кодта æмæ фыццаг хатт æцæг лæгау кæугæйæ фехъусын кодта адæмæн зианы хабар. Алчи йæ кæртæй фæфæдис, æрбамбырд ныл сты. Айшæ мæм æрбазгъордта хъарæггæнгæ, сывæллоны мын мæ хъæбысæй айста æмæ йæ сæхимæ бахаста.

Дыккаг бон Алиманы баныгæдтам. Æгъдаумæ гæсгæ сылгоймæгтæ уæлмæрдтæм нæ цæуынц, æз та ацыдтæн, ничи мын ницы загъта: мæ хæдзары нæлгоймаг нал баззад, цæмæй æгъдæуттæ æххæст кодтаид.

Мæхæдæг баныгæдтон Алиманы, мæхæдæг æй нывæрдтон ингæны, фыццаг ыл мæхæдæг бакалдтон мæ армыдзаг сыджыт дæр. Уыцы бон дæр мит уарыд тъыфылæй. Сырх æлыгæй уæлмæрд уайтагъд митæй разынд урс къуылдымæй.

Уалдзæджы Алиманы ингæны ныссагътон дидинджытæ. Дидинджытæ бирæ уарзта, æмæ дзы æрвылаз дæр садзын.

Æмæ та дарддæр цард йæ цыды кой кодта. Фыццаг бонты Жанболотæн дзидзи лæвæрдта нæ сыхаг Джоробеджы чындз, стæй йын райдыдтон сæгъы æхсыр дарын. Бирæ фыдæбæттæ бавзæрстам нæ дыууæ дæр, фæлæ сыл цы дзурæм. Иу ныхасæй, райгуырд цæрынæн æмæ аирвæзт. Уый тыххæй хъысмæтæн бузныг. Ныр ыл дыууадæс азы цæуы. Гыццылæй йæ цы дохтыр дзæбæх кодта, – нæ зылды ныр у зындгонддæр адæймæгтæй иу – уый нæ куы фены, уæд афæрсы:

– Гыцци, куыд у дæ лæппу, рæзы?

– Хуыцауæн табу! Джигит у ныр, – фæзæгъын æз.

Уый мæм æрбакæсы æмæ бахуды.

– Омæ хорз. Аккаг лæг дзы рауайæд.

Жанболотимæ нæ тынг рагæй зоны. Уæд ыл цыд афæдз æмæ ‘рдæг.

Тынг рынчынтæгæнаг уыд. Иухатт мæ тынг фæтæрсын кодта. Кæсын, йæ былтæ ныцъцъæх сты, цæстытæ нал гом кæны, зынтæй ма улæфы. Фелвæстон æй æмæ – тагъддæр рынчындонмæ. Æмæ та уый дæр уыд æхсæвыгон, зымæджы балæгæрстон доны. Дохтыр уыд, æрæджы ахуыр чи фæци, ахæм æрыгон лæппу. Куы мæ ауыдта хуылыдз дзаумæтты, уазалы ризгæйæ, уæд фæтарст, йæ къухтæ мыл сцагъта:

– Дæ зонд фæцыд, чи дæ бауагъта доны бацæуын? Кæм сты йæ ныййарджытæ?

– Æз йæ мад дæр дæн æмæ йæ фыд дæр, мæ къона. Ма йæ бауадз амæлын. Исты куы кæна, уæд мæнæн дæр цæргæ нал у, – загътон ын æз.

Æхсæв-бонмæ сывæллоны цурæй нæ ахызт. Дыууæ сахатæй дыууæ сахатмæ йын кодта уколтæ. Мæнæн дæр мæ дзаумæттæ аивын кодта, хостæ мын бадардта, фæлæ уæддæр райсомæй мæ тавд схызт, хуыфын райдыдтон. Хуыссыдтæн уадзыгау, хъуыды кæнын, дохтыр мын йæ къух мæ ныхыл куыд авæрдта, дзырдта мын:

– Гыцци, фидар фæлæуу. Дæ хъæбул адзæбæх, худын райдыдта.

– Кæд афтæ у, уæд бабыхсдзынæн, – тыхстæй йæм сдзырдтон.

Æвæццæгæн, уый тыххæй фервæзтæн, мæ саби кæй фæдзæбæх.

Уыцы аз сæрды ахæм цымыдисаг цау уыд. Сæрды улæфты рæстæг хъазыд уынджы, стæй кæсын, æмæ Хъасымы велосипед куы ратæрид. Ссæдз азы ауыгъдæй чи фæлæууыд сарайы царыл, уый. Раласта йæ æмæ йæ цалцæг кæнын райдыдта. Ницы йæм сдзырдтон, зæгъын, ацархайдзæн, ацархайдзæн æмæ йæ ныуудадздзæн. Цалцæггæнæн дæр дзы ницыуал уыд: йе 'фсæйнæгтæ бынтон ныззгæ сты, йæ резинæтæ нывскъуыдтæ сты. Йе 'мбæлттæ дæр æм æрбалыгъдысты, æмæ йыл уыдон дæр худтысты. Зæронд хæррæгъ хæдтулгæ, дам, куы у. Фæлæ хивæнд багуыбыр æмæ сымсымгæнгæ цыдæртæ архайы. Нæ зонын, Бегташ куынæ уыдаид, уæд ын дзы исты рауадаид? Уый дæр ын, кæд сывæллætты фыд у, уæддæр сывæллонау уыцы лæмбынæгæй æхxуыс кæнынмæ бавнæлдта.

Бегташ уарзы Жанболоты, куы бахъæуы, уæд скъоламæ дæр бауайы ахуыргæнджытæм. Ус ракуырдта, Айшæ ма æгас куы уыд, уæд. Айшæ Алиманæй æртæ азы фæстæ амард. Тынг зын мын уыд мæ уарзон сыхаджы фæстæ. Цас зынтæ бавзæрстам иумæ! Бегташæй тынг хорз лæг рауад. Æмбаргæ, кусаг адæймаг у. Æртæ сывæллоны йын ис, йæ цардæмбал Гульсун у зæрдæхæлар сыхаг. Йæхæдæг комбайнерæй рагæй кусы.

Иухатт дын Жанболот, йæхæдæг мазутæй змæстытæй, цæхæркалгæ велосипедимæ  мæ уæлхъус алæууыд:

– Гыцци, – дзуры мæм, – кæс-ма мæ фыды велосипед куыд рафидыдта.

Мæнæн мæ къухтæ андзыг сты: уыцы ныхæстæ мын, иуæй, цыдæр зын уыдисты, иннæмæй та – æхсызгон. Уый та уыд сæрыстыр!

– Кæс-ма, – дзуры мæм, – ныр ыл цæуын дæр базыдтон. Кæс-ма!

Бадæныл бадгæйæ педæлттæм не ‘ххæссы, фæлæ йын йæ фарсыл æрцауындзæг, ныззылынтæ, афтæмæй фескъæры, – куы иуæрдæм акъул вæййы, куы иннæрдæм, чысыл ма, æмæ асхъиудзæн.

– Æрхиз, ахаудзынæ! – хъæр æм кæнын.

Уый йæ ноджы фæтынгдæр кодта. Кæртæй – уынгмæ. Æз – йæ фæдыл. Йæ тых-йæ бонæй аскъæрдта æмæ иуварс асхъиудта велосипедимæ. Тынг ныццавта уæд йæхи. Æз æм базгъордтон, зæххæй йæ систон, хыл æм кæнын:

– Дæхи цæуыл марыс? Кæс-ма, цы ‘рхъуыды кодта… Куыд никуыуал ыл сбадай!

Уый мæм дзуры:

– Гыцци, нал ахаудзынæн. Уый мæхи барæй бафæндыд велосипедæй ахауын, уымæн æмæ никуыма ахаудтæн.

Æз ыл ныххудтæн. Кæсын, Бегташ нæм кулдуарæй кæсы. Цыма æнæуи кæсы, афтæ йæхи дары. Лæууы, ницы нæм дзуры, æз дæр æм ницы дзурын, фæлæ цæстæнгасæй кæрæдзийы хорз бамбæрстам.

Уæдмæ хуымгæрдæнтæ дæр райдыдтой. Иуизæр нæм Бегташ æрбацыд:

– Жанболоты мæ мæхицæн комбайныл æххуысгæнæгæй акæнын фæнды.

– Кæд дын исты æххуыс фæуыдзæн, уæд æй акæн, – разыйы дзуапп ын радтон.

Бар ын радтон, фæлæ дыууæ боны фæстæ ацыдтæн йæ бæрæг кæнынмæ. Сывæллон у нырма, зын ын куы уа. Жанболот куыста комбайныл. Куы мæ ауыдта, уæд мæм цыма хохы цъуппæй рахъæр кодта:

– Гыцци! Æз ам дæн!

Бегташ мæм штурвалыл лæугæйæ йæ къух батылдта, йæ сæрæй мын акуывта.

Изæрмæ бæласы бын ауоны фæбадтæн арыхъхъы был æмæ кас-

тæн хуымгæрдæнтæм. Найгонд хор станмæ ласгæйæ хæдтулгæтæ рыг калгæ дыууæрдæм кодтой.

Куы æрталынг, уæд комбайнертæ дæр сæ куыст фесты. Жамболот дæр уыд фæллад, фæлæ, Бегташы фæзмгæйæ, сæрыстырæй, æнæдзургæйæ æмæ футтытæгæнгæ йæхи æрдæгæй уæлæмæ ныхсадта арыхъхъы доны. Мæ къухы мын дзæкъул куы ауыдта, уæд бацин кодта:

– Гыцци, фæткъуытæ æрбахастай?

– Æрбахастон, – дзуапп ын радтон.

Æрбазгъордта мæм, ахъæбыс, аба мын кодта.

Бегташ фыр худæгæй бакъæцæл.

– Цымæ, цы æфсæрмытæ кодтай. Нырмæ дæр афтæ. Ацинтæ кæн, ацинтæ, стæй дæ нал æвдæлдзæн.

Æхсæвæр кодтам быдырон вагоны раз кæрдæгыл. Дзул уыд тæвд, ногфых. Жанболот кæрдзын ардæг кодта æмæ мæм æй дæтты:

– Гыцци, айс!

Дзулыл нæхи бафæдзæхстон, йæ кæронæй йын раскъуыдтон æмæ банкъардтон комбайнеры къухты тæф. Дзул кодта фæтæгены, бензины, æфсæйнаджы, хъæмпы, цæттæ мæнæуы тæф. О, о, æцæгдæр, уæды ад ын ис! Цæссыгкалгæ мæ комдзаг аныхъуырдтон æмæ ахъуыды кодтон: «Цардæн мæлæт куыд нæй, афтæ куыстæн дæр, мæ хъæбул Хъасым! Цард дæр æнусон у æмæ фæллой дæр».

Комбайнертæ мæ нал ауагътой хæдзармæ. Загътой мын, абон сæ уазæг кæй дæн æмæ быдырон станы бахсæвиуат кæндзынæн. Хъæмпыл мын хуыссæн бакодтой. Уыцы æхсæв арвмæ кастæн, æмæ мæм афтæ каст, стъалыты тыгуырты ‘хсæн цыма Æрфæны фæд дзаг у ног æрттиваг хъæмпæй, пырх хоры гагатæй æмæ сæ найгонд цъæрттæй.

…Æмæ Æрфæны фæдæй дардæй азæлдау хъуыст эшелонты цыд, сæ цæлхыты хъæр куыд дæрддзæф кæны. Уыцы хъæрмæ æрфынæй дæн æмæ хъуыды кодтон, ног зæхкусæг нæм кæй фæзынд. Уадз æмæ бирæ цæрæд, уадз æмæ арвыдзаг стъалыты йас уæд йæ бæркад.

Куыддæр бон æрбацъæх, афтæ, цæмæй комбайнерты ма хъыгдардтаин, – рацыдтæн хъæумæ.

Хæхты ‘хсæн ахæм æгæрон сæуæхсид рагæй нал федтон. Хæрдмæдзог цъиуы рæсугъд зарын дæр рагæй никуыуал фехъуыстон. Бæрзондæй-бæрзонддæр тахт арвы цъæх хъæбысмæ, æрцауындзæг дзы къуыбылойæ æмæ адæймаджы зæрдæйау гуыпп-гуыпп, пæр-пæр кодта,

æнæрæнцайгæйæ зарыд æгас тыгъд быдырыл. «Кæс-ма, нæ цъиу дæр зары!» – дзырдта мын кæддæр Суванхъул. Диссаг, æгæрыстæмæй нын уыд нæхи хæрдмæдзог цъиу. Ды дæр мын ахæм хæрдмæдзог, æнусон дæ, мæхи æнамонд цардæмбал!

## 17

– О, мæ уарзон быдыр, ныртæккæ ды улæфыс хуымгæрдæнты фæстæ. Адæмы хъæр дæм нæ хъуысы, хæдтулгæтæ нæ рыг кæнынц фæндæгтыл, дæ комбайнтæ нæ зынынц, фосы дзугтæ дæр нæма æрыздæхтысты хизæнуæттæй. Адæмæн радтай дæ бæркад æмæ ногард сылгоймагау хуыссыс. Анауылийы рæстæгмæ улæфдзынæ афтæ. Ныртæккæ дыууæйæ стæм ам – æз æмæ ды, æндæр ничи. Мæ цард мын иууылдæр зоныс. Абон мын у мысæн бон, ныллæг мæ сæрæй кувын Суванхъулы, Хъасымы, Масылбеджы, Джайнахъы, Алиманы раз. Цалынмæ цæрон, уæдмæ мæ рох нæ уыдзысты. Рæстæг куы æрцæуа, уæд æппæт дæр радзурдзынæн Жанболотæн. Кæд зонджын æмæ хорз зæрдæйы хицау разына, уæд алцы дæр бамбардзæн. Фæлæ иннæтæн, æппæт адæмтæн, æгас дунейыл чи цæры, уыдонæн та цы кæнæм? Семæ мæ ис ныхасаг. Сæ зæрдæтæм сын фæндаг цы амалæй ссарон?

О уæлæ арвыл æрттивгæ хур, ды зилыс зæххы алыварс, ды зæгъ адæмтæн.

О уæлæ къæвдайы мигъ, дунейыл æруадз рухс тæрккъæвда æмæ сын дæ алы æртахæй дæр бамбарын кæн!

Зæхх – нæ дарæг мад, дæ риуыл нæ алкæй дæр хæссыс, алы кæрæтты адæмтæн цард дæттыс. Зæгъ-ма сын, ныййарæг зæхх, зæгъ-ма сын дæхæдæг!

– Нæ, Толгонай, ды сын зæгъ. Ды дæ адæймаг! Ды алкæмæй дæр дæ бæрзонддæр. Ды алкæмæй дæр – куырыхондæр! Ды – Адæймаг! Ды зæгъ!

## 18

– Толгонай, уæдæ фæцæуыс?

– О, фæцæуын. Кæд ма а зæххыл цæрон, уæд та дæм зындзынæн. Хорзæй баззай, быдыр.

*Уырыссаг æвзагæй*
*Къудухты Маринæйы тæлмац*

ТЪЕХТЫ Тамерлан

# «ПОЭТЫЛ ХУДЫН ÆМÆ… ЙЕМÆ ЗАРЫН!»

*(Пародийы жанр Козаты Павелы сфæлдыстады)*

*Уац*

Пародийы жанр ирон литературæйы мæнæ рагон нæу. Йæ уацмыстæ жанры домæнтæн дзуапп кæмæн дæттынц, уыдон дæр бирæ нæ разын-дзысты. Ранымайæн ис Плиты Грисы, Мыртазты Барисы, Хаджеты Таймуразы, Гаджиты Георгийы, Айларты Чермены, Чеджемты Æхсары, Бекмæрзты Афоны, Рæмонты Георы нæмттæ. Къорд азы размæ хицæн чи-ныгæй рацыдысты Пиранты Миккайы (Гæбæраты Никъалайы) пародитæ. Ацы автортæ банкъардтой, æцæг пароди фидисы охыл кæй нæ фыстæуы. Уый нæ, фæлæ ма сæ хуыздæр уацмысты разыны хæлар ахаст сæ «амæт-таг» поэтмæ, цæстуарзон амынд бакусинаг рæнхъытæм. О, уацмыстæ критикæгонд цæуынц, адæймаг йæхи худæгæй схæссы «сфæлдыстадон бахудæнтыл», фæлæ поэты фыдæбонæн эстетикæйы домæнтæм гæсгæ аргъгонд кæй цæуы, уый дæр рох ма уæд (поэты хъуыдымæ разы уæвын кæнæ йемæ «æмзарды» мотивыл дæр арæх фембæлæн ис).

Пароди литературæйы æнæмæнг хъæугæ у, йæ «агъуды» бын ын мас-тисæн-æфхæрæнтæ куынæ ʻмбæхстæуа, уæд. Автор хъуамæ бузныг уа, йе сфæлдыстад ын хорз чи зоны, фаг æххæстæй йын æй чи кæсы, лите-ратурон критикы курдиатæй иппæрд чи нæу, йæ уыцы æлхыскъмæ æмхиц æмсис-æмбалæй æмæ йæ «фыдæнæн» йæхиуыл æнувыддæрæй куса.

Нырыккон ирон литературæйы пародимæ уæлдай лæмбынæг æргом чи здахы, уыцы фысджытæй иу у Козаты Павел. Хуссар Ирыс-тоны Цхинвалы районы Зары хъæуккаг лæппуйы фыццаг æмдзæвгæ газеты мыхуыргондæй рацыд 1959 азы. Уæды 19-аздзыд сæрæнгуырд бакаст Ростовы облæсты Шахтæйы горæты институты истори æмæ филологийы хайад. Уый фæстæ йæ райгуырæн республикæйы куыста алы бæрнон бынæтты. Сфæлдыстад дзы рох никæд уыд, фæлæ йæ фыццаг чиныг «Зæрин хуры æндæвд» рухс федта æрмæст 2013 азы, дæс азы фæстæ та чиныгкæсæгыл сæмбæлдысты «Уды сагъæстæ» [1]. Дыууæ æмбырдгонды дæр ис рæгъмæ хæссыны аккаг æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, афоризмтæ, æмбисæндтæ рифмæты æмæ æлхысчъытæ,

фæлæ сæ уæзгæ бынат ахсынц пародитæ. Авторæн систы сæры сæйраг æрыгоны бонтæй фæстæмæ, лæвæрдтой йын æхцондзинад, уыдоны руаджы æхсыст йæ сис.

Пиранты Миккайы (Гæбæраты Никъалайы) пародиты чиныг «Професcыр поэты ныхмæ!»-йы саразæг æмæ зындгонд æвзагиртасæджы курдиаты ацы æнæнхъæлæджы фæзилæн æвзарæг ахуыргонд Пæрæстаты Эльдæ зæгъы: «Пародист фæзмы хорз уацмысты æмæ æвзæр уацмысты дæр – нæргæ поэты æмæ хуымæтæджы поэты дæр. <…> Поэт æцæгдзинады фæлгæттæй ахызт, уæд æнæмæнг пародисты амæттаг фæвæййы. Патриотизмы идейæ æппæлинаг у, фæлæ ныхæстæ-рæнхъытæ хъуыддæгтæй фидаргонд куынæ цæуой, уæд сыл адæм былысчъил æмæ худгæ кæнынц. Патриотизм (кæнæ лæгдзинад, æхсар, намыс, æфсарм) дæ туджы нæй, уæд ыл цæмæн зарыс? <…> Поэт бæззон темæ, аккаг идейæ равзары, фæлæ хæдхуыз поэтикон фæлгонцтæ æмæ формæтæ мысыныл схæцы æмæ фæстагмæ фегæр вæййы. Уый хуызæн фегæргонд æмдзæвгæ æнахуыр дисы бафтауы чиныгкæсæджы, æмæ та пародисты азарæй басудзы поэт» [2]. Ацы ныхæстæ Козаты Павелыл æрбаргæйæ, зæгъæн ис, уымæ дæр ныхæстæ-рæнхъытæ хъуыддæгтæй фидар кæнынмæ зивæггæнджытæ æнæмæнг кæй фæхæрам уыдзысты, æмæ уый у пародисты рæстмæ архайдæн æвдисæн. Йæ хæдхуыз миниуæг та у, сæйраг æргом уæлдæр нысангонд эстетикæйы домæнтыл поэтимæ «æмзардмæ» кæй здахы. Уыцы уагæвæрдыл амайы йæ «поэтикон фæзмæнтæ» æмæ æрмæст хъæлдзæггæнæн нæ, фæлæ сагъæстæ æфтауæг, царды зилдухæнтыл хъуыдытæм здæхæг дæр свæййы. Джусойты Нафийы мотивтимæ æмныхасгæнæн «Куыд асæй»-ы фыссæг æмæ ахуыргонды сагъæс, «мæ кæстæртæ цæуынц мæрдтæм мæ разæй», зæгъгæ, уый адарддæр кæны, уайдзæфгæнæджы фæлгонцы бацæугæйæ:

*Цæй хивæнд сты гъеныры кæстæртæ,*
*Кæсынц сæм ныр сæхи хъуыдытæ растдæр.*
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
*Мæстæлгъæдæй сæ зиантæм фæцæуæм,*
*Куыдзæрондæй нæ нал уадзынц мæрдтæм дæр.*

Пародийы авторæн фысджыты хистæр фæлтæры минæварыл бахудын йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй. Æмбары йын йæ уавæр, йæ сыгъдæг ныхас ын дызæрдыггаг нæу, æмæ уымæ гæсгæ нывæнды цард фенæг куырыхон лирикон хъайтары фæлгонц. Мæрдты дунемæ тагъд кæныны бæсты мын уæлæуыл мæ уацмыстæ кæсут, зыгъгæ, уыцы

«нystуанæй» пароди исдуг кæд уæлæнгæйтты йæ жанры «хотыхтæй» иу – иронийы ахорæнтæ – райсы, уæддæр æмбæрстгонд у, ныхас æмткæй дзыллæйы фидæныл сагъæстыл кæй цæуы.

Фæлтæрты бастдзинадыл хъуыдытæй рахизæн ис фыссæгæн йæхи хъысмæтмæ. Сфæлдыстадон фæлтæры иннæ хистæр минæвар Хуыгаты Сергейы «цы у дæ цард: бон – кусгæ, ‘хсæв – фысгæ», зæгъгæ, уыцы ныхас сси пароди «Æгъуыссæг»-æн рахæцæн:

*Кæмæндæрты цæсты сындзау у ме ской,*
*Нæ дзыллæ та мæм никуы кодта хъусгæ.*
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
*Мæ раттæг феста зæдты ‘хсæн æвзæрдæр, –*
*Цы у мæ фыст, цы дзы кæнын, цы пайда?*

Фыссæг, æцæгдæр, арæх ахъуыды кæны, цæмæн бахъуыд мæ фыдæбон, зæгъгæ, фæлæ æцæг курдиаты дардмæуынаг цæстæнгасæн дзыллæ аргъ кæны, йæхицæн та фыссæн сисыл йæ къух ауигъын йæ бон нæу – дамгъæтæй нывæфтыдтæ аразын æрдзæй рахæсгæ Хуыцауы комытæфы нысан у. Мидбылты æнæ бахудгæ нæй, «кæд ма кæнон фынæй та», зæгъгæ, пародийы уыцы фæзилæныл, фæлæ та сæрæвæрæн æндæр, арфдæр хъуыды у – æцæг фыссæджы удхъуырдухæн бамбарын хатт йæхи бинонты бон дæр не свæййы, æмæ йын уый йæ сагъæстыл ноджы бафтауы.

Бафтауы, æмæ йæм уæд поэт Годжыцаты Неллийы ныфсæвæрæнты ‘нгæс хъуыдытæн æххуысмæ æнæ фæзынгæ нæй: «Мæнæн æнусон у мæ фидæн, / Зæххыл рæстæгмæ уыд мæ цард». Уыдон фесты Козайы-фыртæн «æнусон монцтæм» ахæм хуызы аздæхыны æфсон (æмдзæвгæ «Æнусбынат – хуыздæр»):

*Мæ уæвынад нæ фæрæстмæ цæмæндæр,*
*Кæд уымæн дæн ныфссаст æмæ рыгъд дæр.*
*Æхсайы ма мæ рыст зæрдæ кæдæмдæр:*
*Кæд разынид æнусбынат хуыздæр.*

Куыд уынæм, афтæ та ам дæр пародист сфæлдыстадон кусæджы фæдæлдзиныг кæныны зондыл хæст нæу. Уый нæ, фæлæ ма царды философи банкъарынмæ разæнгарддзинадмæ дæр сиды. Уырны йæ, «ныфссаст æмæ рыгъд» курдиатæн литературæйы йæхи бынат кæй ис, æмæ йын уый ног сфæлдыстадон æнтыстытæм тырныны хъару кæй дæтдзæн.

Уæвгæ, пародийы хъайтартæ адæм (ам – поэттæ) кæнæ цæрæгойтæ

не сты, кæд сæ кой арæх рацæуы, уæддæр. Пародийы сæйраг архайæг у литературон уацмыс йæхædæг, æмæ цыфæнды хъæлдзæг мотивимæ дæр æнцонтæй бамбаргæ нæ вæййы – хъуамæ зонай уыцы уацмыс, авторы цардвæндаг, цы дуджы цард, уый фæзилæнтæ, æцæгæлон дын ма уа «мæстæймарæн» жанрæн йæ аивадон æвзаг. Æрмæстдæр уæд банкъардзынæ æххæстæй пародийы ад, раргом дын уыдзысты, дунеон поэтикон культурæ йæм рагзамантæй фæстæмæ цы домæнтæ сæвæрдта, уыдон. Сæйрагдæр баст сты жанры дыууæ хуызы – *бурлеск* æмæ *травестиимæ*. Фыццаджы руаджы бæрзонд истæуы цавæрдæр лыстæг, ницы давæг хабæрттæ, дыккаг зындгонд уацмысы темæ æмæ фæлгонцтæм ахæм дæлдзиныггонд литературон формæты фæлгæты акæсы, æмæ уацмысы мидис зыгъуыммæ фæлдæхт æрцæуы. Уырыссаг сатирикон поэзийы традицитæ сæ баиу кодтой, перепев, зæгъæ, жанры уыцы æртыккаг хуызы. Бафтыд ма сыл *«зыгъуыммæ зарæг»*, ома сатирæ æмæ юмор фæдзадджджындæр вæййынц лирикæйы æнкъарæнты агъуды сæ бакæнынæй.

Бурлескы ахорæнтæ фæхæццæ сты, зæгъæм, æмдзæвгæ «Æнæ ахсосæй»-мæ. Дзыллæ арæх йæ фыссæджы тырнæнтæ кæй нæ фембары, ууыл дзургæйæ, автор Тедеты Ефимы ныхмæ æргомæй «расты» сатирæ æмæ юморы «хотыхтимæ». Æфсон ын фесты Тедейы-фырты мæнæ ацы рæнхъытæ: «Куыйтæ мыл уайтагъд æмбу кæнын систой / Фисынтæй, фæндæгтæй, тасы фæдæн». Æмæ ныр нæ бон у мидбылты бахудын авторы иронийыл:

*О, диссаг, диссаг! Куыйтæн та цы кодтон,–*
*Мæ адæмау мæ уыдон дæр нæ уарзынц.*
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
*Кæд уыдон дæр фæцалх ысты кæсыныл,*
*Æбузн ысты мæ хъиамæт, мæ куыстæй.*

Козайы-фырт Хуыгаты Сергейы номæй зæгъы, йæ дзыллæ йæм кæй нæ хъусы, Тедеты Ефимы номæй – адæм æй кæй нæ уарзынц. Ацы авторты фыссæджы охыл литературæмæ фаг æвæрæн бахастой, æмæ се сфæлдыстадон лæвæрттæ се ‘мдугонтæ æмæ фæдонтæн зынаргъ сты. Уыимæ æдзæстуарзон адæм кæнæ хæлæггæнджытæ кæдфæнды дæр вæййы, æмæ сæ бон у «куыдзы хæцт фæкæнын». Худæм авторимæ, фæлæ йемæ иумæ æнкъарæм йæ «амæттаг» фысджытимæ иузæрдиондзинад дæр.

Зындгонд советон æмæ уæрæсейаг ахуыргонд Владимир Новиковæн пародийы ахсджиаг нысаниуæг дызæрдыггаг дæр нæу, йæхи аивадон

закъонтимæ жанрыл дæр æй нымайы: «Этот жанр интересует теперь не только литераторов и, как говорили в старину, «записных» любителей литературы, но и широкого читателя. В первую очередь это объясняется самой природой веселого жанра, тем неповторимым удовольствием, которое доставляет удачная пародия. Это связано и с возросшим читательским уровнем, с углублением интереса к литературе в целом, а вследствие этого и способностью современного читателя разбираться в тех серьезных вещах, о которых с улыбкой говорит пародия. Наверное, не нужно доказывать, что хорошая пародия должна быть смешной. Но источник комизма здесь свой, особенный. Ремесленные поделки, ставящие своей целью рассмешить во что бы то ни стало, не смешат читателя, а вызывают досаду или раздражение. Более того, в иных случаях смешным оказывается не пародируемый автор, а сам пародист. Ведь пародия тем смешнее, чем она глубже, чем выше мастерство пародиста. Стало быть, у этого веселого жанра есть свои художественные законы» [3]. Аивады уыцы «хъæлдзæг закъонтæн» æвдисæн пародийыл фæлтæрæг у адæймаджы хæрдмæ сисыны æмæ йæ бæрзондæй зæхмæ æрæппарыны миниуæгæй. Уыимæ йæ уд, йæ дзæцц – йæ хъайтары уыцы иу рæстæг хъуыдыгæнæг æмæ царды æлхынцъытæ уæлæнгæйтты стауæгæй равдисын. Габуты Хазби йæ дзыллæйы æмæ мадæлон æвзаджы сæраппонд бирæ зын фæндæгтыл ацыд æмæ йæ, алцыдæр цæттæйæ кæмæ æрхауы, уыдоны рæнхъмæ бахæссæн нæй. Уымæ гæсгæ йын пародийы дæсны, «Арвы нæй цæджындз ныссадзæн», зæгъгæ, йæ уыцы хъуыдымæ куы фæкомкоммæ, уæд радзырдта, арв цæмæй сбæркадджын кæнæн ис, уый тыххæй (æмдзæвгæ «Бæллиц»):

*Ныссадзин дзы фæткъуытæ ‘мæ кæрдотæ,*
*Сæ фарсмæ мигъты исиккой уым дон.*
*Æз та æрхуыссин цъæх нæууыл уæлгоммæ,*
*Цæмæй сæм райгæ арвы ‘рдæм кæсон.*

Идиллион ныв, сыгъдæг æнкъарæнтæ тауæг монцтæ æмæ нысангонд жанры хуыз *перепев* («зыгъуыммæ зарæг») райтауынмæ цæттæдзинадимæ кæронбæттæн: «Сæ бур дыргътæ мæм уырдыгæй куы згъæлой, / Мæ дзых сæм дарин комкоммæ бынæй». Таурæгъты дзуринаг магусайы æмвæзадмæ æрхауæг хъайтар? Æмæ хуыздæр куы ахъуыды кæнæм, Габуйы-фырты хъысмæт куы бахынцæм, уæд та? Гуыргъахъхъ фæндæгтыл рацæуæг курдиатджын удгоймагæн хъæуы æнæмæтæй баулæфыны, йе сфæлдыстад æрбæстон кæныны фадæттæ саразын, зæгъгæ, уыцырдæм

здæхт не сты пародийы «рохтæ»? Ахудæм æмæ адæймаджы зæххыл æмæ арвыл дæр арфæйаг «тауинæгтыл» ахъуыды кæнæм…

Фыссæг – уый æдзух йæ дзыллæйы сæрыл дзурæг у, алы хорзæхтæ уымæн домы, йæхи пайдайыл нæ хъуыды кæнгæйæ. Уымæ гæсгæ фæзындисты Бызыккаты Земфирæмæ мæнæ ацы рæнхъытæ: «Уадз, не ‘мпъызтыты алкæддæр цæуæм». Пародистæн уыдон сфаг сты æмдзæвгæ «Нæ хъæуы зыд»-ы ахæм рæнхъытæ ныффыссынæн:

*Фæхæры нæ кæрæф æмæ фырзыд,*
*Нæ царды ма фылдæр мулкыл хи хъарæм.*
*Кæддæр нæ фыдæл ‘нæ хæдонæй цыд,*
*Нæ зæрдыл мах ныр уыдæттæ нæ дарæм.*

Лæзæрд дарæс зæрдæйæн æхцон кæцæй хъуамæ уа – фыссæг мæгуыргуры уавæры нæдæр хорз уацмыстæ снывæнддзæн, нæдæр дзы йæ адæмы цæсты кад уыдзæн. Уыимæ бæлвырд у, удæй сыгъдæг кæй хъуамæ уа, цардæй тыхтонамæ кæй ма тырна. Æмæ «мæстæймарæны» арф мидис æвæрдæуы – цы куыстыл лæуд дæ, ууыл æнувыд у, афтæмæй æхсæнадæн исты хорздзинад хæссынмæ тырн.

Уæлдæр куыд бафиппайдтам, афтæмæй пароди дзадджын у «хæдхуыз поэтикон фæлгонцтæ» комкоммæ æмбарын кæныны фæлтæрæнтæй дæр. Пародист сæ «сызмæнты» травестийы ахорæнтимæ, æмæ дзы рауайы æмдзæвгæ «Зæронд хур». «Хурæн йæ дæлæрмтты бацыдысты дыууæ хохы...» – Биазырты Кромвелы нывæст ацы фæзынд Козайы-фыртæн радта æрдзон зонадмæ «ногдзинад» бахæссыны фадат:

*Хур æцæгæй ныззæронд, уырны мæ,*
*Райсом сысты, хæрз зынæй ыскæсы.*
*Йе ‘ндæвд раздæрау нал у, æрнымæг,*
*Хи ма арвыл тыххæйты фæхæссы.*

Пароди юморæй æнхъæвзы æмæ дзуапп дætты жанры «хъæлдзæг закъонты» домæнтæн. Фæлæ уыимæ нæ алкæй бон дæр у, зæххыл æнусонæй кæй ницы ис, уый ма ноджы иу хатт банкъарын. Æмæ иугæр афтæ у, уæд адæймаджы хъæуы алы уысмæн дæр аргъ кæнын, «зæронд» хуры алы скастимæ дæр ног исты хорз хъуыддаг аразын.

Иугæр поэты сфæлдыстадæн йæ бæрзонддæр барæнтæй иу у уарзондзинады лирикæ, уæд хъуамæ пародистмæ дæр уый фæлгæты æркæсæм. Æмæ фенæм æмдзæвгæ «Кæйдæр уæнгтæ». Æлборты Ха-

дзы-Умары «мæ туг, ме стæг, мæ фыдтæ æппæт дæр… дæу сты», зæгъгæ, уыцы фæлгъауæнмæ Козайы-фырт фæцарæхст:

*Дæу дæн æз рагæйдæр æппæтæй:*
*Мæ къух, мæ къах æмæ зæвæтæй,*
*Мæ сæр, мæ риу æмæ мæ хъустæй,*
*Мæ цæст, мæ гуыр æмæ мæ рустæй,*
*Мæ цонг, мæ астæу ‘мæ мæ бæрзæй,–*
*Æппæт, цы мын раттæуыд æрдзæй.*

Зыгъуыммæ фæлдæхт, «уæнгтæгонд» уарзондзинадыл адæймаджы буары конд сахуыргæнæн ис. Худæм æмæ уымæй аккаг аргъ кæнæм пароди ныффыссæгæн. Сыгъдæг æнкъарæнтæ фæкайдæуы, зæгъиккам, æмæ нæдæр авторы, нæдæр йæ «мæстæймарæджы» зондахаст уыцырдæм здæхт куынæ сты. Фæнды сæ æрмæст уарзондзинады аккаг ныхæстæ ссарын. Алкæй дæр – йæхирдыгонау, цæмæй сæм дзырды дæсныты ног фæлтæр æрыхъуса æмæ адæммæ бæстон куыстгонд сфæлдыстадон хуынтæ хæсса.

Куыдфæнды уæд, уæддæр поэтты æмæ сæ «бафхæрæг» пародистты арæхстдзинады кад фæйнæхуызон у. Фыссæджы уацмыстæ кæсынц алы кадджын мадзæлтты кæнæ бæрæгбæтты, хъæндзинæдтæ йæм агурæджы рæнхъытæ та кæд райхъуысой стæмхатт арæзт юмористон изæрты. Фæлæ уæддæр Козаты Павелы хуызæн зиууæттæ амондджын сты. Æхсызгон сын у аив дзырды зæлланг, æнкъарынц ын йæ ад æмæ йын лæггадæй не ‘фсæдынц. Литературæйы рæзтимæ, чиныгкæсджыты цымыдисагдæр исты базонынмæ цыбæлдзинадимæ фылдæр æргом здæхт цæудзæн пародимæ дæр. Æмæ уæд ирон литературæ уæндон, æргомдзырд, бирæзонæг «бахудынæй мæстæймарджыты» сфæлдыстадæй фæбæркадджындæр уыдзæн.

## ЛИТЕРАТУРÆ

1. Козаты Павел. Зæрин хуры æндæвд. – Цхинвал: Мыхуыры хæдзар, 2013. – 372 ф.; Козаты Павел. Уды сагъæстæ. – Цхинвал: РХИ-йы Мыхуыры хæдзар, 2023. – 175 ф.

2. Пиранты Микка (Гæбæраты Никъала), Пæрæстаты Эльдæ. Профессыр поэты ныхмæ! – Цхинвал: Республикæ, 2014. – 6 – 7 ф.

3. Новиков В.И. Зачем и кому нужна пародия? // Вопросы литературы. – 1976. – №5. – 190 ф.

# НЫВАИВАДМÆ ФÆНДАГЫЛ – «МАХ ДУГ»-Ы АРФÆТИМÆ!

Сывæллон нываивадмæ æмхиц куы уа, уæд йæ алыварс дуне райдзастæй уындзæн, царды æнтыстытæм тырндзæн. Æрыгон фæлтæры уыцы амондæй хайджын кæнын сæ хæсыл нымайынц Алагиры Сывæллæтты аивæдты скъолайы нывгæнынады хайады ахуыргæнджытæ.

Хайад ног æмæ ног фæлтæрты сфæлдыстадмæ æмхиц кæны 35 азæй фылдæр. 2024 азы Аивæдты скъола сæмбæлд кад æмæ радимæ йæ 70 азы юбилейыл, æмæ уыцы рæстæгмæ йæ рауагъдонтæй бирæтæ систы зындгонд нывгæнджытæ, архитектортæ, æрмдæснытæ, зæрингуырдтæ, хуызджын ахорæнтæй нывæст хæзнатæн аргъгæнджытæ.

Музыкалон скъолаимæ баиу уæвыны агъоммæ дæр ам, Алагиры, фæзынд нывгæнæг-хъомылгæнджыты арæхстджын фæлтæр. Дзасохты Руслан, Дзæрæхохты Хъазыбег, Гозымты Изетæ, Цæрукъаты Иринæ, Зæнджиаты Эльбрус, Гаппуаты Константин систы чысыл, фæлæ куыстхъом коллективы быиндур æмæ зæрдиагæй хуыдтой сывæллæтты аивады дунемæ.

1980 азы Алагиры музыкалон скъолаимæ баиуы фæстæ Дзæуджыхъæуы, Черкесскы, Бетъырбухы ахуырæй æрыздæхтысты Дзоблаты Иринæ, Гæбуты Хадизæ, Цæллагты Фатимæ, Едзиты Тамерлан, æмæ уыдон дæр аккаг æвæрæн бахастой скъолайы рæзтмæ. Уæдмæ та сæ зондамонджыты фарсмæ балæууыдысты Тасойты Тинæ, Фатка Поярко, Гогаты Марат, Мæскуыйы Строгановы номыл аивæдты академийы рауагъдон Гогаты Мæдинæ.

Скъолайы аивæдты хайад сси сфæлдыстадон лаборатори. Сывæллæттæ дзы ахуыр кæнынц алфамбылай дунейы фæзындтытæ уыныныл, ахорæнты æвзагæй сыл дзурыныл æмæ афтæмæй уæлмонц æнкъарæнтимæ куыстытæ нывæндынц. Ис сын сæ курдиатæн аргъгæнджытимæ æмбæлыны фадат дæр – сæ ахуыргæнджытæ сын арæх саразынц равдыстытæ æмæ конкурстæ.

Абон нæ æрыгон курдиатджын нывгæнджытæ «æрбахостой» журнал «Мах дуг»-ы дуар. «Мидæмæ» сын зæгъæм, ног сфæлдыстадон æнтыстытæм разæнгардгæнæн арфæтимæ сыл сæмбæлæм! Æмæ уæд абоны райдайгæ нывгæнджытæ сæрыстырæй дзурдзысты, аивадмæ мæ фыццаг къахдзæфты «Мах дуг» æмæ йæ кæсджыты тавицы æнкъарæн дæр ис, зæгъгæ…

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ











## *Алагиры Сывæллæтты аивæдты скъолайы ахуыргæнинæгты фыццаг къахдзæфтæ*



Атайты Мæдинæ, 14 азы. Мæ уынг



Баситы Арианæ, 14 азы.
Зымæгон хъæзтытæ



Баситы Арианæ, 14 азы.
Натюрморт



Баситы Арианæ, 14 азы. Сæумæрайсом хъæуы



Гегуаты София, 14 азы. Изæрыгон тезгъо



Бузараты Заремæ, 14 азы.
Автопортрет



Бузараты Заремæ, 14 азы.
Махъоты Ацæмæзы портрет



Гегуаты София, 14 азы. Аргъуан



Хъæцмæзты Кристинæ, 14 азы.
Блокадæ



Хъæцмæзты Кристинæ, 14 азы.
Чызг денджызы был



Хъæцмæзты Кристинæ, 14 азы
Сырдон



Хъæцмæзты Кристинæ, 14 азы
Аргъæутты бæстæ



Хъæцмæзты Кристинæ, 14 азы. Натюрморт



Гæззаты Кирæ, 13 азы.
Ленинграды блокадæ



Къадзаты Элизæ, 13 азы.
Изæрыгон Лондоны



Магкæты Николь, 14 азы. Фæскъæвда



Магкæты Николь, 14 азы. Зæронд трамвай



Мæхъиты Миланæ, 15 азы. Денджызы тох



Тезиаты Алинæ, 14 азы.
Ныгуылæйнаг аргъау



Дзансолты Моникæ, 14 азы.
Татьянæ æмæ Онегин



Аслан Мамедов, 9 азы. Натюрморт



Кучиты Дзерассæ, 15 азы. Ван Гогы нывмæ гæсгæ



Дзулаты Иринæ, 13 азы. Хæххон цард



Гояты Эмилия, 14 азы. Парчы



Къудухты Алинæ, 14 азы.
Къоста сывæллæттимæ



Челдыты Зæлинæ, 13 азы.
Сосланы куыд бахсыстой



Къудухты Алинæ, 13 азы.
Тугъанты Махарбеджы номыл музейы



Гегуаты София, 13 азы.
Муму



Бутаты Зæринæ, 14 азы.
Дюймовочкæ



Гегуаты София, 14 азы.
Мард удтæ



Бидеты Алинæ, 15 азы.
Барæг



Къудухты Алинæ, 13 азы. Æнцойбон



Гегуаты София, 15 азы.
Куыдзæппарæн



Дзбойты Фаинæ, 13 азы.
Чысыл джигит



Дзукъаты Иринæ, 13 азы. Хæлæрттæ

*НАФИ*

# ФЫССÆГ – НАЦИОН ÆВЗАДЖЫ СÆРХЪУЫЗОЙ

## *Уац*

«Рæстдзинад»-ы кастæн Джыккайты Шамилы уац «Рахиз æмæ галиу». Уац мидисæй у рæстаг, нывæстæй – аив, миднысанæй – зæрдиаг фыст. Йæ сæйраг хæрзиуæг та, чи зоны, уый у, æмæ адæймаджы сагъæсыл кæй æфтауы. Бирæ фæхъуыды кодтон æз дæр мæ мидныммæр, Шамил цы фарстатæ æрæвæрдта, уыдоныл.

Шамил йæ ныхасы сæр хоны æвзагыл аудын. Ома, цæмæй æвзагыл аудай, «уый тыххæй йын зонын хъæуы йæ истори, йæ фæтк, йæ закъонтæ».

Иттæг раст ныхæстæ! Æвзаджы дунейы æппæт дæр зонын хъæуы, уæлдайдæр фыссæгæн. Кæддæр Максим Горький куы амыдта: «...Писатель должен знать как можно больше. Я за то, чтобы знать все». Алцы зонын кæй къухы ʻфты, фæлæ фыссæг хъуамæ зона, йæ мадæлон æвзаджы дунейы зонæн цæмæн ис, уый.

Ахæм кæй у алы фыссæджы хæс, уый фæдыл арæх цыди ныхас ме ʻмбай фысджыты ʻхсæн. Æмæ иуахæмы гуырдзиаг поэт Джанасугъ Чарквиани сриуыгъта æнахуыр афоризм: «Мæнæн классиктæй зындæр у фыссын!.. Илья Чавчавадзе æмæ Акаки Церетели гуырдзиаг æвзаг адæмæй базыдтой. Æз та, мæгуыр мæ бон, хъуамæ зилон Калачы уынгты адæмы хæдзæрттыл æмæ сын амонон гуырдзиаг æвзаг...»

Ацы ныхас мæм уæд хардзау фæкаст, фæлæ мæм чысылгай хъарын райдыдта йæ рæстдзинад, стæй йыл бынтондæр сразы дæн. Æцæгдæр, ныры уавæрты ирон фыссæгæн йæ хæс у, йæ уацмыстæ йын чи кæса, уыдонæн ирон æвзаджы хæрзиуджытæ (дзырды мидис, дзырдбæстыты стилистикон хуызтæ, дзырдаивады миниуджытæ) амонын. Фыццаджы-фыццаг, – аив уацмысты руаджы, фæлæ, куы бахъæуа, уæд та зонадон публицистикæйы фæрцы дæр. Мæнæ Шамил куыд кæны йæ уацы, раст афтæ.

Шамил бирæ рæстдзинæдтæ фæдзырдта дзырд æмæ контексты тыххæй, дзырды ахæсгæ нысан æмæ эвфемизмты тыххæй, æмæ уы-

мæй бузныг, фæлæ мæ зæрдæ ‘хсайы уæддæр дыууæ дзырдмæ, кæй ранымадта, уыдонæй: *æвсымæр хо* æмæ *фæстæмæзæвæтджын.*

Шамил ранымадта цыдæр хылмондаг лæджы ныхæстæ: «Уæ Секъа цытæ фыссы, и? «Уыдис ын æфсымæр хо!» Чи йын уыд – æфсымæр æви хо, и?!» Шамил ын амоны: «Ирон адæм кæцыдæр заман æрвадæлтæй фæхицæн кодтой иу мады зæнæджы, схуыдтой йæ æм-сывæр, иу сывæрæй гуырд. Уæдæ *æвсымæр хо* у родная сестра». Ам мæн фæнды рахицæн кæнын, Шамил термины мидис куыд æмбары, уый. «Æрвадæлтæй фæхицæн кодтой иу мады зæнæг, схуыдтой йæ æмсывæр, иу сывæрæй гуырд...» Афтæ æмбары термины мидис Гуыриаты Тамерлан дæр: «Ног æмбарынæдтæ... æвзагæй домдтой ног дзырдтæ, уымæ гæсгæ фæзынд дзырд *æм-сывæр-æвсымæр*, ома уыцы-иу мадæй чи райгуырд, ахæмтæ». (Кæс: Нырыккон ирон æвзаджы лексикологи. Орджоникидзе, 1989, 43 ф.)

Тамерлан дæр Васойы этимологийыл хæст у, фæлæ терминæн йæ мидис Шамилау æмбары: «Иу мадæй чи райгуырд, ахæмтæ». Абар Шамилы ныхасимæ: «Æрвадæлтæй иу мады зæнæг». Васо та хъуыддаг иннæрдæм амоны: Æвсымæр/æнсувæр (брат); первоначально – прилагательное «единоутробный».

Афтæмæй, нæ разы ис дыууæ варианты, термин *«æвсымæр»* цы амоны дзырдæй-дзырдмæ, уый раиртасынæн: Васойы вариантмæ гæсгæ термины сконды агурын хъæуы гуыбыны ном, ома иу мады гуыбынæй рацæугæ – *æм+сывæр;* Тамерлан æмæ Шамил куыд æмбарынц термины мидис, уымæ гæсгæ та дзы агурын хъæуы мад æмæ сабийы (зæнæджы) нæмттæ.

Васо термины дыгурон варианты федта гуыбыны ном – *«сывæр»* (æн+сувæр). Термины фыццаг компонентыл та нымайы дзырдаразæг хайыг «æм». Термины ацы вариант цыма дзуапп дæтты Васойы нымадæн, афтæ зыны, фæлæ ахæм хъуыдыйы ныхмæ лæууы термины ирон вариант: ам нæй дзырды райдиан хайыг æм-æв *«сымæр»*, нæй дзы дзырд «*сывæр»* дæр, йæ бынаты лæууы æндæр дзырд – сымæр (гнилой, тухлый). Цæмæй ирон вариант дыгуроны хуызæн суа, уый охыл Васо ирон варианты мырыскондмæ (звукосостав, звукоряд) бахаста хиваст коррективæ: хайыг *«æм»* адих кодта æмæ фыццаг зæл *æ* ныуугъта йæ бынаты (дзырды райдиан), иннæ мыр *м* аппæрста дзырды астæумæ. Ацы ран ис дыууæ аиппы. Фыццаг: хайыгæн нæй мыртыл дихгæнæн

æмæ дзырды мырыскондыл байуарæн, уæд хайыг нал уыдзæн; дыккаг: мырты бынативды (перестановка) фæтк амоны, æмхъæлæсон мыртæ сæ бынæттæ кæй баивынц, дыууæ æмхъæлæсонæй конд бындуры фæрсæй-фæрстæм куы лæууой, уæд, кæнæ та хъæлæсон мыры сæрты ахизгæйæ, фæлæ бынативд никуы вæййы, æртыккаг æмхъæлæсоны сæрты хизгæйæ. Зæгъæм: *цуп+ал* æмæ *пуц+ал, ным+æг* æмæ *мын+æг, тихалæг* æмæ *хит+алæг, Пуц+ыр* æмæ *Цуп+ыл* æмæ а.д. Æртыккаг аипп та уый у, æмæ хайыг *«æн»*-(дыгурон варианты) кæддæриддæр вæййы симметрион хайыг *æм* - æн (ирон варианты). Мæнæ æнæхъæн дæс дæнцæджы Васойæн йæхи дзырдуатæй: *æм+гар, æм+бал – æн+бал, æм+гæрон – æн+гæрон, æм+дзæрин, æн+дзæрин, æм+гъуыд, æн+гъуд, æм+къай – æн+къай, æм+хæст, æм+сæр – æн+сæр, æмхуызон – æн+хуызон, æм+хæрæфырт – æн+хуæрифурт.* Афтæмæй, хайыг *æм-(æн-)* цы дзырдты ис, уыдон симметрион æгъдауæй райдайынц ацы хайыгæй ирон æмæ дыгурон вариантты. Термин *æвсымæр (æнсувæр)* ацы фæткыл амад нæу, æмæ уый та амоны иу хъуыддагмæ: термины сконды нæй хайыг *-æм (-æн)*, термины мидис гуыбынмæ (сывæрмæ) нæ амоны, уый агурын дзы нæ хъæуы.

Фæуæд афтæ, фæлæ уæд æндæр этимологи агурын хъæуы, æмæ куыд, цы хуызы, цы амалæй?..

Мæнмæ гæсгæ, термины агурын хъæуы, Тамерлан æмæ дзы Шамил цы мидис уынынц, уый – мады зæнæг. Дыккаг та уый, æмæ иугæр термины райдианы хайыг *æм-(æн-)* нæй, уæд дыгурон варианты *æн+сувæр* у метатезæйы фæстиуæг, æмæ термины дыууæ вариантæн дæр æвзарын хъæуы сæ æцæг хуызтæ (æнæ метатезæйæ): *авсимар+васимар, ансувар+насувæр.* Термины ацы варианттæ, мæнмæ гæсгæ, сты дыгай бындуртæй амад дзырдтæ: *васи+мар* æмæ *насу+вар.* Фыццаг дыууæ бындуры нысан кæнынц мад: *васа* æмæ *наса* композитты мидæг сты гуырынон хауæны – *васы+мар* æмæ *насы+вар.* Дзырд *васа* у дзырд *ус*-ы (осæ) этимон (райдианы æмхъæлæсон *в* ахауд ирон-дыгурон вариантты, иронау дзырды райдианы *в* баззад æрмæст иу дзырды – *вæййын*). Дзырд *наса* та у дыгурон *ностæ*-йы рагон вариант. Нæй дзы, æцæг, æмхъæлæсон *т*, фæлæ уым диссагæй ницы ис. Термин *ус (осæ)* дæр уыд дыууæ хуызы: *ус* æмæ *уст (ост.),* æмæ уый бæрæгæй зыны термины бирæон нымæцы: устытæ (оститæ). Æртыккаг хуыз та у дыгурон *остæлтæ* (абар: *мад-æл-тæ*).

Ӕвæццæгæн, незаманты дзырд *ус (осæ)* нысан кодта канд «сылгоймаг» нæ, фæлæ «мад» дæр. Афтæ дзырд *наса (ностæ)* дæр. Гъе æмæ кæд композитты фыццаг хæйттæ *(васа, наса)* нысан кæнынц *сылгоймаг (мад)*, уæд дыккаг хæйттæ та хъуамæ уой сабийы рагон нæмттæ. Дзырд *вар* у мивдисæг *арын (уарын)*-ы уидаг: *ар (уар)* «рожать» («дитятиться», производить «дитя»). Дзырд *вар*-ы варианттæ сты *бар* æмæ *мар* (мыр в-йы æдзухон варианттæ сты *уы* æмæ *б*, фæлæ стæмхатт фæзыны вариант *м* дæр).

Иу дзырдæй, *ме 'всымæр* куы фæзæгъæм, уæд дзырд *æвсымæр* амоны *мады саби*, ома *мæ мады (васи) саби, мæ мады зæнæг.* Термины нæй ӕрд (пол) æвдисæг компонент, æмæ уыйадыл нæ мады зæнæг хонæм не 'фсымæрты дæр æмæ нæ хоты дæр. Фæлæ рæстæджытæ цыдысты, æмæ термин *æвсымæр*-ы мидис райста афыстон хуыз – *мады зæнæг*, термин йæхæдæг та баззад мады зæнæгæй лæппу гуырдтæн, чызджытæн та – *æвсымæр хо.* Мыггаджы лæппутæ æмæ чызджытæ се 'ппæт дæр кæрæдзийæн сты хотæ æмæ æфсымæртæ, фæлæ ма уыдонæй æввахсдæр кæрæдзимæ сты иу мады зæнæг. Уыйадыл ирон лæг йæ хæрз хойы, йæ мады зæнæджы кой куы фæкæны, уæд æй хоны *æвсымæр хо* мыггаджы иннæ чызджытæй уæлдай.

Скойы аккаг ма ам у ноджы иу хабар: термин *мады зæнæг* фæзындаид, æвæццæгæн, адæм ма дзуттæй куы цардысты, мад æмæ фыд, ома, къай бинонтæн (парная семья) сæ кой дæр куы нæма уыди, дзуджы мидæг устытæ, лæгтæ æмæ сæ сывæллæттæ иумæйаг куы уыдысты, уæд. Ахæм царды саби йæ фыды нæ зыдта, фæлæ йæ ныййарæг мады зыдта, стæй уыцы мады зæнæджы (иннæ сабиты) дæр. Ӕмæ, дзуджы сывæллæттæ кæд иууылдæр хотæ æмæ æфсымæртæ уыдысты, уæддæр бæрæг уыд ноджы иу тугхæстæджы хуыз – мады зæнæг. Ацы тугхæстæг фыццаг ныффидар термин *æвсымæр*-ы руаджы, стæй йæ раивта афыстон термин *мады зæнæг*, уый та сси, уыцы мады зæнæгæй лæппу чи уыд, уыдоны амонæг термин. Уырыссаг «единоутробный брат» дæр уый амоны иу фæкастæй, фæлæ æххæст афтæ нæу. Ныры нымадæй ирон *æвсымæр* амоны уырыссаг «родной брат»-ы мидис, ома æфсымæртæ иу мад æмæ фыды цот сты. Уырыссаг «единоутробный брат» та амоны: «...рожденный той же матерью, но от другого отца» (СРЯ, М, 1986, т. 1, ф. 463). Ома мадæй – иу, фыдæй – хицæн æфсымæртæ. Кæнæ – æфсымæртæ сты, фæлæ æрвадæлтæ не сты, мыггагæй хицæнтæ сты.

Ныр ма цалдæр дзырды термин *«фæстæмæзæвæтджын»*-ы тыххæй. Шамил рæстытæ фæдзырдта рахиз æмæ галиуы, размæ æмæ фæстæмæйы тыххæй. Ам бæрæгæй зыны, лæджы тыгъдады ориентацийæн дуалон ахаст кæй ис, ома дывæрсыг нымад: иуæрдæм хорзыл нымад, иннæрдæм – æвзæрыл. Ахæм дуалон иудзинад ис раст æмæ зыгъуыммæйæн дæр (рæстæрдæм æмæ зыгъуымæрдæм). О, фæлæ ам ныхас зæвæтыл цæуы, æмæ, чи зоны, *«зæвæт»* кæддæр нысан кодта «*къах»* дæр. Мæнæ уырыссагау куыд у, афтæ: пятка – зæвæт, пята – къах (ирон – фад). Тæккæ уый фæдыл ис дзырд *«фæстæмæзæвæтджын»*-æн вариант *«фæстæмæкъахджын»*. Дыккаг уый, æмæ бæх йæ раззаг къæхтæй куы хæцы, уæд дзурæм *арм+аццагæй цæвы*, кæд ын арм нæй, уæддæр. Бæх фæстаг къахæй куы хæцы, уæд дзурæм – *«зæвæтдзæгъдæн кæны»*, афтæмæй та бæхæн зæвæт нæй, ис ын фæстаг къах æмæ къахы кæрон – сæфтæг.

Гъе æмæ мæм афтæ кæсы: кæддæр зæвæт, сæфтæг æмæ фæстаг къахæн уыд иу ном.

Чи зоны, аццы хъуыды раст нæу, фæлæ, ахæм гæнæн кæй ис, уый æнæмæнг у, æмæ йæ зæрдыл дарын хъæуы, дзырды нысаниуæг историйы дардыл быдырты куыд ивта, уыыл сагъæсы бацæугæйæ.

# АФТÆ ЦÆМÆН ДЗУРÆМ?

## ХÆРЗÆГГУРÆГГАГ

Алы дзырд дæр райгуыры бæлвырд заманты, уымæй йæ равзæрд баст вæййы царды кæцыдæр æууæлтимæ, уавæртимæ. Адæймаг йæ алыварс цыдæриддæр уыдта – дзаума зæгъай, æрдзон фæзынд, цардуагон архайд – иуы дæр дзы æнæ номæй нæ ныууагъта.

Нæ фыдæлтæм уыдис (ныр дæр бынтон сæфт нæма у) æмбисонды рæсугъд æгъдау. Цæвиттон, исчи-иу исты æхсызгон хабармæ æнхъæлмæ куы каст, уæд-иу исты хæзна-дзаума снывонд кодта, цин мын фыццагдæр чи фехъусын кæна, уымæн æй балæвар кæндзынæн, зæгъгæ. Уыцы хæзна-дзаума абон хонæм хæрзæггурæггаг. Цал æмæ цал хатты анæрыд Иры кæмтты цины хъæр: «Дæ хæрзæггурæггаг – мæн, дæ бæлццон сæрæгасæй раздæхти!» Кæнæ та афтæ: «Уæ хæрзæггурæггаг – мæн, лæппу уын райгуырди!» Æмæ-иу æхсызгондзинад хъазыди адæмы цæсгæмттыл, зæрдæбын арфæтæн та-иу кæрон дæр нал уыд.

Дзырд «хæрзæггурæггаг»-ы мидис, æвæццæгæн, алчи дæр зоны, фæлæ йын, цымæ, йæ равзæрд (этимологи) бирæтæ зонынц?

**«Хæрзæггурæггаг»**-ы мидарæзтыл хъуыды кæнгæйæ, фыццагдæр цæуыл бадис кодтон, уый уыди дзырды дыккаг хай – **гурæггаг (курæггаг)**. Нывонд хæзна-дзаума сæрмагондæй фыццаг хабархæссæджы номыл куы уыди æвæрд, бирæхатт æм-иу дугъы дæр куы фæуадысты, цины уац фыццаг æз фæхæссон æмæ хæрзæггурæггаг дæр мæн фæуа, зæгъгæ, уæд ма йæ курын та цæмæн хъуыди?

Царды æнæ ивгæ ницы ис: ивы æрдз, ивы адæймаг, хуызивæн кæнынц дзырдтæ дæр. Зын бамбарæн нæу, нæ иртасинаг дзырд **«хæрзæггурæггаг»**-æн дæр йæ равзæрды рæстæг æндæр азæлдон (фонетикон) фæлгонц кæй уыди, уый. Уæдæ цавæр фæлгонц уыди, куыд хъуысти раздæр не 'взаджы дзырд **«хæрзæггурæггаг»**?

Нæ рагфыдæлты талынг царды бирæ рухсытæ уыди, фæлæ æппæты рухсдæр хабар уыди лæппуйы райгуырды цины уац. Ахæм рæстæг-иу фæсивæды цæрдæгдæртæ дугъы уайæгау кодтой ноггуырды æрвадæлтæм, мадырвадæлтæм, хæстæджытæм æмæ-иу дардæй дæр хъуысти сæ цины хъæр: «Уæ хорз лæг гуырæггаг – мæн!» Æмæ-иу алчи дæр зыдта, лæппу кæй райгуырди.

**Хорз лæг гуырæггаг.** Ацы дзырдбаст уыцы иу рæстæг уыди цины

уац дæр æмæ арфæ дæр: ноггуырдæй хорз лæг куыд рауайа! Раджы дæр æмæ абон дæр лæгтæ бирæ ис, фæлæ сæйрагдæр уыдис хорз лæг уæвын. Ныр дæр ма æцæгæлон лæгмæ буцдæры тыххæй, «хорз лæг», зæгъгæ, бадзурæм. Адæмы фыццаг арфæ дæр ноггуырдæн афтæ вæййы: «Хорз лæг дзы куыд рауайа!»

Рагон Ирыстоны-иу кæй къæсæртæ бахоста цины уацхæссæг, æтт, уæ хорз лæг гуырæггаг – мæн, зæгъгæ, уымæн лæвар кодтой нывонд хæзна: хæцæнгарзы хорз, дарæсы дзæбæх кæнæ та – кусæрттаг.

Фæлæ уæлдæр куыд загътон: æнæивгæ ницы ис царды, æмæ дзырдбаст «хорз лæг гуырæггаг» аивта йæ азæлдон фæлгонц – абон æй дзурæм хуымæтæгдæр: «**хæрзæггурæггаг**». Чи зоны, æмæ ацы ивддзинад тынг раджы не 'рцыди. Ивгъуыд æнусы кæрон дæр ма Наргомы дзырдтой «хорз лæг гуырæггаг». Уыцы хуызы йæ фыссы йæ кадæг «Хетæг»-ы Къоста дæр. Æрхæсдзынæн дзы дыууæ цæвиттоны. Хетæджы минæвар Годжи цины хабар æрхаста Чабæханæй, Хетæджы уарзон чызгæй: «Хетæг, мæ хуры хай! Дæ хорз лæг гуырæггаг мæн фæуæд, хъуыддаг цæттæ у! – фæцæлхъ ласта Годжи».

Чабæханы фыд Солтанæн зæрдæйы фæндон уыди, йæ чызджы йын Хетæг кæй куры, уый æмæ:

*Солтан къæсæрæй бадзырдта: «О нæ хорз æфсин Сатана!*
*Фарн дæм фæцæуы, – тагъд рахæсс фæндаггаг.*
*Мæнæ Иналы минæвар лæууы дæ хæдзары къæсæрыл!*
*Гъеныр мæн фæуæд дæ хорз лæг гуырæггаг.*

Мæ ныхасы кæрон ма мæ бафтауын фæнды иу хъуыды: рагзаманты **«хорз лæг гуырæггаг»** баст цыди æрмæстдæр ноггуырды цины хабаримæ. Йæ этнографион очерк «Особа»-йы Къоста афтæ фыссы: «Мальчики-подростки иногда целые зимние ночи дрогнут у дверей хлева, чтобы перехватить первую весть о рождении мальчика и первыми же явиться с нею к ближайшим родственникам новорожденного и получить подарок за первое известие о «рождении хорошего мужчины» **(хорз лæг гуырæггаг)**.

Царды дæргъвæтины дзырдбаст **«хорз лæг гуырæггаг»** аивта йæ фонетикон хуыз (хæрзæггурæггаг), йæ мидис рапарахат æмæ дзы фыдæлтæ пайда кæнын райдыдтой алы æмæ алы цины хабæрттæ хъусын кæнгæйæ.

Афтæ райгуырди ацы вазыгджын дзырд, ныффидар не ‘взаджы, арæх дзы пайда кæнæм æмæ кæндзыстæм.

Кæд уын мæ уацхъуыд исты æхсызгон кæнæ цины хабар æрхаста нæ фыдæлты цардæй, уæд уæ хæрзæггурæггаг – мæн!

## ХÆХХОН ДЗИГЛО

Ирон адæмон аргъæутты хъæбатыртæ цуаны, стæры кæнæ æндæр балцы куы ацæуынц, уæд фылдæрхатт бахауынц уæйгуыты кæнæ æндæр тыхгæнджыты бæстæм. Уæйгуытæ куы æрыздæхынц сæ дард хæтæнтæй, уæд сæ ныхас вæййы афтæ: «Æф-æф-æф! Аллон-биллоны тæф цæуы кæцæйдæр!» Кæнæ, хъæбатырыл фембæлгæйæ, фæзæгъынц: «Дæ бон хорз, хæххон дзигло».

Чи уыдысты **хæххон дзиглотæ**! Цæмæн сæ афтæ хуыдтой уæйгуытæ?

Наукон литературæйы ницы загъд ис дзырд **«дзигло»**-йы тыххæй. Æрмæст Хуссар Ирыстоны уагъд «Ирон адæмон аргъæутты» æртыккаг чиныджы кæсæм фиппаинаг: «Дзигло – аргъæутты уæйгуытæ афтæ хонынц адæймаджы. Рагон историон чингуыты **дзиги, дзикхи** адыге хуыдтой ныры адыгейæгты фыдæлты, чи зоны, уыимæ йын исты бастдзинад ис».

Кæд сæ фонетикон арæзтмæ гæсгæ **дзигло** æмæ рагон этнонимтæ **дзиги, дзикхи** æввахс лæууынц, уæддæр кæрæдзимæ ницы бар дарынц.

Мæнмæ гæсгæ, ацы фарст æвзарыны хъуыддаг райдайын хъæуы, аргъаугæнæг хæххон дзиглотæм цы цæстæй кæсы, уымæй. Уæйгуытæ æмæ хæххон дзиглотæ кæм æмбæлынц, уыцы бынæтты аргъаудзурæг æдзухдæр вæййы дзиглоты фарс. Сæ хъыгыл сын хъыг фæкæны, сæ цинық – цин. Уый ууыл дзурæг у, æмæ хæххон дзиглотæ, стæй аргъаугæнæг иу адæмыхаттæй, иу дзыллæйæ кæй сты.

Ныр та æркæсæм, **«дзигло»** цы амыдта, уымæ. Уæйгуытæ æдзухдæр ацы ныхас кодтой æнæрвæссон æмæ хъалхуызæй, æнæбон, æдых лæгмæ дзурæгау æмæ дзы фылдæрхатт æвæрдтой ахæм хъуыды: «Дæ бон хорз, хæххон гыццыл лæг!» Ацы хъуыдыйы фарс ма дзуры уый дæр, æмæ иуæй-иу аргъæутты кæнæ вариантты уæйгуытæ «дзиглойы» бæсты дзурынц «хæххон цъиу».

Фæлæ уæддæр кæцæй равзæрд **«дзигло»**? У сыгъдæг ирон дзырд,

æндæр æвзæгты дзырдуæтты нæй. Йæ этимологи, мæ хъуыдымæ гæсгæ, у ахæм: арæзт у дыууæ хайæ – йæ бындур **дзылы, дзили** æмæ узæлæн – къаддæргæнæг суффикс **къо**. Уæдæ **дзигло**-йы раздæры формæ уыд **дзиликъо**. Æвзаджы зилдухы куы бахауд, уæд баййæфта ахæм ивддзинæдтæ (метатезæ): **дзиликъо – дзикъило – дзикъло – дзигло**.

Ныр, æвæццæгæн, æнцон бамбарæн у, дзырдбаст **«хæххон дзигло»**-йы уæйгуытæ цы мидис æвæрдтой, уый. Ома, хæххон гыццыл дзылы. Ацы этимологийы фарс ма дзуры кадæг «Уырызмæг æмæ сохъхъыр уæйыг»-ы иу вариант. Уыцы вариант Абайты Васо ныффыста 1934 азы Хуссар Ирыстоны кадæггæнæг Мæргъиты Иликъойы ныхæстæй. Мæнæ уыцы кадæгæй иу скъуыддзаг: «Уæд зæронд Уырызмæг араст вæййы ‘мæ уæлæ хохмæ ссæуы. Сохъхъыр уæйыджы фосæй æрцахсы иу далыс. Æргъæвст лæгæн йæ къухтæ асæлынц далысы къæхтыл, æмæ йæ далыс йæ фæдыл ласын байдыдта æмæ йæ баласы сохъхъыр уæйыджы скъæтмæ. Сохъхъыр уæйыг бакæны дуар æмæ йæ сагæхты астæуты уадзы йæ фос æмæ сæ нымайы. Æппæты фæстæ ‘рбацæуы уыцы далыс. Сохъхъыр уæйыг æй куы ауыны, уæд зæгъы: «Деука, деука, дæ фæхъхъау мæ сохъхъыр сæр! Ай мын хорз хæххон дзылы ‘рхастæй физонæггаг».

Мæнмæ гæсгæ, гуырысхойаг нал у, **хæххон дзигло**, **хæххон цъиу** æмæ **хæххон дзылы** уыцы иу хъуыды æвдисæг дзырдбæстытæ кæй сты æмæ уæлдæр равзæрст этимологийы фарс кæй дзурынц, уый.

Дзылы, иннæ мæргътимæ абаргæйæ, тынг гыццыл цъиу кæй у, уый нæ рагфыдæлтæ æнæ бафиппайгæ нæ уыдысты. Хуымæтæджы нæ равзæрд рагон ирон æмбисонд: «Дзылыйæн – дзылыйы хай, мылыйæн – мылыйы хай». Ома гыццылæн – дзылыйы хай, стырæн – стыры хай.

Ирон адæм рагæй фæстæмæ гыццыл адæймаджы кæнæ цæрæгойы барстой дзылыимæ. Загътой-иу, адæймаджы кой кæнгæйæ: «Адзурутма уыцы дзылымæ», кæнæ: «Нæ кæсут, нæ, уыцы дзылымæ» æмæ афтæ дарддæр.

Гъе афтæ гыццыл дзылыцъиу йæ фæд ныууагъта ирон аргъæутты, ирон æвзаджы.

## ХУДÆГÆЙ БАКЪÆЦÆЛ

Ирон адæм рагæй-æрæгмæ худын æмæ хъазын бирæ уарзынц. Цыфæнды зын заманты дæр, æвæццæгæн, сæ хъазæн ныхасы

æнкъарынад сæфт никуы уыди. Афтæ кæй уыдис, уый бæлвырдæй зыны ирон адæмон сфæлдыстады дæр. Ирон адæмы мифон фыдæлтæ Нартæ, кадджытæ куыд дзурынц, афтæмæй фесæфтысты худгæйæ. Зындгонд хъазæгойтæ Нарты Сырдон, Санаты Сем, Сæтти æмæ Бæтти абон дæр хæстæг æмæ уарзон сты нæ адæмæн.

Нæ фыдæлтæм худыны æнкъарæн тыхджын кæй уыдис, уый бæрæг у мæнæ ацы дзырдбæстытæй дæр: «Худæг ыл бахæцыд», «Худæгæй гуыбындихтæ фесты», «Худæгæй йæ бикъ бафтыд», «Фыр худæгæй йе рагъы нуæрттыл ратул-батул кæны». Ацы рæгъуатмæ бахæссын æмбæлы нæ дзуринаджы сæр, **«худæгæй бакъæцæл»**, зæгъгæ, уыцы дзырдбаст дæр.

Сæ равзæрдмæ гæсгæ уæлдæр ранымад дзырдбæстытæ махæн æнцондæр бамбарæн сты, фæлæ **«худæгæй бакъæцæл»** дызæрдыггагдæр у. Фыр худæгæй, уæвæн ис, æмæ бикъ бафта, гуыбындихтæ кæнæ артæндихтæ фæуа, фæлæ къæцæлы хуызæн куыд хъуамæ суа адæймаг? Къæцæл у лыстæг æмæ чысыл къалиу кæнæ къалиуы гæбаз, æмæ йын цы ис иумæйагæй, йæ худындзæг кæмæн фæкъæртт, ахæм адæймагимæ?

Ацы ран, æвæццæгæн, нæ размæ ис, адæмон этимологийы бындурыл йæ фонетикон хуыз чи аивта, ахæм дзырд. Фæлæ цавæр уыдис уыцы дзырд, фæстагмæ мæнг этимологийы аххосæй къæцæлмæ чи раивта, уый?

Мах зонæм, фыр худтæй адæймаг куыд ныттынг вæййы, йæ гуыбыны нуæрттæ æмæ артæнтæ куыд ахъæбæр вæййынц, уый. Адæймаджы уыцы уавæрыл дзургæйæ-иу фыдæлтæ, æвæццæгæн, загътой афтæ: худæгæй бахъандзал. Тынг чи суазал вæййы, уымæй дæр ма куы фæзæгъынц, ныхъхъандзал, зæгъгæ. Ома басыди, ныхъхъæбæр.

Дзырдбаст **худæгæй бахъандзал** кæцыдæр заманты адæмон этимологийы фæстиуæгæн райста йæ абоны фонетикон хуыз: **худæгæй бакъæцæл**.

*ЧЕДЖЕМТЫ Георы чиныг*
*«Фыдæлты хæзна»-йæ ист*

# ЦЫРГЪЗОНД ФАРСТÆН – ЦЫРГЪЗОНД ДЗУАПП

* * *

Тæрхонгæнæг:
– Мæнг æхцатæ цæмæн арæзтай?
– Æцæг æхцатæ аразынмæ нæма арæхсын.

* * *

Дыууæ давæджы ювелирон дуканийы:
– Цымæ нын уæртæ уыцы сызгъæрин къухдарæнæн цас раттиккой?
– Тæрхонгæнæгæй аразгæ у.

* * *

– Дæ хæлар поэт та æдзух кæсæгтæ æмæ мæргътыл цæмæн фыссы?
– Кæсæгтæ æмæ мæргътæ кæсын нæ зонынц, æмæ уымæн.

* * *

Дыууæ сылгоймаджы кинотеатры бадгæйæ хъæрæй дзурынц. Лæппу сын уæзданæй зæгъы:
– Бахатыр кæнут, ницы мæм хъуысы.
– Æмæ цæуыл дзурæм, уыимæ дæ цы кæсы?

* * *

– Сасинкъа, уæртæ ма! Мæгуыры бонтæ! Куыдз зонтыккимæ!
– Æмæ цы? Уаргæ кæны, уый нæ уыныс?

* * *

– Хазби, цæмæн хицæн кæныс дæ усæй?
– Афæдзы ‘рдæг мæм дзыхæй нæ дзуры.
– Æдылы ма у, ахæм диссаджы ус ма кæм ссардзынæ?

* * *

Зындгонд спортсмен сæйы. Дохтыр æм дзуры:
– Бафæраз иучысыл – дæ тæвд тынг бæрзонд у.
– Цас?
– 39,5.

– Ӕмæ дунеон рекорд та цас у? – лæмæгъ хъæлæсæй фæрсы рынчын.

* * *

– Сæге, кæм дæ, кæм?
– Нæ хæдзары, мæ цыппаркъахыг хæларимæ.
– Диссаг! Куыдз уæм кæдæй нырмæ фæзынд?
– Цæй куыдз? Мæ диваны кой кæнын!

* * *

– Сымси рынчындоны ис, уый зоныс?
– Уанцон нæу! Знон дæр ма йæ уынджы цавæрдæр рæсугъд чызгимæ куы федтон.
– Йе ‘фсин дæр æй федта…

* * *

Тæрхонгæнæг:
– Кæд райдыдтат де ‘фсинимæ хылтæ кæнын?
– 1998 азы 17 октябры.
– Уый кæд æмæ кæд уыди! Мæлæты хорз æй хъуыды кæныс.
– Ӕмæ мæ куыд ферох уа? Уый нæ чындзæхсæвы бон у!

* * *

– Нана, тезгъо кæнынмæ ацæуон?
– Де ‘нæхсад хъустимæ?
– Нæ, ме ‘мбæлттимæ.

* * *

Ӕрыгон лæппу парчы рæсугъд чызджы ауыдта, бауад æмæ йын ныбба кодта. Уый ницы дзуры. Лæппу та йын ног ныбба кодта æмæ йæ дисгæнгæ афарста:
– Цæуылнæ исты дзурыс?
– Нана мæ æнæзонгæ нæлгоймæгтимæ ныхас кæнын нæ уадзы.

* * *

– Дæсмæ йеддæмæ нымайын куынæ зоныс! Афтæмæй дæ цы хъуамæ рауайа?
– Боксæй тæрхонгæнæг!

* * *

Сæрмæт, кæдæм цæуыс?

– Кусынмæ.

– Æмæ кæм кусыс?

– Рæвдауæндоны.

– Цæмæй?

– Сывæллонæй.

* * *

Сылгоймаг дзуры, йæ мой хъуамæ цавæр уа, уый тыххæй:

– Æгъдауджын, политикæ æмбарæг, цымыдисаг хабæрттæ дзурæг, спорт æмæ музыкæмæ æмхиц. Æмæ ма мемæ быцæу дæр чи нæ кæна, ахæм.

– Дæу лæг нæ хъæуы, фæлæ телевизор!

* * *

– Куыд хъуамæ скæна иу адæймаг уыйбæрц рæдыдтытæ? – фæрсы ахуыргæнæг.

– Иу цæмæн? Мæ хæдзарон куыст мæ фыдимæ кодтон.

* * *

– 60 азы мыл цæуы, дæн тынг хъæздыг æмæ бауарзтон æрыгон рæсугъд чызджы. 50 азы йеддæмæ мыл нæ цæуы, зæгъгæ йын куы зæгъон, уæд хуыздæр нæу?

– Хуыздæр уыдзæн, 80 азы дыл цæуы, зæгъгæ, зæгъын.

* * *

– Сылгоймаг стигъæгæй фыддæр у!

– Уый та цæмæн?

– Стигъæг, дæ чыссæ кæнæ дæ цард, зæгъгæ, домы, сылгоймаджы та сæ дыууæ дæр хъæуынц.

* * *

Пъæлицæйаг машинæ баурæдта æмæ шофырæн йæ гæххæттытæ æрдомдта.

– Цы кодтон, æгæр рæвдз цыдтæн?

– Нæ, æгæр ныллæджыты тахтæ!

* * *

– Бетъырбухæй Мæскуымæ поездæй цасмæ бахæццæ уыдзынæн?

– Аст сахатмæ.

– Мæскуыйæ Бетъырбухмæ та?

– Аст сахатмæ, цы уæлдай у?

– Куыннæ у уæлдай? Ног азæй Куадзæнмæ цыппар мæйы ис, Куадзæнæй Ног азмæ та – аст!

* * *

Æрыгон лæппу поезды чиныджы кæсы æмæ та фæхъæр кæны:

– Мæнæ диссаг! Уый та куыд? Уымæн гæнæн нæй!

– Бахатыр кæн, фæлæ цы кæсыс? – нал æм фæлæууыд йе ‘мбæлццон.

– Растфыссынады дзырдуат.

* * *

Пъæлицæмæ телефонæй æрбадзырдæуыд:

– Фæдис! Уатмæ гæды æрбаирвæзт!

– Ахæм лыстæг хабæртты тыххæй пъæлицæмæ чи дзуры?

– Куыд чи? Тути!

* * *

Сывæллон машинæ баурæдта:

– Скъоламæ-ма мæ бадав!

– Æмæ иннæрдæм куы цæуын.

– Уый та ноджы хуыздæр.

* * *

– Цалынмæ мæ нæ ракуырдтай, уæдмæ мæ æдзух таксийыл ластай, ныр та мæ автобусыл æрвитыс.

– Сæрыстыр дæ дæн, мæ бæлон! Таксийы дæ æрмæст шофыр уыны, автобусы та – бирæ адæм.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***6 майы*** кады гæххæттытæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй хорзæхджынгонд æрцыдысты дыккаг дунеон конкурс-æркаст «Базыртæ»-йы лауреаттæ. Ацы хатт йæ архайджытæ уыдысты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, Хъæрæсе-Черкессты Республикæйы цæрджытæ, æдæппæтæй – 102 адæймаджы куыд фæсивæд, афтæ хистæр кары дæр. Æппæты кæстæрыл цæуы 12 азы, æппæты хистæрыл та – 86 азы.

► ***14 майы*** Ираны кадджын уавæры байгом кодтой Хетæгкаты Къостайы цыртдзæвæн. Бюст æвæрд æрцыд Тегераны Алламе Табатабаийы номыл университеты кæрты. Мадзалы архайдта Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты минæварад.

► ***15 майы,*** Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон, хорзæхджынгонд æрцыдысты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады æрвылазон преми «Мæ уарзон Ирыстон»-ы лауреаттæ: Номинаци «Афæдзы темæ»-йы – паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы амонæг Къадзаты Станислав; номинаци «Мыхуыры æрмæджытæ»-йы – газет «Слово»-йы сæрмагонд уацхæссæг Саутæты Тамилæ; номинаци «Интернеты рауагъдады æрмæджытæ»-йы – информацион агентад «Иринформ»-ы уацхæссæг Хæллаты Иринæ; номинаци «Телеуынынады æрмæджытæ»-йы – паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы уацхæссæг Сосранты Жаннæ æмæ номинаци «Радиойы æрмæджытæ»-йы – паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы шеф-редактор Баллаты Ритæ.

► ***15 майы*** Дзæуджыхъæуы бындурон цалцæджы фæстæ кадджын уавæры байгом Хетæгкаты Къостайы номыл литературон музей. Фыццаг хатт йæ дуæрттæ байгом кодта 86 азы размæ Къостайы райгуырды 80 азы юбилейы кадæн.

► ***4 июны*** Мæскуыйы Сырх фæзы байгом чингуыты æрвылазон XI фестиваль. Ам цыппар боны дæргъы уыд ахсджиаг мадзæлттæ.

Архайы дзы 400 рауагъдадæй фылдæр. Уыдонимæ РЦИ-Аланийы чингуыты рауагъдад «Ир» æмæ республикæйы литературон журналтæ «Мах дуг», «Ирæф», «Дарьял» æмæ сывæллæтты журнал «Ногдзау».

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 6. 2025 г.
Подписано в печать 06.06.2025 г. Выход в свет: 16.06.2025 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 255. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Цъарыл Цæллагты Викторы ныв «Фæскъæвда»






Индекс 73247
12+